# MAX ДУГ

6

2020

MAX ДУГ

6

2020

Индекс 73247

12+




*Тар æхсæв стыр фыдох уайтагъд æрбахаста,*
*Оххай, кæм уыдтæ, нæ Иунæг Хуыцау?!*
*Хуссар Ирыстон йæ хъæбулты сау мастæй*
*Ногæй куы адардта, раздæрау сау.*

*Кад æмæ намыс – нæ зынгхуыст хъæбатыртæн,*
*Иры цæргæстæ – нæ хæстон æфсад –*
*Радтой сæрибары цардæн сæ базыртæ.*
*'Рхастой нывондæн сæ зæрдæты арт.*

*БАСИТЫ Зæлинæ*

*Джуссойты Мæдинæйы конд эмблемæ*



**Цæллагты Фатимæ.** *Иристæ*



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
Оксана ХЕТАГУРОВА

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2020

# МАХ ДУГ

6
2020

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КОСТЫ Лизæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2020

# НОМЫРЫ ИС:

**ЮБИЛЕЙ**
**ДАУЫРАТЫ-СЛАНТЫ ЗОЯ (ДАУЫРÆ): 85 АЗЫ**
*Æмдзæвгæтæ* ........................................................................................ 5
АГЪНАТЫ Гæстæн. Ном. *Аивадон-документалон уацау* ............... 14

**КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ**
ФÆРНИАТЫ Дзибуш. АКСИНÆ. *Радзырд* .................................... 67

**ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ**
БЕСТАУТЫ Аланæ. *Æмдзæвгæтæ* .................................................. 89

**АИВАД ÆМÆ КУЛЬТУРÆ**
БДАЙЦИАТЫ Земфирæ, КАСАТЫ Аслæнбег.
Литературон хæзнаты артдзæст. *Уац.* ............................................... 95

**«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ** ............................................................. 97

**НОГ ТÆЛМАЦТÆ**
РАБИНДРАНАТ Тагор ........................................................................ 118

**ИРОН АДÆМЫ ГЕНОЦИД – 100 АЗЫ**
ДЖУСОЙТЫ Нинæ. Хъæбатыр хæстонты цардвæндаг ................ 126
ПЛИТЫ Гацыр. Геноциды æвдисæнтæ Хъуылаты
Созырыхъойы сфæлдыстады ........................................................... 131

**ПУБЛИЦИСТИКÆ**
ТМЕНАТЫ Дзерассæ. Лабæйаг хабæрттæ ...................................... 144

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**
ДЖЫККАЙТЫ Шамил. *Радзырдтæ* ............................................... 153





# ДАУЫРАТЫ-СЛАНТЫ ЗОЯ (ДАУЫРÆ): 85 АЗЫ



(1935 – 2020)

*ХЪÆЦМÆЗТЫ Азæ*

# ДАУЫРÆЙÆН

Фæлмæн дзырд, буц ахаст – æгъдауыл,
Кæуылты байтауыс дæ удæй.
Мæлгъæвзаг – суадонау дæ уагыл,
Фæтæдзы зæрдæмæ рæсугъдæй.

Куы нæм ныййарæгау фæхæцыс,
Куы нæ дæ дæлармы рæвдауыс.
Иронау дзурын нæ фæдомыс,
Фæлгъауыс алкæмæн йæ хъомыс.

Кæстæр йæ нысанмæ куы тырна,
Уæд хур дæ бæллицты ыскæсы.
Дæ фæрцы фидæны ысуыны,
Æмæ йæ хъуыды рæз ысхæссы.

Ды сæ фæфæдзæхсыс рæдыдæй,
Аккаг – сæ фыдæлтæн фæзминаг.
Дæ 'нæбын зæрдæйы рæвдыдæй
Сæ царды байрæзынц – рæбинаг!

Фæлмæн дзырд, буц ахаст æгъдауыл,
Кæуылты байтауыс дæ удæй.
Мæлгъæвзаг – суадонау дæ уагыл,
Фæтæдзы зæрдæмæ рæсугъдæй.





*ДАУЫРÆ*

# ÆМДЗÆВГÆТÆ

## АЗТÆ

О азтæ, азтæ, дугъонау тæхут!
Нæма цардис æцæг цардæй мæ уд,
Гъе, афтæмæй мæ хуызджер бонтæ фесты,
Мæ конд, мæ тых фыццагау мемæ не сты.

Мæ хъуыдыимæ рахонын быцæу:
«Гъе, уыцы аз мæ азты хыгъдæй нæу»,
Æрхоны мæм ыстыр цаутæ æвдисæн,—
Фыддæрадæн мын нал фæкæны уисæн.

О азтæ, азтæ, рауагътат мыл зæй:
Ыстæм лæг ма мæ базоны хуызæй.
Мæ æмбæйттæн сæ æнцъылдтæ — мæ рис…
Нæ хистæртæн ма се 'мбис дæр кæм ис?..

Ныфс нын дæтты æрмæстдæр иу хъуыддаг:
Нæ уыдтæн царды адæмæй хъæстаг.
Нæ уыдтæн хин, мæнгард æмæ æлгъин, –
Дыккаг хатт дæр та раздæрау цæрин!

## ЦИНТÆЙ РАСЫГ

Æрмæстдæр хуры 'вджид куы баззайа дæ зæрдæ,
Куы нæ дын хай кæна зæххон цинтæй хъысмæт,
Куы бахынца дæ зонд: зæронд, æдых, лæмæгъ дæ,
Цæрын дæумæ дæр нал цæудзæнис уæд...

Дæ фырты къобор фырт куы базгъора дæ размæ,
Йæ тыппыр къухтæ дæм куы сиваза бæрзонд,
Дæ боны удхæрттæ уæд не 'рхæсдзынæ базмæ,
Дæ чысыл фæдон дын ныррухс кæндзæн дæ зонд.

Дæ ныфс, дæ цардæмбал куы схъарм кæна дæ хуыссæн,
Куы та дын бакæна дæ сæры бын йæ цонг,
Кæм ма уыдзæни, кæ, уæд амондджын дæу хуызæн!
Зон, цинтæй расыг никуы кæны 'рвонг!

***

Цымæ куыд цæрынц иунæджытæй адæм?
Куыд сисынц дзыхмæ адджын комдзаг адæн?
Мæнау кæд хонынц уарын æмæ уад
Æхсæвæмбалæн. Хъарм хуыссæн – хъæууат.

Ныйирд та сты мæ фæлм цæстытæ бонмæ,
Нæ та кæсынц мæ бирæ монцтæ коммæ.
Рæсугъд фынау мæм раздæхы ызнон.
Нæу иунæгæй, нæу иунæгæй мæ бон!

***

Зарæг! Дæ зæлтæй
Æз хъуамæ нырризон.
Хъуамæ уæлхохмæ
Дзæбидырау хизон.

Хъарæг! Нынниуон æз
Хъуамæ дæ хъæрæй!
Худын дæр уарзын æз
Хъæлдзæг кæл-кæлæй.

Домын æз, домын
Æрмæстдæр æмсæрæй,
Ницы мæ хъæуы
Æгуыдзæг, æвзæрæй!





## ХÆЛÆГГÆНАГ

Хæлæггæнаг хæлæг кæны æппæтмæ:
Рæсугъд фæлыстмæ, ахуырмæ, куыстмæ,
Хæлæг кæны йæ сыхæгты цæуæтмæ,
Йæ къухтæ тавы искæйты тыхстмæ.

Дæ ауонау дæ фæдыл зилдзæн, зилдзæн,
Дæ цæстытæм дын комкоммæ кæсдзæн,
Дæ цæхх æмæ дæ кæрдзын дын æуужилдзæн,
Кæддæмдæр та дыл хахуыртæ хæсдзæн.

О, дунейы фарн! Раст лæг хорз куыд цæра,
Æппæт адæмæн уыцы хорзæх ратт.
Хæлæггæнаг фыр хæлæгæй куыд мæла,
Йæ зæрдæйæн та адæмы фарн – фат!

## ДОЙНЫ МЫН У

Дойны мын у
Дойны, дойны,
Фурд дæр бануазин
Æмбойны!...
Нуазæнт иннæ адæм
Сæн!
Суадоны дон
Хъæуы мæн!
Дойны мын у!
Дон мæ хъæуы!
Змæст дон мæ нæ хъæуы –
А цæугæдон,
А цъайы дон
Зæрдæмæ нæ цæуы, –
Марджы тæфæй,
Хосы тæфæй
Æмбудæнтæ 'лхъивы,
Уæлдæфы рын,

Дæлзæххы рын
Дон йæхимæ ссивы…
Дойны мын у!
Дойны мын у!
Змæст дон мæ
Нæ хъæуы.
Ехх, тæхуды,
Суадон дæр ма
Суадонау кæм цæуы!..

## АФТÆ, ГЪЕ!

Цастæ чысыл ма дæ, цастæ?!
Зон æй, атæхдзысты азтæ.
Тагъд уыдзынæ ды ыстыр,
Архай хорз уæвынил ныр.

Ма кæн де скъолайæ цухтæ,
Афоныл-иу цæхс дæ къухтæ,
Хъус дæ хистæртæм бæстон,
Уарз сæ, аргъ кæнын сын зон.

Царды бирæ ис фæндæгтæ, –
Ахуыр кæн кæйдæр æвзæгтæ.
Дун-дунейы дуæрттæ – гом,
У сæ басгарын дæ бон.

Хъуамæ уай фæзминаг уагæй,
Ма фæуы хъæстаг сыхагæй.
Иугæр дæм куы уа æгъдау, –
Ничи дæм æрхæсдзæн фау!

Хъуамæ дæу, мæ чысыл къона,
Сомбон Ир йæ хъæбул хона.
Тынг хорз саби дæ ныр дæр,
Кафгæ, заргæйæ мын цæр!





## ЗЫБЫТ

Зыбытты Зыбыт, дам,
Ныууагъта йæ къæс,
Зыбытты уæзæгæй, дам,
Алыгъди дард.
Зыбыты иунæгæй
Зыбыты зæрондмæ
Дæуæн дæр Зыбытау
Уыдзæни дæ цард.

Зыбыты мæгуырæй
Зыбыты уазалы
Зыбыты иунæгæй
Фæцарди Зыбыт.
Зыбыты хъысмæтæй,
Зыбыты æгадæй,
Зыбыты фыдцардæй
Куыд нæ тæрсыс, куыд?

Зыбыты зæрондмæ
Зыбыты уазалы
Зыбыты мæгуырæй
Дæуимæ цæрин.
Зыбыты фæлладæй
Зыбыты фæлмæстæй
Æрмæстдæр дæ номæй
Мæ ард-иу хæрин.

## СЫНК, СЫНК, СЫНК..

Сынк, сынк, сынк,
Сынк, сынк, сынк,
Æнгуылдзтæн сæ кафт ыстынг:
Сынк – фæсасынк,
Сынк – гæпсынк,

Здыхстсынк, дзуарсынк,
Сынк, сынк, сынк.
Сынк – уæлæфтау,
Сынк – кæрцсынк,
Ставд рæхсад сынк,
Сынк, сынк, сынк.
Сынк – нывæфтыд,
Сынк – цæстсынк,
Кæс, цæттæ у чындз-уылынг.

## БАЗОН-МА

Чи у царддæттæг нæ зæххæн?
– Хур.
Ис чысыл æрвад къæдзæхæн?
– Дур.
Фурды кæсæгтæн сæ марæн?
– Сур.
У уæзы чысылдæр барæн?
– Мур.
Чи у адæмæн сæ дарæг?
– Зæхх.
Чи дугъ кæны: бæх гъе барæг?
– Бæх.
Уæдæ циу йæ хос æдзæххæн?
– Цæхх.
Уалдзæг цавæр хуыз ис зæххæн?
– Цъæх.
Райсом изæрыл цы бæтты?
– Бон.
Зæгъ, дæ дойны дын цы сæтты?
– Дон
Тынг садджын кæны бæгæны…
– Зад.
Хорз лæгимæ ‘мдзу цы кæны?
– Кад.





## КЪАМИСÆГ

– Фосæй, маргъæй – уе ‘ппæт ам!
Цæй-ма, сисон уын уæ къам!
Гогыз раууад кафгæйæ,
Базыр зæххыл хафгæйæ.
Комкоммæ ныккастис бæх:
– Къамы уайын æз дзæбæх!
Ралæууыдис карк æд цъиутæ –
Буртæ, саутæ сты сæ иутæ.
Кæрты астæу куыдз ныддæргъ,
Балæууыд йæ фарсмæ дзæргъ.
Фысы хъусы дзуры сæгъ:
– Цу-ма хæрæгæн дæр зæгъ!
Уыйадыл дын бæх фæмæсты:
– Слæууæд цъæх хæрæг мæ бæсты!
Сызмæст кæр. Нæ рауад къам.
Хæрæг ц'аххосджын у ам?

*АГЪНАТЫ Гæстæн*

# НОМ

*Аивадон-документалон уацау*

*Номдзыд лæг дзыллæйæ хæс дары.*
*Адæймагæн номгæнæг –йæ хъуыддæгтæ.*
*Ирон æмбисæндтæ*

## СУДЖЫ УÆРДОН

*Нæ раздæры сыхаг,*
*Ирыстоны зындгонд лæгтæй иу –*
*Дзугкойты Никъалайы мысинæгтæм гæсгæ.*

Иу сæумæрайсом нын нæ кæрты уисæй быд кулдуар чидæр æрбахоста. Фыццаг æм ракаст мæ мад Дари, стæй та – æз. Дуар æрбахойæг уыд дæ фыд Æмзор. Мæ мадимæ аныхæстæ кодта, стæй мæнмæ разылд æмæ мæм дзуры:

– Лæппу, суджы уæрдон мæ ракæнын хъæуы, æмæ мæм нæ фæкæсдзынæ?

Æмзоры искæд ме 'ххуыс бахъæудзæн, уый æнхъæл никæд уыдтæн, æмæ мын йæ ныхас æхсызгон уыд. Агъайдæр, феххуыс ын кæндзынæн. Æгайтма йæ фарсмæ æрлæууынæн бæззын.

Мидæмæ згъорæгау ацыдтæн, уайтагъд нæ сигæц фæрæтимæ фæзылдтæн. Æз – æртындæс-цыппæрдæсаздзыд лæппу – хъæддзау, гъæйтт-мардзæ лæг. Нæ хорз сыхаг мæ йæхицæн æмбалæн бацагуырдта. Цы ма уа уымæй хуыздæр!

– Уæдæ цæуæм.

Нæ хæдзары цур нæм æнхъæлмæ каст йæ бæх æд уæрдон. Уæрдоны рахиз фарс чысыл асычпы сугтæ æрæлвасынæн – дыууæ бæндæны гæркъатимæ, фæрæт, йæ ком цæхæр калдта. Хъæддзаутæ – алцæмæй дæр ифтонг, алцæмæй дæр цæттæ.

Æмзор уæд куыста хъæдгæсæй, адæм дзырдтой: йæ бæрны цы хай ис, уым алы гæбаз дæр цал æмæ цал хатты басгæрста, алы къахвæндаг дæр ын – зындгонд. Куы бæхыл ацæуы, куы та фистæгæй фæзилы.





Къæдзтæ-мæдзтæ нарæг фæндаг нæ разæй згъоры, куы иуæрдæм фæсаджил вæййы, куы иннæрдæм тындзы, йæ фæстæ нæ скъæфы. Æмбаргæ бæх. Йæ бозитæй йæ здахын нæ хъæуы, æвæццæгæн, кæдæм цæуæм, уый зоны. Фæндаг агурыны мæт æй нæй.

Æрлæууыдыстæм. Æмзор хайуаны суагъта, кæрдæг æмæ бæлæсты къалиутæм куыд æххæсса, афтæ йæ бабаста. Æмæ нæ фæрæттимæ фæцæуæм. Уый разæй, æз, цыма мæлæты лæг дæн, – йæ фæстæ. Цасдæр бауадыстæм – дыууиссæдз, æртиссæдз къахдзæфы. Фыдæлтыккон тæрс æмæ фатхъæд бæлæстæ хердмæ фæцыдысты, сæ цъуппытæ арвыл æндзæвынц. Се 'хсæн – дыууæ хус бæласы. Афæлдæхтысты. Ахаудысты. Хуыссынц. Сæ цард асқъуыд. Кæд, чи йæ зоны… Цыма сыстынмæ хъавынц æмæ нæ фæразынц. Æвгъау, тынг æвгъау сты бамбийынмæ. Ехх, уыдон дæ кæрты февзæрæнт. Къола сæ адæрæнтæ кæнид. Пецы цалдæр суджы баппар, æмæ арт гуыппæй судзы, йæ рухс стъæлфæнтæ пæр-пæр кæнынц, фæйнæрдæм хауынц. Уазал хæдзар уайтагъд абана фестад. Сæ хæдзар… сæ хæдзар ма искæд схъарм уыдзæн…

– Ацы дыууæ бæласы алыгтæ кæнæм, – дзуры мæм Æмзор. Бæрæг уыд: хъæдгæс ардæм хуымæтæджы не 'рбазылд: хус бæлæстæ кæм сты, уый хорз зоны.

Сабыр, æдзæм хъæды райхъуыст фæрæтты 'хсызгон зæлланг. Нæ! Сæ зарын. Цъиутæ, тарст пæрпæргæнгæ, фæйнæрдæм тæхынц, сæ цъыбар-цъыбур æмæ хъæлдзæг зарын атад. Æз цыдæр æхсызгонæй цæгъдын къалиутæ, бæласы цæнгтæ, æвналын æнахуыр разæнгар-дæй. Хатгай мæм афтæ фæкæсы: нæ сæрмæ цъæх арвы хъæбысы цы мæргътæ цъыбар-цъыбур кæнынц, уыдонæй иу æз дæн. Æмæ, æцæгдæр, уыдонæй иу уыдтæн æз. Æз уыдтæн базырджын, мæ зæрдæ хуры тынты йæхи надта. Æнæнхъæлæджы цыдæр уæлмонц дунемæ бахаудтæн. Цæмæн? Ууыл арæх фæхъуыды кæнын. Æвæццæгæн, уымæн, æмæ æз, æвзонг лæппу, фыццаг хатт мæхи банкъардтон æцæг лæджы хуызы, Æмзор мыл бауæндыд, æххуысмæ мæм фæдзырдта, æз дæн йе 'мсæр лæг.

Суджы схъистæ, суджы æхсныфтæ урс бæлæттау фæйнæрдæм тæхынц. Нæ фæрæты зæлланг дард кæцæйдæр райхъуысы, фæрæттæ зарынц. Æмзор мын цыма мæ сусæг хъуыды бамбæрста, разылд æмæ мæм дзуры:

– Къола, хорз арæхсыс, ды нæр дæр лæджы бындзæфхад дæ. Къодах

йæ фыццаг цæфæй бæрæг у.

Уыцы ныхæстимæ мыл дыккаг хур ракаст. Ноджы фæныфсджындæр дæн, ноджы фæбазырджындæр дæн. Рæстæг цыдæр æнахуыр тагъд цыд. Æз æппындæр нæ бафæлладтæн. Сугтæ æрбахастам. Æз æнхъæлдтон, фыццаг уал сугтæ уæрдоны самайдзыстæм, бæндæнтæй сæ фидар бабæтдзыстæм, стæй Æмзор йæ бæх сифтындздзæн. Уый раздæр сифтыгъта бæх. Æмæ нал фæлæууыдтæн:

– Бæхы, сугтæ уæрдоны самайыны фæстæ нæ хъуыд сифтындзын?

– Хайуан йæ бынат куы ссара, уæд сугтæ уæрдоны куыд хуыздæр сбаддзысты, уый цæст хуыздæр ахсы. Бæхы хъуамæ мацы хъыгдара, йæ фезмæлд йæхи бар уа.

Мæхимидæг мæхиуыл фæхудтæн: уал азы дыл цæуæд æмæ уый ма зон!

Æмзор бæхы рохтыл æрхæцыд æмæ мæм дзуры:

– Ды уæрдоны сбад, æрмæст къалиутæй дæхи хъахъхъæн.

Уый та куыд? Æз хъуамæ уæрдоны сбадон, уый та – ме 'дзард фыды карæн, – ноджы къуылых, æмæ, бæхы рохтыл хæцгæ, фистæгæй фæцæйцæуа? Не сбаддзынæн. Сбадын мæ кодта. Над фæндагмæ куы рахизой, уæд уый дæр уæрдоны сбаддзæн.

Уæ цуры тагмæ æрхæццæ стæм. Раздæрты-иу тынг раивылд. Æрра ивылд. Фæйнæрдæм лæбурдта, йæ разæй, цæуыл хæст кодта, уыдон скъæфта, йæ фæйнæфæрстыл сæ хоста. Фæстаг рæстæджыты дзы дон цъырт дæр нал цæуы. Уæд ма сымах уым цардыстут, хъæугæрон, æмæ-иу адæм арæх дзырдтой: «Æмзорты таг», «Æмзорты фале», «Æмзорты цур» ныууайæны»… Уыцы таг, цас зонын, ныр дæр афтæмæй баззад: «Æмзорты таг».

Фæхæрдгæнæнæй схызтыстæм. Уæ хæдзар æрбазынд. Ныртæккæ уæ кæрты тъæкъæр хус сугтæ æркалдзыстæм. Хæрзаг, хорз судздзысты, арты гуыр-гуыр уайтагъд райхъуысдзæн, йе стъæлфæнтæ пецы дзыхæй æддæмæ схъиудзысты. Цымæ ацы дунейы артæй хуыздæр исты ис? Фæлæ диссаг! Æмзор бæх уæхирдæм не здахы.

– Æмзор, æрхæццæ стæм.

– Чысыл ма бауайæм.

Кæдæм?.. Кæдæм цæуы Æмзор? Хъысхъысгæнаг сугæй дзаг уæрдон кæмæн ласы? Кæй кæрты йæ 'ркалдзæн? Уæй йæ кæны? Æмæ Æмзор суг фæуæй кæны, зæгъгæ, уый никæд фехъуыстон. Чырыстонхъæуы базары фæуæй кæнынц, дзаг бричкæтæ æмæ уæрдæттæ рæгъ



ралæууынц. Бацу, æрзил æмæ дзы равзар. Кæд… кæд дæм æхца ис, уæд.

Æмзор… Æмæ Æмзор бæх нæ цуры цæмæн æрурæдта? Æвæццæгæн, мæн æрбаласта, æмæ… Æмæ зæронд лæг дæн? Æвæццæгæн, зæгъы, бафæллад. Æмæ æз нæ бафæлладтæн, æз ма иу цыд дæр акæнин хъæдмæ.

Æмзор уæрдонæй æрхызт. Æргæпп кодтон æз дæр. Лæг кæртмæ бацæуæн зæронд дуарыл схæцыд. Æз мæ мидбынат сагъдауæй баззадтæн, бандзыг дæн. Нæ! Уæддæр мæ нæма уырны: Æмзор суг махæн æрласта? Уый та куыд? Цæмæн?.. Бæхы рохтыл ахæцыд. Фатхъæд æмæ тæрс сугтæй дзаг уæрдон нæ кæрты астæу æрлæууыд. Уыцы барæвзар суджы уæрдон мах у?.. Уый та куыд? Æмæ уымæн уæвæн и?..

– Сгæпп лас æмæ бæндæнтæ феуæгъд кæн.

Уынæрмæ мæ мад Дари кæртмæ рахызт. Уый дæр цасдæр рæстæг лæугæйæ баззад, æрæджиау кæддæр загъта:

– Æмæ… куыд… æхца нæм куы нæ и, уæд… Кæд æйчытæ… цыхтытæ …

Мæ сидзæр хотæ дæр, чи бæгъæмвадæй, чи йæ скъуыдтæ дарæсы кæртмæ разгъордтой æмæ кæрæдзи дзыхæй цингæнгæ ныхас скъæфынц:

– Сугтæ! Сугтæ!

– Ныр нæ хæдзар схъарм уыдзæн.

– Ныр æцæг арт скæндзыстæм.

– Ныр…

– Дари, мацæуыл тыхс, – дзуры Æмзор. – Ацы сугты уæрдон дæ лæппу Къола ракодта, æз сæм ницы бар дарын, ныр дæр гъæйтт-мардзæ лæг у.

Дари бахудт. Йæ цæсгом æнæ иу ныхас зæгъгæйæ дзырдта: ацы æвзæрст сугты уæрдон чи ракодта, чи сæ æрласта, уый хорз зоны, æмæ, йæ цæрæнбон бирæ æрбауæд, фондзыссæдз азы хъарм цард фæкæнæд.

Хæсты æмæ хæсты фæстæ фыдазтæ… Нæ! Уыдон адæмæй никæд ферох уыдзысты. Фыдбонтæ. Бæстæ – сау хъæдгæмттæ. Хæринагхъуаг. Дарæсцух. Электрон тыхæн йæ кой, йæ хъæр дæр нæма уыд. Газ цы у, уый нæма зыдтам. Сугтæй арт кæн. Æмæ кæм уыди сугтæ! Уæлдайдæр æнæлæг, сидзæр бинонтæн. Хъæдмæ фæцу, истытæ ракæн, истытæ æруидз, сыргъом сæ кæн. Йæ быны фæцудыс, ратас-батас кæныс, æргъом дæ куы иуырдæм ахæссы, куы иннæрдæм. Æрхæццæ дæ, æмæ ацы зæххыл дæуæй амондджындæр ничиуал у. Сугтæй арт! Уымæн

æмбал и? Хъæллæгътæ, нартхоры хъузджытæ… Уыдон дæр хорз сты, фæлæ уыдонæй хæдзар афтæ стæфсдзæн? Æмæ уыдон дæр кæм ссардзынæ? Цæхæрадæтты зил, агур. Истæуыл фæхæст дæ, уæд дæ худ хæрдмæ æппар. Æмæ уыцы рæстæг дæ кæртмæ æрбатылд фатхъæд æмæ тæрс сугты дзаг уæрдон. Бæрæгбон уын, стыр бæрæгбон.

Мæ мад Дари куыд ӕдзæмæй лæууыд, афтæ лæууы. Æвиппайды йыл ахæм хорздзинад æрцæудзæн, уый æнхъæл нæ уыд, æмæ… Фыр цинæй йе 'взаг ныхас нал ахсы, йæ ком бахус. Кæрæдзимæ фемдзаст стæм. Йæ цæстытæ доны зилынц, урс ставд æртæхтæ йæ рустыл æрфæд кодтой. Цæмæй сæ ма фенон, уый тыххæй йæ сæр иуварс азылдта, сабыр къахдзæфтæй хæдзармæ бахызт.

Арæх-иу хъуыстон: Æмзор адæмы хъыджы никæд бацыд, Æмзор хæрзгæнæг у, йæ бон цы у, уымæй архайы, цæмæй сын исты хорз фæуа, бахуыс сын кæна. Кæмæн йæ кулдуары цур сугтæ æрæппары, кæмæн йæ бæхыл хус хъæд æрласы. Куыроймæ де 'ссинаг ныддавын хъæуы – нæ дæ раздахдзæн. Бæх дæ æд уæрдон цæмæндæр бахъуыд – табуафси. Дæ хуым похцийæ аласинаг у… Никæй ма раздæхта.

Мæ мад Дари хыссæкъухæй кæртмæ згъорæгау рацыд. Æмзор бæхы рохтыл рахæцыд, уый федта æмæ…

– Æмзор, мæ мард фен, ма ацу, бахъуаджы сахатмæ арынджы къуымы ссады тæпп фæуагътон æмæ æртæ сойыфхы ныртæккæ цæттæ уыдзысты.

– Чи акува, уымæн йæ цæрæнбон бирæ, æз…

– Дæ Хуыцауы тыххæй, мæ хъыджы ма бацу, – мæ мад ыл йе ссадæйдзаг къухтæй рахæцыд.

– Бузныг, бузныг, цыдæр хъуыддаг ма мæ ис, æндæр нæ бафсæрмы кæнин.

– Оу, мæнæ диссаг, уый та куыд? Ахæм хорз ракæн æмæ мидæмæ ма бацу, – йæхи йæм бакъул кодта мæ мад, æвæццæгæн, нæ хæдзармæ ахæм зæрдиагæй никуыма никæй хуыдта.

– Хатыр, хатыр, Дари, – æмæ Æмзор мæнмæ разылд, – кулдуар дæхæдæг æрæвæрдзынæ?

– Æрæвæрдзынæн. Æрæвæрдзынæн, ай-гъайдæр, æрæвæрдзынæн.

Æз мæхимæ ахæм тых æнкъардтон, æмæ цы уыд мæ цуры Хъаныхъуаты Бола? Цы уыд мæ цуры Нарты Батрадз!

Уый фæстæ æмæ ныр дæр арæх фæхъуыды кæнын: «Цæуылнæ бацыд Æмзор мидæмæ? Цæуылнæ скомдзаг кодта мæ мады конд сойывыхтæй?





Цæуылнæ?.. Кæд, мыййаг, Дари бахъуаджы сахатмæ цы ссады тæпп ауæрста, махæй дæр æмæ йæхицæй дæр кæй æмбæхста, уымæй конд хæринагмæ æххормаг сывæллæтты цур бавнал, адджынæй дзы скомдзаг кæн, уый йæ зæрдæ нæ куымдта, уый йæ цæсгом нæ хъæцыд.»

Нæ зонын, фæлæ цæмæндæр афтæ фæхъуыды кæнын. Æндæр, хъæддзау лæг æххормаг ма уыдаид, уый мæ нæ уырны…

***

Цæуынц азтæ. Мæ хорз сыхаг, Ирыстоны зындгонд лæгтæй иу – Дзугкойты Никъала – ныр мæ фыдæй фæхистæр, æмæ йæхи фæндиаг зæрдæрухсæй цæрæд. Куы сæмбæлæм, фылдæрхатт сæмбæлæм зианты, уæд æдзухдæр æрымысы мæ фыды.

– Хорз ном уын ныуугъта Æмзор йæ фæстæ, – фæзæгъы Никъала æмæ йæ къæхты бынæй ныуулæфы, йæ цæстытæ, йæ цæсгом фенкъард вæййынц. Æвæццæгæн, йæ зæрдыл æрлæууынц, зæххыл чи нæма уыд, уыцы æвирхъау, тугкалæн хæст, хæсты фæстæ фыдбонтæ, сидзæр сывæллæтты уæззау цард. Æнæмæнгæй йæ зæрдыл æрлæууы уыцы сугты уæрдон. Æмæ уæд йæ цæстытæ фæирддзаст вæййынц, йæ цæсгом фæрухс вæййы:

– Уыцы сугтæй æндзæрст арты хъарм абон дæр мæ зæрдæйыл æмбæлы, æндавы мæ. Æмæ уыцы хъарм артмæ æдзухдæр мæ разы сæвзæры Æмзор. Йæ рухс ном йæ фæстæ баззад. Уый та у æппæты зынаргъдæр хæзна, – йæ мидбылты бахуды мæ кадджын сыхаг.

– Хорз ном уын ныуугъта, – балхынцъ кæны йæ хъуыды нæ фæрнджын хистæр, нæ раздæры сыхаг Дзугкойты Никъала

О, ном æппæтæй зынаргъдæр у.

## АХÆСТОНМÆ ФÆНДАГ

*Ацы хабар мын Æмзор йæхæдæг радзырдта. Уæвгæ, йæ цардвæндæгтæ арæх нæ мысыд. Цæмæн? Нæ зонын. Бæллиццагæй дзы ницы ардта, йæ зæрдæ сæ нæ рухс кодта. Æви...*

...Бон æрбацъæхтæ. Талынджы зæххæй сыстын нæма фæнды æмæ æнæбары лæбыры, рæстæг ивазы. Æмзор йæ бæх бидаркæйы ифтындзы. Æмбаргæ хайуан ын йæ алы фæзылд, йæ алы ныхасмæ

дæр æнхъæлмæ кæсы. Ныр уал æмæ уал азы кæрæдзиуыл сахуыр сты. Æнæ ныхас, æнæ къухæй амонгæйæ дæр кæрæдзи хорз æмбарынц.

Уынгæй хæдтулгæйы уынæр æрбайхъуыст. Хæстæгæй-хæстæгдæр кæны, кæрты цур æрмынæг. Æмæ ацафон… Чи у? Дуар æрбахостæуыд. Лæг бæх ифтындзын фæуагъта æмæ тагъд-тагъд рауад. Уый дын гъе! Æнæнхъæлæджы æхсызгон уазæг. Йæ хъæуккаг, йæ хорз хæлар Габпаты Иван. Ам æй хъæуы цæрджытæ фылдæр йæ мады ном – Гоцейæ зонынц. Уарзон, Хуыцауы сконд адæймаг. Цымæ, искуы искæуыл гадзрахатæй рацыд? Цымæ, æнæхъуаджы искуы искæйы бафхæрдта? Цымæ дзы искуы иу æнæууылд ныхас схауд? Æууæнкджын адæймаг, æргом, комкоммæныхас. Йæ фыццаг мæт – йæ куыст, адæм, – йæ бинонтæ дзы ферох вæййынц. Бирæ бæрнон бынæтты куыста. Фæстагмæ – партийы Дыгуры райкомы разамонæг. Адæмы цæст уынаг у, æмæ йæ уырдыгæй горæтмæ уæлдæр, бæрнондæр куыстмæ аивтой.

– Æмзор, дæ райсом хорз, – уазæг æмæ фысым кæрæдзи къухтæ райстой, се уæхсчытæ кæрæдзиуыл андзæвыдысты, цыма кæрæдзи ахъæбыс кæнынмæ хъавынц. Æмæ цы, нæ сын æмбæлы?

– Райсомы зæдты хорзæх дæ уæд, – загъта хæдзары хицау.

Дыууæ хæлары сæмбæлынц, фæлæ цас арæх? Цыдæр æмбырд. Кæнæ цыдæр хъуыддаг. Кæнæ зианы. Æмæ кæд сæ фембæлдтытæ цыфæнды цыбыр вæййынц, уæддæр – æхсызгон, сæ зæрдæты баззайынц, æхсызгон фæд ныууадзынц. Æмæ уый хорз, фæлæ… Гоце ацафон хуымæтæджы нæ фæзынд, фæдисон ма уæд. Æмæ…

– Æмзор… – уазæджы хъæлæс тыхст, катай хуыз, йæ цæсгом – цыдæр æнкъард. Æмæ исты бæллæх… Сæумæцъæхтыл дзæгъæлы нæ фæзынд. Уазæг ын йæ цонгмæ бавнæлдта, цалдæр къахдзæфы йыл иуварс ахæцыд, æмæ, цыма сæ исчи куы фехъуса, уымæй тæрсы, афтæ ныллæг хъæлæсæй дзуры:

– Æмзор, дæ хъуыддаг хорз нæу, дæ фæндаг æмраст ахæстонмæ цæуы. Æмбарыс мæ, цы зæгъын, уый? Æмæ дæхæдæг дæ аххосджын, дæхæдæг дæхи къухтæй ахæстоны дуæрттæ гом кæныс.

– Гоце, нæ дæ 'мбарын, – фысым йæ мидбынат æдзæмæй лæууы, йæ сæр ницы ахсы. Куыд ис йæ бынат ахæстоны? Цæмæн? Цæй тыххæй? Цы фыдкæнд ракодта? Йæхæдæг нæ, фæлæ ма йæ бинонтæ, йæ цоты дæр истæмæ фæныхилой, уымæй куы хъахъхъæны. Колхозы сæрдарæн цалдæр секундмæ йæ цардвæндаг фæстæмæ æрзылд. Йæ цæстыты





цур сног. Нæ! Йæхимæ ницы азым ары, йæ зæрдæмæ ницы хæссы, йæ цæсгом сыгъдæг у. Уæд уый, йæ хорз хæлар, цавæр ахæстоны кой кæны?

– Æмзор, иу хатт аирвæзтæ, фæлæ ныр… ныр дын мæ бон ницæмæй у баххуыс кæнын. Дæхи нæ бахъахъхъæдтай, дæхæдæг дæхицæн къæппæг сæвæрдтай, æмæ мæнмæ дæр аргъæутты ехс нæй.

Иу хатт аирвæзтæ, фæлæ ныр… Ахæмæй цы ракодта Æмзор, æмæ йæм Гоце сæумæцъæхтыл фæдисы æрцæуа? Фарон… Фæлæ ныр… Фарон сæ картофы иу хай æвзæр æрзад, тынг æвзæр. Къæвдатæ нал æмæ нал æнцадысты, арвы дуар фегом æмæ йын бахгæныны хъомыс нал уыд, зæхх, цыма дзы самандур кæндзысты, афтæ ныллæхъир, цъæпп-цъæпгæнгæ цу. Æмæ хъуамæ доны картоф куыд æрзайа? Уый фæстæ та, картоф йæ тæккæ бын кæнынил куы уыд, уæд хур зæххыл атылд, зæхх никъкъæй, аскъуыдтæ, афæстытæ, йæ тæригъæдæй зæрдæ тъæппытæ хауд. Сæ фæллой фæдзæгъæл, цæй картоф æмæ ма цæй цыдæр, дон хиды бынты. Хуыцау хорз, æмæ сæ Урсдоны быдыр нæ асайдта. Губакк ракъах, æмæ урсурсид картæфтæ скæлынц, цыма сыл карк къуыртты бады. Æмæ уымæй паддзахады хæс бафиддзысты, фæлæ адæм… адæм цы фæуыдзысты?.. Æхсæвæй-бонæй, хурæй- къæвдайæ быдырæй чи нæ цæуы, йæ уыргтæй зæхх чи мæрзы, уыдон хъуамæ æнæ картоф баззайой?.. Сæ фæллойы бонтæн сын цы ратдзысты?.. Уæлдæф? Сæ фылдæрæн, уæлдæр-дæлдæр, бæгънæг-бæгъæмвад сывæллæттæ, сæ тæккæ хæрынил. Нæ! Æмзор уыдоны тæригъæды нæ бацæудзæн. Картоф дыккаг нартхор у, дыккаг мæнæу, царды æмбис, алы хæринагæн дæр хæринаг. Хæсты фыдрæстæджыты картоф æмæ хуыскъæлæй цæйбæрц адæм аирвæзт? Æмæ цы нæ бавзæрстой? Мыггаг дын нæ фаг кæны – картофы цъæрттæ ныссадз. Колхоз дæр сæ сагъта. Мæгуыр бонтæ, æмæ адæм амæлттæ кодтой. Хæст фæци, æмæ адæм сулæфыдысты, фæлæ уæддæр – зындзинæдтæ бирæ. Æмæ уыдоныл дæр фæуæлахиз уыдзысты. Уый хорз, фæлæ ныр…

Цæмæй адæм æнæ картоф ма баззайой, уый тыххæй исты æрхъуыды хъæуы. Фæлæ цы?.. Картоф куы нæ байуарой, уæд. Нæ! Уымæн гæнæн нæй. Æмæ сæрдар скарста: акт… картоф кæй не ’рзад, уый тыххæй акт скæнын хъæуы. Дунейы æндæр ницы амал и. Партийы обком æмæ хъæууон хæдзарады министрадмæ алцыдæр бæстон ныффысдзæн: æрдзон стыр фыдбылыз æрцыд, æмæ сæ картоф не ’рзад. Къамис саразæнт, æрцæуæнт æмæ алцыдæр сæхи цæстытæй фендзысты.

Губакк ракъах, æмæ – афтид, зæрдæ ныккæрзы, кæддæр кæцæйдæр бызычъийы йас картоф схауы.

Æмæ афтæмæй хъуамæ паддзахады хæс куыд бафидой? Цæмæй? Куыд? Æрцыд бæллæх, æмæ сæ паддзахадæн картофы хæс бафидынæй суæгъд кæнæнт. Æппынфæстаг – фæкъаддæр æй кæнæнт. Æмзор æмбæрста: зын æмæ тæссаг хæс райста йæхимæ. Паддзахады пълан хæстон бардзырды хуызæн у: куыд дæ фæнды, афтæ йæ сæххæст кæн, ссар, балхæн, самал кæн. Искæцы колхозæй æфстау ракур. Нæ! Æмзор уыцы фæндыл разы нæу: зонгæ-зонын йæхиуыл дæр æмæ хæдзарадыл дæр æфсондз нæ сæвæрдзæн. Хицауадмæ хъаст ныффысдзæн. Æмæ йæхæдæг цастæ зоны, уæлдайдæр уырыссагау, скъолайы никæд ахуыр кодта, йæхи æгъдауæй кæсын æмæ фыссын цыдæртæ базыдта, фæлæ сæ парторг, раздæры ахуыргæнæг, гæххæттытæ фыссынмæ хорз арæхсы. Æмæ ныффыста. Сæрдары цур æй æрæвæрдта æмæ бафарста:

– Почтæйы йæ арвитæм æви…

– Мæхæдæг æй ахæсдзынæн.

Почтæйы кæд схæццæ уыдзæн сæ писмо, стæй кæй къухтæм бахаудзæн? Исчи йæ йе скъаппы лагъзы куы баппара, уæд…

Æмзор бонивайæнты йæ бæхыл саргъ сæвæрдта, йæхи Уастырджийыл бафæдзæхста. Уый хаста ахсджиаг, вазыгджын гæххæтт. Йæ фæндаг хорз рауад: обкомы дæр æмæ министрады дæр йæ зонгæтæ сæ бынæтты разындысты. Зæрдæ йын бавæрдтой: йæ хъаст кæмæ хæссы, æнæмæнгæй уыдоныл сæмбæлдзæн, æмæ, цæмæй сæм къамис æрæрвитой, ууыл дæр, сæ бон цæмæйдæриддæр у, уымæй бацархайдзысты.

Æмæ сæм къамис æрцыд. Тынг тагъд: æртæ боны фæстæ. Шофыримæ æнæхъæн фондз лæджы. Æмзор, парторг æмæ ма колхозонтæй цалдæр æд белтæ быдырмæ ацыдысты. Къахынц. Иу ран. Иннæ ран. Иу рæнхъæй иннæ рæнхъмæ бахиз. Дарддæр ацу, æмæ – сæфт, ноджы фыддæр. Нæй, картоф нæй. Æрдз сæ, куыд не 'мбæлы, афтæ бафхæрдта. Æвирхъау фыдбылызтæ сын ракодта.

Æмæ уæд куыд? Афтæмæй паддзахады пълан сæххæстгæнæн и? Кæуинаг куы фесты. Къамис алцыдæр уыны, къамис рæстдзинад равзардзæн. Къамисы уæнгтæ иуварс ацыдысты æмæ цæуылдæр дзурынц, цыма цыдæр быцæу ныхас кæнынц. Æмæ цæуыл дзурынц, Æмзор уый хорз зоны. Цы уынаффæ? Цы тæрхон рахæсдзысты?.. Колхозы сæрдар æмæ йе 'мбæлттæм цы 'нхъæлмæ кæсы?..



МАХ ДУГ

Къамисы уæнгтæй иу фæхицæн, бæрзонд, бæзæрхыг лæппулæг, йе уæхскыл, хæсты рæстæг афицертæм цы даргъбосджын сæрак хызынтæ уыд, ахæм ауыгъд, комкоммæ Æмзормæ æрбацыд, сæрæй къæхтæм ыл йæ цæстытæ æрхаста æмæ йæ фæрсы:

– Картоф ма уын æндæр искæм сагъд и?

Цы дзуапп ын хъуамæ ратта, уый йын цалдæр боны размæ дæр цæттæ уыд, уæддæр йæ буары уазал риз ацыд. Æнæ дызæрдыгæй загъта:

– Нæй.

– Кæд зæгъын… Æмæ афарстон колхозонты дæр, фæлæ…

Уый размæ сæрдар йе 'мбæлттимæ баныхас кодта: мыййаг сæ уазджытæ куы фæрсой, уæд сын картоф иу гага дæр ам йеддæмæ конд никæм и. Сайдта. Уый уыд комкоммæ цæстфæлдахæн ми, фæлæ… Фæлæ йын æндæр цы гæнæн уыд?

Бæзæрхыг лæппулæг йæ хызынæй тетрад systа, йæ хызын сæ хæдтулгæ зæронд «виллисы» капотыл æрæвæрдта æмæ фыссы. Фыссы, фæлæ цы?.. Цы тæрхон рахастой къамисы уæнгтæ?.. Колхозы сæрдарæн йæ улæфт фæтагъддæр, йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп æм хъуысы. Ау, картоф кæй не 'рзад, уый тыххæй акт не скæндзысты? Æмæ куы нæ скæной, уæд куыд? Адæм хъуамæ æнæ картоф баззайой? Кæд ма рæстдзинад ис, уæд…

Къамисы уæнгтæ раст адæм разындысты: æрдз, хæдзарадæн цы стыр фыдбылыз ракодта, уый федтой, уый раиртæстой æмæ сыл паддзахадæн картоф раттынæй цы пълан ис, уымæн йе 'хсай проценты æппарынц. Колхозы сæрдар æхсызгонæй сулæфыд: О, Хуыцау! Хорз, тынг хорз ацыд сæ хъуыддаг. Адæм æнæ картоф нæ баззайдзысты, паддзахадæн дæр ма сæ цы раттын хъæуы, уый ссардзысты. Уæддæр загъта:

– Нæ зонын, нæ зонын, уыйбæрц картоф кæм самал кæндзыстæм.

– Дыууиссæдз проценты ма… цас бирæ сты? Паддзахадæн иу килограмм дæр æххуыс у, – æрбакаст æм актфыссæг, йæ цæстæнгас дзырдта: хорз лæг, æгæр бæрзæндты ма тæх, мах базыртæ æрцæгъдын дæр зонæм.

– Уый æмбарын, фæлæ, – Æмзор ныхъхъуыс, чидæр, дам, цæст æнхъæл нæ уыд, æмæ æрфыг-æрфыг кодта.

Къамисы уæнгтæ сæ хæдтулгæйы бадынц. Колхозы сæрдар сæ цуры æрлæууыд:

– Афтæмæй ма ацæут, еблуагъæ нæм скæнут. Ахæм уазджытæ… Хуыцауы сконд адæм, Æмзор ницæуыл бацауæрддзæн.

– Бузныг, бузныг, – æмæ фыдæлтыккон «виллис» фезмæлыд. Фæндараст кæнæнт. Къамисы уæнгтæ рæстдзинад хорз равзæрстой, Уастырджи сæ йæ рахиз базыры бын бакæнæд. Хорз адæм, тынг хорз адæм.

Хæдтулгæ ма зынд, афтæ сæрдар æмæ парторг колхозы правленимæ фæцагайдтой. Агрономæй, бригадирæй, звеноводæй – адæмыл æрзилæнт æмæ, куыстхъом чидæриддæр у, уыдон æд белтæ æмæ тæсчъытæ, хорз сын цы картофы зæхх æрзад, уырдæм рацæуæнт. Иу трактор сæм ис, æмæ уый къахдзæн, фæлæ уымæн цастæ бантысдзæн? Фæлæбурын хъæуы. Картоф куыд къахой, афтæ йæ уардзысты. Колхозонтæй йæ фæллойы бонтæм кæмæ цас хауы, уый бухгалтерæн бæлвырдгонд у. Барæнтæ бадырмæ аласдзысты, æмæ…

Бирæ рæстæг нæ рацыд, афтæ быдыр æмызмæлд сси. Адæм хистæрæй-кæстæрæй, нæлгоймагæй-сылгоймагæй раивылдысты, картофы зæхх мæлдзыджыты губакк фестад. Паддзахадæн цы картоф раттын хъуыд, уый æвзæрстой æмæ сæм цы дыууæ «полуторкæ» машинæйы уыд, уыдонæй йæ амбармæ ластой. Ластой цæмæн? Скъæфтой. Сæ амондæн фæззыгон хур дзаг цæстæй каст, – агургæйæ æнæаргæ рæстæг.

Æртæ боны быдырæй хъæумæ фæндаг тыннывæндæгау кодта: бæхты бричкæтæй, гал æмæ бæхуæрдæттæй картоф хæдзæрттæм ластой: картоф кæрты æркал, дзаг голджытæ æрæппар æмæ – фæстæмæ

…Æмзорæн йæ фæнд сæххæст, хорз, тынг хорз ацыд сæ хъуыддаг, адæмæн картоф байуæрстой.

Фæлæ… Басусæггæнæн истæмæн и? Колхозонтæн сæ фæллойы бонтæм картоф кæй байуæрстой, уый бамбæхсдзынæ? Æвæццæгæн, мах, ирон адæм, кæрæдзиуыл афыссынмæ куыд арæхсæм, уымæ куыд дæсны стæм, кæрæдзи баныгæнынмæ куыд цæттæ стæм, афтæ иу адæм дæр нæ. Чидæр уæлдæр хицауадмæ, йæ пъеро цæхæр калдта, афтæмæй гæххæтт ныссаухъулæттæ кодта: кæсут, сæ колхозы сæрдар Агънаты Æмзор у цæстфæлдахæг, æмæ, дам, коммунист у.

Цавæр разамонæг, цавæр коммунист у уый?.. Картоф не ‘рзад, зæгъгæ, паддзахады сайы, мæнг акт скæнын кодта. Афтæмæй сæ картоф тынг хорз æрзад, тугыл аскъуыд, æмæ йæ адæмæн байуæрста. Цæмæн? Сæ зæрдæтæ сын æлхæны, цæмæй та йыл ногæй схъæлæс кæной æмæ та йæ цæмæй ногæй колхозы сæрдарæй равзарой. Паддзахадæн та цы? Ницы! Фучъи! Афтæмæй паддзахад сæйраг у, паддзахад махæн нæ фыд дæр у, нæ мад дæр, æмæ хъуамæ фыццаджы-фыццагдæр ууыл хъуыды кæнæм, ууыл тыхсæм. Агънаты Æмзор та?.. Уый у нæ паддзахады знаг. Ахæм адæймаг хъуамæ колхозæн разамынд дæтта? Нæ! Уый коммунист у? Нæу! Уымæн йæ бынат Сыбыры ис.

Писмо ахъулæттæгæнæг сæ хъæбатыртæй нæ разынд: йæ мыггаг æмæ йæ ном ныффыссын нæ бауæндыд. Сæйрагдæр, цъыфкалæн фыстæг бахауд Хуыцауы сконд лæг, нæхи Габпаты Гоце–Иванмæ. Æмæ йын уый цыдæр хуызты йæ фæндаг æрæхгæдта, æндæр Æмзормæ 'нхъæлмæ каст сау ахæстон.

Гоцейæн йæхицæн дæр тæссаг куыд нæ уыд бафхæрынæй, йæ куыстæй сисынæй, фæлæ фæуæлахиз адæймагдзинад. Æмзоримæ куы сæмбæлд, уæд йæ ныхас уыд тынг карз: Æмзор, сæ картофы иу хай хорз кæй æрзад æмæ йæ кæй басусæг кодта, уымæй стыр рæдыд æруагъта. Уый у комкоммæ паддзахады сайын, паддзахадыл гадзрахатæй цæуын. Ахæм хабар ма, уæд ын Хуыцау дæр нал баххуыс кæндзæн.

– Æмæ, Гоце, адæм…

– Æмæ паддзахад адæм не сты? Ды разамонæг дæ, æмæ дæ хъуыдыкæнынад хъуамæ уæрæхдæр уа.

– Æмбарын дæ, фæлæ…

– Иу фæлæ дæр нæ.

– Æмæ та ныр… Ме 'рцыды сæр цæмæн у, уый зоныс? – æрбакаст æм тарæрфыгæй Гоце.

– Зонын.

Зоны. Йæ хорз хæлар æм сæумæраджы фæдисы цæмæн æрцыд, ныр уый… О, ныр уый хорз зоны. Фæлæ цы кодтаид? Нырма æвирхъау, тугкалæн хæсты хъæдгæмттæ нæма байгас сты. Адæм кæнынц тыхцæрдтытæ. Уæлдайдæр – сидзæргæстæ. Хæринагхъуаг. Дарæсхъуаг. Сæ иумæйаг хæдзарад – уый у сæ ныфс, ууыл дарынц сæ зæрдæ. Æмæ уыдон фæсай, уый стыр тæригъæддзинад у. Сæ фæллойы бонтæн сын нартхор куы нæ радтой, уæд куыд цæрдзысты, цы фæуыдзысты?.. О, паддзахад сæйрагдæр у, фæлæ адæм та, адæм…

Нартхоры хуымтæй зæрдæ рухс кодта: рæхснæг, фидарзæнг, сæ цъæх-цъæхид сыфтæ-иу дымгæмæ куы базмæлыдысты, уæд адæймагмæ афтæ каст, цыма хæрдмæ стæхынмæ хъавынц, цыма кафгæ кæнынц. Æмæ цæстытыл уад: дыгай-æртыгай ставднæмыг æфсиртæ

ærзæбул сты, сæ раттæг зæххæн кувынц. Æнæмæнгæй, хорз бæркад райсдзысты. Колхозонты къутутæ барæвзар нартхорæй дзаг уыдзысты.

Адæм – фæндтæгæнæг, Хуыцау – аразæг… Арв чысыл раздæр уыд кæсаджы цæстæй сыгъдæгдæр, иу къæм ыл никæцæй зынд. Æвиппайды Ныгуылæн атар, сау мигътæ æрбагуылф кодтой, кæрæдзи æфсæрынц, фæйнæрдæм ивылынц, æддæг-мидæг ауадысты. Дымгæ нынниуы, фæлдзæгъдæн кæны. Æмзор, парторг æмæ сæ быдырон станы гæс кæрæдзимæ бакæсынц: нæ, хорзмæ нæ расайдзæн æрдзы цæхгæрмæ фæзылд...

Сæрдар æмæ парторг чысыл раздæр механизаторты бригадæй æрбацыдысты. Чысыл аулæфой æмæ… Æмзор йæ бæх бидаркæйæ суагъта. Ничи ницы дзуры. Æбæрæг тас сæ уæнгты ивылы. Арвæй иу рухсы цъыртт нал зыны, сау мигътæ алырдыгæй кæрæдзи ссæндынц, кæрæдзимæ лæбурынц. Дуне ныттар, чысыл рæстæг ма, æмæ сау мæйдар æхсæвы хай бауыдзысты. Дымгæ сыл йæхи æрбаппары, ныууигъы сæ. Станмæ лæбуры, йæхи йыл хойы. Æвæццæгæн æй æд сæр сисынмæ хъавы, йæ бон ыл нæ цæуы æмæ фырмæстæй йæ алыварс фæлдзæгъдæн кæны, æрра ниуд кæны. Стан афтæ ныууигъы, æмæ цыма фезмæлы. Цыдæр, цыдæр æвирхъау бæллæх æрцæудзæн, цыдæр, цыдæр æвирхъау бæллæх сæм æнхъæлмæ кæсы. Æмзор йæхимидæг скуывта: «О, Стыр Хуыцау, фыдих, фыдкъæвдайæ сæ бахиз». Бæх ныммыр-мыр кæны, йæ раззаг къæхтæй зæхх хойы, уый дæр цы бæллæх æрбацæуы, уый æнкъары, æмæ йæ дзылар тоны: йæ сæр æй искæдæм фæхæссын хъæуы, ссонт.

Арв бынтондæр ныттар, сау, бæзджын мигътæ кæрæдзи æууæрдынц, сæрра сты, æддæг-мидæг ауадысты. Æртæ лæджы сæ мидбынат бандзыг сты, кæрæдзимæ тарст каст бакæнынц: цы сæм æнхъæлмæ кæсы? Цы?.. Бæллæх. Стыр бæллæх. О, Хуыцау?.. Цыдæр æнахуыр хъæр, сыф-сыф æрбайхъуыст, æвиппайды ныхы йас æртæхтæ гæр-гæрæй æрызгъæлдысты, сæ сæрмæ станы агуыридурты къæр-къæр райхъуыст, цыма йыл цалдæр немыцаг фашисты сæ автоматтæ ауагътой. Их… Кæмæй тарстысты, уый… Их… Ницыуал зыны… Бæстæ ныттар. Æнгузы ас тымбыл ихтæ æнауæрдонæй зæхх хойынц. Зæхх сау ностæ кæны. Æмзор иуварс азылд, фæстæмæ акъахдзæф кодта. Бабын сты! Бабын сты! Сæ нартхор фесæфт. Æмæ уымæ кæсын йæ бон нæу. Бабын сты!

Их куыд æвиппайды ныккалдта, афтæ фенцад. Нымадæй ахаста





цалдæр минуты, фæлæ цавæр минуттæ! Удмарæн, удхæссæг минуттæ. Дæ фыдгул уыцы нартхормæ бакæсæд. Астæумæ хæццæ кодтой, сæ тæккæ рæзыныл, рæхснæг, сæ цъæхцъæхид сыфтæ рог дымгæмæ кафыдысты, пæр-пæр кодтой, ныр… цæфтæ, рæхуыстытæ, кæрстытæй зæххыл хуыссынц, ахаудысты, адæргъ сты, их сæ нымбæрзта. Нартхоры хъæдтæ -бæгънæг, зыр-зыр кæнынц, цыма скæуынмæ хъавынц. Æмæ колхозы сæрдарæн дæр йæ цæстытæ доны зилынц. Бабын сты! Бабын сты! Сæ нартхоры зæххытæ - æртæ раны, ам иу хай, иннæ, дыууæ… Цымæ, их тæлмæй рацыд, æви?.. О, Хуыцау!..

Æмзор йæ бæх сифтыгъта, хъуамæ парторгимæ агрономтæ æмæ бригадиртимæ сæмбæлдаиккой, фæлæ ныр… Сæ нартхоры иннæ дыууæ хайы. Уыдон… Ацы æнамонд их, цымæ, уыдонмæ дæр баирвæзт?.. Æмæ уæд бынсæфт куы фесты. Æмæ уæд бынтон куы бабын сты. Раздæр сæ нартхор цъæх денджызы хуызæн уыд, ныр… ницы уал дзы аззад афтид хъæдтæ сæркъулæй, астæумæ лыгтæй тæфæрфæсгæнджытау лæууынц.

Табу Хуыцауæн, их рацыд тæлмæй, нартхоры иннæ дыууæ хайы нæ бахъыгдардта. Хæдзарады разамонджытæ, адæм уæддæр… Уыцы æнамонд их… стыр, тынг стыр фыдбылыз сын ракодта: æвиппайды сæ нартхоры æртыккаг хайæ æнæ нартхорæй аззадысты. Цалддæр минутмæ. Æмзор цалынмæ цæра, уæдмæ уыцы бон никæд ферох кæндзæн. Тыхст, катай кодта. Къæппæджы та бахаудысты. Куыд? Цы? Адæмæн фæззæджы сæ фæллойы бонтæн цы ратдзысты? Паддзахады пълан куыд сæххæст кæндзысты? Куыд? Адæймаг амалæн райгуырд. Æмæ та Æмзор, горæтмæ, уæлдæр хицауадмæ йæ саргъы бæхыл фæцыд. Акт… Их сæ кæй бабын кодта, уый тыххæй акт скæнын хъæуы. Æндæр дзы фæзилæн нæй. Æмæ скодтой. Хорз акт. Сæ пъланæн сын йе ‘мбис аппæрстой. Тарст: æндæр искæм ма сын нартхор конд и, уымæй йæ куы фæрсой, уæд сын цы зæгъдзæн? Йæ ныхас цæттæ уыд: æндæр сын нартхор никæм и. Къамисы уæнгтæ æртæ лæджы æмæ, табу Хуыцауæн - сæ иу дæр æй нæ бафарста. Йæ дзуапп… Зыдта йæ: сайы сæ, комкоммæ фæливы, коммунист у, разамонæг æмæ уымæн афтæ сайын не ‘мбæлы, фæлæ адæм… адæм… Рагуалдзæгæй митæруарынмæ фæфыдæбон кæн, æмæ гаффутæй аззадтæ, дæ сывæллæттæм афтид къухæй бацу. Æмзор хорз æмбæрста: нартхор ма сын сагъд кæй и, уый кæй бамбæхста, уый куы рахъæр уа, уæд æй партийы рæнхъытæй аппардзысты, æрцахсдзысты йæ, Сыбыры бинаг къæйы балæуудзæн,

умæн æмæ уый у комкоммæ цæстфæлдахæн ми, уый у фыдракæнд. Æмæ йæ зоны, фæлæ… Цы уа, уый уæд, адæймаг ацы зæххыл иу хатт цæры, лæджы ном зын хæссæн у.

Нартхортонæнтæм ницы райхъуыст æмæ колхозы сæрдар йæхимидæг хъуыды кодта: æвæццæгæн ыл ничи ницы ныффыста, аирвæзт. Хахуыр фысджытæм, æвæццæгæн, нæ гæххæт разынд, нæ фыссæнгарз. Æви се 'нгуылдзтæ бахуыскъ сты… Нæ! Хахуыр фысджытæ фынæй нæ кæнынц, кæд багæрах кæнын хъæуы, уый хорз зонынц, алцыдæр сын нымад у. Гоце сæумæцъæхтыл фæдисы уый тыххæй фæзынд.

– Æмзор, их уын цы зæхх ныххоста, уымæй уæлдай ма уæм нартхор сагъд уыд дыууæ раны æмæ сæ ды не схъæр кодтай, бамбæхстай сæ. Уый та комкоммæ у цæстфæлдахæн ми, фыдракæнд, паддзахады сайыс, паддзахадыл цæуыс гадзрахатæй.

– Афыстой та?

– Афыстой. Æмæ, бæгуыдæр, чи ныффыста, уый раст у. Фарон, уæ картофы иу хай хорз кæй æрзад, уый не схъæр кодтай. Æмæ уæд аирвæзтæ. Дæ фæндаг уыд карды комыл цæуæгау. Хъуамæ дын уый зонды хос уыдаид, ды та ногæй… Æмзор, æмæ дын ныр мæ бон баххуыс ницæмæй у, дæхæдæг дæхиуыл бандзæрстай, дæхæдæг ахæстоны дуæрттæ гом кæныс.

– Гоце, алцыдæр хорз æмбарын, фæлæ адæм…

– Æмæ иннæ колхозты сæрдартæ сæ хъæуккæгты, сæ хæдзарадты фæллойгæнджыты дæуæй къаддæр уарзынц? Уыдон сæ былæй æппарынц, уыдоны нæ фæнды, къорыпп – дыууæ къорыппы барæвзар нартхор кæрты æркал, дæс-фынддæс голладжы мæнæу æрæппар, картоф… Фæлæ паддзахад… фыццаджыдæр паддзахадыл тыхсын хъæуы. Ды та…

– Æмæ паддзахад æнæ адæмæй паддзахад у? Афтæ куы дзурæм, паддзахад адæмы тыххæй у.

Дыууæ лæджы ныхасмæ æцæгæлон исчи хъусы, уæд загътаид: адон кæрæдзийæн цыфыддæр знæгтæ сты, нынтæккæ кæрæдзимæ къухæй бавналдзысты, кæрæдзимæ кæрдтæ сисдзысты. Æцæгдзинадæй та кæрæдзийы хорз æмбарынц. Гоце æрцыд фæдисы: цæмæй йæ хъæуккаг, йæ хорз хæлары бахъахъхъæна, стыр фыдбылызæй йæ бахиза. Æртын æвдæм аз нал у, уæд дзырдхæсджытæй дуне бæз-бæз кодта, фæлæ дзы ныр дæр хъуаг не стæм, къæппæввонгæй сæ ныводтæм æнхъæлмæ





кæсынц, фæлмæндæр къæлæтджын бацахсон, бæрзонддæрæй ракæсон, зæгъгæ, уый тыххæй сæ ныййарджыты дæр фæдæлдон кæндзысты.

– Æмæ хахуырфыссæг бæрæг у?

– Нæ. Чи йæ фыссы, уый бæрæг нæу. Фæлæ сæ иу адæймаг кæй фыссы, уый дызæрдыггаг нæу, æмæ иу бон рабæрæг уыдзæн. Фæлæ ныр ууыл не стæм. Æмзор, сомизæрмæ нартхоры быдырты иу æфсир дæр куыд нæ уал баззайа, афтæ. Хъусыс мæ? Ацы хъуыддаджы дæм стыр фæлтæрддзинад и, - Иван йæ хæлармæ йæ мидбылты бахудт. О, о, уымæ ацы хъуыддаджы стыр фæлтæрддзинад и.

– Хорз, хорз Гоце, – бахудт Æмзор дæр.

– Уæдæ баныхас кодтам. Æз цæуын.

– Фæндараст. Фæндараст.

Сæумæцъæхты æхсызгон уазæг хæдтулгæйы сбадт. Машинæ Чырыстонхъæумæ нæ, фæлæ Цраумæ фæндагыл размæ йæ ных сарæзта.

Дыккаг бон изæрмæ нартхоры быдыры иу æфсир нал баззад. Паддзахадæн йæ хæс бафыстой. Адæмæн нартхор байуæрстой. Колхозонтæ разы уыдысты сæ фæллойæ. Сæ зæрдæты рухс сæ цæсгæмттыл хъазыд. Æмзор сулæфыд, цы уæззау уаргъ ыл æнцад, уый ахауд.

***

Æмзорыл азтæ куы æруæз кодтой, арвы æгæрон тыгъдадæй зæхмæ арæхдæр куы каст, уæд цæмæндæр, уæлдай арæхдæр мысыд йæ хорз æмхъæуккаг, йæ хорз хæлар Габпаты Иваны – Гоцейы.

– Зын, æвзæр ракæнынæй æнцондæр ницы ис, – дзырдта-иу мæ фыд, – фæлæ исты, уадз, хæрз чысыл хорздзинад дæр уæд, уый ракæнынæн та лæг хъæуы. Æмæ ахæм уыд Габпаты Гоце, – уыцы ныхæстæм-иу йæ фæлмаст цæсгом фæцинхуыз, сагъæсæй æмдзаг цæстытæ-иу фæрухсдзаст сты, йæ зæрдæйы-иу æхсызгондзинады арт ссыгъд, æмæ йæ æз дæр æнкъардтон. Уыцы уæлвонг æнкъарæнтæ цыма ныр дæр мемæ сты, афтæ мæм кæсы. Æмæ, æвæццæгæн, мемæ сты, зæрдæйы баззадысты, мемæ æмдзу кæнынц. Æмзор-иу æхсызгонæй ныуулæфыд, æмæ-иу йæ ныхас балхынцъ кодта:

– Хорз лæджы фæд азты фæстæ дæр зыны, йæ амæлæты фæстæ дæр йæ алыварс чи уыд æмæ чи баззад, уыдоны ныфс уадзы, фидæнмæ сын фæндаг амоны, кадджын сæ кæны.

# ЦÆМÆН?..

*Ацы цауæн мæхæдæг*
*æвдисæн нæ уыдтæн,*
*фæлæ йæ нæ бинонтæй*
*арæх хъуыстон.*

Ссæдзæм æнусы фæндзайæм – æхсайæм æмæ уый фæстæ азты дæр быдырон хъæуты цæрджытæй бирæтæ цардагур сæхи æппæрстой Дзæуджыхъæу, Алагир, Беслæныхъæу æмæ 'ндæр рæттæм, заводтæ, фабриктæ, куыст кæм уыд, уырдæм. Лыгъдысты, цæмæй сæ кæстæрты фидæн амондджындæр уа. Сæ царды фæндæгтæ рухсдæр уой. Хъæутæ нымад уыдысты цъысымыл. Æмæ уырдыгæй аирвæзтæ, о, куыд тæхудиаг дæ уæд. Мах цардыстæм Хъарман-Сындзыхъæу Фалдоны. Æвиппайды нæ хæдзар ауæй кодтам æмæ ног бынæттæ балхæдтам Беслæны. Уæд æз службæ кодтон Советон Æфсады рæнхъыты, Хæстон-Денджызон флоты.

Хабар уайтагъд айхъуыст: уый та куыд, Æмзор, цæрæнбонты хъæубæсты кад æмæ радæй чи фæцард, уый йæ хæдзар ауæй кодта? Уый кæдæмдæр лидзы? Бирæтæн хъыг уыд. Колхозы сæрдар Хъарадзауты Дзастемыр нæм сæрмагондæй æрбацыд æмæ Æмзоры къуылымпы кодта, лæгъстæ йын кодта, цæмæй йæ фæнд аива. Хæдзарадæн йæ фадат куыд у, афтæ йын æххуыс кæндзæн, санаторимæ-иу æй арвитдзысты… Фæлæ бинонты хистæрæн йæ фæнд конд уыд.

Агънатæ æрвадиуæг цы мыггæгтимæ кæнынц, уыдонæй иутæ сты Æмбалтæ. Нæ къабаз, æмæ ма уымæй уæлдай нæ хорз сыхаг, фендджын зæронд ус Æмбалты Аминæтмæ дæр хабар байхъуыст. Куыд нæм ссыд, æз уый нæ федтон, фæлæ арæх мæ цæстыты раз сæвзæры ахæм ныв.

…Урсдадали зæронд ус, йæ лæдзæгыл æнцойгæнгæ, йæ развæндаг уырзæй сгарæгау сгары, афтæмæй фæцæуы. Йæ цæссыгтæ нæ уромы æмæ сæ йæ сæрбæттæны кæронæй асæрфы. Нæ дуармæ схæццæ æмæ хъарæггæнгæ кæртмæ бахызт. Æмзор æнгуз бæласы бын бады, йæ лулæйы фæздæг къуыбылæйттæй хæрдмæ кæлы. Фестъæлфыд, фестад: циу? Цы хабар у? Цы сыл æрцыд? Сæ хорз къабаз, сæ хорз сыхаг Аминæт сæм кæугæ цæмæн æрбацæуы?

– О, Æмзор, кæмæн мæ уадзыс? Мæн та ма чи баныгæндзæн? – Зæронд ус йæ цуры æрлæлуыд, æрбахæбыс æй кодта, йæ риуыл ын, цыма чысыл сывæллон у, афтæ йæ урс сæр æруагъта. Йе 'нæбон





цæнгтæ йыл æрхаудысты æмæ кæуы, йæ цæссыгтæ суадæттау йæ рустыл уайынц.

– О, Æмзор, кæмæн мæ уадзыс? Мæн та ма чи баныгæндзæн? – Кæуы нæ хорз сыхаг, нæ хорз хæстæг, фендджын Аминæт. Йæ цæссыгтæ гæр-гæрæй згъæлынц, йæ кæуын йæ хъуыры акъуыбар вæййы, æмæ ус ферхæцы, йæ сæр нынкъуысы.

Æмзоры цæстытæ дæр доны зилынц, уый дæр йæ цæссыгтæ нал уромы, кæуы уый дæр. Кæуынц дыууæйæ дæр. Кæуынц хæкъуырццæй. Хъæрæй. Æнæфсармæй.

Уыцы бонæй нырмæ цæйбæрц рæстæг рацыд? Мæ сæры иу сау хил нал и, мæхи мин æмæ мин хатты фарстон, æмæ та ныр дæр фæрсын: Аминæт цæмæн куыдта, уый æмбарын – тагъд ыл йæ хур анигуылдзæн, йæ цæрæнбонтæ бирæ нал сты, уый æнкъары æмæ фендджын сылгоймагæн хъуамæ йæ фæстаг сахат рæсугъд ирон æгъдау чи раттаид, йæ фæстаг фæндагыл æй аив, рæсугъдæй чи афæндараст кодтаид, уыдонæй хъуамæ иу уыдаид, йæ хорз хæстæг, йæ хорз сыхаг, йæ зæрдæйæн адджын, йæ зæрдæйæн зынаргъ адæймаг – Æмзор. Æмæ ныр уый нæ лæудзæн йæ сау чырыны уæлхъус, йæ зæрдæбын, зæрдæагайгæ ныхасæй нæ нынкъуысдзысты мардмæ 'рцæуæг адæмы зæрдæтæ. Æмæ кæуы фендджын Аминæт. Кæуы йæхиуыл. Фæлæ уый, мæ фыд, Æмзор та цæмæн куыдта хæкъуырццæй? Уыцы бæрзонд, бæзæрхыгтæ, фætæнуæхск, дæргъæй-дæргъмæ хъайваны кæронылиу иунæгæй чи схæцыд æмæ-иу æй иуварс чи æрæвæрдта, уыцы хъаруджын, уæйыг лæгæн афтæ цæмæн суынгæг йæ зæрдæ?.. Цы стыр тыхтæ йын нынкъуысын кодтой йæ фидар зæрдæ?.. Цæмæн? Цæмæн куыдта уæд чысыл сывæллонау Æмзор?..

Цæмæн?.. Цæмæн куыдта уæд Æмзор?..

Æвæццæгæн… Йæ уарзон фондз хъæуы цæрджыты уарзон бынæттæ – уымæн дæр йæ зæрдæйы арф æвæрд сты æмæ зæрдæ уыдонæй атонын нæ комы. Хъабагъуат… Иу гæппæл дзы ахæм нæй, Æмзоры къах кæм не 'рæнцад. Скъæтты ком… Цъæх фæлыст, цæстытæ дзы атонын нæ комынц. Хъарман бæлас… Арвæмбæрц, пæлæхсар, цыма хъæуы йæ дæлбазыр бакодта, цыма сæ æнæнхъæлæджы фыдбылызæй бахъахъхъæнынмæ хъавы. Хур – Хоры Уастырджи… Йе сфæлдисæг – Едзиты Сослæмбеджы зæрдæйы хъармæй хъарм кæны абон дæр табугæнæг адæмы. Абеты къуылдым… Чи йыл сæвæрдта уыцы æнахуыр рæсугъд ном? Куыд равзæрд? Æвзагæй фæиртæсын нæ

комы. Бур фæндаг… Дæ разæй згъоры æмæ дæ иу æфцæгæй иннæ 'фцæгмæ йæ фæстæ скъæфы. Урсдон… Фондз хъæуы мад, йæ урс уылæнтæ æнусты дæргъы йæ фæйнæварс цæрджытæн – цард æмæ амонды гуырæн. Куыдзæппарæн… Æрдзы сфæлдыст хæзна, кæс æм æмæ йæм кæс. Æмæ уæд Дурджыны ком… Иу фæзилæн. Иннæ. Сæ иуæй иннæ цымыдисагдæр. Хуыцауы дзуары кувæндон… Табу йын кодтой фыдæй-фыртмæ фондз хъæуы цæрджытæ, фондз хъæуы адæмы иугæнæг. Нарты къуылдым… Цыдæр тых дæ йæ сæрмæ æлвасы. Фæлгæсыс уырдыгæй, æмæ цыма нæ фондз хъæуы дæ армытъæпæны сты, афтæ дæм кæсы. Хобыты ком…

Ацы алæмæты бынæттæ иууылдæр Æмзоры зæрдæмæ фидар баст сты, æмæ сæ зæрдæ… Зæрдæ фæиртæсын нæ комы. Æмæ кæд… Кæд Æмзорæн йæ къуыбар цæссыгтæ уымæн згъæлдысты.

Цæмæн?.. Цæмæн куыдта уæд гыццыл сывæллоны хуызæн уыцы уæйыг лæг – Æмзор?.. Кæд… кæд, йæ фараст хъæбулы боны рухс цы къонайы федтой, йæ цардæмбал, йæ уарзон Чендзеимæ фараст авдæны кæм ауызтой, фараст хуры сын цы бынаты рантыст – самандурæй арæзт, къуындæг, фæлæ зæрдæйæн æнахуыр адджын, кæд… кæд зæрдæ уырдыгæй атонын нæ куымдта æмæ кæд… æмæ кæд уымæн куыдта Æмзор?.. Кæд йæ хурсыгъд, æнцъылдтæ рустыл ставд урс цæссыгтæ гæр-гæрæй уымæн згъæлдысты…

Цæмæн?.. Цæмæн куыдта уæд Æмзор?..

## ЦЫППАР ГОЛЛАДЖЫ МÆНÆУ

Уацауы ацы сæр фыст цæуы, 1998 азы
*17-æм ноябры газет «Рæстдзинад»*-ы
Бекъойты Алыксандры уац «Кæй аххосæй
ныххæллæттаг»-мæ гæсгæ.

Æрталынг. Æмзор, рæстæг куыд агæпп кæны, уый нæ бафиппайы. Парторг, фæлæ йæ куыст фылдæр адæмы æхсæн: быдырты, фермæты, тракторон бригадты… Сæрдар æмæ агрономтимæ хæстæгдæр бонты адæм цы кусдзысты, кæм кусдзысты, уыл уынаффæтæ кодтой. Сæ ныхас æгæр адаргъ. Хорз тыллæг райсдзысты ацы аз сæ быдыртæй, зæрдæ сæ рухс кæны. Дыууæ – æртæ боны ма, æмæ сæ мæнæу карст фæуыдзæн. Дæргъæй-дæргъмæ нæрст хæмпус





æфсир дæ армытъæпæнты ауæрд, æмæ дæм сызгъæрин нæмгуытæ худынц, цæстытæ сæ ратонын нал фæкомынц. Паддзахады хæс дæр бафиддзысты, адæм дæр хъуаг нæ уыдзысты. Æрдзон фыдбылызæй Хуыцау бахизæд, æндæр бæркадджын уыдзæн сæ фæззæг. Сæ нартхоры зæххытæ цъæх-цъæхид дарынц, бацу дзы æмæ адæймаг нал фæзыны. Сылтаныхъы быдыртæ… уыдон сой сты, сой, саумæр, хæмпус, нæмыг ныппар æмæ дæ нæ фæсайдзæн, алæмæты тыллæгмæ æнхъæлмæ кæс. Уыцы хуыскъæл ма сæ куы нæ хъыгдарид. Уæвгæ хæсты фыдбонты адæмæн дыккаг хойраг уыд, фæлæ ныр… цы нæ йын кæнынц, уæддæр сыскъуыйын нæ комы. Фесафдзысты йæ.

Æмзор фылдæр хатт йæ бинонты фынæй кæнгæ æрбаййафы. Æрмæст йæ цардæмбал Верæ, уæвгæ, уыцы номæй йæ ничи зоны, Æмзоры мад æм «Чындз», зæгъгæ, дзуры æмæ цæрæнбонты Чындзæй баззад, афтæ йæм дзурынц сæ сывæллæттæ дæр. Æмзор та йæ буцдæрæн «Чендзе» хоны. «Чендзе кæм и?» «Чендзе цы кусы?» «Чендзе»… Лæг цыфæнды æрæджиау ма æрбацæуæд, уæддæр æм æнхъæлмæ кæсдзæн, хуыссæг ын йæ цæстытæ æхгæндзæн, рæдзæмæдзæ кæндзæн, уæддæр сынтæг йæхицæн нæ саджджын кæны. Фараст сывæллоны мад, уымæн хæдзары чысыл змæлд и? Æмзор ын бæргæ фæзæгъы, – ма йæм æнхъæлмæ кæсæд, фæлæ нæй, коммæ нæ кæсы. Ныр дæр та фæтæгены цырагъы мынæг рухсмæ пецы цур бады æмæ сывæллæттæй кæйдæр дарæс æмпъузы. О, хæдзары сылгоймагæн цæйбæрц змæлд и, цæйбæрц!

– Уæртæ лæг, ахæр.

– Ахæрдзынæн, ахæрдзынæн, Чендзе.

Æмзор бонизæрмæ бафæллайы, йæ сæр базыл куы æрæнцайы, уæд æй уайтагъд хуыссæг йæ быны ануæрды. Ныр йæ дзаумæттæ раласа, йæхи сынтæгыл æруадза, афтæ сæ куыдзы сонт рæйын æрбайхъуыст, кæмæдæр йæхи æппары, кæмæдæр лæбуры. Чидæр кæрты дуар барджынæй æрбахоста. Æмæ ацафон… Æфсин фестад.

– Мæхæдæг æм акæсдзынæн. - Æмзор фæцæуы. Мæйрухс æхсæв, стъалытæ цæхæр калынц, æндæр фæтæгены фанар ссыгътаид. Уый… Сæ колхозы мæнæуы мусгæс Мухадзыр. Æмæ йæ ацы æнафон цы 'рбахаста?

– Мухадзыр, æмæ кæцæй фæдæ? Исты хабар…

– Нæ, ницы, ма тæрс.

– Æмæ уæдæ…

– Мænæ дын мæнæу æрбаластон.
– Цы? Цавæр мæнæу? – Æмзор Мухадзыры не ’мбары. Колхозонтæн сæ фæллойы бонтæн мæнæу нæма дæттынц. Стæй ацы афон…
– Мæнæ… æмæ сæ кæм æрæвæрон?
Кæртмæ бахизæн дуары къæсæргæрон мæнæуы цыппар голладжы кæрæдзи сæрыл æвæрд. Мæйрухсмæ хорз зынынц: цыппар бур голладжы.
– Адон цы сты? Чи дын загъта æмæ мын мæнæу æрбаласай?
– Ничи. Мæхæдæг. Нæ уæ уынын, уæ сывæллæттæ сæ тæккæ хæрыныл, хæринаг та кадавар æмæ…
– Æмæ… Æмæ уæд цы? Уæд сæ хъуамæ давæггаг хойрагæй хæссон? Нæ-æ… Мухадзыр.
– Æмзор, рæдийыс. Паддзахадыл, колхозыл ацы цыппар голлагæй ницы 'рцæудзæн, уыдонæн-иу æртæх, сымахæн та – хорз æххуыс, дæ цотыл ахъуыды кæн.
– Мæ цотыл ма тыхс. – Парторг йæхимæ ныхъхъуыста: цæмæн? Цæмæн æм бауæндыд Мухадзыр афтæ? Æмзор искуы исты адавта? Искуы истæмæ фæныхылдта? Уал æмæ уал азы адæмы æхсæн кусы æмæ… æмæ уыдоны цур дæр æмæ йæхи цур дæр йæ цæсгом сыгъдæг у.
– Мухадзыр…
– Æмзор, бынтон раст адæймаг у ай, уый дæр хорз нæу. Раст къæцæлы дон тагъддæр ласы. Бафхæрон дæ, зын дын ракæнон, цыппар голладжы мæнæу, уый тыххæй не ’рæвæрдтон ам. Дæ бинонтæ, дæ сывæллæттæ тæригъæд сты. Бакæс ма сæм, сæ фæрсчыты рухс кæлы.
– Ныр нæ хъæуы цæрджытæй алчидæр уал голладжы куы радавид, уæд ма нæ мæнæуы мусы исты баззаид? Мухадзыр, æз дæу фæрсын!
– Æмзор, ды алчи нæ дæ. Уал æмæ уал азы æхсæнады фæкуыстай æмæ кусыс, æмæ самандур хæдзары цæрыс, де скъæт хъæзæй æмбæрзт, суанг, исчи исты куы зæгъа, исчи дын куы бауайдзæф кæна, зæгъгæ, дæ сывæллæтты дзенкъордзуан дæр нæ ауадзыс.
Цытæ дзуры Мухадзыр? Æмзоры сывæллæттæ хæринаг, дарæс хъуаг æййафынц æмæ цы? Ныртæккæ сойы йæхи чи æвдулы? Уый сывæллæттæ хъуамæ хъæуы иннæ сывæллæттæй цæмæй хицæн кæной? Бæрнон бынæтты куыста, ныр та колхозы партион организацийы разамонæг у æмæ цы? Бæрнон бынаты кусыс, уæд хъуамæ давæг уай, дæхимæ ссивай? Уæд хъуамæ иннæ адæмы æхсæн хъулон цард кæнай? Æмæ ма уæд се ’хсæн куыд æрлæудзæн? Разамонæг йæхæдæг давæг куы ва, уæд… Нæ! Уымæн уæвæн нæй. Уый коммунист у. Уый разамонæг у æмæ хъуамæ уый кæддæриддæр сыгъдæг уа. Ууыл хъуамæ къæм дæр ма кæд абада. Уый…





– Мухадзыр, мæнæу кæцæй раластай, уырдæм æй алас.
– Цы?.. Æмзор, нæ дæ æмбарын.
– Æвæццæгæн мæ нæ фехъуыстай. Ды давæг дæ, дæуæн дæ бынат ахæстоны ис æмæ ууыл район анызхас кæндзыстæм.
Мæнæуы мусгæс парторджы не ’мбары. Давæг, дам, дæ, къæрных. Æмæ уый цыппар бур голладжы мæнæу йæ кæрты дуармæ æрæппæрста? Уымæн дæр йæ бинонтæ сæ къухтæм æмхасæнтæ куы кæнынц. Хорз ма ракæн æмæ фыд ма ссар. Давæг. Къæрных. Парторг, мæнæуы голджыты сæхимæ бахæссын нæ бауадздзæн, Мухадзыры уый уæддæр нæма уырны. Ау, уый та куыд? Дæ къæсæргæрон бинонты ирвæзынгæнæг цыппар голладжы мæнæу æмæ уыдон раздах? Хуыцауы тыххæй. Сæ парторгæн бынтондæр йæ сæрызонд фæцыд æви… Уый хъуамæ цин кæнид, уый та...
– Æмзор, голджытæ кæм æрæвæрон.
– Мухадзыр, æвæццæгæн, мæ нæ бамбæрстай, мæнæу кæцæй раластай, уырдæм æй алас! Æз дæр демæ цæуын, – æмæ парторг йæ бæх ракодта, саргъ ыл нæ сæвæрдта, афтæмæй йыл сбадт. Мусгæс стыр бур голджытæ уæрдонмæ тыххæй исы, йæхицæн хъуыр-хъуыргæнгæ дзуры:
– Ацы большевиктæ, ацы коммунисттæ диссаг сты, Хуыцау дын ралæвар кодта æмæ йæ дæ къахыфындзæй æддæмæ æппар. – Парторгмæ разылд æмæ йæм кæсы: - Æмзор, æз... æз давæг нæ дæн. Æндæр искæмæн армыдзаг дæр нæ баластаин, фæлæ дæуæн... Дæ бинонтыл ахъуыды кæн.
– Мухадзыр, мæ бинонтыл ма тыхс.
Галтæ фезмæлдысты. Æмзор куы сæ разæй фæвæййы, куы сæ фарсмæ фæцæуы.
Мусгæс æрдæг фæндагыл галтæ баурæдта, уæрдонæй рахызт. Æмæ цы кæны, цы та йæ зæрды æрæфтыд? Мæнæу кæдæм баласын хъæуы, уый дзы рох фæци?
– Æмзор, мемæ цæмæн рацыдтæ, уый хорз зонын: ды мæ давæг æнхъæл дæ, къæрных. Æвæццæгæн, хъуыды кæныс: ныртæккæ Мухадзыр ацы цыппар бур голладжы йæ кæрты æрæппардзæн. Уæллагæй дын ард хæрын, армыдзаг дæр мæнæу нæ хæдзармæ нæ

бахастон, кæд мын мæ фæллойы бонтæн исты радтой, уæд табу Хуыцауæн.

– Раст æмæ давæг чи у, ууыл ам нæ дзурдзыстæм. Ахæц.

Мусгæс уæрдоны сбадт, галтыл ахъæр кодта. Уæддæр, Æмзоры сæры хъуыдытæ зилдух кæнынц: Мухадзыр æм афтæ цæмæн бауæндыд? Йæ ныфс æм цæмæн бахаста? Сæ иумæйаг исбон давæгæй йæ зоны? Бæргæ, йæ бинонтæ хуыздæр куы цæриккой, йæ цот æмпъызтытæ, скъуыдтæ дарæсы куы нæ цæуиккой, æдзух æфсæст куы уаиккой, фæлæ не 'ххæссынц, сæ къухтæ цыбыр сты. Бæргæ, сырх агуыридурæй амад хæдзарæй-иу куы рахизид, фæлæ... фæлæ ныртæккæ ахæм рæстæг у. Æнæмæнг, паддзахад, бæстæ та йæ къахыл слæудзæн æмæ алкæмæн дæр фенцондæр уыдзæн, æнæмæнг, цард фæхуыздæр уыдзæн.

Мусмæ бахæццæ сты. Мухадзыр уæззау голлаг сисы, бахæссы йæ æмæ йæ мæсты æппæрст æркæны, æркалы йæ. Парторг иуварс лæууы. Ныр нæ зыны, фæлæ мæнæу хурмæ голладжы комæй куы ракæлы, уæд сызгъæрин уылæнты хуызæн фæзыны, цæстытæ дзы атонын нал фæкомынц. Мæнæу... Æмзоры зæрдæ ныр ницæмæуал æхсайы. Мухадзыры давæг нæ хоны, давæгæй йæ куы зониккой, уæд æй мусгæс сæвæрдтаиккой? Бирæгъ – фысгæс. Фæлæ æвзæр рæстæг æмæ, цы нæ вæййы...

Хъалагъур афтид голджытæ мæнæуы кæрийы сæрмæ баппæрста, æдзæмæй, цыма тæфæрфæс кæны, афтæ лæууы, парторгмæ разылд, йæ сæр æруагъта, æмæ йæ хъæлæс ныхкъуырд, къæзы, афтæмæй дзуры:

– Æмзор, ма мæ бабын кæн, мæнæн дæр бинонтæ и, фондз сывæллоны, ма мæ фесаф, уыдоныл уæд та ахъуыды кæн.

– Райсом аныхас кæндзыстæм, – æмæ парторг йæ бæх разылдта, сæхимæ фæцæуы.

Мухадзырмæ райсом æмæ уый фæстæ дæр ничи фæдзырдта. Цасдæр рæстæг йæ уд удыл нал хæцыд. Тарст. Йæ цæстытыл-иу ауад: фыццаг æй колхозы правленимæ аласдзысты, уым цалдæр милицанеры, æмæ йын уыдон йæ цæнгтæ æрыздухдзысты, йæ фæсонтыл ын сæ цæхгæр авæрдзысты, сау хъæбæр гæрзæй сæ кæрæдзиуыл куыд баныхæсой, æддæг-мидæг куыд ауайой, куыд апырхытæ уой, афтæ æрылвасдзысты, сæ алы фезмæлд дæр ракæнон, æнауæрдон. Æмæ фæцæуы… фæцæуы Сыбыры бинаг къæймæ. Æмæ йæхæдæг авд дæлдзæхы ныххауæд, фæлæ цы фæуыдзысты йæ бинонтæ? Куыд цæрдзысты йæ сывæллæттæ? Ныр уæддæр, куыддæртæ цардысты, цыдæр амæлттæ сын кодта, фæлæ æнæ уый…





Бон-боны, къуыри-къуырийы ивы. Мæй рацыд æмæ Мухадзырмæ ничи дзуры. Ау, Æмзор никæмæн ницы загъта? Мухадзыр аирвæзт? Уæддæр тарст, нартхоры иу æфсиры тыххæй аз куы тæрхон кæнынц, уæд... Æмæ уый... Тыхсы. Катай кæны. Æгъгъæд у ацы мидхъизæмар. Цы йæм æнхъæлмæ кæсы, хъуамæ уый базона, кæдмæ ауыгъдау уыдзæн? Йæ бон афтæ цæрын нал у. Æмæ тæрсгæ-ризгæ парторджы уаты дуарыл бахæцыд. Цы йæм æнхъæлмæ кæсы? Æмзор æм разылд. Цасдæр рæстæг ницы дзырдта æмæ уазæджы буары уазал риз ацыд: æнхъæлдæн йе 'намонд фæндагыл æрбацыд.

– Мухадзыр, ацу æмæ дæ куыст кæн, фæлæ ма ахæм хъуыддаг, уæд, дæ бынат кæм ис, уый зоныс.

– Зонын. Зонын, Æмзор, - æмæ рацыд. Нæ рацыд! Уый тахт уæлæрвты. Аирвæзт! Аирвæзт! Дард, уазал Сыбыр æм æнхъæлмæ нал кæсы. Йæ дæлдæр-уæлдæр сывæллæттæ æнæ дарæгæй нæ баззадысты. Йæ уд йæхимæ æрцыд. Æрзæххон. Кусæг, фæллойгæнæг лæг йе 'рдзон гаччы сбадт. Æмæ-иу искæм уа, сæхимæ уа, иу сыкъа куы анызта, уæд, ахæстонæй куыд аирвæзт, уый, йæ цæстытæй цæхæры стъæлфæнтæ хауд, афтæмæй, æхсызгонæй ма радзура, уымæн гæнæн нæ уыд. Ныхас та... дзыхæй сирвæзæд, уæд топпы нæмыг у, бауромæн ын нал и. Æмæ Мухадзыр дард Сыбыры бинаг къæй куыд нæ баис, уый хъæубæсты ахъæр, ахæлиу, апырх.

Æмзорæй никæд ницы схауд.

## МАЧИУАЛ УÆ СКÆУÆД…

*Уацауы ацы хай ист у, ме 'дзард хъæбул*
*Уырызмæджы тыххæй цы элеги ныффыстон–*
*«Сæууон хуры тын», уырдыгæй.*

Уырызмæг, мæ мад, дæуæн та дæ Нанайы уæззау рынчынæй нæхимæ горæтмæ куы сластам, уæд, уæлдайдæр та фæстагмæ, нæ бинонтæ – ме 'фсымæртæ, мæ хотæ, нæ чындзытæ – фылдæр уыдысты махмæ. Бирæ цæрæнбон ын нал и, уый куы бамбæрстам, уæд скарстам: нæ фыд Æмзоры дæр сласæм, уадз кæрæдзи фенæнт, нæ мад йæ фæстаг бонтæ нæ фыдимæ арвита. Æмзор нæ куымдта, фæлæ йæ фæстагмæ куыддæртæй сразы кодтам. Хуыссыд нæ мадимæ иу уаты, æз цы сынтæджы хуыссыдтæн, уым.

Мæ мад, дæ Нана ма ахаста цалдæр боны. Цыма йæ мæлæт зыдта, чи зоны, æцæгдæр æй зыдта, æмæ æхсæвы йæхи нынныйын кодта, йæ дзыккутæ йын ныффастой, йæ сæрыл ног сæрбæттæн бабæттын кодта. Æз-иу æм алы райсом дæр куыстмæ ацæуыны агъоммæ бауадтæн: куыд у, куыд улæфы, куыд фынæй кæны?..

Уыцы райсом дæр æм бацыдтæн. Мæ фыд, цæмæй фæздæг ма цæуа, фæздæг нæ мады ма хъыгдара, уый тыххæй – тамако дымæг лæг – афтид лулæ пъæртт-пъæртт кодта, тамако дымынæй йæхи сайдта.

Нæ мад хуыссыд къулырдæм, æз æм æргуыбыр дæн: куыд улæфы? Æмæ… æмæ фæстæмæ мæхи аппæрстон, уатæй разгъордтон.

– Чындз… Чындз…

«Чындз», – афтæ хуыдта нæ фыдымад нæ мады. Афтæ йæ хуыдтой хæстæджытæ, сыхæгтæ, афтæ йæ хуыдтой суанг йæ чындзытæ дæр. Нæ мад йæ царды фæстаг сахатмæ чындзæй баззад, чындзæй мæрдтæм бацыд.

Нæ бинонтæ – æфсымæрæй, хойæ, чындзæй, рынчынфæрсæгæй – чидæриддæр нæм уыд, уыдон уатмæ бакалдысты. Æмæ уатæй раивылд удаист цъæхахст, удаист кæуын. Нæ фыд Æмзор, уæйыджы хуызæн сæвджынтæ, бæрзонд, азтæ сæ уæззау уæз кæуыл æруагътой æмæ йæ хуыссæны дæр тыххæй чи рабады, лæдзæджы æнцæйтты тыххæй чи рацæйцæуы, уый, диссаг, æваст сынтæгæй, цыма æвддæсаздзыд лæппу у, афтæ рагæпп ласта, йе 'мбæрц æмраст слæууыд æмæ æрвнæрæгау йæ хъæлæс райхъуыст.

– Мачиуал уæ скæуæд!

Мах цавддуртау фестæм. Уый та куыд? Æмзор, хъæрзгæ, сынтæгыл йæхи æруагъта, йæ риуæй цыдæр æнахуыр тыхджын уынæргъын райхъуыст, йæ цæстытæ доны разылдысты, стæй сæ дынджыр, æнгуылдзы ныхыйас цæстысыгтæ пъолмæ æргæр-гæр кодтой, йæ хъæлæс æрхæцыд, афтæмæй загъта:

– Кæд ма… Кæд ма йæ уд йæ мидæг и, уæд ын… уæд ын уæ кæуын зын уыдзæн.

Ныфс. Ныфс никæд мæлы! Кæд мæлы, уæд та æрмæстдæр адæймагимæ. Чи уаты баззад, чи æддæмæ рахызт, фæлæ хъæрæй ничиуал скуыдта, æрмæстдæр сусæгæй, Æмзор куыд ницы фехъуса, афтæ.

Цал минуты рацыд, чи зоны: Æмзор базмæлыд, сынтæгæй сыстынил афæлвæрдта, фæлæ йæ бон нæ уыд, æмæ мах йæ дæлæрмтты





бацыдыстæм, схæцыдыстæм ыл; слæууыд, дуарырдæм ракаст æмæ загъта:

– Ныр… ныр ыл ныккæут, – æмæ йæхæдæг хъæрæй, богъ-богъæй, æнæфсæрмæй ныккуыдта, йæ цæссыгтæ стыр æртæхтæй згъæлдысты, пъол сæ сау хъулæттæ кодта. Мах ыл хæцыдыстæм, афтæмæй нæ мады цурмæ бацыд, æргуыбыр æм, йæ ризгæ армытъæпæн ын цалдæр хатты йæ ныхыл ахаста æмæ загъта:

– Рухсаг у, Чендзе. Рухсаг у, Чендзе.

Мах нæ фыды стыр уатмæ рахуыдтам. Диваныл йæхи æруагъта, азтæй фæллад, кæддæры домбай цæнгтæ йæ зæнгтыл æрхаудысты, йæ сæр æркъул, цыма йæ хуыссæг ахсы. Диссаг! Æз диваныл бадтæн бынтон æндæр адæймаджы фарсмæ, цалдæр минутмæ аивта. О, уый уыд зæронд лæг, азтæн чи быхсы? Фæлæ уæддæр – сæвджын, бæрзонд, фæтæнуæхск, фæтæнриу. Йæхæдæг йæ царды хабæрттæ дзураг нæ уыд, фæлæ уæддæр хъуысыдысты. Йæ хъæру, йæ тыхыл куы уыд, уæд-иу, бричкæ къорыпп нартхорæй йедзаг, æмæ, бæхтæн разилæн нæй, зæгъгæ, уæд-иу бричкæйыл фæсте схæцыд æмæ-иу æй иуварс байста. Хъæуы хæдзар куы арæзтам, уæд æй цалдæр хатты мæхæдæг федтон: дæргъæй-дæргъмæ хъæйваны кæроныл-иу схæцыд æмæ-иу æй иуварс æрæвæрдта. Æмæ ныр æвиппайды уыцы сæвджынтæ лæгæй ницыуал аззад: атад, ампылд, бынтондæр ныггуыбыр, дзой-дзой кæны, йæхиуыл нал хæцы, хъæлæс къæзы, æрхæцы. Йæ цæстытæ пъолæй хердмæ нæ исы, фæлæ куы фæзынынц, уæд… Цæстытæ дæр фендæрхуызон сты: æгъуыз, цыма сыл мигъ ныббадт, цыма сæ дунеты рухсмæ кæсын нæ фæнды.

Фыд йæ сæрыл схæцыд æмæ хъæрзгæ загъта:

– Иу арахъхъ мын рахæссут.

Нæ фыд афтæ раджы, афтæ раджы нæ, фæлæ сихорæй раздæр арахъхъ никуы банызта, фæлæ ныр… Мæ хотæй йын чидæр арахъхъ рахаста. Гыццыл агуывзæйы нæ – нæ мад-иу ын хæрынафон цы агуывзæйы рауагъта – тигъджын, дыууæсæдæ граммы кæм цæуы, ахæм агуывзæйы. Йæ къухтæ бынтондæр сæнæхъару сты, рызтысты, агуывзæйыл дыууæ къухæй æрхæцыд, махыл йæ æгъуыз цæстытæ ахаста æмæ загъта:

– Хуыцау, ды нæ сфæлдыстай, алцыдæр дæуæй аразгæ у æмæ нæ дæ хорзæх уæд. Ам ма бионтæ ис, кæстæртæ, æмæ сын цардамонд саккаг кæн. Чендзе, ды нал дæ æмæ рухсаг у, дзæнæты – дæ бынат,

дæ кæстæртыл цардаудæн кæн, – æмæ арахъхъ сабыргай, хуыпгай банызта.

– Исты ацаход.

– Ницы мæ хъæуы.

– Уæд та уал дæхи æруадз.

– Мæхи æруадздзынæн, – æмæ диваныл æд дзаумæттæ æрхуыссыд.

Уæдæй фæстæмæ Æмзор дæр йæхиуыл нал схæцыд. Бынтондæр æрхауд. Аз æмæ дыууæ мæйы фæстæ уый дæр йе 'цæг дунемæ аивгъуыдта. Кæд, æцæгдæр, æцæг Дуне уым ис, æмæ йæ мах нæ зонæм, æндæр… цæмæн, цæмæн æм афтæ тагъд кæнынц адæм?..

## ХÆРЗГÆНÆГ

*Хъарман-Сындзыхъæуккаг*
*Дзбойты Олгæ, фыдæбонджын*
*сылгоймаг, ацы дунейæ раджы*
*ацыд, фæлæ йемæ фембæлд-*
*тытæ зæрдæйы баззадысты.*
*Уацауы ацы хай фыст цæуы*
*уыдонмæ гæсгæ.*

Мæскуыйы М. Горькийы номыл Литературон институт каст куы фæдæн, уый уыд 1973-æм азы, уæд кусын райдыдтон республикон телерадиокомитеты радиойы хъæууон-хæдзарадон редакцийы уацхæссæгæй. Арæх цыдтæн хъæутæм, колхозтæм, совхозтæм... Уæлдай æхсызгондæрæй ма мæ къæхтæ хастой Фалдонмæ, мæ райгуырæн хъæу, мæ уарзон хъæутæ Хъарман-Сындзыхъæу æмæ Къора-Урсдонмæ. Адæймагæн йæ авдæн кæм аузынц, уый йын уæлдай адджын, уæлдай зынаргъ у. Райгуырæн зæхх. Райгуырæн бæстæ. Стыр дуне… Уыдон уæрæхæй уæрæхдæр кæнынц, фæлæ фыццаг къахдзæфтæ цы зæххы гæппæлыл акæнæм, уымæ æрыздæхæм, уый цæрæмбонты немæ æмдзу кæны, уынæм æй нæ фынты, фæстаг сулæфтимæ баст стæм йемæ.

Ныр, азтæ мыл сæ уæз куы æруагътой, уæд уæлдай æхсызгондæрæй фæцæуын, фыццаг хатт мыл хуры хъарм тынтæ сæхи кæм æрбатыхтой, бæгъæмвадæй цы къахвæндæгтыл згъордтон, уыдоныл. Фондз хъæуы, иу хъæуы хуызæн. Сæ астæуты дыууадæс километры дæргъæн фæндаг йæхи размæ æппары. Урсдон – ногдыгъд æхсыры хуызæн урс-урсид. Афтæ урс у, афтæ сыгъдæг у, æмæ дзы судзин ныппар æмæ





йæ ссардзынæ, бацу, донмæ кæс æмæ дзы дæхи фендзынæ. Цæмæн дæ хъæуы йæ цуры айдæн? Нæ хъæуккаг – Касаты Алик, кæддæр загъта: «Махæн нæ дон дæр бирæты бæгæныйæ хуыздæр у». Хъазæн ныхас, фæлæ дзы æцæгдзинад ис. Æмæ куыд нæ тындздзынæ уыцы хъæумæ!

Мæ фыд Æмзоры карæн чи у, уыдонæй ныр æгас ничиуал баззад. Радиойы уацхæссæгæй куы куыстон, уæд ма дзы чидæртæ уыдысты куыстхъом, лæгæй-лæгмæ йæ чи зыдта, уыдон та ноджы фылдæр. Æмæ-иу семæ куы сæмбæлдтæн, уæд мæ æдзухдæр фарстой Æмзорæй; цы ми кæны, йæхи куыд æнкъары, куыд у йе 'нæниздзинад?.. Хъарман-Сындзыхъæуæй Беслæны æхсæн мингай километртæ нæй, фæлæ уæддæр цас арæх æмбæлдысты.

...Дзбойты Олгæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæстæй нал сыздæхт йæ цардæмбал, æрыгон сылгоймаг сидзæргæсæй баззад. Йæхи зонынхъом куы фæци, уæдæй фæстæмæ дысвæлдæхтæй фæкуыста сæ иумæйаг хæдзарады.

...Фалдон. Црауы быдыр. Колхозонтæ ерысæй, æз фæраздæронæй, нартхор рувынц. О, уæд ма адæм афтæ иузæрдионæй куыстой. Æз фæразæй уон, мæнæн фылдæр бантыса. Æваст сылгоймæгтæй иуы удаист цъæгъахст райхъуыст:

– Хъæуы... хъæуы астæу цыдæр, кæйдæр... кæйдæр хæдзар судзы!

Рувджытæ сæ куыст фæуагътой, цы уыдысты, уымæй ирууылдæр цæстытæ фестадысты. Хъæуы астæу сау фæздæг сау къуыбылæйттæй хæрдмæ ивылы. Æмæ цы судзы? Уыцы æвирхъау бæллæх кæуыл æрцыд? Чи бабын?.. Чи бабын?..

– Мæгуырыбонтæ! Уый... уый мæ хæдзар судзы! – йæ къæпи фехста, йæ уæрджытæ ныххоста Олгæ æмæ размæ йæхи аппæрста. Згъоргæ! Згъоргæ! Тагъддæр! Тагъддæр! Фæцæй-иу хауд, уæлдæф ын нал фаг кодта, йæ дзаумæттæ хидæй дон фестадысты, йæ буарыл баныхæстысты, йæ зæнгтæ-иу фæдыдагъ сты, фæлæ уæддæр згъоргæ! Тагъддæр!

Сыгъд Олгæйы хæдзар. Адæм, сыхæгтæ йæ, бæргæ хуыссын кодтой: бедратæй, цыдæр къоппытæй дон скъæфтой, фæлæ сахъарикъул хæдзар спичкæйы къоппы хуызæн ныггуыпп кодта, цалдæр минутмæ сау æвзалы фестад. Æмæ басудзæд, сау æвзалы фестæд! Фæлæ йæ сывæллæттæ... Йæ дыууæ лæппуйы кæм сты?!.

– Дæ сывæллæттæн ма тæрс, – дард кæцæйдæр хъуысæгау æм хъуысы кæйдæр хъæлæс. Сылгоймаджы хъæлæс. Мигъвæлмæй йæм зынынц йæ хъæбултæ, йæ дыууæ лæппуйы. Æрбазгъорынц æм. О,

Хуыцау, æгас сты! Уыны сæ! Сæхи йыл æрбаппæрстой. Мигъвæлм бæзджынæй-бæзджындæр кæны, йæ цæстытæ йын æхгæны. Фынæй... Хуыссæг æй ахсы... Олгæ ницыуал базыдта. Йæ зæрдæ бахъарм. Хъæбæр зæххыл æрхауд...

– Адæмы фарн бирæ у, – куы сæмбæлдыстæм, уæд-иу мын дзырдта Дзбойты фендджын, фыдæбонджын сылгоймаг. - Хионтæ, сыхæгтæ, хъæубæстæ нæ цуры æрбалæууыдысты, колхоз дæр иуварс нæ баззад. Уæд Æмзор цы куыст кодта, уый бæлвырд нал хъуыды кæнын, сæрдар уыд, æви парторг, æрбацыд нæм: æмæ загъта: «Хæдзарад дæр иуварс нæ баззайдзæн, йæ бон цы у, уымæй уын феххуыс кæндзæн». Æмæ нын феххуыс кодтой. Адæмы, колхозы фæрцы мæ сидзæр лæппутæ зымæг уынджы нæ баззадысты.

– Хорз фыд дын уыд, – загъта-иу Олгæ, – уый адæмимæ уæлбæхæй никæд дзырдта. Æрхызтаид-иу, дæ къух дын райстаид æмæ-иу йæ зæгъинаг загъта.

Олгæимæ-иу куы сæмбæлдтæн, уæд мæ æдзухдæр дисы æфтыдта иу хабар, æмæ иу рæстæг мæ цымыдис бамбæхсын нал бафæрæзтон: хæсты фæстæ иннæ колхозонтимæ Црауы быдыры нартхор кæм рывта, уырдыгæй Хъарманы хъæуы æхсæн цалдæр километры, уырдыгæй уырдæм сæ хæдзар судзы, уый куыд базыдта? Уымæй йæуæд йемæ быдыры чи уыд, уыдон дæр фарстой æмæ иу æмæ дыууæ хæтты нæ. Куыд, уымæн йæхæдæг дæр ницы зоны. Фæздæджы сау къуыбылойтæ куы ауыдта, уæд йæ зæрдæ ныссæххæтт кодта, йæ буар ныррызт, кæйдæр... кæйдæр хъæлæс æм хъуыст: «Уый ... уый дæ хæдзар судзы». Уый уыд йæ зæрдæйы хъæлæс, йæ зæрдæйы цъæгъахст. Æмæ згъоргæ! Згъоргæ!

Цæргæ-цæрæнбонты йæ астæу чи никæд сраст кодта, уыцы куыстдзагъд зæронд сылгоймаг æппæты арæхдæр мысыд хæсты æмæ хæсты фæстæ уæззау, тыхст, катайаг фыдбонтæ. Ай-гъай дæр. Уыдонæй алы бон дæр йæ зæрдæйы сау хъæдгомæй баззад. Сармадзанты богъ-богъ, автоматты къæр-къæр, хæдтæхджыты ниуын куы банцад, ууыл рацыд æвдай цыппар азы. Фæлæ æвирхъау хæсты хъæдгæмттæ абон дæр нæма байгас сты, уæд та сæ туг цыхцырæй калд. Хоры алы нæмыг, картофы алы гага дæр – уды хос, удирвæзынгæнæг. Футæг, лебæда, лæджирттæг, пысыра... агур, зил æмæ кæд истæуыл фæхæст уай, уæд амондджын дæ: цæхæра сфыцдзынæ æмæ фæхъыртхъом уыдзысты дæ бинонтæ, се 'ххормаг, мæллæг кæуын фæсабыр уыдзæн.





Хæсты фæстæ азты колхозонтæн сихор скæнынæн хæринаг ластой, кæм куыстой, уырдæм. Доны хуызæн хъæрмхуыпп, кæд дзы иу картофы мур æрцахсай, кæд дзы иу макъароныл фæхæст уай, уæд хорз. Æмæ хъæрмхуыппимæ мамæлайы къæбæр, фæлæ уый уыд сыз-гъæринæй зынаргъдæр. Дæ роны йæ атъысс, ма йæ уын. Æххормаг дын у, тынг æххормаг, дæ комыдæттæ уайынц, дæ афтид ахсæны æххормаг хъуыр-хъуыр хъуысы, фæлæ дæхиуыл хæц, дæхи ныффидар кæн. Хæдзармæ куы бацæуай, уæд æй дæ дыууæ лæппуйæн дыууæ æмхуызон дихы акæн. Дæ сидзæртæ хъæбæр кæрдзыны комдзæгтæ æууилынц, сæ цæстытæй рухс стъæлфæнтæ хауынц. Æмæ ды дæр амондджын, æххормаг дæ, уый дæ æрбайрох.

– Æмæ уыцы фыдбонты, дæ фыд Æмзор, мæн æмæ мæн хуызæттæн уыд хæрзгæнæг, – загъта-иу зæронд Олгæ æмæ дард кæдæмдæр æдзæмæй каст. Æмæ-иу цæмæндæр ахъуыды кодтон: дард кæцæйдæр æм фæлмæй зынæгау зыны мæ фыд, хæстæгæй йæм хæстæгдæр кæны, йæ цæстытæ уымæй нал исы. Куыстдзагъд сылгоймаг-иу йæхимæ ныхъхъуыста, кæдæм-иу æй ахастой йæ хъуыдытæ, чи зоны. Кæдæм, уый зын бамбарæн нæ уыд: хæсты фæстæ уыцы фыдцæрдтытæ, уыцы тухитæ зæрдæйæ атонын нæ куымдтой.

Цы рæстæджытæ уыд, цы! Йæ сидзæртæ куыд аирвæзтысты, ууыл дис фæкæны Олгæ. Æххормагæй сæ рæсийын нæ бауагъта. Амал кæн. Агур. Зил. Закъонтæ тыхджын. Æгъатыр. Нартхоры æфсир дæм ссардтой, æмæ хъуыддаг тæрхондонмæ бахæццæ, уæд ахæстоны дæ бынат цæттæ у. Æмæ афтæмæй... куыд цардæуа? Цы чындæуа? Æнæ фæныхилгæ...

Мæнæу сцæттæ. Дæхи ‘рæмбæхс. Ничи дæ уыны. Фестъæлф. Дзадзджындæр ранмæ базгъор, мæнæуы æфсиртæй хæлофæй ратон. Фæфæстæмæ у. Дæ армытъæпæнты сæ аууæрд, ныффу сыл кæн. Мæ-нæуы нæмгуытæ цæхæр калынц. Дæ ронæй дæ зæронд сæрбæттæн фелвас, уым сæ æрбатух, мæнæуы баст дæ роны атъысс... Æмæ афтæ цалдæр хатты.

– Цы рæстæджытæ уыд, цы! – Йæ сæр-иу нынкъуыста цардæфхæрд Олгæ. – Æмæ уæд адæмы зын уавæр, адæмы зын цард чи æмбæрста, уыдонæй иу уыд Æмзор.

Мæн фæндыд: мæ фыды тыххæй-иу йæ ныхас куы фæбæлвырддæр кодтаид, афтæ мæм каст, цыма йæ зæгъинæгтæ кæронмæ нæ дзуры. Фæлæ цас аив у цымыдис фарст, æмæ-иу мæхиуыл ныххæцыдтæн.

Æгъатыр цард дурæй дон рауадзын кæндзæн.

Олгæ æмæ йæ дыууæ сыхаг сылгоймаджы кæсынц: тракторы фæстæ нартхортауæн кæм фæзилы, уым нартхоры нæмгуытæй уæлзæхх дзæбæх аззайы, цас цæхгæрдæр фæзилы, афтæ фылдæр. О, сæ сæртæ сын рачындæуа! О, сæ цæстытæ бакуырм уой! Нартхоры нæмгуытæй уæлзæхх афтæ бирæ аззайы, уый нырмæ куыд никæд фæхъуыды кодтой?! Сырддонцъиуты, сау халæтты амæттаг цæйбæрц нартхор баци. Трактор адард, цæст æй нал ахсы, сылгоймæгты ничиуал уыны, æмæ азгъор, фæзилæнты дæхи дæлгоммæ ныппар æмæ нартхоры нæмгуытæ хæлофæй уидз, дæ ронмæ сæ кал. Æрмæст дæ мачи фенæд, ды давыс садзинаг нартхоры нæмгуытæ. Ды дæ давæг! Фыдгæнæг! Ды дæ паддзахады знаг!

Нартхортонæнтæм æнхъæлмæ кæс. Уыцы рæстæг бæркадджын у. Хицауадæй дæ ничи уыны, æдас дæ, уæд фæлæбур, нартхоры æфсир тагъд-тагъд азгъал, йæ хъузг ын хæмпæлты амбæхс, кæнæ куыд нæ разына, афтæ йæ иуварс фехс, кæнæ йæ дæ къæхты бын зæххы ануæрд. Æмæ та ногæй. Æмæ та ногæй. Нартхор азгъалын дын нæ бантыст, уæд цалдæр æвзæрст æфсиры дæ роны атъысс. Фæззыгон, уазал, æрдæгих æфсиртæ… Хъуамæ ды сæ уазалæй гæртт-гæртт кæнис, де ‘нгуылдзтæ нал тасиккой, уыдон та дын дæ буар судзынц. Уыдон нартхоры æфсиртæ не сты, фæлæ цæхæры къæрттытæ. Ды дæ амондджын, дæ бинонтæ та фæхъыртхъом уыдзысты. Сылгоймæгты кæд ничи бауромa, кæд сæ хæдзæрттæм баирвæзой, уæд дзæрна сфыцдзысты, æмæ дæ бинонтæн бæрæгбон. Цы нартхор ма дзы аззайа, уый Олгæ æрмгуыройæ касæн расдзæн. Кæд ма йæ къухы исты бафта, æмæ кæд бафтид, мард нæу. Кæд ма нартхор иу путы æрдæг, иу пут æрæмбырд кæна, уæд æй куыроймæ ныддавдзæн. Ног фых кæрдзын… Цы ис уымæй адджындæр? Йæ æнахуыр адджын тæф ракалд æмæ уый æхсызгонæй улæф, улæф. Зæрдæйыл æмбæлы, хæрын дæ нал хъæуы. Де 'ххормаг ахсæны хъуыр-хъуыр банцад. Æхсыр ма дæм куы разына, кæнæ мисын, ноджы хуыздæр та – цыхт, уæд ды дæ бинонтæн скодтай нарты куывд. Олгæ кæрдзын цалдæр састы акæны, иннæ кæрдзын дæр стъолыл æрæвæры. Хæрæнт, цас сæ фæнды, уыйбæрц хæрæнт йæ лæппутæ.

Хорз, рæсугъд хъуыдытæ, фæлæ…

Сылгоймæгтæ фæцæуынц, сæ фæндаг карды комыл цæуæгау. Куы ничи сæ бауромид. Аирвæздзысты? Сæ нартхæрттæ сæ рæттæй калгæ





не ‘рцæудзысты? О, Хуыцау! Дæ хорзæх сæ уæд! Æмзор… Æмзор сыл куы амбæлид, уый сæ хæрзгæнæг у. Уый хæрзæмбæлæг у. Сæ колхозы разамынд иууылдæр ахæм Хуыцауысконд лæгтæ куы уаиккой, уæд, бæргæ, фæлæ…

Сылгоймæгтæ фæцæуынц. Уыдон сты къæрныхтæ, давджытæ, æмæ уыдонæй иу у Олгæ. О, уый у къæрных, давæг! Æмæ уæдæ цы кæна? Йæ лæппутæ æххормагæй ныррæсийой? Æххормагæй амæлой? Исты хуызы сæ хæдзæрттыл куы сæмбæликкой. Хуыцау!.. Лæгтыдзуар!.. Уæ хорзæх. Олгæ йæ роны исты куы рахæссы, уæд цыма тæфсæгæй рынчын у, афтæ йыл ризæг бахæцы, йæ буар æмхуызонæй зыр-зыр кæндзæн. Нæй, нæ ахуыр кæны, фæлæ йын хуыздæр гæнæн исты ис? Фæцæуыс, æмæ цы дæ, уымæй иууылдæр цæстытæ фестадтæ, кæс иуырдæм, аннæрдæм. Исчи æрбацæуы, барæг кæнæ бидаркæ бафиппайдтай, уæд дæхи иуварс аппар, хæмпæлты, къудзиты æхсæн абыр. Дæхи амбæхсын дын бантыст. Ферваезтæ. Фæлæ дæ тых улæфт хæдзары дæр нæма æрсабыр уыдзæн. Фыдæмбæлæг дыл амбæлд, уæд адæймаг нал дæ. Ды дæ куыдзæй æгаддæр, дæ мидбынат судзыс. Хицауы цæстытæ дыл зилынц, джигул дæм кæнынц, рахойынц дæ, ныхсынц дæ, цыма хъаматæ сты æмæ ды зæххы скъуыды ныххауынмæ цæттæ дæ.

– Уæ нартхæрттæ æркалут! – Арауы, абухы хицауы барджын хъæлæс, æмæ ды æдзæмæй лæууыс, æдзæмæй лæууынц де мбæлттæ дæр: къæрныхтæ, давджытæ, фыдгæнджытæ…

– Нæ хъусут! – нæры бæрнон кусæджы хъæлæс. Хъусынц! Алцыдæр хъусынц, фæлæ… Исты хуызы куы аирвæзиккой. Куы сæ ауадзид. О, Хуыцау…

– Бахатыр нын кæн.

– Нæ сидзæрты тæригъæды ма бацу.

– Мæнæ фæйнæ æфсиры, æндæр…

– Уый æз зонын! Фæйнæ æфсиры! Æркалут сæ зæгъын!! – Хицауы хъæлæс ноджы фæкарздæр, фырмæстæй къæзы.

– Дæ хорзæхæй…

– Не 'ххормаг сывæллæттæ…

– Æз та уын афтæ зæгъын, уæхи зонгæ-зонын ахæстоны амæттаг ма кæнут! – Хицау пихылæйттæ калы. Йæ бæх дæм разылдта æмæ дæм афтæ кæсы, цыма дыл æй ныртæккæ баскъæрдзæн æмæ хæрзхаст, хъал хайуаны æндон сæфтджыты бын ацъæлтæ уыдзынæ.

Олгæ, исчи йæм баджигул кæна, уый онг йæхи никæд æруагъта æмæ не ’руадздзæн, кæйдæр æнгуылдзтæ йыл хъуамæ андзæвой? Фæлтау амæлæд. Æмæ нартхоры æфсиртæ - сызгъæрины къæрттытæ зæхмæ кæрæдзи фæстæ хауынц. Кæсыс сæм æмæ сæ фæстæ дæ цæссыгтæ згъæлынц, цыдæр рæстæг ницыуал ауыныс. Ох, амæл æмæ мацыуал зон, фæлæ йæ лæппутæ, йæ лæппутæ…

– Уæддæр, табу Хуыцауæн, хъуыддаг милицæмæ, тæрхондонмæ никæд æрцыд, – загъта-иу фендджын, куыствæллад сылгоймаг. Æмæ ма-иу йæ ныхасмæ бафтыдта: – Хицауады 'хсæн хъулон бæрæг дардта иу адæймаг, æмæ-иу нæм афтæ каст: уый нын Хуыцауæй æрвыст у, уый нын зæххон Лæгтыдзуар у. Æмæ уый уыд дæ фыд – Æмзор.

Æз-иу, ай-гъай дæр сцымыдис дæн: цы амонынц зæронд Олгæйы ныхæстæ?.. Уыйас хорз цы ракодта Æмзор, фыдæбонджын сылгоймæгтæн æмæ йæ бирæ азты фæстæ дæр афтæ æхсызгонæй мысой. Уый-иу сабыргай йæ хъуыды райхæлдта:

– Мах, сылгоймæгтæ, быдырæй æрбацæуæм. Нæ рæтты нартхоры æфсиртæ. Нæ буæрттæ нын судзынц. Дæ хæдзармæ иу æфсир æнæ бафæрсгæйæ æрбахæсс, уый дæр зын у, тынг зын. Уымæн æмæ ды дæ давæг. Фæлæ уыцы мæгуырбонтæ, уыцы фыдазтæ… Сæ нартхæрттæ сæ хæдзæрттæм баирвæздзысты? Куыд ацæудзæн сæ фæндаг? Цы сæм æнхъæлмæ кæсы? Æмæ Хуыцаумæ кув: фыдæмбæлæгæй сæ бахизæд. Æмæ нæ бахызта… Кæсæм æмæ уæртæ бæрæг фæзынд. Æрбацæуы. Кæрæдзимæ нырма дард стæм, кæрæдзимæ зынæм ауæтты хуызæн. Бæрæг… бæрæг йæ бæх иуварс фæзылдта. Дæлæты фæцæуы. Нал зыны, нал æй уынæм. Фæлæ уый чи у, уый мах, сылгоймæгтæ, сæ рæтты нартхоры æфсиртæ чи рахæссы, уыдон хорз зонынц. Уыдон, бæрæг чи у, уый… уый у Агънаты Æмзор. Нæ хæрзгæнæг. Нæ зæххон Лæгтыдзуар. Фæсте æрбацæуы, кæнæ, кæцæйдæр фæзынд æмæ нæ федта, уæд-иу йæ бæх цæхгæр фæзылдта, йæхи-иу фæиуварс, фæаууон кодта, цæмæй ма сæмбæлæм, ма фæиу уæм, кæрæдзи ма фенæм. Фыдбылызæй нæ хъахъхъæдта. Гъе, ахæм лæг у дæ фыд, – æмæ-иу мæм фыдæбонджын Олгæ æрбакаст, йæ мигъбадт цæстытæ-иу фæрухсдзаст, фæирд сты, æмæ ма-иу йæ ныхасмæ бафтыдта: – Æмзорæн-иу саламтæ ратт, зæрдиаг саламтæ. Мах æй мысæм, нæ зæрдæтæй абон дæр нæ цух кæны, - æмæ-иу мыл сæрæй къæхтæм, къæхтæй сæрмæ йæ цæстытæ ахаста. Æмæ иу нæ, фæлæ цалдæр хатты. Æмæ-иу мæм афтæ фæкаст, æмæ, æвæццæгæн, афтæ уыд: фендджын, цардвæлтæрд сылгоймаг мæ йæ цæстæнгасæй фарста:





– Дæумæ… дæумæ та исты ис дæ фыды тугæй?..
– Дæумæ… дæумæ та исты ис дæ фыды миниуджытæй?..
– Дæумæ… дæумæ та исты ис дæ фыды фарнæй?..

***

Азтæ кæрæдзи ивынц. Дзбойты Олгæ раджы ацыд йе ’цæг дунемæ. 1987 азы фæстаджы фæндараст загътам нæ фыд Æмзорæн. Уыимæ ацыд мæ царды иу хай. Уый афтæ кæй у, уый, цас фылдæр азтæ мыл цæуы, афтæ 'мбарын хуыздæрæй-хуыздæр. О, афтæ у царды æнæмæлгæ фæтк: фæлтæр фæлтæры ивы. Мæныл дæр, Æмзоры кæстæр фыртыл, азтæ сæ уæз æруагътой, æмæ цас кардзыддæр кæнын, афтæ арæхæй-арæхдæр мæ зæрдыл æрлæууы Олгæйы цæстыты цымыдис фарст:

– Дæумæ… дæумæ та исты ис дæ фыды тугæй?..
– Дæумæ… дæумæ та исты ис дæ фыды миниуджытæй?..
– Дæумæ… дæумæ та исты ис дæ фыды фарнæй?..

Цы дзуапп сын раттон?..
Цы сын зæгъон…
Нæ зонын…
Нæ зонын…

## МÆ ФЫДЫ ЦÆСТЫТÆ

*Ацы радзырд фыст у 2009 азы. Уæд, цасдæр рæстæджы фæстæ, мæ фыд Æмзоры тыххæй уацау фысдзынæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн. Æхсызгонæй йæ хæссын мæ уацмысмæ.*

Нæ бинонтæй, мæ зæрдæмæ хæстæг адæмæй ацы дунейæ чи ацыд, уыдоныл цас фылдæр рæстæг цæуы, афтæ мæ дарддæр нæ кæнынц, фæлæ – диссаг – хæстæгдæр. Уый… уый сæм æз кæнын хæстæгæй-хæстæгдæр. Не ’хсæн цы рæстæг ис, уый иу бонæй иннæ бонмæ цыбырæй-цыбырдæр кæны, фæндаг тайы. Афтæ у цард. Æрдзы æнæфыст закъонтæ цыфæнды, суанг, сызгъæринæй фыст закъонтæй дæр тыхджындæр сты, мингай æмæ мингай азты дæргъы нæ ивынц, æххæстгонд цæуынц зæххы къорийы алыран дæр.

Рæстæг, дам, хъæдгæмттæ дзæбæхгæнæг у. Чи зоны, чи зоны, кæмæндæр, фæлæ… Нæ! Уый бынтон раст нæу. Хатгай, цалдæргай сахæттæ нæ, фæлæ бонтæ – мæ фырт Уырызмæг æмæ, мæ зæрдæмæ хæстæг чи уыд, уыдонимæ баст хъуыдыты æвджид бахауын, æртыхсынц мыл, æрбагуылф кæнынц. Æз вæййын сæ уацайраг. Æвиппайды, æнæнхъæлæджы нæ бинонтæй чи ацыд ацы дунейæ, уыдонæй куы сæ иу, куы сæ иннæ мæнæн вæййы æгас. Фæхъусын ын йæ хъæлæс, йæ ныхас; фæуынын ын йæ алы чысыл змæлд дæр, йæ улæфт мæ зæрдæйыл фембæлы. Чи сæ кæд ацыд, раджы æви æрæджы, уый нымад нал вæййы. Рæстæджы цалх фæстæмæ æрзилы, ивгъуыд сног вæййы, фæцæрæм иу рæстæг.

…Мæ фыд Æмзор сабыргай йæ лæдзæджы ’нцæйтты сыстад. Хатгай сыстын нæ фæфæразы, æмæ, бинонтæй йæ цуры исчи куы вæййы, уæд æм йæ цæнгтæ сивазы, скæсы йæм æмæ йæ уый æнæзæгъгæйæ фæзоны: сыстын æй фæнды æмæ йын феххуыс хъæуы. Бинонтæй йæ цуры ничи ис, зæгъгæ уæд адзуры:

– Кæм стут?

Æмæ чи фæразæй уа, уый йæ цуры алæууы, уый йын йæ цæнгтыл схæцы, уый йын йæ дæлæрмтты йæ къухтæ бакæны æмæ йын сыстынæн феххуыс кæны.

Æрхауд, бынтондæр æрхауд нæ фыд нæ мады амарды фæстæ, цыма йын исчи йæ къæхтæ цæвæгæй ракъуырдта: йæ зæнгтæ æппындæр йæ коммæ нал кæсынц, сæцæгæлон ын сты, нал æй хæссынц, йæ быны кæрдæджы хæлттау фæдыдагъ вæййынц. Кæддæр метры дæргъæн къахдзæфтæ чи кодта, уымæн ныр уыдисны йяс дæр нал сты йæ къахдзæфтæ. Йæ алы чысыл санчъех дæр ын – зын, хъизæмайраг. Хауæгау бандонысл æрбады æмæ йæ мигъбадт цæстытæй æнæныкъулгæйæ джихæй æддæмæ, кæдæмдæр фæкæсы, кæдæмдæр нымдзаст вæййы. Æмæ афтæ – сахатгæйттæ… Æдзæмæй фæбады. Æмæ æддæмæ кæсдзæн æмæ кæсдзæн. Йæ цуры исчи ис æви нæй, исчи йæ хъусы æви нæ, уæддæр фæзæгъы:

– Чендзе куыд æрæгмæ цæуы.

Æмзор бандоныл йæхи æруагъта. Нæ! Æрхауд. Цыма цыдæр уæззау уаргъæй фервæзт æмæ йын фенцон, афтæ йæ къæхты бынæй ныуулæфыд, ныуууынæргъыдта. Цалдæр къахдзæфы ацæуын дæр ын хохы сæрты ахизæгау у. Азтæ! Азтæ! Куыд æгъатыр стут. Цæмæй йын фæтæрсын: бандоныл, куыд æмбæлы, афтæ куы не сбада, бандон æй



куы фæсайа. Æмæ хæдзары куы вæййын, уæд, куыд ницы бафиппайа, афтæ йæ фæстæ кæнæ йæ фарсмæ фæцæуын – ацахсынæввонг. Йæхиуыл мæ хæцын нæ уадзы, йæ сæрмæ йæ нæ хæссы. Йæ бон ницыуал у, кæддæры домбай, бæрзонд, сæвджын лæг баруад, тайы, фæлæ ма уæддæр бирæ лæгтæй бæрзонддæр, фæтæнуæхскдæр æмæ уæззаудæр у.

Сбадт. Йæ цæнгтæ йæ уæрджытыл сабыргай хъавгæ æруагъта. Уыцы цæнгтæ… цыма ауæдзы галтæ сты æмæ сæ фæллад уадзынц. Æмæ та Æмзор ныдждждих, йæ цæстытæ нæ ныкъулы, афтæмæй гом рудзынгæй дард кæдæмдæр, арвгæронæй йæ мигъбадт цæстытæ нæ исы. Æдзæмæй бады æмæ кæсы, æмæ кæсы, йæ лулæ дымын дæр дзы байрох. Æз… æз æй хорз зонын. Кæдæм æмæ цæмæ кæсы, æз уый хорз зонын: уый… уый агуры мæ мады, йæ цардæмбалы, кæсы йæм æнхъæлмæ. Йæ цæстытæ фæирд, фæрухсдзаст вæййынц: нæ мад, йæ цардæмбал, йæ Чендзе цыма арвгæрон фæзындзæн, æрбацæйцæудзæн… Цыдæр уысм æм æрбацæйцæуы.

– Чендзе… Чендзе куыд æрæгмæ зыны, – мæнырдæм сабыргай йæ сæр разылдта, йæ цæстытæ мыл æрæвæрдта æмæ мæм æдзæмæй кæсы.

– Чендзе нырмæ кæм и?.. – фæрсы мæ, агуры мæ дзуапп. Æмæ канд йæ цæстæнгасæй, йæ хъæлæсыуагæй нæ – йæ буары алы стъæлфтæй дæр. Фæрсы мæ: дæ мад афтæ куы никуы фæстиат кодта, уæд уый бæрц рæстæг кæм и? Кæдæм ацыд? Кæд фæзындзæн? Æнхъæлмæ кæсынæй йæм мæ цæстытæ куы ныуурс сты…

Мæ фыд мæ агуры дзуапп, бæлвырд дзуапп. Нæ, дзуапп уый бæрц нæ: мæ фыд мæ агуры æххуыс. Æмæ… Æмæ цы кæнон? Дунейыл ын мæ бон баххуыс ницæмæй у. Зæххы скъуыды ныххау æмæ…

Æмзор мæ йæ цæстытæ нæ исы: цæуыннæ исты дзурын, дзуапп ын цæуыннæ дæттын? Æмæ йын цы зæгъон? Ехх, йæ цуры куы нæ фæуыдаин ацы минут! Зындоны минуттæ.

– Тагъд æрбацæудзæн, ма тыхс. Тагъд æрбацæудзæн. – Ацы цалдæр ныхасы фыццаг хатт нæ зæгъын, уæддæр мын мæ хъуыр æхгæнынц. Тыххæй… тыххæй мæ схауынц. Æмæ мыл ныртæккæ арв рафæлдæхдзæн, мæ буар ризы.

– Хорз уæдæ. – Æмæ мæм фыццаджы хуызæн æдзæмæй нал кæсы, йæ цæстытæй мæ тыхфарст нал кæны, тыхагуырд мæ нал кæны дзуапп. Цыма йæ цæстытæ чысыл фæрухсдзастдæр, фæцардхуыздæр сты, цыма, цы бæздзжын фæлм мигъ сыл ныббадт, уый атайынмæ хъавы. Æмæ

кæсы, кæсы арвгæронмæ. Чендзе уырдыгæй фæзындзæн æмæ… Æз… азгъор, нæ лоджæйæ дæхи мидæмæ аппар. Нæ! Уыцы-иу гæпп акæн æмæ сынтæгыл ныххау, дæ цæсгом базмæ нылхъив æмæ хорз фæку, дæ хъæлæсыдзаг ныббогъ кæн. Фæку афтæ, æмæ куыд сафтид уай. Фæку афтæ, æмæ, ногæхсад хæцъил хуры зынг цæстмæ куыд ахус вæййы, афтæ куыд бахус уай. Фæку афтæ, æмæ дæ бон слæууын куыд нал уа. Фæлæ… Нæ-æ, мæнæн уый гæнæн нæй: уæд нæ фатер иууылдæр кæуын фестдзæн. Уæддæр цæстытæ доны зилынц. Æмæ цæмæй ма скæуон, уый тыххæй ме 'нгуылдзтæ здухын, цъæл сæ кæнын. Уадз асæттæнт.

Лоджæйæ, мæ фыды цурæй хъуызæгау рацыдтæн, мæ цæсгомыл уазал дон скалдтон.

О мæ уæздан, мæ фæрнджын фыд! Сайын дæ, сайын дæ, æмæ мын ныббар, ныххатыр мын кæн. Мæ бон æндæр ницы у. Зонгæ-зонын дæ фæливын, фæлæ мын æндæр гæнæн нæй. Дæуæн дæ цардæмбал, æртиссæдз азæй фылдæр «а» æмæ «о»-йæ кæимæ фæцардтæ, æртиссæдз азы царды гакъон-макъон фæндæгтыл кæимæ фæцыдтæ, фарасt сывæллоны дын чи балæвар кодта, мæнæн та мæ мад – Чындз, «Чындз» æй хуыдта дæ мад æмæ цæрæнбонтæм Чындзæй баззад, ды дæр æй Чендзе уымæ гæсгæ хуыдтай – уый… уый кæдæм ацыд, уый у фæцу æмæ ма 'рцуйы фæндаг, уырдыгæй фæстæмæ здæхæнтæ нал и.

О, мæ уарзон фыд. Уым сывæллон мад нæ зоны, уым рæстæг сау æдзæм у. Дзæгъæлы, дзæгъæлы ма йæм æнхъæлмæ кæсыс. О, мæ бон, дæхицæн ма ныфсытæ дзæгъæлы æвæрыс. О, мæ хорз хистæр, нæ мад, дæуæн та дæ цардæмбал уый нæ æнустæм ацыд. О, мæ бон, уый кæдæм ацыд, уырдыгæй рацæуæнтæ нал и.

Арæх дызæрдыджы бахауын: Æмзорæй, нæ мад нал и, уый-иу дзы рох фæци, æви… Æвæццæгæн, æвæццæгæн-иу дзы ферох. Æви, амард, уый йæ нæ уырныдта, уымæн ма æгас уыд æмæ йæм æнхъæлмæ каст. Нæ-æ, уымæн нæ амард! Мæнæ нырттæккæ æрбацæудзæн, йæ фарсмæ æрбаддзæн æмæ сабыр, фæлмæн хъæлæсæй цæуылдæр дзурдзысты, ныхас-иу куы сæ иу айсдзæн, куы сæ иннæ...

Нæ гыццыл, нæ фæлмæн мад нæ зынд. Фæлæ йæм нæ фыд уæддæр æнхъæлмæ каст. Æнхъæлмæ йæм каст, сывæллон йæ мады æрбацыдмæ куыд фенхъæлмæ кæсы, афтæ. Нæ мад-иу йæ зæрдыл куы 'рбалæууыд, уæд-иу, бæргæ, уыцы рæстæг йæ цуры куынæ фæуыдаин. Фæлæ-иу цæмæндæр арæх, тынг арæх уæд йæ цуры фæдæн. Æви мæнмæ афтæ каст…





Нæ бинонтæ, бæргæ, иууылдæр архайдтам, цæмæй нæ фыд йæхимæ ма ныхъхъуса, йæ суйтæ, сагъæсæй семдзаг хъуыдыты ахасты ма аныгъуыла, йе нкъард сагъæсты азары ма бахауа. Фæлæ… Нæ мад йæ зæрдæйы цы бынат ахста, уый æвиппайды ахауд, æвиппайды дзы афтидæй аззад. Æмæ нæ фыд нæ мады амарды фæстæ æхххæст лæг нал уыд. Йæ цардæмбалмæ æнхъæлмæ каст, æнхъæлмæ йæм каст фæстаг сулæфты онг, фæлæ уый нæ зынд æмæ йæм йæхæдæг атагъд кодта.

…Уыцы мигъбадт, æнкъард сагъæсæй се 'мдзаг дынджыр цæстытæ… Æнхъæлмæ кæсынц. Æнхъæлмæ кæсынц æдзæмæй, дард кæдæмдæр æрвгæронмæ нымдзаст сты. Чысыл ма, æмæ доны разилдзысты, ставд къуыбар цæссыгтæ сæ æрызгъæлдзæн. Æрæнцадысты та мыл æмæ та мæ ног æмæ ногæй фæрсынц:

– Куыд… куыд æрæгмæ зыны Чендзе?..

Æмæ сын цы зæгъон?..

Цы сын зæгъон?..

***

Аз æмæ дыууæ мæйы фæстæ мæ мад æмæ мæ фыд сæмбæлдысты. Ахæм фембæлдтæ къаддæр уæнт, фæлæ… Цы нæ бон у?

Уæд æз уыдтæн Коктебелы фысджыты сфæлдыстадон хæдзары. Æмæ – телеграммæ: мæ фыд нал и. Тагъддæр! Тагъддæр сæмбæл! Æмæ схæццæ дæн сихорыл, йæ фæстаг бон. Йæ цурмæ бацыдтæн, сылгоймæгтæ тынгдæр ныккуыдтой, Бутаты Тамарæ ныхъхъæрæг кодта.

Æз цæмæндæр сылгоймæгты фарсмæ сбадтæн æмæ мæ фыды ныхыл, йæ рустыл мæ уырзтæ хастон. О, зонын æй, æнæмæлгæ дуне нæй, фæлæ уæддæр… Мæлæт, афтæ æгъатыр цæмæн дæ? Нæ мад нал и. Ныр та нæ фыд фæцæуы. Фæцæуы, нæ бинонты, нæ хæдзарвæндаг нын кæмæй зыдтой, нæ хæдзар фæрнджын кæмæй уыд, уый. Фæцæуы… Фæцæуы, дæсгай азты нæм кæй номæй дзырдтой, уый.

Иурæстæг… Цыма Æмзорæн йæ цæстытæ байгом сты, афтæ мæм фæкаст. Фæлурс, мигъбадт, фæллад, сагъæсæй се 'мдзаг цæстытæ. Æмæ æгас куы уыд, уæд-иу мæ куыд фарстой. Афтæ мæ фæрсынц:

– Чендзе кæм и? Куыд æрæгмæ зыны дæ мад?.. Кæд æрбацæудзæн?
– Æмæ йæ уæззау цæстыуæлтъыфæлттæ æрæхгæдта.

Æз мæ армытъæпæнтæй мæ цæсгом амбæрзтон, ирон æфсарм мæ нæ урæдта, уæд чырыны цурæй мæхи иуварс аппæрстаин.

Фæцæуы, фæцæуы нæ фыд Æмзор йæ царды фæстаг фæндагыл,

фæлæ ма уæддæр йæ зæрдæ ’хсайы: æнхъæлмæ кæсы нæ мад, йæ иузæрдион цардæмбал Чындзмæ – Чендземæ. Агуры йæ. Фæстаг хатт ма йæ агуры ацы мæнг, уæлзæхх дунейы.

Цы уыд уый? Мæ фыды цæстытæ æцæг байгом сты æви мæнмæ афтæ фæкаст? Æцæгдæр, йæ цæстытæ ма нæ мады фæстаг хатт агуырдтой æви… Цы уыд? Цы уыд уый?.. Нæ зонын. Абон дæр ын ницы зонын.

Цæуы рæстæг, азтæ кæрæдзи ивынц. Фæлæ уыцы цæстытæ, мæ фыды цæстытæ, æнкъард, фæллад, сагъæсæй се ’мдзаг мигъбадт цæстытæ… Нымдзаст мæм вæййынц æмæ мæ фæрсынц:

– Кæм и? Кæм и Чендзе? Кæд æрбацæудзæн дæ мад? Куыд æрæгмæ зыны?..

Æмæ сын цы дзуапп раттон?

Æмæ сын цы зæгъон?..

## ФÆСНЫХАС

*Ацы фæсныхас райгуырд,*
*уацауы цы рæстæг, æхсæнад,*
*цард æмæ адæм æвдыст*
*цæуынц æмæ ныр цы рæстæг*
*æмæ æхсæнады цæрæм,*
*уыдоныл, не ’мдугонтыл, ивгъу-*
*ыд æмæ абоныл сагъæстæй.*

Раст, сыгъдæг адæм ныр дæр куыд нæй? Бирæ! Фæлæ иуварс, фæсдуар аззадысты, сæ хъæлæс нæ хъуысы. Уыдон сты уæлдай уаргъы хуызæн. Æнусты дæргъы тох цыди æмæ цæуы Рæстдзинады сæрвæлтау æмæ уый цъыфы лæзæры. Уæлахиз кæны хицæн адæймæгты рæстдзинад – чъизи, æлгъаг, æхца, исбон…

Афтæ мæм кæсы, цыма, ныр цы дуг, цы æхсæнад, цы рæстæджы цæрæм, уый у бирæгъты дуг, бирæгъты 'хсæнад. Æмæ, хъыгагæн, хъуамæ ды дæр сбирæгъ уай, науæд дæ иннæ, дыкъахыг бирæгътæ афæскъау кæндзысты, аныхъуырдзысты дæ. Æнахъинон æхсæнад адæмы йæ джиппы уадзы. Æви рæдийын?.. Æхца! Пайда! Исбон! Уыдон нæ Хуыцæуттæ систы. Æмæ лæбур! Скъæф! Дав! Дæхимæ ссив! Бахъуыд, уæд адæймаджы стджытыл бацу, слæуу сыл æмæ бæрзондæй рафæлгæс. Дæ къухтæ куыд даргъдæр сты, уый та цы





бынат ахсыс, куыд тынгдæр æххæсыс, уый та цы куыст кæныс, уымæ гæсгæ у æмæ афтæ дæ авналæнтæ фылдæр, мацæуыл ауæрд, табуйаг дын мацы уæд. Дзургæ иу – кæнгæ æндæр. Ныхас æмæ хъуыддаг зæххы полюстау кæрæдзийæ – дард. Закъон?.. Цæй закъон? Адæмы, паддзахады исбон йæхи чи бакодта, уыдонæн сæхи закъонтæ и. Йæхи удвæллойæ чи схъæздыг, уыдоны дæр цæстфæлдахджыты азар басыгъта æмæ адæм никæуыл уал æмæ ницæуыл уал æууæндынц. Фесæфт æууæнк! Фесæфт уды сыгъдæгдзинад! Цæстфæлдахджытæ сиу сты, æфсымæртæ загътой, рæхысы цæгтæ фестадысты æмæ сын кæрæдзийæ фæиртасæн нал и. Уыцы згæ рæхыс, адæмы фылдæр хайыл æртыхст, æмæ сын сæ къубæлттæ æлвасы, цæстыты цур сæ цъысыммæ æппары…

Æмæ уæд куыд?..

Цы райсом, цы фидæн нæм æнхъæлмæ кæсы?..

Куыд цардæ уа?..

Кæдæм цæуæм?..

Раздæры фæлтæртæ, рæстуд æмæ сыгъдæгæй чи фæцард, рæстдзинад йæ тырыса кæмæн уыд, æгъдау æмæ æфсарм се стырдæр хæзнатæ кæмæн уыдысты, уыдон райгас сты, уæд цавæр цард, цавæр æхсæнадæн уаиккой æвдисæн? Чъизи æмæ æлгъаг! Фæлитой æмæ æлгъыст! Цæстфæлдахæн æмæ мæнгард цардæн! Æмæ уæд дыккаг мард нæ акæниккой?.. Уæд сæ сау чырынты сау фæйнæджытæ фæйнæрдæм нæ атониккой?..

…Æрыгон лæппу фондзмин сомы æхцайæ йæ фындз асæрфта æмæ йæ уый фæстæ æнæрвæссонæй къæхтыбынмæ æрæппæрста.

…Стыр, кадджын бæрæгбон… Уырдæм хуынд сты Уæрæсейы хуыздæр æмæ зынаргъдæр эстрадон артисттæ, æппæт бæстæйы дæр сæ нæмттæ нæрынц. Уыдон, дыууæ-æртæ сахаты фæстæ сæ фæрныг хæдзæрттæм, сæ дзыппытæ доллæртæй нæрст, афтæмæй ацæудзысты. Бæрæгбон… Юбилей… Уый, хæдзары хицау, йæ хъæздыгдзинадæн кæрон кæмæн нал и, уый… уый юбилей кæны… йæ иузæрдион… йæ уарзон…. Куыдзæн… Стыр… Кадджын… Бæрæгбон… Юбилей… Куыдзæн…

Уыцы рæстæг…

…Гуыбыр-гуыбыр, мæллæг, йæ царм йе стджытыл баныхæст, йæ къæхтæ зæххæй тыххæй тоны, афтæмæй лæдзæджы æнцæйтты фæцæуы æнцъылдтæ цæсгом, æнæдаст зæронд лæг, йæ фист сæ-

рыхъуынтæ, йæ бæрзæй æмæ уæхсчытыл æркалдысты æнцъылдтæ, мæллæг цармыл баныхæстысты. Йæ дарæс ай-гъайдæр, скъуыдтæ, чъизи, æмпъызтытæ. Зæронд лæг фæцæйхауы, йе 'дых, йæ æнæхъару зæнгтæ йæ быны фæцудынц, фæцæйсæттынц, зыр-зыр кæнынц. Ныртæккæ… Ныртæккæ ахаудзæн, куы ахауа, уæд нал сыстдзæн… Ох, цы æнæхъару ссис, цы!.. Фæлæ… фæлæ йын æнæцæугæ нæй, æххормаг… тынг æххормаг ын у, æртыккаг бон доны хъæстæ дæр нæма фæци. Куынæ æрхауид. Æмæ уæртæ, йæ ирвæзынгæнæг: зæронд лæджы астæумæйы бæрзæндæн пластмассæ мигæнæн – дынджыр, морæ ведра. Ресторан – хæстæг. Уырдыгæй бырæттæ æмæ хъал, æфсæст адæмы фæстæ цы фæлхæрттæ баззайы, уыдон уырдæм рахæссы сырх-сырхид былахуырст, хуры тыны хуызæн, æрыгон чызг. Зæд æмæ зæд. Зæронд лæг æмæ чызг куы фæиу вæййынц, уæд æм уый бахуды æмæ æххормаг, æнæхæдзар лæгмæ афтæ фæкæсы: уымæ худы. Уый дæр бæргæ фæфæнды, куы-иу æм бахудид, фæлæ йæхимæ ахæм тых, ахæм хъару не ссары. Уый бæсты йæм райхъуысы, цы цалдæр бур згæ дæндаджы ма йыл баззад, уыдоны хъырррыст. Зæронд лæгмæ афтæ фæкæсы: чызг, дынджыр бедрайы бырæттæ, фынджы сæрфæнтæ, æфсæст, хъал адæмы фæстæ ма цы фæлхæрттæ баззад, уыдон сæрмагондæй уымæн рахæссы. Зоны йæ: раст нæу, йæхи сайы, фæлæ йæм уæддæр афтæ кæсы. Æрыгон, рæхснæг чызг бырæттæ рахæссы бырæттæласæг хæдтулгæйы æрбацыдмæ. Шофыры фарсмæ Астæуккаг Азийæ куыстагур лæппу кабинæйæ рагæпп кæны æмæ сæ цæстыфæныкъуылдмæ уæзласæн машинæйы гуыффæмæ ныккалы. Кæддæр, уый карæнæй уый дæр афтæ цæрдæг уыд. Дымгæйæ цы кæныс. Фæлæ ныр… Æнæхæдзар зæронд лæг зоны: чызг фæлхæрдтæ уымæн рахæссы, зæгъгæ, уымæй йæхи сайы, фæлæ йæм уæддæр афтæ кæсы. Исты… исты хуызы уыцы царддæттæг ведрамæ куы бахæццæ уаид, уæд… уæд та йын бæрæгбон. Стыр бæрæгбон! Дыууæ куыдзы йæ хæстæг нæ уадздзысты. Уыдон ам паддзæхтæ сты, цыма уыдон йеддæмæ иннæты цæрын нæ хъæуы. Æмæ зæронд лæг йæхи хæстæввонг æрцæттæ кодта: йæ лæдзæг бæрзонд systа. Фæстæмæ… нæ раздæхдзæн… Æххормаг, тынг æххормаг ын у. Æндæр йæ бынат, йæ «хæдзар хъарм, райдзаст» – фондзуæладзыгон галуаны пъадвалæй иу къахдзæф дæр нæ ракодтаид. Фондз, авд къахдзæфы. Фæлæ сын кæрон нал и. Цалдæр æххормаг, æнæхæдзар, лæбырдтæ, тæбæкк, гæдыйы йæ алыварс зилдух кæнынц, хæрдмæ сæхи æппарынц.





Зæронд, æххормаг лæджы уæнгты уазал риз ацыд: байрæджы… байрæджы та кодта, уыцы налат, ракæнон, æдзæсгом дыууæ куыдзы та йæ разæй фесты. Ма ахауæд… Нæ! Не 'рлæудзæн! Нæ раздæхдзæн!

Бырондон пластмасс, дынджыр мигæнæны дыууæ куыдзы бацахстой æмæ цыма сæрмагондæй уыдоны тыххæй æвæрд сты ам: хицауиуæг кæнынц. Æнæхæдзар лæг сæ рагæй зоны, арæх сæмбæлынц ам. Сæ иу бурхъус, иннæ урс хъулæттæ. Уыйас стыртæ не сты, фæлæ фыдзонд, фыдракæнон, æдзухдæр хылмондаг, цæсгомы хъæстæ сыл нæй. Бырæттæ æмбырдгæнæн сæхи бакодтой æмæ йæм хæстæг никæйы уадзынц. Уыдон дæр адæмы хуызæн хæлæф кæнынц, бафсис нал зонынц. Афтæмæй… афтæмæй дзы алкæй фаг дæр хæринаджы фæлхæрттæ разындзæн. Æмæ уый, зæронд лæджы бирæ цыдæртæ, бæргæ, нæ хъæуы: дзулы къæбæр, уадз, хъуына дæр уæд, ныкъкъæй, ныддур уæд, йæ комыдæттæй йæ сфæлмæн кæндзæн, йæ мылытæй йæ 'хсындзæн. Кæд ма дзы исты æрдæгæмбыд дыргътæ, халсартæ разына, уæд дын бæрæгбон. Дзидзайы кæрстытæ, дзидзайы муртæ… Фæлæ ацы дыууæ æххормаг куыдзы… уыдонæй исты аирвæза?.. Дзидзайы кæрстытæ, дзидзайы муртыл сæхи ныццæвынц. Уæддæр…

Тыххæй systад, йæ стджыты хъыс-хъыс цыд, цыма кæрæдзийæ фæхицæнтæ уыдзысты, йæ къæхтæ йæ фæстæ тыххæй ласта, здыйы къæрттытæ фестадысты, фæлæ… æххормаг у, тынг æххормаг. Мæлын æй нæ фæнды æмæ… Ныртæккæ уый æмæ дыууæ куыдзы 'хсæн ахъаззаджы тох бацайдагъ уыдзæн, мæлæтдзаг тох, царды сæрвæлтау тох. Уыдон, зæронд лæг æрбацæуы, уый базыдтой æмæ рæйынц, бырæттæ æмбырдгæнæн дынджыр ведрайæ хæрдмæ лæбурынц, хæрдмæ сæхи æппарынц, сæ дæндæгтæ ныззыхъхъыр кодтой: чи куыдз, чи хæрæг, чи сæм æрбауæндыд?.. Зæронд лæджы лæдзæг - зæронд швабрæйы хъæд сæ сæрмæ зилы, ныртæккæ бурхъус куыдзы рагъыл сæмбæлдзæн æмæ уый йæхи хæрдмæ фехста. Фæтарст иннæ, хъулæттæ куыдз дæр æмæ хъис-хъисгæнгæ йæхи иуварс аппæрста.

О, цард зынаргъ у. Зæронд лæг сулæфыд, фæуæлахиз. Уæддæр æдас нæу: йæ дыууæ знаджы йæм сусæгæй куы æрбахъуызой, сусæгæй йыл сæхи куы ныццæвой, æмæ ракæсы, хъахъхъæны сæ, йæ лæдзæг – зæронд швабрæйы хъæд æрцæвын æввонг цæттæйæ дары. Иннæ къух, иннæ цонг бынмæ йæхи ивазы, йе стджытæ риссынц, фезмæлын нæ комынц. Фæлæ… Йæ хæрвбадт цæстытæ бырæттæ æмбырдгæнæн дынджыр къусы къуымты зилынц, агурынц, джигул

кæнынц: истæуыл фæхæст уыдзæн? Дзулы къæбæр, исты… Уадз, хъуына дæр уæд, уадз, дуры хуызæн хъæбæр разынæд, уæддæр…

…Стыр бонджын лæг, йæ куыдзæн юбилей чи сарæзта, уыцы бæрæгбонмæ дзыллæты чи æрхуыдта, уый Лондоны йе 'ртæ уæладзыгон галуаны, йæ кусæн уæрæх, парахат, райдзаст уаты фæлмæн къæлæтджыны йæхи фæстæмæ ауагъта, йæ цæстытæ æрдæгцъынд, цыма йæ хуыссæг ахсы. Йæ хъуыдытæ йæ йе 'рыгон, йе 'взонджы бонтæм арæх ахæссынц. Гуыргъахъ, бырынцъаг, къæдзтæ-мæдзтæ фæндæгтæ. Йæхи мин æмæ мин хатты бафарста: æмæ кæд уыдысты цардвæндæгтæ æнцон? Лæгъз? Фæлæ кæд лæг дæ, уæд дæхицæн нысан сæвæр, æмæ йæм цу! Цу! Хъуамæ дæ цыфæнды тыхтæ дæр æруромын ма бафæразой. О, цард тох у! Уый кæддæр йæ куыст райдыдта афтид гæххæтытæй, йæ дзыппыты дымгæ зилдух кодта.

Ивгъуыд æнусы æнæферохгæнгæ æстайæм азты кæрон æмæ нæуæдзæм азтæ. Суйтæ, æмтъеры рæстæг, цæвæг марæджы нал æмбары, дуне æддæг-мидæг ауад. Æмæ уый йæхицæн загъта: афтæ цæрæн нæй, цæрын та хъæуы. Куыд? Цы? Æмæ сарæзта квартирætæ, хæдзæрттæ уæйгæнæн, ивæн æмæ арендæйы дæттæн чысыл агентад. Зил. Агур. Æхсæв-бон ма зон. Цырен кæн. Æхцатæ арвæй нæ хауынц.

…Сылгоймаг йæ цардæмбалæй рахицæн. Фараст азы иумæ «а» мæ «о»-йæ фæцардысты, фæлæ… фæлæ стыр бæллæх: кæстæр, бындур сын рантыст. Æмæ уый, сылгоймаджы та сывæллон, хъæбул хъæуы. Хуыцау æй уый тыххæй сфæлдыста, цæмæй мад уа, ныййарæг. Царды йе стырдæр бæллиц уыд æмæ у, цæмæй йæ хъæбулы æрбахъæбыс кæна, йæ риумæ нылхъива. Æмæ хъуамæ уыцы æнахуыр уæлмонц, æнахуыр æхсызгон æнкъарæнтæ ма бавзара? Уæлхъæдæй бахус уа? Æмæ йæ зоны: уый йæхæдæг аххосджын нæу, аххосдджын у йæ лæг. Артæй доны æхсæн бахауд. Цы кæна? Цы фæуа? Æмæ… скарста: цæуы, хицæн кæны йæ къайæ. Зынæй. Тынг зынæй. Æмæ… æмæ лæгыл æвиппайды арв рафæлдæхт, æнæнхъæлæджы сау нæмыг зæрдæ кæрдгæ ацыд. Уæвгæ, æнæнхъæлæджы уыд? Фæлæ зæрдæ уый нæ зыдта, лæг æвиппайды бахауд сæрсæфæны былмæ, дуне ныссуйтæ, фæндаг разæй – саудалынг. Æмæ уыцы рæстæг йæ «амондæн» фæзонгæ, бирæ азты фæстæ йæ куыдзы кадæн стыр бæрæгбон чи скодта, бæстæйы хуыздæр артистты уырдæм чи æрхуыдта, уыимæ – хуымæтæг, гыццыл агентады хицауимæ. Уыимæ кæй фæзонгæ, уый уыцы æнамондæн уыд йæ амонд: уый йæм йæ уæхск бадардта, уый





йын разынд цæджындз. Йæ куыдзæн юбилей чи кодта æмæ кæны, уый адæмон æмбисонд, «тагъд дон фурды не 'ййафы», нымадта æмæ абон дæр нымайы стыр хæзнайыл. Банхъæлмæ кæсын зон æмæ алцыдæр йæ гаччы сбаддзæн. Æмæ æнхъæлмæ каст. Алцыдæр лæмбынæг базыдта: уыцы æнамондæн хион – къабаз нæй, уый у хъæды сау халоны хуызæн иунæг. Хорз! Иттæг хорз! Чысыл агентады хицау уымæн ссис æфсымæры хуызæн. Æнамонд уымæй банкъардта æфсымæры ад, ууыл афтæ æууæндыд, йæхиуыл куыд æууæндыд. Чысыл агентады хицау æй дардта буц, тынг буц: вермут, портвейн, водкæ, спъирт… дæхи дæр дзы нæй. Афтæ йыл тыхст, афтæ, æмæ чысыл цыдæр хъуаг у, уæд æхсæв нæ бафынæй уыдаид. Æмæ æнæхъæн дыууæ азы фæстæ…

Дыууæ азы дæргъы цы сахат, цы минутмæ æнхъæлмæ каст, уый æрхæццæ; уыцы æнамонд, уыцы тæригъæддаг цъымарайы нынныхст, аныгъуылд дзы, исты хуызы дзы хъуыд раирвæзын. Цъысимы бахауд. Хæстæ… Хæстæ… Хæсмæ цы 'хца фæиста, уыдон, æмæ сæ процентты бонæй-бонмæ фылдæрæй-фылдæр кæнынц, хæрдмæ тæхынц. Алырдыгæй йыл ивынц. Æмæ цы кæна? Цы фæуа? Уæд æмæ сæ уæдмæ куы нæ бафида, уæд йæ фæстаг бон æрхæццæ. Кæдæм фæхæсса йæ иунæджы сæр?.. Æфсымæры ад кæмæй базыдта, уый ницы дзуры, фæлæ иннæтæ… Æмæ уæд куыд?.. Йе 'ртæуатон фатер… Зынаргъ ын у, адджын, йæ мад æмæ йын йæ фыдæй баззад, фæлæ… Ауæй йæ хъæуы. Ауæй йæ хъæуы! Хуыздæргæнæн ын исты ис? Стæй, иунæг… Цæй æртæуатон фатер æй хъæуы? Уыцы æхца?.. Уæдæ сæ хъуамæ цæмæй бафида? Цы кæна?..

Æнамонд æнцад бадт, йæ цæссыгтæ йе 'нæдаст рустыл уадысты: цы мæгуыр, цы æнæбон у. Ауæй, ауæй хъæуы фатер. Æмæ хъуамæ йæ хъуыды, йæ фæнд æппæты фыццаг кæмæн загътаид? Æфсымæры ад кæмæй базыдта, уæд чысыл агентады хицау чи уыд, ныр та стыр бонджын чи у, уымæн. Уый уыцы уысммæ æнхъæлмæ каст, æнамондимæ цы сахат базонгæ, уæдæй фæстæмæ. Сæххæст! Сæххæст йæ бæллиц! Фæлæ уый нæ фестъæлфыд æмæ æнамонды йæ хъæбысы хæрдмæ нæ фелвæста, нæ йыл ныттыхст: уадз, мацæуыл гуырысхо кæнæд, йæ зæрдæйы æцæг уаг йæ буары иу стъæлфæй дæр нæ равдисдзæн. Æмæ йын загъта: куыд æй фæнды, афтæ. Уый ууыл гадзрахатæй никæд рацыд æмæ нæ рацæудзæн, никæд æй ауæй кодта æмæ йæ нæ ауæй кæндзæн, æууæнк у æппæты зынаргъдæр æмæ

уый йе ’ууæнк никæд бахордта æмæ нæ бахæрдзæн. Уый уымæн у æфсымæр æмæ æфсымæр та зынаргъ у.

Вермут, портвейн, водкæ… Нoджы фæарæхдæр, фæпарахатдæр сты, дæхи дзы æхс, дæхи дзы най. Уый йе ’фсымæрæн ницы бавгъау кæндзæн, йæ уд дæр ын ратдзæн. Фатер?.. Ссардзæн ын. Уæдæ хъуамæ хуыздæр кæмæн баххуыс кæна? Æмæ йын ссардта. Иумæйаг кæрты. Хорз фатер. Æнамонд иу бон йæ фатер кæй уæй кæндзæн, кæнæ йæ кæй ивдзæн, уый, уæд чысыл агентады хицау, ныр та стыр хъæздыг лæг раджы зыдта. Уымæн æмæ йæ уыцы цъысыммæ батардта уый йæхæдæг. Сабыргай. Къахдзæфгай. Сахатгай. Фемдзаст æм дуканийы æнæнхъæлæджы. Уæвгæ, æнæнхъæлæджы исты вæййы? Фемдзаст æм æмæ банкъардта: æнæзонгæ лæг… чифæнды дæр уæд, хорз уавæры нæй, артæй доны æхсæн бахаудта. Йæ цæстытæ æнкъард, сагъæсæй се ’мдзаг, йæ сæр нъыртæккæ йæ риуыл æрзæбул уыдзæн. Куы иуырдæм ацæуы, куы иннæрдæм, цыдæр рæстæг æдзæмæй баззайы. Йæ цæстытæ карз нозты тæрхæгыл æрзилынц, алыхуызон рæсугъд æвгтæй ратонын нал фæкомынц, цыма сæ ахуынкъ кæнынмæ фæхъавынц. Лæгдыхæй сæ ратоны.

Æмæ ныр, стыр хъæздыг лæг, уæд та чысыл агентады хицау ахъуыды кодта: ацы æнæзонгæ лæг цыдæр бæллæхы бахауд, зындоны арты судзы, хъуамæ йе ’гæрон зын карз нозты бын фæкæна, фæлæ… йæ дзыппытæ афтид, хуынкъ суари дæр æм нæй æмæ… Нозт та йæ хъæуы, тынг æй хъæуы, ныртæккæ йæ ирвæзынгæнæг уый у. Ахæмæн феххуыс кæн, уый… уый удыбæстæ у, уый… уый сæфт нæ уыдзæн. Æмæ чысыл агентады хицау водкæйы авг райста, æнæдзургæйæ йæ æнамондмæ дæтты. Уымæн йе ’нкъард цæстытæ уæрæх байгом сты, нал сæ ныкъулы, нымдзаст æм, ныдзагъуыр æм. Цæстытæ фæрсынц: чи у ацы æнæзонгæ хæрзгæнæг? Чи йын кæны ахæм лæвар?

– Райс, ма 'фсæрмы кæн, – дзуры йæм лæппу. Уый æдзæмæй лæууы, цалдæр хатты йыл къæхтæй сæрмæ йæ цæстытæ ахаста. Чи у йæ хæрзгæнæг? Ахæм лæвар… Кæд дзы æнæзонгæ лæг хынджылæг кæны, кæд æй барæй цыбæл кæны, æндæр… Мах рæстæджы ма ахæм рæдау адæймæгтæ ис? Ахæм лæвар… Адæм бирæгътау кæрæдзимæ куы лæбурынц, чи цы радава, чи цы раскъæфа…

– Райс, ма 'фсæрмы кæн, – дзуры та йæм лæппу.

Æнамонды къухтæ, сæхи æгъдауæй байвæзтысты водкæйы авгмæ, цыма йын æрхауынæй, гъе байсынæй тæрсы, афтæ йыл дыууæ къухæй хæцы. Æмæ цынæ вæййы: адæймагæн… адæймагæн бамбарæн и?..

– Бузныг. Дæу хуызæн адæймæгтæ зæххыл бирæ нæй, - загъта къæзгæ нозтуарзаг æнамонд. Йæ былтæ змæлынц, кæсы йæм, цыдæр зæгъын ма йæ фæнды, фæлæ нæ фæразы æмæ тыхсы, катай кæны. Æрæджиау, кæддæр йæ хъæлæс райхъуыст:

– Ды Хуыцауысконд адæймаг дæ æмæ дын кæд гæнæн ис, уæд мемæ мæ фатермæ саккаг кæн æмæ иумæ фæйнæ баназæм.

Уый æнхъæлдта: æнамонд уынгмæ ацæуынмæ нæ банхъæлмæ кæсдзæн: дуканийы дуары фæстæ къуыммæ базгъордзæн, авджы сæр тагъд-тагъд фегом кæндзæн, водкæйы æмбис ахъуырытт кæндзæн, йæ афтид ахсæнæй йæ хæл-хæл райхъуысдзæн. Нæ! Æнамонд бынтон сæфт нæма у.

Чысыл агентады хицаумæ, цæмæй йæ ног зонгæимæ йæ фатермæ ацæуа, уый тыххæй хатын нæ бахъуыд. Цалдæр хатты арвы æрттывдау йæ сæры атахт: ацы æнамонд кæм цæры? Цы къæсæртæй бахизы? Чи у? Цы у? Æмæ йын уыдæттæ базонынæн æвæджиауы фадат. Уый фæстæ йæхи мин æмæ мин хатты фарста: цæмæн фембæлд уыцы æнамондимæ? Цæмæн? Уый уыд Хуыцауы фæндон. Цæмæн фæраст йемæ? Цæмæн? Зæрдæ… зæрдæ, уый алцыдæр раздæр банкъары, уый алцыдæр раздæр базоны. Æнамондæн йæ цæрæнбынат фендзæн, æнамонд дыууæ-æртæ куы аназа, уæд йæ зæрдæйы дуæрттæ фегом уыдзысты, йæ зæгъинæгтæ скалдзæн.

Æмæ нæ фæрæдыд. Ахæм æнамондæн, ахæм расыггæнагæн ахæм фатер! Сталины рæстæджы арæзт æртæуатон уæрæх, бæрзонд, парахат райдзаст фатер. Бæхтæй дзы дугъ уадз. Фатер нæ, фæлæ галуан. Лæппу йæ цымыдисдзинад æмбæхста, урæдта, фæлæ цæстытæ коммæ нæ кастысты: фатеры къуымты зылдысты, сгæрстой. Бæрæг уыд: цалдæр мæйы размæ фатер цæхæр калдта: æфснайд, аив, сыгъдæг. Фæлæ ныр… дзаумæттæ алы рæтты кæлдтытæ, цæлгæнæны тæбæгътæ, уидгуытæ рæдзæгъдæй лæууынц, кæд сæ ныхсдзысты, уымæ æнхъæлмæ кæсынц.

Агентады хицауæн цы бамбарын хъуыд: йæ зонгæ карз нозты ахæсты бахауд, йæ фатер рауууатмæ цæуы.

Фысым дыууæ агуывзæйы водкæ рауагъта. Цæй комдзаг æмæ цæй цыдæр. Агентады хицау, уый зонгæйæ, дзул уæддæр балхæдтаид.

– Уæдæ фæйнæ баназæм, - хæдзары хицау йæ уазæгмæ агуывзæ дæтты.

– Æз нæ нуазын…

– Уый та куыд, куыд нæ нуазыс? – Стыр дисы бацыд фысым. – Уæдæ дæ нуазæн бирæ, – æмæ водкæ хуыпгæнæгау анызта. Ау, иу къæбæр æм никæм и. Диссаг! Йæ къухтæ зыр-зыр кодтой, фæлæ водкæйæ иу æртах не 'ркалд. Анызта дыккаг, æртыккаг… Дон ахуыпп кæны, цæхх асдæры.

Æмæ уазæг ахъуыды кодта: ацы лæг ахæм цардæй бирæваг не суыдзæн. Фысым цалдæр хуы анызта, уæд йæ къухтæ раздæры хуызæн нал зыр-зыр кодтой, йе 'нæдаст цæсгом фæцардхуыз, æнцонæй сулæфыд. Карз нозты уацайраджы миниуджытæ. Æмæ та чысыл агентады разамонæджы цымыдис цæстытæ фатеры къуымты æрзылдысты. Уыцы цыбыр рæстæгмæ цалæм æмæ цалæм хатт. Замманай… замманай фатер æмæ – сæфы. Ацы расыггæнаг ацы фатер нæ бахъахъхъæндзæн, æвгъау ын у. Кæуылты фатер у, кæуылты! Уый дæу ма уæд! Хорз æхца райсид.

Æнамондыл карз нозт уайтагъддæр фæзынд. Æххормаг æмæ йæ цастæ хъæуы. Йæ ныхас кæрæдзиуыл нал хæцыд, æвзаг ныссуйтæ. Уазæг æнцад бадт æмæ йæм хъуыста. Хъуыды та бынтон æндæр цæуылдæр кодта. Фатерыл. Ацы расыггæнаг ацы фатер нæ бахъахъхъæндзæн. Нозт… Нозт хорз куы уаид, уæд æй уый нæ зонид. Æрыгонæй дæр æмæ ныр дæр карз нозт нæ, фæлæ бæгæныйы хъæстæ никæд фæци, стæй нæ фæуыдзæн. Уый марг у, адæмы сафæг. Æнæ фынг, æнæ нозт, дам, аразæн ницы ис. Ис!

Ныр стыр бонджын чи у, уый кæддæр уыцы æнамонды фатерæй куы рацыд, уæд ын цалдæр боны иу хъуыды æнцой нæ лæвæрдта: йæ къухтыл цал æнгуылдзы ис, уыдоны нымæц куыд хорз зоны, афтæ зоны: уыцы расыггæнаг уыцы фатер нæ бахъахъхъæндзæн. Ницы хуызы! Æмæ афтæ фесæфынæн æвгъау нæу? У! Æмæ уæд куыд?..

Чысыл агентады разамонæджы сæры хъуыдытæ зилдух кодтой, ивылдысты, кæрæдзиуыл сæхи хостой. Æмæ æрцыд, æппындæр дызæрдыг цæуыл нæ кодта, ахæм хаццæгмæ. Æмæ раст уыд. Тынг раст! Уыцы æнамонды фатер йæ къухы куы нæ бафта, уæддæр æй чидæр, чи йæм фæраздæр уа, чи йæм фæрæвдздæр уа, уый йæ йæхи бакæндзæн. Æмæ уый дард кæддæр нæ уыдзæн. Æмæ уæд куыд? Æмæ уыцы чидæр уымæй лæгдæр у? Æмæ уыцы чидæр уымæй зонддæджындæр у? Нысан!.. Нысан равзар æмæ йæм цу. Ма æрлæуу! Цыфæнды цæлхдурты сæрты дæр ахиз. Кæд лæг дæ, уæд хъуамæ





дæ фæнд сæххæст кæнай. Цард æгъатр у. Исчи дын исты ратдзæн? Ничи ницы! Арвæй цæттæйæ исты хауы? Ницы! Уæдæ тох æмæ тох! Æрмæст æнхъæлмæ кæсын зон.

Афтæ хъуыды кодта уæд чысыл агентады хицау, афтæ хъуыды кæны ныр дæр. Æмæ раст у! Тынг раст! Уыцы æнамондыл йæ цæстытæ куы аныдзæвыдысты, уæд се 'хсæн цы æрцæудзæн, уый цыдæр… цыдæр хуызы бамбæрста. Æрмæст… æрмæст ма тагъд кæнæд. Æртах дур ахуынкъ кæны, уæд… Æмæ уыцы æртах разынд нозт, фæлмæн ныхас, «æууæнк», «æфсымæрдзинад». Уый æрлæууыд æртæ вариантыл, зыдта йæ – сæ иу дæр нæ фæмæнг уыдзæн. Чысыл агентады хицаумæ цас стыр фæлтæрддзинад уыд, фæлæ йæ зæрдæйæ æнкъардта: йæ къæппæг дзæгъæлы нæ сæвæрдта, чи йæм бахауа, уый æнцонæй нал аирвæздзæн. Уæвгæ дæр аирвæздзæн? Æнамонд у нозты уацайраг, йæ дадзинты туджы бæсты лæдæрсы водкæ. Æмæ уый дæу у, цы дæ фæнды, уый йын кæн, æрмæст арæхстгай. Уый хъуамæ æппындæр мацæуыл фæгуырысхо уа. Фæнды дæ, уæд æй рынчындоны амæттаг бакæн, уым афтæ ныссæдздзæн æмæ йæ тракторæй дæр ничиуал раласдзæн.

Æмæ уæд цавæр рынчындон? Психикон, зондхъуæгты, хуымæтæг дзургæйæ та – бæттинаг æрраты рынчындон. Уым дын йæ бынат. Уымæн æмæ йæ зонд фæцудыдта, адзæгъæл вæййы, лæбуры, йæ дæндæгты къæс-къæс æхсæвæй-бонæй не 'нцайы. Æхсæнадæн цæттæ фыдбылыз. Æмæ уымæн йæ бынат кæм и? Æрраты рынчындоны. Уымæй цалдæр мæйы раздæр йæ фатер скодта дæуыл. Уæд ма æнæниз уыд. Гæххæттытæ, закъон куыд амоны, афтæ конд. Нотариусы. Къух бакæнæн сæм нæй.

Ха-ха-ха! Цы нæ вæййы: ацы вариант нæ фæрæстмæ, фæсыкк, уæд дыккаг… Æнæ æхцайæ цæрæн нæй. Расыггæнаджы дæр æхца хъæуы, стæй, чи зоны, фæллойгæнæг чи у, уымæй фылдæр æмæ кæм и? Хæс… хæстæ исæд. Æмæ æгуыст, расыггæнагæн хæс чи ратдзæн? Исчи æдылы у?

Ис иу ахæм адæймаг. Йæ ног «æфсымæр», чысыл агентады хицау, æрмæст уый чысыл агентады хицау у, уый нæ зоны æмæ никæд базондзæн, уымæн æмæ йæ хъуамæ ма зона. Табуафси, цас æй хъæуы æхца? Æрмæст алцыдæр закъонмæ гæсгæ. Уый юристы дæсныйады диплом дзæгъæлы райста? Кæд, цас, ном, мыггаг, паспорты бæрæггæнæнтæ. Æвдисæнтæ? Табуафси. Уый мин дæр

ссардзæн. Æрмæст æхца кæй райста, уый тыххæй гæххæтт йæхи къухæй ныффыссæд. Мæнæ ацы фыстмæ гæсгæ. Æмæ æнамонд дамгъæ дамгъæйыл æфтыдта. Æхца-иу райста æмæ фæцæуы. Цас, уый никæд ничи банымадта. Ууыл æууæндыд, йæхиуыл куыд æууæндыд, афтæ, æмæ йæ хæстæ æд процентtæ бонгай нæ, фæлæ сахатгай хæрдмæ гæпп кодтой. Чысыл агентады хицау, ныр та стыр бонджын чи у, уый уæд æнамондæн цы къæппæг сæвæрдта, уым арфæй-арфдæр ныгъуылд. Æрмæст æй йæхæдæг не 'мбæрста. Цалдæр хатты дурсæттæгау ныллæууыд: уымæн ацы зæххыл ис иу хæрзгæнæг, ома чысыл агентады хицау, уый йын у æфсымæр, уый у йæ удылхæцæг æмæ йæ фатер ууыл куы скæнид, уымæн æмæ уый – æнамонд райсом цы фæуыдзæн, уымæн ницы зоны. Уый ууыл æууæнды, йæхиуыл куыд æууæнды, афтæ. Нæ! Уымæн гæнæн нæй. Уый йæхæдæг у цардбарæг æмæ хъуамæ йæ фатер йæхи номыл уа. Уæвгæ, чысыл агентады хицауæн цалдæр хатты арвырттывдау йæ сæры ферттывта: уæд та йемæ сразы уаид, уадз балæвар ын кæнæд йæ фатер. Стæй... стæй æнамонд цалдæр мæйы фæстæ сау расыгæй хæдтулгæйы бынмæ бахауд æмæ... фæмард. Æмæ фатер кæй у? Чысыл агентады хицауы, æндæр кæй? Нæ! Уый афтæ нæ бакæндзæн. Уый адæймаг у.

Æнамонд йæ къæппæджы арфæй-арфдæр ныгъуылд, хæфс калмы дзыхмæ йæхæдæг куыд быра, афтæ æмæ иу рæстæг, йæхи зондæй æви чысыл агентады хицауы дæлгоммæ, фæсномыг æви комкоммæ ныхасæй бамбæрста: цъысыммæ бахауд æмæ йын дзы фæстæмæ рацæуæн нал и, нынныхст дзы, анигъуылд дзы. Йæ коммуналон хæрдзтæ банымайæн нал и, газ æмæ доны хæтæлтæ алыг кодтой, электрон тых дæр ма йæм йæ хорз хæлары фæрцы цæуы, æндæр... Йæ фатер ауæй кæнæд, æмæ ма цæй фатер у, ныггуыдзæг, ныдздзæллаг, кæй ма хъæуы афтæмæй? Кæнæ йæ къаддæрыл баивæд, науæд хъуыддаг æмраст тæрхондонмæ цæуы æмæ æнæ ницæмæй, хæрæг ихы сæр куыд аззайа, афтæ аззайдзæн. Ноджы стырдæр бæллæх та йæ хæстæ, йæ хæстæ, йæ хæстæ! Æхца кæмæй цас райста, уыдон зонгæ дæр нал кæны. Сæ процентtæ... Сæ быны фæци. Хæсджын кæмæй у, уыдон цалдæр лæппуйы.

Æцæгдзинадæй та йын æхца стыр процентыл лæвæрдта иу адæймаг – чысыл агентады хицау. Уый, йæ хорз зонгæтæй кæуыл æууæндыд, уыдонимæ баныхас кодта: æхца-иу сын ссардта æмæ уыдон уыцы æхца стыр процентыл лæвæрдтой æнамондæн. Æмæ уæдæ цы кодтаид? Цард тох у, æнусон тох. Кæнæ хъуамæ æрхауай, кæнæ фæуæлахиз уай. Æмæ æцæг лæг хъуамæ æдзухдæр уæлахиз кæна!

– Мæ фатер уæй кæнын, – загъта æнамонд сæ иу фембæлды. Уый, квартирæтæ æмæ хæдзæрттæ ивæн æмæ уæйгæнæн чысыл агентады хицау æдзæмæй лæууыд, цасдæр рæстæг ницы дзырдта, уæвгæ та уыцы минутмæ рагæй, фыццаг хатт куы сæмбæлдысты, уæдæй фæстæмæ æнхъæлмæ каст, æмæ мæнæ æрхæццæ йæ афон. Кæддæр æрæджиау загъта: уый уавæры уый у тæккæ растдæр фæнд, тæккæ растдæр уынаффæ. Фæлæ цы райсдзæн уыцы æдзæллаг фатер, афтид къултæ кæй хъæуынц.

– Цасфæнды дæр райсæд, кæд йæ хæстæ æмæ коммуналон хæрдзтæй фервæзид. Йæхæдæг цыфæнды къуымы дæр цæрдзæн, - кæуæгау дзырдта æнамонд. Æмæ кæуинаг уыд. Фæлæ йын чи уыд аххосджын? Йæхæдæг! Чи йæ батардта цъысыммæ? Йæхæдæг йæхи!

Æнамонд йæ фатер кæй уæй кæндзæн, агентады хицау уый хорз зыдта. Ныр ын цы гæнæн æмæ амал и, уымæй бацархайын хъæуы, цæмæй йын йæ аргъ бынмæ æртæра. Асламдæр. Асламдæр. Æрмæст къæрцхъус уæвын хъæуы, науæд æм исчи куы фæразæй уа. Йе 'лхæнæг æм, чысыл агентады хицау, рагæй æнхъæлмæ кæсы, æнамондимæ фыццаг хатт куы сæмбæлди, уæдæй нырмæ. Æмæ уый фатер искæмæ уадзы? Ницы хуызы! Æнамонд цы фæуыдзæн, уый дæр ын хъуыдыгонд у: æвддæс бинонтæ кæм цæрынц, ахæм иумæйаг кæрты йын хæдзар ссардта. Иу уат, сынтæг æмæ дзы дыууæ бандоны. Æмæ уый æвзæр у? Æндæр исчи йæ зæронд псулы æппæрст уынгмæ ракæнид. Фæлæ уый, чысыл агентады хицау фыццаджы-фыццагдæр адæймаг у.

Цыбыр рæстæгмæ фатер ауæй кæнын æмæ балхæнынæн, æнамондæн уыцы æнæрудзынг къуым райсынæн гæхæттытæ цæттæ уыдысты. Цы, цы! Фæлæ агентады хицау уыдæттæ нæ зыдта? Тынг хорз! Алцыдæр закъонмæ гæсгæ, цыфæнды дæсны юрист дæр сæм аипп не ссардзæн. Уый, агентады хицау, æнамондæн йæ «галуаны» йæ сынтæгыл йæ гæххæттытæ æрæвæрдта æмæ загъта:

– Нæ ног фембæлдмæ уал, – æмæ рацыд. Зыдта йæ, никæдуал сæмбæлдзысты, фæлæ йын афтæ кæй загъта, уый тыххæй йæ æхца фидын хъуыд? Уадз, ныфс ын уæд.

…Йæ куыдзæн юбилейтæ чи кæны, алы бæстæты йæ галуантæ хæрдмæ кæмæн фæцыдысты, йæ лæппу фондз мин ’хцайы гæххæттæй йæ фындз чи асæрфы, уый кæддæр йæ коммерцион куыст райдыдта чысыл агентады хицауæй. Фыццаг хатт æм æхца æрбахауд Сталины рæстæджы арæзт уæрæх, бæрзонд, райдзаст æртæуатон фатерæй. Хорз аргъ ын райста. Цас рæстæг рацыд, æмæ уыцы доллæрты хъарм ныр дæр йæ уырзтæ æмæ йæ зæрдæйыл æмбæлынц. Уыцы фатер уыд стыр дунемæ йæ фæндаджы райдайæн.

Зæронд лæг рестораны цур, ресторанæй цы бырæттæ, цы фæлхæрттæ рахæссынц, æмæ сæ цы мигæнæны ныккалынц, уырдæм бацæуы тыххæйты, лæдзæджы 'нцæйтты, гуыбыр-гуыбыр, йæ къæхтæ йæ фæстæ тыххæй ласы. Ныххæрæгъ, ныллæбырдтытæ, ныффист, мæллæг, йæ царм йе стджытыл баныхæст, бафу йыл кæн, уæд ахаудзæн. Йæхи ма фæстаг хатт кæд адаста, йæ буар ма фæстаг хатт доны хъæстæ кæд фæци, уый дзы раджы ферох. Фондзуæладзыгон хæдзары пъадвал – йæ цæрæнбынат. Кæддæр-иу рахызт уæрæх, бæрзонд, райдзаст æртæуатон квартирæйæ. Сыгъдæг итуæврд, ногдаст, æлвæст, йæ туфлитæ хуры тынтæм цæхæр калдтой. Ныр та… Йæ царды фæстаг бонтæ æрхæццæ сты, фæлæ йæ мæлын нæ фæнды æмæ йыл йæхи хуызæн æнæхæдзар куыйтимæ рестораны цур фæлхæрттæм чи фæраздæр уа, кæмæ дзы фылдæр æрхауа, уый тыххæй мæлæтдзаг тох бацайдагъ вæййы.

Уыцы æнæхæдзар, цардæй мæлæты æхсæн дзедзырой чи кæны, уыцы зæронд лæг у, кæддæр цъысымы чи бахауд æмæ уыцы зын рæстæг æфсымæры хуызæн йæ цуры чи æрбалæууыд æмæ уымæн йæ фатер чи ауæй кодта, уый.

… Æххормаг, тынг æххормаг ын у. Иу дзулы къæбæр, дуры хуызæн хъæбæр дæр уæд, хъуына дæр уæд…

…Хæдтæхæг. Бæлццæттæ. Æвзæрст хоры хуызæн фæсивæд. Цардбæлон, рухсдзæсгом æрыгон лæппутæ æмæ чызджытæ. Хæд-тæхæг йæхи бæрзондæй-бæрзонддæр исы, æнæкъæм цъæх арвы хъæбысы ныгъуылы. Фæсивæд уырзæй сгæрстау; хæрзконд, рæсугъд, цардæфсæст, сæ хъæлдзæг цæсгæмттæй хуры тынтæ хауынц. Амондджын сты æмæ амонды дендживзы сæхи найынц. Лæппутæ, цыма дзырд бакодтой, сæ фылдæры хъуыртыл ставд цæг сызгъæрин рæхыстæ, ферттивынц, цæхæртæ акалынц. Бирæтæн дзы сæ цæнгтыл дæр ахæм сыгъзæрин рæхыстæ. Æрфыг, цæстыхау, былахуырст, æрдæггомриу, чызджытæн се ’нгуылдзтыл цалдæргай бриллианттæ æмæ сызгъæрин зынаргъ къухдарæнтæ, рухс стъæлфæнтæ сæ схъиуынц. Се ’нгуылдзтæ – даргъ, лыстæг, сæ ныхтæ кæркæ-мæркæ ахуырст, се ’нгуылдзтæ куыддæр фæтасынц, фæкъæдз вæййынц, цыма сыл уыцы зынаргъ къухдарæнтæ уæз кæнынц.

Ацы лæппутæ æмæ чызджытæ сты, нæ рæстæджы нырыккон æвзагæй сызгъæрин фæсивæд кæй хонынц, уыдоны минæвæрттæй. Кæдæм саразта хæдтæхæг йæ ных? Парижмæ. Лондонмæ?.. Сыгъзæрин фæсивæды ’хсæнты фæцæуы бæрзонд бæрзбæласы хуызæн æлвæст чызг – стюардессæ. Дыууæ къухæй хæцы сызгъæрин доны тылд цыппæртигъон тæбæгъыл, тæбæгъ йе дзаг дзыхъхъынног, фондзгай мины æмхæст æхцатæй, цыма тæрхæй сызгъæрин тæбæгъмæ ныртæккæ æрхаудтой. Лæппутæй иу стюардессæмæ сабыргай разылд, фондз мин æмхæст æхца систа, æмæ… æмæ дзы йæ фындз асæрфта æмæ… æмæ йæ чызджы къæхты бынмæ æнæвввæрсонæй æрæппæрста. Стюардессæ æргуыбыр, æхца, йæ астæуыл бырæттæн цы сæрмагонд дзæкъул баст ис, уым нытътъыста: уый чъизи у, бырон æмæ хъуамæ бырæттимæ уа, йе ’нгуылдзтæ урс-урсид, йæ мидбылхудгæ сæ асæрфта æмæ дарддæр акъахдзæф кодта.

Ахæм æхцайы гæххæттæй йæ фындз чи асæрфта, уый… уый у… кæддæр Сталины рæстæджы арæзт райдзаст, уæрæх æртæуатон фатер йæ къухы кæмæн бафтыд, йæхи йæ чи бакодта, кæддæр йе стыр бизнес уымæй чи райдыдта, ныр та йæ исбонæн ныггæнæнтæ кæмæн нал и, йæ куыдзы райгуырды кадæн юбилейтæ чи аразы, уый сызгъæрин лæппу, уый сызгъæрин фырт, уый у, ныр сызгъæрин фæсивæд кæй хонынц, уыдонæй.

***

Æз бадын, фыссын мæ уацау. Кæрон. Хъуамæ фæстаг стъæлф сæвæрон. Фæлæ – диссаг! Цæмæндæр фæстаг стъæлф нæ арын, цæмæндæр мын фæстаг стъæлф сæвæрын нæ комы. Æмæ цæмæн? Цы 'рцыд? Кæцæйдæр… Кæцæйдæр мæм хъуысы Гæдиаты Цомахъы хъæлæс. Йæ зындгонд, йе ’нæмæлгæ æмдзæвгæ «Адæм». Æфхæрд адæмы гимн. Йæ алы ныхас, йæ алы дзырд дæр зæлы, зæрдæйыл æмбæ-лы. Стæй… диссаг… иу адæймаджы хъæлæс нæ хъуысы, фæлæ бирæ, мингай æмæ мингай, милуан æмæ милуангай хъæлæстæ. Хъæлæстæ сиу сты æмæ зæлынц тынгæй-тынгдæр, ивылынц, нæрынц…

*Адæм куы стыхсой цагъайраджы цардæй,*
*Адæм куы бамбарой се 'фхæрд, сæ марæг,*
*Зон, уæд кæй сыстдзысты иу бон хъыгдардæй,*
*Зон, уæд кæй фехъуысдзæн иу бон сæ зарæг.*

Цомахъы æнæмæлгæ æмдзæвгæ… Æмæ уый цы у? Ныр… Ныр та мæм хъуысы зарæджы хуызы. Æмæ йæ иу адæймаг нæ зары, фæлæ минтæ, милуантæ… æрыгæттæ æмæ зæрæдтæ, нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ. Зарæг йæхи бæрзондæй-бæрзонддæр исы, гуылф кæны. Мæ цæстыты раз… Æртытæ… Æртытæ… алы рæтты. Судзынц... Фæйлауынц... Уыдон…

Революци… Ау, ногæй та революци?.. Революцийы æртытæ?..

Чи зоны, исчи ахъуыды кæна, зæгъа исчи: уацмысæн ис æнахуыр фæсныхас, æнахуыр кæрон. Цы бар æм дары Цомахъы æмдзæвгæ? Дары! Дары! Мæ хорз хæлар. Ацы фæсныхас райгуырд уацауы иумæйаг хъуыдыйæ, йæ аппæй, райгуырд æрдзон хуызы.

Адæм куы стыхсой цагъайраджы цардæй…

Æнхъæлдæн, мæ уацауæн йæ кæронбæттæн æрхæццæ, æрхæццæ стъæлф сæвæрын афон, фæлæ… О, фæлæ хорз адæм, стъæлф æвæрæг сымах стут. Æмæ…

Æмæ та мæхи фæрсын, фæрсын дæу, мæ зынаргъ чиныгкæсæг: раздæры фæлтæртæ, рæстуд æмæ сыгъдæгæй чи фæцард, рæстдзинад йæ тырыса кæмæн уыд, æгъдау æмæ æфсарм се стырдæр хæзнатæ кæмæн уыдысты, уыдон райгас сты, уæд цавæр цард, цавæр æхсæнады астæу февзæриккой? Уæд цавæр æхсæнадæн уаиккой æвдисæн? Чъизи æмæ æлгъаг. Фæлывд æмæ цæстфæлдахæг! Давæг æмæ лæгмарты цард æмæ æхсæнадæн. Æмæ уæд дыккаг мард нæ акæниккой? Уæд сæ сау чырынты сау фæйнæджытæ фæйнæрдæм нæ атониккой?..

*Уæддæр...*
*Цавæр æхсæнады цæрæм?..*
*Цы нæм æнхъæлмæ кæсы?..*
*Кæдæм цæуæм?..*

*Лæджы ном зын хæссæн у.*
*Адæймагмæ йе 'цæг кад*
*йæ амæлæты фæстæ 'рцæуы.*

*Ирон æмбисæндтæ*

*Дзæуджыхъæу – Уæллаг Фыййагдон.*
*10.09.2018 – 06.06.2019 аз.*





75

КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ

1945–2020

*ФÆРНИАТЫ Дзибуш*

# АКСИНÆ

*Радзырд*

1

Йæ уæлæ – дæрдджын сау пальто. Къæхтыл – рæтыдхъус валенкæтæ. Урс сæр, урс дзыккутæ хауджын морæ кæлмæрзæнæй – тыхт. Æрвхуыз, фæлмæн цæстыты зынг ма æнæбары фæтæпп-фæтæпп кæны. Æрфгуытыл ма кæмдæрты – иугай бур æрдутæ. Цæсгом ранæй-рæтты мыдадзын цырагъау фæбур и. Гуыр фæразуæз, уæнтæ фæкъуыпп сты. Лæдзæгæмбалы сæр æй бахъуыд. Зымæг дард нал у. Бæрзонд хæхты тигътыл, сиучъытыл уал йæ урс нымæт байтыдта. Уæлæуæзæй бынмæ, кæмттæм, быдыртæм сæрыстырæй кæсы. Цыма сæм дæлæмæ æрхизынмæ йæ сæрмæ нæ хæссы. Уыйхыгъд сæм дардæй дымгæйы барцыл карз æртхъирæнтæ æрвиты. Уазал дымгæ æрхыты, карст хуымты, бæгънæг бæлæсты хихтыл æмæ дæлæмæдзыд къутæртыл йæ тых æвзары. Хъуырдухæны бахауд. Цыма кæугæ кæны, нытътъизы сыл, йæ цæссыг акæлы. Арв тæнкъæртт фæци. Къæвдайы дон фемæхсти.

Аксинæ йæ мидбынаты базмæлыд. Акъахдзæфы сæр æй бахъуыди. Йæ синæй чиуы. Зын ын у. Нæты, уынæргъы. Фæндаггæрон бæрзонд гæдыбæласы æнцой балæууыд. Фæлæ цы уæлдай у, бæласы цæнгтæй дæр ихын тæдзынæджы суадæттæ фæкъæртт сты.

Уæртæ фалдæр – дæргъæй-дæргъмæ агъуыст. Рагон арæзт. Йæ алыварс – фæйнæгæй быру. Аксинæ йæм æнкъардæй бакæсы. Ацы хæдзармæ куы 'рцыди, –йæ дзыккуты иу урс æрду нæма уыд. Ныр дзы митхъæпæн сæрæй здæхы. Бон – йæ тæккæ тынгыл. Ацы райсом раджы нал сыстад Аксинæ. Сынтæг æй йæхимæ адджынæн нылхъывта. Сæууон

зылдтытæ йæм кæрты æнхъæлмæ кастысты. Фæлæ нал. Йе уæнгтæ йыл цыма сниудтой: «Ныууадз нæ нæ мæгуырыл». Риссынц синтæ, астæу.

– Гыцци, рынчын дæ? – йæ уæлхъус алæууыд йæ чындз Надя. Сау бостон костюм йæ уæлæ, йæ бæзджын сæрыхъуынтæ тæнæг бур сæрбæттæнæй æрбабаста. йæ хъæлдзæг сау цæстытæ, йæ худæндзаст сырхахуырст былтæ йæ тынг зæрдæмæдзæугæ кодтой.

– Цыдæрхуызон... мæ бон ницы у, – базмæлыдысты Аксинæйы былтæ, цæстытæ доны разылдысты.

– Афтæ нæ хъæуы... Хуысс... Скъолайæ тагъд æрбаздæхдзынæн, – æмæ йын йæ ныхæн апъа кодта, стæй йæ куыстмæ атындзыдта.

– Фæци мæ рæстæг, ам уæлдай уаргъ дæн, – сыстад æнæбары зæронд ус.

Бирæ хъуыдыйы сæр æй нæ бахъуыд. Йæ арм ауыгъта, дуæрттæ сæхгæдта æмæ лæууы мæнæ сосæвæндаджы былыл. Горæтмæ кæд фæзындзæни автобус? Къодахы хуызæн... цæсгом дзы нæ хъæуы? Цæй фæлæууæн ма йын ис ацы хæдзары? Фæстаг афæдз æнæ лæдзæгæмбал йæ бон слæууын нал у. Хъуджы бын дуцыныл куы 'рбады, уæд зæнгтæ бадон вæййынц.

Иу изæр йæ сæр разылди. Йедзаг бедра къухтæй асхъиудта. Науæд айразмæ хуыцаубоны, фæсхъæу цы дукани ис, уырдæм куы ацыди. Иннæ хæттытау та нылхæдта, хæдзармæ, дам, уæз нæй. Гæды ныхас. Цалдæр раны æрбадти. Йæ фæллад-иу суагъта, стæй та-иу æнæбары араст ис. Æрæджиау æй иу зонгæ чызг æрбаййæфта. Айста йын йæ уаргъ. Кæннод цæхæрадонæй чыргъæдыдзаг картоф æрбайсын куыд зын вæййы. Æрæджы фæсхæдзар зæхх къахынвæнд скодта. Фæззæг у ныр. Нурытæ ныссадза. Бел райста... Мæры йæ тъыссы, къахæй йыл æрæнцайы. Куыннæ стæй, нал ын бакоммæ касти.

– Диссæгтæ! Мæ тых, мæ хъару цы фесты? Нырма удæгас куы дæн! – арф ныуулæфыд æмæ уазал дурыл æрбадти.

Уары. Къæвдайы бын æнцад лæууы. Ныссалди йæ ныфс. Сидзæрæй дзы баззад. Нытталынг сты дондзаст цæстытæ. Æрфгуыты æлхынцъ нал хæлы. Дæндагæй ацахсы йæ бинаг былы фыдтæ, фырмæстæй йæ æрцæйæлхъивы. Цыма кæмæндæр фыдтæрхон хæссы.

– Ацы судзгæ хъызты ам цы сцæхгæр дæ? – йæ фарсмæ февзæрди сыхæгты ус Салуме. Бæрзондгомау къæсхуыр сылгоймаг, йæхи карæн. Фæлæ уый нырма низимæ хъæбысæй никуы рахæцыд, никуы фæбынæй.





– Кæдæм рараст дæ?

– Зæрдæйæ зæрдæмæ дын æй сусæгæй цал хатты загътон? Хъыгдарыны хос йеддæмæ сын ницыуал дæн. Æнæхицау зæрæдты хæдзармæ... Ис удыбæстæджын адæймæгтæ... Уæдæ ма дарддæр цы? – æмæ Аксинæ гæдыбæласмæ æнгомдæр балæууыд. Салуме йыл ацархайдта: «Цом дæ хæдзармæ». Хæрз дзæгъæлы. Чысыл фалдæр – скъола. Ацагайдта. Удаистæй æрбахæццæ йæ чындз Надя.

– Мæгуыры бонтæ! Адæм нæ рæгъы цæуын нал ауадздзысты. Уый цы сфæнд кодтай? – йе 'фсины дæларм йæ цонг фæцавта, фæстæмæ артдзæсты батæлфыд. Надя тилифоны хætæл фелвæста.

– Алло! Алло! Ды дæ? Тагъддæр, нæ хæдзары фæдис! – ныффæлурс и Надя.

Йæ лæг Сиукъа раджы аивгъуыйы куыстмæ. Колхозы зоотехник у. Куыд хорз ыл фæхæст. Ацафон йæ кабинеты куы никуы вæййы. Цыма йæ машинæйыл хæдтæхæджы базыртæ конд уыд, – кæртæй йæ гыбар-гыбур æрбайхъуыст. Бензины, резинæйы тæф гом рудзынгæй æрбакалд.

Дуары хъинц... Пъолыл цырыхъхъыты къупп-къупп... Плаæы сæр-сæр, йæ фæдджитæй доны æртæхтæ тæдзынц.

– Цы хабар у? – Йæ фætæн ныхыл йæ сау бæзджын æрфгуытæ æрбахъуынтъыз сты, йæ хурсыгъд нарст цæсгом андзыг и, аджих.

– Уартæ кæсыс, лидзы, нал лæууы... Хъыгдарыны хос йеддæмæ, дам, ницыуал дæн. Адæмы фарн зæххыл уæз кæны, цы зæгъдзысты? – Надя армы тъæпæнтæй йæ цæсгом амбæрзта.

Ногæй та тилифоны хætæлмæ фæлæбурдта. Фермæ... Гараж... Фæдис!

Аксинæ уазæгау æнцад бадти уымæл пальтойы мидæг, хуылыдз кæлмæрзæны. Къæдзсæр лæдзæг – роцъомæ быцæу арæзт.

– Мах дæ хъæбултæ стæм, дæ фырттæ! Кæмæн нæ уадзыс!? – Æмæ Сиукъа Аксинæйы раз йæ зонгуытыл æрхаудта, йæ цæнгтæ йын йæ уæхсчытыл ацауыгъта, йæ цæссыг бауромыны тых æм нал разынд.

Аксинæ ныхъхъус и... Йæ сагъæстæ йæ дард кæдæмдæр ахастой.

2

Йæ армы цы уисы къæцæл ис, уый йæ тых куы иу хæдзары дуарыл бавзары, куы иннæйы. Тъупп-тъупп... Тъупп. Цалдæр дуары базыхъхъыр и... Ракастысты йæм... фæрсы сæ... Нæй... нæй... Мæнæ

дондзау чызг æд бедратæ æрбауайы. Баурæдта йæ. Йæ тыхст ын хъары.

– Далæ кæронæй сæ кæрты стыр æнгуз бæлас. Уыдонмæ ис бирæ уæттæ, цæрæг сæ нæй, – ацамыдта йын йе ‘нгуылдзæй.

Уый цыдис уæззау къахдзæфтæй. Фондзаздзыд къаннæг чызг– йæ фæстæ. Зæхх æй йæхимæ ласта. Æнæзонгæ хъæуыл йæ фæллад цæстæнгас хаста. Йæ мыдхуыз дзыккутыл сбадти рыг. Цæсгом – хурсыгъд, дымгæхост, мæллæг. Йæ уæлæ – фæныкхуыз кофтæ, лæзæрдтытæ ибкæ. Дон, сапоны хъæстæ рагæй нал фесты... Къæхтыл – зылын-мылын бур туфлитæ. Къухы – чумæдан. Æнгуз бæласы комкоммæ цæхгæр фæзылд. Фæйнæгæй арæзт дуар. Бахойын дзы ферох. Дуарыл бахæцыд. Хъавгæ бахызти. Фæйнæрдæм акасти. Исчи йыл куы фæтъæнг ласа: «Цы æрбамæрддаг дæ æнæ бар ракургæ?». Кæд сæм хъæхъхъаг куыдз ис? Йе 'нахъом æмбалмæ йын куы фæкъæпп кæна. Ис сæм уæртæ куыдз, къаннæг, къуыбырхъус. Асины бын хъæдын къæртайы йæ сæр нытътъыста. Æхсыр сдæры. Сылгоймагмæ ракаст. Йæ хъуыдыйы дæр не 'рцыд. Саби-лæппу, иу-авдаздзыд... Æфсæйнаг тæлы кæрты къуымты сцъил кодта. Йæ къæхтæ –æнæхсад. Зæвæттæ ныскъуыдтæ сты. Пырхытæ хæдон æмæ хæлаф йæ уæлæ. Сæр – æнæлвыд.

– Цæмæ нæм æрбацыдтæ? – слæууыд лæппу æрбацæуæджы раз.

Уый уыд уырыссаг ус. Сабийы иронау ныхас нæ бамбæрста.

– Хæдзары хицау кæм ис? – фæрсы йæ уырыссагау.

– Мæ фыд Гаги, хос кæрдынмæ ис. Мæнæ пецы фарсмæ сбад, – бахудти йæм лæппу æнæхин сыгъдæг цæстытæй.

– А-а... Пец дæр дзы куы ис... Кæрты къуымы. Арт дзы судзы. Йæ разы лæууынц дыууæйæ – чызг æмæ лæппу. Йæ къахыл æдæрсгæ чи згъоры, ахæмтæ. Æнæхсад, кæуындзаст. Чызг артмæ фæлæбурдта. Нартхоры æфсир дзы раскъæфта.

– Ма сæм æвнал!.. Уыдон мæн сты. Дæ ныхтыл дæхимæ хæц! – æмæ, цалх чи тылдта, уый йыл цъæхснаг уисæй балæууыд. Сывæллон ныдздзынæзта.

– Цæмæн æй нæмыс? – иргъæвы сæ æрбацæуæг.

– Папæ афтæ: чи, дам, фыдуаг кæна, ууыл-иу æрбыр! – дзуапп радта уыцы лæгхуызæй.

Иннæ лæппу... йе скъуыдтæ хæдоны ронæй зынынц цъыфæйдзаг картæфтæ. Цæхæры тъыссынмæ сæ хъавы.

– Айс ныр дæ нартхæрттæ, судзынц! – хъæр кæны хистæрмæ æмæ йæ картæфтæ арты дзыхмæ рæцугъы.

– Иуæрдæм алæуу!

– Дæ тæккæ синтыл дын дур... мæнæ! – æмæ къаннæгдæр куыддæр суджы лыггагмæ фæгуыбыр кодта, афтæ картæфтæ ронæй зæхмæ – гæр-гæр...

Иргъæвæг та сын фæлæууыд, фæрсы сæ:

– Уæ нæмттæ цытæ хуыйнынц?

– Уæртæ уый Сона, ай Боцца, æз та – Сиукъа, – фæцырд и хистæр.

– Уæ мад кæм ис?

Æртæ дæр фæхъус сты. Цыма исты сусæггаг хабар бамбæхсын сæ зæрды уыд.

– Амарди... Бæласы бын æй баныгæдтой: æз æй зонын, кæм ис, уый. Дард ран, – хæрз сабырæй дзырдта Сиукъа.

Сидзæр сывæллæтты уындæй сылгоймаджы рустыл цæссыджы гагатæ февзæрди.

Афтæ йæм фæкасти, цыма дыууæ стыр бæллæхы, дыууæ сыгъд, уырыд амонды кæрæдзи агуырдтой æмæ ацы кæрты фембæлдысты. Сидзæртæ... Сæ иу се 'ннæйы хъæр не 'мбары. Чи сæ кæуыл тых у, уый æрыссæнды.

– Уырыссагау уæ чи сахуыр кодта дзурын? – фæрсы та сæ.

– Æрхы был – дыууæ уырыссаг хæдзары... Цас лæппутæ сæм ис... Мах иумæ фæхъазæм, – дзуапп радта Сиукъа.

– Цæй, æз абон уæ мад уыдзынæн, нæ уæ фæнды? – бахудти сæм сылгоймаг.

– Ды мах мад нæ дæ, – ныхъхъуынтъыз и Боцца.

– Уæд та нæ исты адавтай?

– Æз къæрных нæ дæн, кæсут-ма мæм, – æмæ, Боццайы ронæй цы картæфтæ æркалди, уыдон рауыгъта, ныхсадта сæ, аджы сæ уæларт сæвæрдта.

– Ныртæккæ афыцдзысты... Бахæрдзыстут. Мæнæ уæ нартхоры хъуыдыдытæ сцæкуы сты, – артæй сын сæ æртысгæнæй систа.

Сылгоймаг йæ чумæданы сæр фегом кодта. Фелвæста дзы сапоны къæртт, сæрвасæн.

– Рауай-ма, ныхсон дæ! – фелвæста чысыл Сонайы йæ хъæбысы.

Доны къран... Æхсы йæ. Сапондонæй аирд сты зæнгтæ, фадхъултæ, гаппар æнгуылдзтæ. Йæ сæр ын фынкæй ауæрста. Сона тæлфы. Цæсгом цæхæртæ скалдта, йæ цыбыр дзыккутæ йын зулаив æрфаста.

Рацахста Боццайы. Къæхтæ сæфтæджы хуызæн ныххъæбæр сты. Рагæй нал фесты дзабыры хъæстæ. Зæхх, хур æмæ къæвдаты æвджид баззадысты. Донæй уайтагъд сабийы буар йæ хуыз скалдта.

– Мæнæ-ма, цы дуду лæппу ис! – баузæлыд ыл сылгоймаг.

– Разгъор ды дæр!

Сиукъа æфсæрмдзастæй усы хъæбысмæ схызти. Дон... Сапон... Фæлмæн къухтæ. Хæдзары хицау куыд æрбахызт – нæ йæ базыдта, цалынмæ сдзырдта:

– Уазæг, æгас цу!

Сылгоймаг ма Сиукъайы хуылыдз сæрыл сæрвасæн æруагъта, фестад, асырх и.

– Хатырæй уæд... Сæ фыд ды дæ? Фатер агурын, ис, дам, уæм. Хæст... Дард бæстæй фæхауæггаг дæн... фашисттæ, – къулбæрзæйæ дзуры уазæг.

– Ныхсадта нæ, аджы та нын картæфтæ фыцы, – æппæлынц сæ фыдæн цымыдис сывæллæттæ.

Гаги – æртыназдзыд куыствæллад лæппу-лæг. Къепкæ зæгæлыл ацауыгъта. Къраны размæ бауад, йæ къæсхуыр цæсгом, йæ цыбыр бецыккыл уазал дон скалдта. Фатерагурæгмæ фемдзаст... Лидзæг адæмæй... Æфхæрд, фæлмæцыд... Мингай адæймæгтæ сызмæлыдысты. Сæ уды катайы бацыдысты. Хæст... Сæхи ацырдæм æппарынц. Гагийы дзыхæй сыбыртт нæ хауд... Стæй:

– Уæлæ дын астæуккаг уат. Ис дзы сынтæг, хуыссæнтæ...

– Ой, стыр бузныг! – йæ цæнгтæ йæ риуыл авæрдта уазæг.

– Дæ ном цы хуыйны?

– Аксинæ.

3

Сæгхуыз егъау хъуг. Сыкъатæ, сагойы сиучъытау – цыргъ. Дæнгæл фæздон. Фæдджытæ ныттынг сты. Уыцы знæтæй кæрты смидæг. Сиукъа йæ размæ рауад. Сарайы цæджындзыл æй æрбаста.

– Гаги, хъуг æрхæццæ! – бадзырдта хæдзармæ. Сæ фыд фæлладæй æгæр афынæй. Фестад, йæхи ахсадта. Бедрайы дзыгъал-мыгъул ссыди. Стурмæ хæстæг балæууыд. Йæ быны дзуццæг æрбадти. Дуцы йæ. Аксинæ йæ уæлхъус февзæрд.

– Æри-ма, æз æй дæ бæсты радуцдзынæн, – бахатыд æм уазæг.

Гаги куыддæр фæуыргъуыйау. Фестад. Аксинæ сындæггай, хъавгæ бавнæлдта. Стæй тынгæй-тынгдæр. Æхсыры къæвда бедрамæ ныссæхсæх ласта. Хъуг йæ сæр фæстæрдæм разылдта. Æнахуыр адæймаг. Йæ къах бæрзондгомау систа... Фæлæ йæхиуыл фæхæцыд. Фæстæмæ йæ æруагъта. Сабитæ уынгæй æрбазгъордтой, чи дзы йæхи кружкæйыл ныццавта, чи – къусыл. Аксинæмæ дæрддзæф æрлæууыдысты.

– Цы сæ хъæуы? – дзуры сылгоймаг Гагимæ.

– Хъæрм æхсыр нуазын ахуыр сты. Сæ мадмæ афтæ хорз касти. Дæхи чызгæн дæр дзы авæр, – загъта лæг, йæхæдæг арт кæнынмæ фæци, пец æмæ аджы гыбар-гыбур ссыд.

Аксинæ сыстад. Сывæллæттæн æхсыр радта.

– Бузныг, дæхæдæг фæлмæцыд дæ, – арфæтыл ын схæцыд фысым.

Гаги ауади. Сарайы фæстæ - кæркдон. Карчы хъиау-хъиау... Сугсæттæн къуыдырыл фæрæты къупп... йæ къæхтæ, йæ дзыгъуыр базыртæ тилгæ, пецы раз февзæрди. Фыцгæ аджы йæ фæцавта; цалдæр минутмæ алæгуын, афистæг. Пæлхъ-пæлхъгæнгæ аджы фæмидæг.

Æрталынг и. Кæрты бæстастæу – стъол. Фæтæгены цырагъ судзы йæ уæлæ. Æхсæвæр сцæттæ. Карчы фыд, къæбæртæ, пъамидортæ, джитъритæ. Авджыдзаг арахъхъ.

– Сбадæм... Сымах æххормаг стут... фæндаггон, – хаты уазджытæм фысым.

– Дæ аххос нын нæу...

Фæллад бæлццонмæ дыккаг хатт дзурын нал бахъуыд. Хъæрм хæринаг, хъæрм артдзæст рагæй нал федта.

– Кавказы уазæгæн нуазæн авæрынц, – æмæ йæм ирон сыкъа йедзагæй авæрдта.

Аксинæ базивæг кодта, фæлæ уайтагъд фæсаст. Цы уа, уый уæд. Анызта йæ. Гаги йын йæ цæрæнбоны тыххæй куывы. Ус батæвд. Цæстыл худæндзаст абадти. Цыдæр хорз æм фæкаст. Иу ма дзы анызта. Ныхас сын бацайдагъ... Хæст... хæст... тас... уæззау рæстæг. Аксинæйы зæрдæ æрбауынгæг. Иæ цæссыгтæ асæрфта. Дзурынмæ фæкъæртт и. Фысымтæ йæм æдзынæг хъуыстой.

4

Аксинæйæн йæ хуыссæджы хал æрмыдул и. Цæсты уæлтъыфæлттæ кæрæдзийыл фæцæйныхæсынц. Фехъал вæййы. Нæма æрбабон и? Поездмæ сын куы байрæджы уа. Йæ цин куы фæдзæгъæл уа. Тæрсы.

Куыд уыдзæни? Ахæм дард фæндагыл фыццаг хатт цæуы Хъырыммæ

улæфынмæ. Йæ лæг Сергей æмæ йæ фондзаздзыд лæппу Леонидимæ. Цы хуызæнæй æрыздæхдзысты фæстæмæ? Куыдæй æрæййафдзысты сæ хæдзар? Чи уыдзысты сæ ног зонгæтæ... Æппынæрæджиау скæсæны 'рдыгæй арвы тæнтæ фегом сты. Сæуæхсиды сырх тæлм дзы бахудти. Дунейы гуыры нæуæг бон. Сыстын афон у. Аксинæ цырагъ ссыгъта. Цæттæ сты чумæдантæ... фæндаггæгтæ. Йæ мой Сергейы дарæс – итуваерд. Хистæр лейтенанты формæ. Йæ лæг тарф фынæй у. Дысон йе ‹мбал къамандиртæ æрбауадысты. Фæндараст ыц загътой. Аксинæ сын сæ разы фынг авæрдта. Анызтой... Леониды хъæццул пъолмæ рахауди. Куыддæр сризæгау кодта. Куыд уыдзæн сæ дард балц? Ныгуылæн Белоруссийы арæнæй Сау денджызы былмæ.

Æвиппайды дуарыл дзæхст-дзæхст... Сергей йæ адджын фынæйæ фестъæлфыд. Аксинæ дуары хæцæнмæ февнæлдта.

– Тагъддæр! Штабы хицау дæм дзуры! Цæй мидæг дæ – тæхгæ! – Сергейы раз алæууыд сырхæфсæддон. Лæг фестад. Бæстон митæм æй нал æвдæлд. Йæ дарæс тагъд-тагъд йæ уæлæ баппæрста. Уыциу сæррæтт аласта. Аксинæ сагъдауæй аззад. Йæ лæг – отпусчы... Цавæр фæдис у, цæмæ ма йæм сидынц?

Гуыпп-гуыпп... Æввахсæй-æввахсдæр... Рыпп-рыпп... Агъуысты къулты зыр-зыр ссыд... Цæстыфæныкъуылдмæ арв моторы гуыр-гуыр фестад.

Бомбæ бомбæйы фæстæ зæхх рæмудзы.

– Сау бонтæ! Хæст! Бæллæх æрцыд!..

Сыхæгтæ уынгмæ ракалдысты. Тарст адæм... Бæстæ цъиувæдис фестад. Дардæй хъуысынц сармадзанты богътæ... пулеметты къæр-къæр. Арæн æввахс у. Дæс километры. Сæуæхсидыл туджы саха рацыд, йæ быны фæци. Дуне цы зынгæй тарсти, уый ссыгъди.

– Лидзгæ! Нæ сывæллæтты бафснайæм!

– Кæдæм? Кæдæм? –фæрсы Аксинæ.

– Хъæдмæ! Бæстæ сæфы! – хъуысы сылгоймæгты æрдиаг. Фаллаг уынджы бомбæйы дзæхст фæцыд... Дыккаг...æртыккаг. Нымæц сын нал и. Зæхх ризы. Хъустæ къуырма кæнынц. Авджы дзыгъал-мыгъул. Хъæды, фæйнæджы къæс-къæс. Гæдыбæлæсты фæстæ пиллон арт сирвæзти. Фæздæджы къуыбылæйттæ... Зæхх хъæрзы цæхæры бын. Уæззау хъуырдухæны бахауди Аксинæ, артдзæсты смидæг. Цъилау зилы. Йæ хъуыдытæ авд дæлдзæхы фесты. Зонды хъæр æм нал уыд. Цы аразгæ у, цы гæнгæ?





– Сæфæм! Хъæдмæ! Кæд ма нæ сабитæ аирвæзиккой! – æрбатахт æм йе 'мкъул цæрæг Зоя. Чумæданы, голладжы хæринæгтæ, дзаумæттæ атъыста. Къулмæ фæкомкоммæ: йæ мойы дамбаца! Куыд ын æрбайрох! Æрæфснайдта йæ. Леонид – хуыссæгхъæлдзæг. Фелвæста йæ, йæ дарæс ыл акодта. Лидзгæ! Кæцæйдæр хъуысы цъæхахст, кæуыны хъæр.

Зоя хæцы йæ чызг Катяйы цонгыл. Фæсте аззадысты уынгтæ, къаннæг цæугæдон, цъæх фæз. Смидæг сты хъæды. Хъæу зыны. Адæм фæйнæрдæм ныййарц сты. Арв æмæ зæхх æмниуд кæнынц.

– Æллæх! Мæгуыры сау бонтæ! Нæ хæдзар ссыгъд! – ныххæцыди Зоя Аксинæйы дысыл.

Зоя æмæ Аксинæ, æрыгон сылгоймæгтæ, цæуынц хъæды. Алчидæр хъахъхъæны йæ хъæбулы. Тас у калмæй. Тырты æмæ сындзы къутæртæ лæбурынц къухты уæлæрмттæм, рустæм, зæнгтæм, дарæсмæ. Кæс-ма, кæс! Схойы Аксинæ Зояйы. Парашютисттæ! Сæдæгæйттæй. Мигъы бын ныххал сты. Бынмæ сæхи уадзынц.

Аксинæйы буар ихы къæртт фестад. Леонид æмæ Катя тъизынц. Сæ уадултыл, сæ тæрныхтыл сæууон æртæхау хиды æртæхтæ. Стыр бæласы бын æрбадтысты. Къæбæр ахордтой. Сывæллæттæ афынæй сты. Мадæлтæ сæ фарсмæ сæхи æруагътой. Гуымс... гæрах... Кæцæйдæр дымгæ скъæфы танкты цæлхыты дзыгъал-мыгъул... Хæр-хæр. Аксинæитæ фестадысты... Цæуынц... Тындзынц... Баизæр и. Кæдæм ма цæуой? Мæйдар æхсæв а бæстыл пъæззыйау ныддæлгом. Дзæгъæл хъæд. Марадз, бамбар æй, кæм дзы цы фыдбылыз ис, уый. Адæймаджы адзал кæм нымбæхсти, чи йын цы хаты? Сæ хъæбулты сæ хъæбысты нынныуæрстой. Цы уыдзæн райсом? Цал уынгæджы боны сæм гæппæввонгæй бады?

Æрбабон. Араст та сты. Стъæлд бæлццæттæ. Мæнæ сосавæндаг. Фенцондæр къах айсын. Сæ разы цæугæдон тызмæгæй сцæхгæр. Хид... Йæ хъæдхъиутæ ма сты. Срæмыгътой йæ. Хуыцау йæ зонæг, чи уыд. Дон – арф, фæтæн. Йе знæт уылæнтыл, йæ тæлфаг уæлцъарыл сæууон хуры фыццаг тынтæ æрттивынц, хъазынц. Хуры тынтæ! Тæлтæг дæттæ! Цымæ, кæдæй нырмæ цæрут арвы бын? Адæм цардæй, дунейæ афардæг вæййынц, уæддæр ма сымах æндæртæн ныууадзынц. Дымгæ кæцæй фæзынд? Доны уæлцъарыл, йæ комы фынк кæлы. Урсбарц уырынгтæ уылæн былгæрон дæрзæг дуртыл йæхи хойы.

Аксинæ фæныфсджын. Бахудти. Йæ цæстытæ ферттывтой. Йæ бакастæй Зояйы талынг зæрдæ барухс. Цыма уырд уыд кæнæ доны

чызг, – нæ фæтарсти схъиугæ æрра донæй. Леониды йæ дæлармы æрбалхъывта. Бахызти дзы. Зоя фæхъæддых и. Йæ чызджы фелвæста. Æлыгбын, лæгъз. Къæхтæ дзы бырынц. Аксинæ фæцудыдта. Зоя фæкъæдз вæййы, фæтасы. Цыма сæ доны уылæнтæ фæстæмæ сур зæххмæ разывввытмæ хъавынц, уæлдай уаргъ нын стут, зæгъгæ.

Æмбисы онг бахæццæ сты. Тарст сабитæ сæ ныййарджыты бæрзæйтыл ныззæгæл сты. Хуылыдз кæнынц. Уазал. Арфдæр ма куы разына, уæд судзаджы мардæрцыд нæу?! Дæ-дæ-дæй! Тыхулæфт, тыхнæтыд. Дон дзыхтæм бакæлы... Йæ тæккæ бæзджын. Дæлæмæ сыл æнцади... Арвы цæлхъау æвиппайды... Дæнг-дæнг... автоматты къæр-къæр... Нæмгуытæ доны ацьыввытт, аселф ластой.

– Бабын стæм! – сирвæзти Аксинæйæ. Зоя фæдæлдон. Иу зынд ма фæкодта... Æрбатары. Йæ чызг цы 'рбаци? Дæнг-дæнг... Доны цæллахъ.

– Уæуу, уæуу! Мамæ! – сыхъуыст Леониды æнуд цъæхахст, сæры туг фемæхст.

Комкоммæ нал. Дон-дон – дæлæмæ. Тагъддæр, йæ сæр ма зыны. Архайы къæхтæй, иу цонгæй... Фаллаг был... Бæлæстæ, пыхс... Баирвæз-ти. Ауон ранмæ йæхи æппары. Нæудзарыл йæ лæппуйы æрæвæрдта. Былтæ ма змæлынц. Дзых фæхæлиу... Сæр туджы къуыбылойы хуызæн.

– Русис фрау капут! – ацахстой Аксинæйы хъустæ немыцæгты чыр-чыр.

Сылгоймаг артау ссыгъди. Дуне æрмæстдæр зындзинæдтæн конд у? Хъаймæт. Йе 'ккойæ чумæдан феппæрста. Сæр фегом. Нæ ныххуылыдз. Йæ лæджы дамбаца. Гæдыйау хъавгæ, йæ цыппæртыл къутæрты æхсæнты хъуызы... Уæртæ топпæргъæвдæй æрбацæуынц дыууæ салдаты. Цæуылдæр худынц. Сæ дыстыл, се згъæр худтыл – фашистон нысæнттæ. Аксинæ ныххъавыди. Кæд бирæ сты? Иунæгæй! Гæрах... Гæрах... Иу дзы фæкуырис. Иннæ, лæугæйæ, бандзыг и. Гæрах... Кæрдæгыл йæ тъæпп фæцыд. Исчи ма сæ зыны? Ничи. Æвæццæгæн, фæндаг хъахъхъæдтой. Бахъуызыди сæм. Иуы автомат дзы фелвæста. Æрбатахти йæ хъæбулы цурмæ. Нал змæлы, бабын и. Систа йæ. Чысыл ауади. Мæнæ Зоя змисыл уæлгоммæ хаудæй. Катя йын йе 'фцæгготыл фидар хæцы. Скасти йæм. Кæуыныл архайы. Йæ хъуырыл сырх фæрдгуытæ. Бæлвырд у, йæ мады уæгъд не суагъта, стæй сæ дон кæронмæ раппæрста... Уæдæ æндæр куыд? Чысыл фалдæр – дзыхъхъ, уæрмгонд. Зояйы мард уырдæм баласта. Ингæн – дыууæйæн. Леониды йын йæ хъæбысы æрæвæрдта. Къалиутæ, кæр-дæджытæ, дуртæ сыл æрæмбæрзта. Нывæрзæны 'рдыгæй дæргъæццон къæй æрсагъта. Цæссыг къæвда фестад. Зояйы æхсæз æмæ ссæдз азы, йæ хъæбулы фондз азы топпыхосы арты басыгъдысты. Ныхъхъус и бæстæ. Аксинæмæ афтæ фæкасти, цыма æгас дуне уыцы минут йæ сæр æркъул кодта æдзард удты дурын цырты раз.

Катя сулæфы, йæ хъæлæсæй дон ракæлы. Фелвæста йæ. Лидзгæ. Мæнæуы хуымы аныгъуылдысты. Саби сцæйкæуы. Йæ былтыл ын ныххæцы. Хъæргæнæн нæй. Алы тигъ, алы фæзилæнæй цахæм удхæссæг æрбазындзæн – бæрæг нæй.

Фæндæгтыл бирæ хъылматæ, бирæ æнамонд хъуыддæгтæ æмбæхст ис. Хуымæй ахызти. Диссаджы дидинæгджын уыгæрдæн. Зæххы скъуыдæй стæрræст ластой? Аксинæйы хæд сæрмæ фæзындысты немыцаг хæдтæхджытæ. Йæ къæхты бын нæмгуыты цъыввытт фæцыд. Иу дзы дурыл сæмбæлд. Фесхъиудта æмæ цъыс- цъысгæнгæ йæ хъусы фæрсты ацыд. Хъæдмæ! Къутæры бын йæ фазыл æрхуыссыд. Цы ма бакæна? Зæнгтæ сæ зыр-зырæй нал æнцайынц. Цæнгтæ бадон сты. Йæ уд ма йæ мидæг ис? Нал æй уырны. Катя – æрдæгмарды хуызæн. Аксинæйæн йæ хъуыдытæ нызгъæлæнтæ сты. Кæрæдзиуыл нал бадынц. Сæфты фæндаг. Æвæццæгæн, йæ цард, йæ уд ацы тугуарæн бонмæ нывонд уыдысты. Цыма йын йæ сæрдзарм къуымых кардæй стыгъдæуыди – кæуын, дзыназын йеддæмæ ницыуал æмбæрста. Сыстынил архайы. Къабæзтæ коммæ нал кæсынц. Нал æм хъардта, нал хъуыста йæ фарсмæ дзæгъæл сабийы хъизæмар.

Æвиппайды та бæстæ кæмдæр гуыпп-гæрах фестад. Арвы цыппар фисыны æнкъуысынц. Аксинæ рабадти. Цъæх дари фæлыст хъæдты сæрмæ, дидинæгджын фæзты æрцауындзæг топпыхосы фæздæг. Булæмæргъы зарæджы бæсты рæгътæй хъуысы дæнг-дæнг... Бомбæты рæмыгъд. Æмбисбонæй акъул и. Аксинæ Катяйы хъæлæсы хæринаг уадзы... Тыххæйты... Фæхъуыртхъом и. Цæугæ. Кæм –цъымара, кæм – æрх. Бирæгъбадæн цъассытæ. Цард-цæрæнбонты хуры цæст нæ федтой. Къахавæрæн дзы рæстмæ нæй. Аксинæйы æккой чумæдан – уæхсчытæм баст. Йæ хъуырыл – автомат ауыгъд. Саби куы иучысыл ауайы, куы йæ был æруадзы. Йæ хъæбысмæ йæ сисы. Йæ хид кæлы. Сæрыхъуынтæ – пичъи. Къæндзытæй байдзаг сты. Сылгоймаг фæллад галау æнцайы. Ныскъуыдтæ сты йæ уæлæдарæс. Дыууæ стъæлд уды. Сæ фæллад сæ тулдзы бын фæдонзоныг кодта. Хуыссæджы хай баисты. Сæрдыгон цыбыр æхсæв сæ боны къухтæм тæрсгæ-ризгæйæ радта.

Боныцъæхтыл та – размæ.

– Кæдæм цæуæм? – фæрсы йæ Катя, йе 'ккой бæхбадт кæнгæйæ.

– Нæхимæ.

– Омæ цас цæуæм, цас? – дис кæны æнахъом саби.

Фыдвæндаг сæтты Аксинæйы хъару. Цæйбæрц фаг суыдзæн йæ тых, йæ ныфс? Кæцы къахдзæфыл фæзæрдæдзæф уыдзæн? Ацы дзæгъæл сывæллон кæм баззайдзæн? Цæуынц. Бон аныхъуыры мæйдар æхсæвы. Йæ дæлфæччи йæ атъыссы. Стæй та мæйдар æхсæв хурдзаст боны амбæхсы кæмдæр йæ фæсрон.

Къахвæндаг пыхсбынты бæрзонд къуылдыммæ схызти. Далæ бынæй – хъæу. Цæй хъæу! Нал дзы уыди хæдзар, уынг бæрæг. Аксинæмæ афтæ зыны, цыма тæригъæды уæзæй йæ сыджыт дæр дзыназгæ, ниугæ кæны, дур дуры бын риссы æмæ хъæрзы. «Ам кæмдæр сты. Куы нæ бафиппайой» – æмæ тындзы, фадхъулты туг кæлы. Уаргъы бын нықъкъæдз и. Хур мигъты ауонæй нæ зыны. Мæнæ йæ разы февзæрд сосавæндаг. Чи у йæ хицау? Чи йыл цæуы? Моторы гуыв-гуыв æрбаввахс и... Уæзласæн машинæ. Гуыффæйы – сырхæфсæддонтæ. Цæфтæ. Урс кæрдæнтæй бæстытæ. Уæртæ сты. Мæнæ, гъе, нæхиуæттæ. Фæндаджы астæумæ æргæпп ласта. Шофыр фæурæдта.

– Кæдæм? Трофей дæм цæй тагъд бафтыд? – ацамыдтой Аксинæйы автоматмæ.

– Мæ бон акъахдзæф нал у. Мæ чызг амæлдзæн, уæ Хуыцаумæ скæсут, – лæгъстæйаг сын фæци.

– Сбад. Сæфæм, ирвæзæм – иумæ!

Машинæ анкъуысыд. Фæллад адæймаг æнцонæй сулæфыд.

– Павлик, мæ фыртыхстæй дæ нал базыдтон. Сергейы ротæйы æфсæддонтæй куы дæ. Сæударæй нæм дуар ды куы ныххостай. Цы фæци нæ лæг, нал æй федтай? – афарста Аксинæ, йæ рахиз цонг урс хæцъилæй баст кæмæн уыд, уыцы цæф хæстоны.

– Хорз нæ рауад. Сармадзаны нæмыг уыд æви бомбæйы схъистæ – дыууæ зæнджы дæр... ныгæнæг дæр æй нæ фæци, – йе 'нкъард цæстæнгас иуæрдæм азылдта æфсæддон. Аксинæ ныууынæргъыдта... Цæссыг цæстытæ ахгæдта...

Æрбазынд дæргъæй-дæргъмæ хид. Дыууæ немыцаг салдаты дзы лæууынц. Машинæйы раз фæцæхгæр сты. Сæ хæцæнгæрзтæ шофырмæ фæцарæзтой.

– Хенде хох! Москау капут! – дзуры бурдзалыг салдат.





Шофыр рахызти. Къухтыл хæрдмæ схæцыд.

– Уыцы ус, мæрдтæм ма дæ хъæуы де 'хсæнгарз! – ацахстой Аксинæйы хъустæ тыхст адæймаджы дзурын.

Уысмы бæрц нæ рауад. Хæцæнгарз йæ къæхты бын æвæрд. Сабыргай, хъавгæ... Автоматы къæр-къæр. Лæгсырдтæ асхъиудтой, шофыр рулмæ басæрраетт ласта. Нылхъывта йæ. Тæхгæуадæй уайы машинæ. Цæлхытæ хæрдмæ фесхъиуынц. Цæф хæстонты оф-оф райхъуысы. Чи гуыффæйы фæйнæгыл ныддæвдæг и, чи – йе 'мбалыл. Тындзынц. Сахат... Дыккаг... Ноджыдæр... Фæстаг цæлхытæй иу атахти. Машинæ йæ фазыл быры. Уæртæ вокзал. Æрлæууыди. Тас фæсте аззад.

– Цы фæуыдаиккам æнæ дæу! – йæ къухтæ кæрæдзиуыл цæгъды шофыр.

– Дæу фæуæд... мæнæ ма дын йе 'мбал дæр, – æмæ йæм автомат дæтты, стæй ын йæ мойы дамбаца дæр чумæданæй систа.

Аксинæ æмæ Катя тыххæй-фыдтæй вагонмæ схызтысты. Поезд араст скæсæнырдæм.

5

Гаги æвзæр фысым нæ фæци йæ цæрджытæн. Цæхх, кæрдзын сын æдзæстхизæй сæ размæ хаста. Аксинæйæн йæ фæллад ссыд. Сылгоймаг куыд кæны, афтæ йæхимæ базылд. Фæндаггон хæррæгътæ акалдта. Ног дарæс скодта. Уадултыл туджы уадындзтæ фæзынд. Цыбыр бурдзалыг сæрыхил тæмæнтæ скалдта. Иу изæр æхсæвæры фынгыл ныхас ныхасы къахта.

– Ус цæуылнæ курыс? – бахудти Аксинæ Гагимæ.

– Афæлвæрдтон... Кæйдæртимæ нæм кой рауад. Æртæ сидзæры... Йæ ныфс сæм ничи бахаста, – æрæнкъард и фысым.

– Уанцон нæу, исты ма сын дзидзи дарын хъæуы?

– Уый та куыд? Ды сразы уаис? – сирвæзти Гагийæ, фырæфсæрмæй цæсгом асырх и.

– Ахъуыды кæнин... Райсом куыстагур цæуын. Афтæ бадгæйæ раст нæу, – дзуры Аксинæ.

– Кæм агурыс?

– Колхозы, фермæты, хъæуы. Хуыйæгæй куыстон æрмадзы, фæлæ уый ныртæккæ никæй хъæуы...

Гаги ницы сдзырдта. Æхсæвæр фæци. Сывæллæттæ сæ хуыссæнтæ бацагуырдтой. Катя Сонаимæ диссаджы хæлар баци. Хъæццулы бын

йæ фарсмæ абырыд. Гаги къæлидоры Аксинæйы æрурæдта.

– Мемæ цæр.

– Куыд цæрон? Лæвархор уазæгæй? – фæкъæмдзæстыг сылгоймаг, лæгмæ ныккасти, цыдæр зын ын уыд йæ цурæй ацæуын.

– Куыд вæййы, афтæ! – æмæ йыл йæ цæнгтæ æрбатыхта, уаты дуæрттæ сæхиуыл рахгæдтой...

Хъуыддаг бамбæрста æппæты фыццаг Салуме, сыхæгты ус. Гаги йын æй ской кодта:

– Нæ нæуæг æфсины уынæг нæм цæуылнæ æрбауайыс?

Салуме хабар уынгты айтыдта. Зонгæтæ, хиуæттæ æрбамбырд сты. Цинтæ, арфæтæ. Æнæ фынг æрæвæргæ ма дзы цы хос уыд. Урсбоцъо хистæр фысы сæр æмæ бæрзæйæ скуывта. Аксинæ кæд æрхæндæг уыд, уæддæр бабуц и, мидбылхудт ыл тынг хорз фидыдта.

Бонтæ згъордтой... Мæй... Дыккаг... Æртыккаг. Иу халасрайсом кæрты дуар æрбахостæуыд. Хъæусоветы писыр, æрыгон чызг, Гагийы къухы гæххæтт фæсагъта. Районы æфсæддон къамиссариатмæ, дам, дын ныртæккæ цæугæйæ у. Æд фæндаггаг, æд дзаумæттæ. Фæстиатгæнæн нæй. Цом, цы гæнæн ис. Хæст. Рабæлццон Гаги.

– Мæ хъæбултæ, стæй уыцы кæйдæр саби, Катя, де уазæг фæуæнт. Кæрæдзийæ сæ-иу ма фæхицæн кæн, – йе ‘нахъом фынæй рæзгæтыл ма хуыссæнмæ баузæлыд, къухмæрзæнæй йæ цæссыгтæ асæрфта æмæ тигъæй фæаууон.

Аксинæ даргъхъæдджын бел райста æмæ колхозы быдырмæ картоф къахынмæ араст и. Уый уыцы райсом цæмæй зыдта, Иры бæстыл, ацы æнæзонгæ хæдзары йыл бонтæ æмæ азтæ ныддаргъ уыдзысты. Сæ уæззау уаргъы бын йæ армæ райсдзæни лæдзæг. Хуымон галау ныффæллайдзæни. Æмæ иу къæвда бон ацы къæсæртыл, йæ тых, йæ хъару цы хæдзары ныууагъта, уырдыгæй лидзыны къахыл ныллæудзæни.

6

Сиукъа артдзæсты цавддурау лæугæйæ баззад... Кæсы Аксинæмæ. Сау хуыз ыл бафтыди. Цыма йæ цæстытыл, йæ цæсгомыл тар æхсæв ныффæлдæхти.

– Зын заманы куы нæ фæтасыдтæ. Хъуыды ма кæныс, цы бонтæ, цы 'хсæвтæ уыди зæххыл? Дæ тухæнтæ кæд фæуиккой дзырд? – нырхæндæг и Сиукъа.





Кæддæры царды нывтæ фæстæмæ здæхынц. Æрхастой йæм йæ сабион бонтæ. Хъуыдытæ нысккъуыдтæ сты. Кæрæдзиуыл сæ тухы, æмпъузы. Цæстытыл уайы...

Сыхæгтæй Салумейы хуызæн хæлар ничи разынди. Йæхи лæг, йе 'фсымæртæ цыппарæй, йæ тиу – хæстæй сæ кой, сæ хъæр нал райхъуысти. Баззади йæ зæронд æфсинимæ. Уайтагъд бамбæрста уырыссаг сылгоймаджы мæгуыры бон. Тæригъæд у. Йæхи дзы иуварс никуы аласта.

Быдыры куыстмæ дæр иумæ цыдысты. Картоф къахынмæ, нартхор тонынмæ. Аксинæйæн йæ ныфс, йе скаст Сиукъа уыд. Рæзхæссин разынд. Се 'ппæты сæрты акасти. Боцца, Сона, Катя – кæстæртæ. Ницыма сæ бон у. Фæззыгон фæлмæн райсом Аксинæ картоф къахынил балæууыд. Тындзы йæ хайыл. Хуым дард ран нæ уыд. Фæсхъæу. Сывæллæттæ йæ фæдыл æрхæцщæ сты. Фæлмæн сыджыты бел йæ хъустæм асадзы. Урсбын ставд картæфтæ рагæр-гæр ласынц. Сабитæ æзлæгдæрæй фæлæбурынц, уидзынц. Бедрайы гыбар-гыбур ссæуы. Атухæнтæ кодтой. Стæй куы къуыбæрттæ æхсынæй хъазынц, куы хъæбысæй хæцынц. Сæ кæл-кæлæй нал æнцайынц. Уæрдонвæндагмæ азгъордтой. Лæгъз ран сын хъазын бацайдагъ. Цæндæй хастой лыстæг дуртæ. Хæдзар арæзтой. Йæ цуры æртыгуыр сты. Йæ алыварс ын сагътой къæцæлтæ – быру. Уыцы уысм кæцæйдæр æрбайхъуысти цæлхыты гыбар-гыбур, æфсæйнæгты дзыгъал-мыгъул. Далæ дæлдæр Салуме йедзаг картофы чыргъæд голладжы куыд фæцæйуагъта, афтæ:

– Аксинæ! Сау бон мыл! Кæйдæр бæхтæ фæтарстысты! Дæ сывæллæтты дын марынц! – ныцъцъæхахст ласта ус.

Аксинæ фæзылди. Фыдбылыз. Æрра бæхтæ тæхынц. Бричкæйы ничи бады.

– Сиукъа! Иуæрдæм! Нæ уынут!

Дымгæ йын йæ хъæр зыгъуымырдæм аскъæфта. Сылгоймаг асæррæтт кодта. Сæрæй къахы ныхтæм пиллон суагъта. Цавæрдæр тых æй йæ уæлныхты фелвæста. Фæндагыл февзæрд. Сабитæм згъора æви бæхтæм! Бæхтæ мæнæ... цалдæр секунды... – йæ хъæбултæ сæ цæфхæдты бын къæбазгай ныууыдзысты. Хъæр сыл кæны, йæ цæнгтæ тилы, хæрдмæ хауы, æвзиды сæм. Йæ хъæлæс ныффаз. Нæй, ницы. Айтæуыйтæ нал... Разæй дышлæйы хъæдыл йæхи ныздыхта... Ацауындзæг ыл. Уымæл зæхмæ йæ къæхтæ быцæу фæцаразы. Иуæн дзы йæ бæрзæйы гæрзыл фæхæст. Фæсвæдмæ йыл анцад. Бæх фæуыцыр, фæзылд. Иннæ фæкалд, фæфæрсыл. Уæдмæ Салуме схæццæ, уæлбыл чи куыста,

уыдон дæр æрбакалдысты. Ногифтыгъд æрра байрæгтæ. Раирвæзтысты. Æрсабыр сæ кодтой.

Аксинæ иудзæвгар зæххыл хаудæй баззад. Йæ зæрдæ йе 'муд нал цыд. Сиукъаитæ йæ уæлхъус слæууыдысты. Уыцы минут цы?.. Фæстæдæр сæм бахъардта, сау ингæнæй сæ кæй байста, уый. Уыдоны бæсты дзы йæхæдæг кæй фæцæйхаудта...

Цæстыты раз слæууыд...

Хæст... Хæсты дзæхст фæцыди Иры зæххыл дæр. Аксинæйы æрæйййæфта уыгæрдæны. Хос карста Гагийы цæвæгæй. Сабитæ йемæ. Къуыбыртыл ратæх-батæх кодтой. Тыдтой дидинджытæ. Хъулонбазыр гæлæбутæ ахстой. Къуырриццытæ. Аксинæ цæвæджы комыл дæрзæг цигæс æрсæрфта, йæ сывæллæттæм цæст дарын дзы нæ ферох. Æнæрхъуыдыйæ йæ рахиз къухы амонæн æнгуылдз æрбалыг. Туг акалд. Дугъысыф ратыдта. Йæ дзыппæй урс хæцъил фелвæста. Бæтты йæ. Уыцы минут мигъы бынæй ратæррæст ластой знаджы къорд хæдтæхæджы. Бомбæты гуымс-гуымс... Моторты гуыр-гуыр æмæ къæс-къæсæй зæрдæ ризы. Бынты сæхи æруагътой. Пулеметты къæр-къæр хъæдбынты ныццарыдта... æхсынц фæндаггæтты, донбыл фыййæутты, быдыры кусджыты. Сывæллæттæ фыр тæссæй Аксинæйы цурмæ æрбазгъордтой.

– Æрхуыссут!

Нæудзарыл æрхаудтой. Адæргæй сæ кæрæдзийы бын бырынц. Аксинæ сыл дæлгоммæ ныххуыссыд. Йæ къабæзтæ сыл байтыгъта, карк къæвда бон йæ цъиуты йæ базырты бын куыд бакæны, афтæ. Йæ быны сæ нуæрды. Сиукъайы сæр йæ роцъойы бын тæлфы. Сæ хъуыргъуындæг цæуы. Сæ сæрмæ пулеметы къæр-къæр ссыд. Мæлæт йæ цæвæг райста. Хъуамæ ныккала лæджы туг. Скæуын кæна искæй мады. Бахуыйа йыл саутæ. Йæ цæстытæй йын сараза цæссыджы култæ. Нæмгуыты æхситт... Аксинæйы фарсмæ сæ тив-тив ссыд. Йæ цæсгомыл уымæл сыджыт æрбакалд. «Ух-х, цъаммартæ, бабын стæм!» Уæдмæ сæ комкоммæ фæзындысты сырх стъалыджын хæдтæхджытæ... Хæст... Уæлдæфон хæст. «Дунейы фарн, бирæгъты хъæлæсы нæ ма баппар,» – скатай Аксинæ. Чысыл фæстæдæр тыхгæнджытæ мигъты фæсчъылдым æрбатар сты.

Сиукъа нæ рох кæны...

Адæймаджы зæрдæ йæ риуы кæмæн ис, уымæн йæ цæссыг ма æркæла, уый гæнæн нæй. Фашисттæн Иры бæстыл сæ кой, сæ хъæр





нал и. Фæлæ сæ фæд алы къуымы дæр ныууагътой. Цыппар æнахъом сабийы пецыл сæхи ныхасынц. Нæй, нæ сæ 'ндавы. Цы дзы бандзарой! Æххормаг сын у. Се скаст Аксинæмæ у. Ау, æхсæвæрæн ницы амал ис? Ницы. Аксинæ сывæллæтты йæ хъæбысы æрбатухы. Сæ гыццыл къухтыл сын йæ хъарм комытæфæй фу-фу кæны. Агъуысты къуымты уазал смаг йеддæмæ никуы ницы ис. Гаги сын цы лæувæздон хъуг ныууагъта, уый немыцаг салдæттæ уынджы сæргæвстой. Кæрчытæн, хъазтæн сæ пакъуы скалдтой. Дзæргъ æд хъыбылтæ йæ хуыдоны хуыссыд. Афицер сыл дамбацайы нæмгуытæ банымадта... Цæхæрадоны быру басыгътой. Нартхоры къутумæ сæ бæхты бауагътой. Гæвзыкк, æххормаг ныууагътой сæ фæстæ. Мæгуырдзинад уынгты дзойтæгæнгæ хилы. Хæдзары къултыл, йæ царыл урс-урсид халас сбадти. Фæтæгены фæстаг цъыртт фæуынмæ хъавы. Æнæавг цырагъ гæзæмæ рухс кæны.

– Схуыссæм, – æмæ фондзæй дæр иумæ батылдысты. Уазал. Саударæг ус катайы бацыд. Йæ зæрдæйы судзгæ хъæдгæмттæ ниуынц, уырауынц, йæ хуыссæджы хал кæдæмдæр фæлыгъди. Стонг сабитæ йæ бынмæ бырынц.

– Уæлæмæ, фынæймæ нæ не 'вдæлы! – боныцъæхтыл дуар æрбахоста Салуме.

Аксинæ фестад. Сиукъайы бауыгъта. Лæппу хуыссæнæй рахызти. Пиджачы йæхи æрбатыхта. Къæхтыл – цырыхъхъы зæрæдтæ. Арæвдз и. Дуармæ февзæрд.

– Иннæты ма райхъал кæн, не 'фсин сæм йæ хъус фæдардзæн, – æмæ сæхимæ ауади Салуме.

Уынджы йæм æнхъæлмæ каст лæгуæрдон. Аксинæйы кæртыдуар байгом. Уырдыгæй дæр ахæм дыдзæлхыг уæрдон ратылди. Салуме анцади. Йæ хæд фæстæ – йæ сыхæгтæ. Сæууон уæлдæфы райхъуыст цæлхыты гыбар-гыбур. Сиукъа згъоры. Куы Салумейы цур февзæры, куы Аксинæйы. Митвæндæгтыл æрбадымы дзæгъæл дымгæ. Салд райсом æмæ æххормаг бон сæ рæбыныкъæдзтыл рабадтысты. Стонг! Уый адæймаджы цы нæ зындон ранмæ баскъæры. Цы нæ уынгæджы бон ын æрцауындзы йе 'ккой. Хатт фесафы лæджы цæсгом. «Къæбæр мын авæр», – бахойын ын кæны искæй дуар. Йæ разæй скодта тыхст сылгоймæгты дæр.

Æрхæццæ сты æхсынæны хуымтæм. Æндзалмы стæвдæн хæтæл. Фæззæджы æнæкарстæй баззад. Ныр æй адæм артагæн ласынц. Æхсæнмæ-æхсæнты дзы ис хуыскъæлы хиталджытæ. Сæ быны

– хуыскъæлтæ... Æрулæфыдысты. Салумейы рифтаджы – арты фых милабырынкъ картæфтæ. Æртæ дихы сæ фæкодта. Сиукъа зыдæй фæлæбурдта. Цæй катайаг хуыз ын ис. Йæ цæсгом рынчын зæронд лæджы цæсгомау нынцъылдтытæ, смæллæг, йæ царм сбур и, æвзонгдзинады тыбар-тыбур цыдæр фæци. Кæрдынц хæтæлтæ. Уæрдæтты сæ амайынц. Фароны картофдæтты агурынц картофы бындзгуытæ. Къахынц хуыскъæлтæ. Салд зæххы хъыррыст фæцæуы. Бел зæххы тыххæй-фыдæй нынныхсы. Адæймаг царды сæрыл цардимæ уæхскуæзæй хæсты бацыди. Аксинæ æмæ Салуме ногæй сæхи лæгуæрдæтты баифтыгътой, хъæумæ. Варгъ фæуæззау и. Уыйхыгъд ахсæв пецы судздзæни арт, уыдзæни æнæбары æхсæвæр.

Сиукъа æрымысыд уыцы бон...

Сусæны мæй. Мæнæугæрдæнтæ. Зæрæдтæ, устытæ, æрыгон чызджытæ, лæппутæ райстой æхсырфытæ, цæвджытæ. Хуым кæрдынц фæсхъæуты, фаллаг фæрсты. Аксинæ сулæфт нал зоны. Æхсырф, цæвæг систы йæ хæцæнгарз. Найгæнæн мусы машинæ иу куырис иннæйы фæстæ ныхъхъуыры. Сиукъа, Боцца, Катя æмæ Сона дæр Аксинæйы фæдыл уым балæууыдысты. Карст, ссывд хуымты уыгътой æфсиртæ. Адæм сыгъдæг мæнæу голджытæм æвгæдтой. Сæ кæмттæ сын бастой. Кæрæдзи сæрыл сæ рæдзæгъдтæй амадтой. Цалдæр цæды бæхтæ-бричкæтæ фæзындысты. Голджытæ сыл æвæрынц.

– Фыццаг чырæ хорисæн пунктмæ! Чи фæцырд уыдзæни?

– Æз, ныртæккæ сæ схæццæ кæндзынæн, – зыгуымæйдзæгтæй æрбауад Аксинæ.

Цыдæр гæххæтт æм авæрдтой. Райста ехс. Раззаг бричкæйы сбадти. Рохтæ æрбалхъывта. Бæхтæ бацырд сты. Иннæтæ – сæ фæдыл. Усæй, лæгæй йæ фæстæ нымдзæгъд кодтой. Цымæ мæйдар æхсæвы зын фæндæгтыл йæ размæ рухсы тын æрхауди, уыйау бахудти Аксинæ. Сиукъа афтæ æнхъæл нæ уыд...

Сиукъа, Боцца, Катя æмæ Сона хъæдæй æрхæццæ сты. Сæ къухты – къаннæг рифтæгтæ. Сатæг æхсæрæй – дзаг. Кæрты астæу тымбыл бадт æркодтой. Аксинæ сæ уæлхъус алæууыд. Фæллад, тызмæг æнгас, цæуылдæр мæсты. Йæ хъæлæсы уаджы йын фæхатыдтой тасы мыртæ. Рагæй сæм ис хъуг, фыстæ, сæгътæ, хуытæ, кæрчытæ. Холлаг сын хъæуы зымæгмæ. Аксинæ донгуырæны хосы мæкъуыл ныккарста. Чидæр ын æй адавта.

– Æхсæртæ дын æрхастам...





– Кæм уыдыстут?

– Хъæды!

– Абон быдырмæ куы цыдтæн, уæд уын куыд бафæдзæхстон? Скъоламæ уæ мачи байрæджы кæнæд! Сымах та æндæр ранмæ акъуырттат! – фæцъæхахст сыл ласта... Кæцæйдæр цъæхснаг уис раскъæфта... Æвæццæгæн, адæймаджы уд зындоны рыстæй куы сриссы, уæд хаттæй-хатт искæуыл йæ пырх акалы, кæд ын фенцондæр уаид. Сабитæ фыртæссæй асæррæттытæ ластой. Чи – цæхæрадонмæ, чи – æмбæхсгæ. Се 'хсæртæ кæрты баззадысты.

Сиукъайы хъустыл ма уайы...

Рæстæг уад у. Аз азы фæдыл афардæг. Æрталынг. Сабитæ стъолы алыварс бадынц. Ахуыр кæнынц сæ уроктæ: чи – фысгæ, чи – кæсгæ. Чидæр тыргъы къæсæртыл схызти. Фаллаг уатæй хъуысы сабыр ныхас. Афтæ мынæг хъæлæсæй никуы никæимæ фæдзуры Аксинæ. Сиукъа сыстад. Кæд исты æнамонд хабар æрбахастæуыд. Цыма йыл тæрхъусдзармæй уæфсытæ уыд, йæ къæхты уынæр нæ райхъуыст. Рудзынджы цурмæ балæууыд.

– Хæст раджы фæци. Æгас ма чи баззад, уыдон æрыздæхтысты. Дæ фыццаг лæг, стæй Гаги дæр рухсаг уæнт. Кæмдæр бабын сты. Айразмæ дæр дын загътон: нæ цард баиу кæнæм, – ауади Сиукъайы хъустыл.

Уый уыд колхозы мыдгæс Гуга, йæ ус амарди.

– Айæппæт сидзæртæ уадзгæйæ не сты. Сæ фыд йæ адзалы фæндагыл куы араст, уæд сæ мæнæн ныффæдзæхста, – дзуры сындæгтай Аксинæ.

– Цы дын фæуыдзысты, цы? Кæйдæр сывæллæттæ. Сидзæрдонмæ сæ ратт. Искæд бон дæ сæ уæрагæй скъуырдзысты, – амоны йын Гуга.

– Кæд мæ фыдæбон бамбарой, уæд хорз... Кæнноддæр...

– Дæ райсомыл дæ ахъуыды хъæуы. Дæхи галау сифтыгътай. Цы уынгæджы фæдæ? Дæ уд цæуыл хæрыс? Стæй, Катя – бынтон æцæгæлон чызг... Уый та ма дын циу?

– Катя... йæ фыд Финляндийы хæсты фæмард. Йæ мад Зояимæ хæларæй фæцардыстæм... Мæхи хъæбулимæ сæ иу ингæны баныгæдтон... Цæй, уыдæттæ зонын дæу ницæмæн хъæуы. Идæдз усы хæдзармæ цæуын аив нæу. Афардæг у! – фæцæхгæр и Аксинæ. Лæджы бандоны къæс-къæс ссыд. Сыстад. Пъолыл цырыхъхъыты уынæр хъуысы. Сиукъа фæстæмæ йæ бадæны абадти.

Сиукъа куыд ферох кæна уыцы æхсæв...

Тъæнджы мæй. Сиукъа уæд институты фæстаг курсы касти. Æрвылаз дæр, куыддæр сæ каникултæ райдайынц, сæ хæдзары батæлфы. Никуыцæй зыны ацы хатт. Фыстæг дæр дзы нæй. Уынæг дæр æй нæ фæци. Аксинæ скатай. «Цы хабар у, бабæрæг æй хъæуы». Йæхи арæвдз кодта. Райсом сæударæй сыстад. Хъарм дарæс скодта. Салдаты четæн дзæкъул – йе ‘ккой. Царв, цыхт, дзидза, дзадджджын чъиритæ, дыргътæ, арахъхъы дурын. Кæддæрау йæ зæрдæ йæ хæдзармæ нал æхсайы. Боцца æфсады ис. Катя æмæ Сона дæсæм кълас фесты. Фермæйы хъугдуцджытæй кусынц. Æхсæв сæхимæ сты. Дзоныгъвæндагыл дзæвгар фæцыди. Бæстæ уыд æнкъард, æгуыппæг. Асæст арвæй иугай миты гæлæбутæ хаудта. Стæй куыдфæстагмæ тынгæй-тынгдæр райдыдта. Исты амæлттæй сосæ фæндагмæ куы ныфтид. Дымгæ райхъал, рæгътыл ниуы, доны былтыл тъизы. Митфæлдзæгъдæн здухы. Бæлццоны цæсгом ныцъцъыкк ласы, нырриуыгъы йæ. Размæ! Кæм и Сиукъа! Хъæд æрталынг и. Æгæр, афтæ тагъд? Гæппы бæрц йеддæмæ нæу зымæгон бон. Цæуæг, змæлæг нæй. Ссæнды размæ. Хъæдæй рахызти. Цыма фæрухсдæр. Доны сæр-сæр хъуысы. Цæст рæстмæ нал ахсы фæндаджы ныв. Мæнæ цæхгæрмæ фæд. Балбирæгъты фæд. Судзгæ катай зæрдæ 'хсыны. Сæрыхъуын арц сбадт. Сур хид акалди. Буары дыз-дыз ссыд. Ныффæллад. Тымыгъ йæ сонт къуыззиттæй не 'нцайы. Цæугæ! Æндæр хос дзы нæй.

Аксинæ размæ куыд асхъиудта – нæ йæ фæхатыдта. Кæдæмдæр кæй хауы, уый фембæрста, цæстытæ атар сты. Цы йыл æрбамбæлд? Ус базмæлыд. Къухтæй сгары. Астæуæй дæлæмæ аирвæзт ихджын доны. Рабырыди малæй. Дзæкъул æккойæ нæ ахаудта. «Адзал мæ цы ран æрæййæфта. Сиукъайы нал фендзынæн уæдæ?» Уæлæдарæс асалдис. Буар ихы къæртт фестад. Æнгуылдзтæ коммæ нал кæсынц. Æфсæрыкъæдзтæ кæрæдзийыл сæхи хойынц. Цæйдæр уынæр йæ хъустыл ауад. Куыдзы рæйын. Аздæхти уынæры 'рдæм... Цæуы... Уæртæ цырагъы рухс. Уый хъæдгæсты хæдзар у. Кæддæр ма йæ федта.

– Уæ, хорз адæм, уæ куыдзы мæм ма рауадзут!

– Мидæмæ, чидæриддæр дæ! – фегом агъуысты дуар, разгъордта дзы адæймаг.

Уый уыди уырыссаг зæронд лæг. Рагон хъæдгæс. Адæм æй хуыдтой фыды номæй, Кузьмич. Куыддæр Аксинæ къæсæрæй фæмидæг и, афтæ:

– Гыцци, кæцæй, уый цы хуызæн ныддæ!?– фестад йæ бадæнæй.





– Диссæгтæ! Сиукъа! Дæу агурæг куы рараст дæн! Офф-офф, доны аирвæзтæн! – аджих Аксинæ.

– Уазæгуаты уыдтæн, кæддæр дын цы Надяйы кой кодтон, уыдонмæ. Пединституты ахуыр кæны. Ныр та нæхимæ, дæумæ цæуæм. Уæртæ йæ фен, пецы фарсмæ слæууыд. Ам ныл æрталынг и, – ацамыдта йын Сиукъа Надямæ.

Надя æфсæрмдзастæй йæ сæр бынмæ æруагъта.

– Мæ чындзаг! – æмæ Аксинæ йæ уазал армы тъæпæнæй Надяйы фæлмæн хъарм рустæ хъавгæ, узæлгæ æрсæрфта.

7

Дуар фегом. Джихтæгæнгæ æрбахызти Катя. Фермæйы хъугдуцæг, чындздзон чызг. Йæ хъæддых уæнгтыл æнгом бады игæрхуыз къаба. Кæддæр ын йæ мад Зоя цы сырх фæрдгуытæ балхæдта, уыдон – йæ хъуырыл. Иунæг хæзна, иунæг зæрдылдарæн, йæ ныййарæгæй йын цы баззад, уый. Искуы æрæвæрын сæ йæ цæст никуы бауарзта. йæ фæлмæн сæрыхъуынтæ – уæхсчыты онг. Урсцъар цæсгомыл – иугай сау стъæлфытæ. Цыбыргомау схъæл фындз. Æмбаргæ сабыр цæстытæ фезнæтхуыз сты. Аксинæйы æнкъардæй ауыдта. Сиукъамæ цыдæр сцæйдзырдта, фæлæ уæдмæ Сона артдзæсты уыциу мидæг сси. Уæнгджын чызг. Усгур лæппутæ сæ фыны арæх кæй уынынц, ахæм. Дзыккутæ ехсбыдæй уæнтыл æппæрст. Дæргъæлвæс цæсгом æрбатар и. Катяимæ дæс къласы каст куы фесты, уæд къуырийы фæстæ сæ гуырыконд фермæмæ сарæзтой. Йæ хæд фæстæ къæсæрæй йæ сæр æрбадардта Салуме дæр.

Хъæрæй дзургæ, йæ худын тыххæй уромгæ, фæзынди Боцца. Колхозы шофыр.

Бензины тæф йемæ æрбахаста. Ставд уæнгтæ, ставд сырх бæрзæйы хицау. Сæр – булкъдаст. Куы бахуды, уæд йæ цæстытæ сæхи кæмдæр арф ран амбæхсынц. Йæ риуы дзыпмæ нывнæлдта. Сырх туманты гуыппар дзы сласта. Аксинæйы æртты сæ фæсагъта.

– Мæ мæйы мызд. Туман дзы мæхицæн ныуузгъон – кæйдæр чызгæн къафеттæн! – æмæ худæгæй бакъæцæл.

– Кæсыс дæ цыкурайы фæрдгуытæм! Ацы сидзæрты мæтæй дыл хур бон хур куы нæ каст, уазал бон дæ арт куы никуы батавта, уæд сæ дæ сæр кæдæм сафыс! – бауырдыг æм и Салуме.

– Лидзгæ кæны, нал лæууы! – фыдоххуызæй йæ кæстæрты 'рдæм йæ сæр банкъуыста Сиукъа.

– Кæдæм? Æнæхицау зæрæдты хæдзармæ, – фæцырд и Надя.

– Цæй, никуыдæм, афтæ æнæуи, – фæтыхсти Аксинæ. Йæ бандонæй сыстад. Йæ хуылыдз кæлмæрзæн æмæ палто раласта.

– Не схæссæг, гыцци! – æмæ йыл фæйнæрдыгæй сæхи æрбаппæрстой.

Аксинæйы цæсгом фæрухс и, мидбылхудт ыл ахъазыд, йæ цæнгтæ байтыгъта æмæ йе нæныййаргæ хъæбулты йæ домд риумæ æрбалхъывта, кæддæр сæ тъæнджы мæйы халас цары бын йæ хъарм хъæбысы куыд нуæрста, афтæ.





# ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ



## БЕСТАУТЫ АЛАНÆ

Поэзийы дунейы сусæг фæндæгтæм йæ фыццаг къахдзæфтæ уæндонæй кæны Дзæуджыхъæуы центрон библиотекæйы литературон къорд «Суадон»-ы архайæг, литературон преми «Булæмæргъ»-ы лауреат Бестауты Вигентийы чызг Аланæ.

5-æм къласы ма куы ахуыр кодта, уæд райдыдта æмдзæвгæтæ фыссын. Ныртæккæ ахуыр кæны ЦИПУ-йы ирон филологийы факультеты.

## РÆСУГЪД ИЗÆР

Рæсугъд изæр. Цы ма вæййы хуыздæр?
Сæрдыгон уддзæф 'рбахæссы дæ хъæлæс.
Ды дæр кæныс, æвæццæгæн, кæмдæр
Мæ сау цæстытыл иунæгæй дæ сагъæс.

Рæсугъд изæр. Никъуылы мæм йæ цæст
Дæ сау дзыккутау арф арвæй уæззау мæй.
Уæззау ысты йæ хъуыдытæ, йæ маст,
Уый басыгъди нæ зæрдæты цæхæрæй.

Рæсугъд изæр. Йæ адджын тæфæй мæн
Ныххуыдуг кодта, нал зоны улæфын.
Фыдрæгъæд дыргъау зæрдæ у фæлмæн.
Дæ къахвæдтыл æз ивылд донау згъорын...

Рæсугъд изæр. Цы ма вæййы хуыздæр?
Уый федтон æз дæ цæстыты æнгæсы.
Мæнæй дæ кæд æндæр уарзы фылдæр,
Уæд уый уыдзæн дæ мад кæнæ дæ Хуыцау...





## КÆМÆНДÆР

Цæуыл у дæ катай, мæ хуры æнгæс?
Дæ цæсгомæй ивылынц дæттæ.
Къæвдабон æруадзы йæ цæнгтæ бæлас.
Цæмæ скъуыйы мургай дæ зæрдæ?

Кæд федтай дæ иунæджы 'ндæримæ знон,
Æви йæ нæ федтай бынтондæр?
Дæ зæрдæ тыхджындæр цæуыл кæнид сонт?
Нæ быхсы йæ уарзтæн æндон дæр.

Дæ цæстытæ фестынц гуылфгæнгæйæ арт,
Куы та сыл ыстыр зæй æрцæуы.
Фæкæсы дæм хатгай сæкæр дæр æнад,
Дæ уд та хъуырмæ уæд ыссæуы.

Цæуыл у дæ катай, мæ хуры æнгæс?
Цы уаид дæ удæн æнцондæр:
Фыдуарзтæй кæйдæры мæлæты онг уарз,
Æви а зæххмæ ма 'рцу бынтондæр...

## ÆЗ АФТÆ ÆНХЪÆЛДТОН...

Æз афтæ æнхъæлдтон, лæджы ном ыссарын,
Æппæтæй æнцон у зæххыл.
Æз афтæ æнхъæлдтон, рæсугъд зарæг зарын,
Æнкъардæй дæр уды фæнды.

Æз афтæ æнхъæлдтон, куы 'рцæуы нæм уалдзæг,
Æппæтæн вæййы уæд æхцон.
Куы вæййы лæджы зæрдæ кафаг 'мæ зараг,
Йæ цард дæр вæййы уæд æнцон.

Нæ разынди цардæн йæ мидис та афтæ.
Цы ма йыл кæнон уæд æнкъард...
Бæрзонд арвы ронæй ысластон æндæхтæ,
Быдтон дзы æз хъавгæ фæндаг.

Нæ цард та мыл рацыд мæнгард æмæ хинæй,
Йæ цæсгом мæм равдыста 'ргом.
Мæ цæссыг-иу калдтон кæддæрты фыр цинæй,
Ныр нал дæн кæуынæн дæр хъом.

Æфхæрд лæг æфхæрд у. Цы ма йын кæндзынæ?
Кæм тæрсы хуылыдзæй донласт.
Фыдæлты æмбисонд кæддæриддæр раст у:
"Æмдзу кæны цинимæ маст".

## УАЛДЗЫГОН УДДЗÆФ

Уалдзыгон уддзæф мæ зæрдæйыл сæмбæлд,
Бахызти риуы æнæкæрон цин.
Хуры фæлмæн тынтæ, дымгæйы улæфт...
Уды уæздан зарæг семæ ысиу...

Раст цыма усгурау, мидбылты худгæ,
Уалдзыгон уддзæф мæ размæ цыди.
Райхæлди дидинау, никуы-ма афтæ
Зæрдæ йæ фыр цинæй расыг уыди...

Федтон дæ бакаст, федтон дæ цæстытæ,
Уалдзыгон уддзæф сæ æнгæс куы у.
Зæрдæйы арфмæ дæр уый тыххæй, судзгæ,
Уалдзæджы уддзæф æхцонæй хызти...

Уалдзыгон уддзæф мæ зæрдæйыл сæмбæлд,
Уымæн кæлæн дæр йæ разы та циу?
Афтæ æхцон ма куы вæййы нæ фембæлд,
Зæрдæты куыст дæр куы ысвæййы иу...





## ДЫУУЫН ФЫЦЦÆГÆМ ДУГ

О, цардивæн, нæ дæ 'рхастон мæ сæрмæ,
Æз де скондыл нæ разы кæнын, зон.
Æппæтæн дæр нæ дуджы ис æлхæнæн.
Уæ зæрдæтæн цæмæн у уый æхцон?!

Лæвайраг уæм цæмæ кæсы адджындæр?
Уæ хиды 'ртахæй чи нæ у æхсад.
Кæуылдæрты куы бакалут зынджытæ,
Куыд æнхъæлут, нæ дзы судзут сымах?!

Рæсугъддзинад – ыстыр кад æмæ намыс,
Сыгъдæг цæсгом – рæстдзинадæй æхсад.
Кæд уыдонмæ дæ уды бæрц нæ бæллыс,
Уæд къæхты бын ныккæндзынæ дæ кад.

Нæ дæ 'мбарын, нæ дæ хæссын мæ сæрмæ,
Æнæуынон дæ, цардивæны дуг!
Мæ фыдæлтæ цы ныууагътой сæ фæстæ,
Ныккалдтой, зонын, уыдонил сæ туг.

Æз уыдоны æгъдауы сæрыл мард дæн,
Сæ уæлмæрдтæн дæр табу кæнын æз.
Ды та, нæ цард, цы рахастай нæ размæ?
Мæнгардæй нын нæ сабитыл цæуыс.

Нæ дæ хæссын уæддæр, нæ цард, мæ сæрмæ,
Дæ дуджы сконд мæ удмæ нæу хæстæг.

***

Ирон лæг йæ фыртæн куы нæ уа фæзминаг,
Кæй фыртæй уæд райсдзæни лæппу дæнцæг?
Кæд вæййы лæджы цард уæлæуыл кæуинаг? –
Йæ бындур хуыздæрмæ куы нæ цæуа, уæд.

Ирон лæг йæ Зæдтæм куы нæ кува арæх,
Нæ кувдзæни уымæн йæ кæстæр дæр уæд.
Фыдæлты æгъдæуттæ куы баззайой рохуат,
Кæндзыстæм, ирæттæ, уæд искæд æвæд...

Ирон худ кæнынæн фыд аккаг куы нæ уа,
Йæ фыртыл нæ фидауы цухъхъа дæр уæд.
Æгъдауæн хæдзары йæхи аргъ куы нæ уа,
Зæгъут-ма, ирæттæ, цы уыдзæн нæ цард?..

Ирон лæг йæ фынгыл йæ хистæрты нæмттæ
Сыгъдæг дон, къæбæрæй куы нæ ссара, уæд, –
Йæ фыртæй дæр искуы, куы цæл кæна афтæ,
Уæд ферох уыдзæни йæ фыды бæркад...

Ирыстон фæрныг уæд, фæцæрæд нын бирæ,
Хуыцауыл фæдзæхст уæд нæ адæмы цард.
Æрмæст уæ æз курын, о Иры хъæбултæ,
Нæ фыдæлтæ – рухсаг. Ныр та у нæ рад!..





## АИВАД ÆМÆ КУЛЬТУРÆ

*БДАЙЦИАТЫ Земфирæ,*
*КАСАТЫ Аслæнбег*

# ЛИТЕРАТУРОН ХÆЗНАТЫ АРТДЗÆСТ

Ирон драматургийы бындурæвæрæг, абон дæр ма нæ адæм аккаг аргъ кæмæн не скодтой, дзæнæты бадинаг Брытъиаты Елбыздыхъо йæ революцион куысты тыххæй 1906 азы йе 'мтохгæнæг Хъесаты Георгиимæ Назраны фидары ахæсты куы бадти, уæд фæрынчын. Цасдæр рæстæг æй фæдзæбæх кодтой, æмæ, куы фæхуыздæр, уæд иу æхсæв фыссын райдыдта йæ драмæ «Дыууæ хойы». Фысгæ-фыссын-иу куы сылгоймаджы, куы нæлгоймаджы хъæлæсæй сдзырдта. Уыдæттæм хъуыста йе 'мхъуыдыгæнæг, революционер Хъесаты Георги, фæлæ йæм ницы дзырдта. Райсомæй куы 'рбарухс, уæд Георги Елбыздыхъомæ бацыд æмæ йын тæригъæдгæнæгау загъта, бынтон кæй нæма фæдзæбæх æмæ æхсæвы сæнттæ кæй цагъта. Уыцы ныхæстæм Елбыздыхъо байхъуыста æмæ йын худгæйæ афтæ:

– Уый æз драмæ фыстон.

– Цавæр драмæ, куынæ нæм театр ис, куынæ – артисттæ?!

Елбыздыхъо та йæм бахудт æмæ йын дзуапп радта:

– Театр дæр нæм уыдзæн æмæ артисттæ дæр. Æз та сын репертуар цæттæ кæнын!

Елбыздыхъо йæ цардæй куы ахицæн, уымæй дыууадæс азы фæстæдар, 1935 азы, Ирыстоны уыд стыр бæрæгбон – байгом Ирон драмон театр.

Уæдæ ирон литературæйы, суанг нæ фыццаг профессионалон поэт Мамсыраты Темырболат æмæ рухстауæг, этнограф Хъаныхъуаты Иналæй райдай, æмæ абоны онг цал хъуыстгонд фыссæджы ис: Къоста, Секъа, Созырыхъо, Ахмæт, Гаппо, Арсен, Гино, Цомахъ, Мысост, Барон, Тæтæри, Яков, Нигер, Чермен, Мухарбег, Хазби, Дæбе, Куыдзæг, Зинæ, Розæ, Дауыт, Грис, Максим, Гафез, Нафи, Хадже, Шамил, Тотрадз, Æхсар, Дауырæ, Музафер, Хъасболат, Батрадз!.. Се

сфæлдыстады фылдæр хай комкоммæ баст у ирон адæмы цардыуаг, культурæ æмæ æгъдæуттимæ, уыдоны фæрцы нæм æрхæццæ сты нæ рагфыдæлты дзургæ сфæлдыстады хуыздæр уацмыстæ гæххæттыл фыстæй.

Æцæг фыссæг йæ адæмы рыст хи рыстау æмбары, вæййы нацийы цæсгом. Махæн ахæм у ирон аивадон литературæ æмæ ирон литературон æвзаджы бындурæвæрæг Хетæгкаты Къоста. Йæ ном канд Ирыстоны нæ, фæлæ сыхаг республикæты дæр у тынг бæрзонд бынаты æвæрд. Уымæн та æвдисæн у уый, æмæ, балхъайраг поэт Хъайсын Кулиевы кæддæр куы бафарстой, дæ фыд чи у, равдис-ма нын æй, уæд, æнæ уæлдай ахъуыды кæнгæйæ, йæ дзыппæй сласта Къостайы къам. Æрвон тыгъдады стъалытæй дæр иу Къостайы ном дзæгъæлы нæ хæссы. Йæ номыл ын байгом кодтой алыхуызон культурон объекттæ, бæстыхæйттæ.

1939 азы та, Советон Цæдисы Адæмон Комиссарты Совет æмæ ÆКП(б)-йы Центрон комитеты уынаффæмæ гæсгæ Хетæгкаты Къостайы райгуырды 80 азы юбилеймæ Дзæуджыхъæуы (уæды Орджоникидзейы) йæ номыл байгом Ирон литературæйы музей (уæвгæ, йæ истори нымад цæуы æртæ азы раздæрæй).

XIX æнусы кæрон уæды интеллигенцийы минæвæрттæм сæвзæрд рагон дзаумæтты æмæ мигæнынады иуæгты музей саразыны хъуыды. Сæ размæ цы сæйраг дыууæ хæсы æвæрдтой, уыдонæн сæ фыццаг уыд ссарын музей саразынæн фæрæзтæ, дыккаг – рагон дзаумæттæ æрæмбырд кæнын. Цалынмæ сæ фыццаг хæсыл бинонтыгдæр хъуыды кодтой, уæдмæ дыккаг æххæст кæнын райдыдтой, æмæ уал рæстæгмæ æрбынат кодтой Терчы облæсты статистикон комитеты бæстыхайы. Уый уыд 1891 азы.

1892 азы 10 мартъийы арæзт æрцыд сæрмагонд къамис: инæлар-майор Писарев, инженер-архитектор Грозман, облæсты инженер Рябикин, облæсты хъæдгæс Тускъайы-фырт, статистикон комитеты нымæрдар Вертеповæн баргонд æрцыд, цæмæй бацæттæ кæной музей саразыны фарста. Ууыл алыхуызон æмвæзадты ныхас цыд æнæхъæн афæдз. Цы хъуыдымæ æрцыдысты, уый тыххæй 1893 азы фехъусын кодтой адæмæн уæды периодикон рауагъдæдты. Сæ хъæппæрис æхсæнады зæрдæмæ тынг фæцыд. Адæм райдыдтой æмбырд кæнын æхца æмæ, музей кæмæй хъуамæ сфидыдтаид, ахæм дзаумæттæ. Музеймæ хастой, цы зæронд зынаргъ дзаумæттæ сæм уыд, уыдон: чингуытæ, къамтæ,



# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ







80 АЗЫ

# МУЗЕЙЫ СÆРГЪЛÆУДЖЫТÆ



**Калоты Надежда**
(СОНИИ æмæ музейы директор)
1936 азæй – 1937 азмæ



**Боциты Барон**
(СОНИИ æмæ музейы директор)
1939 азæй – 1943 азмæ



**Баллаты Темболат**
1943 азæй – 1949 азмæ



**Хуыбецты Рая**
1950 азæй – 1952 азмæ, 1975 азæй – 1982 азмæ





**Дзанайты Сергей**
1952 азæй – 1955 азмæ



**Магкæты Арсен**
1955 азæй – 1959 азмæ

Къам ын нæ баззад

**Калоты Риммæ**
1959 азæй – 1969 азмæ



**Хъайттаты Сергей**
1969 азæй – 1975 азмæ



**Цæллагты Владимир**
1982 азæй – 1984 азмæ



**Томайты Мисурхан**
1984 азæй – 2020 азмæ

| НОМХЫГЪД | КУЫСТОЙ |
|---|---|
| Калоты Надеждæ | 1936 азæй 1937 азмæ |
| Боциты Барон | 1937 азæй 1943 азмæ |
| Баллаты Темболат | 1943 азæй 1949 азмæ |
| Хуыбецты Рая | 1950 азæй 1952 азмæ<br>1975 азæй 1982 азмæ |
| Дзанайты Сергей | 1952 азæй 1955 азмæ |
| Магкæты Арсен | 1955 азæй 1959 азмæ |
| Калоты Риммæ | 1959 азæй 1969 азмæ |
| Хъайттаты Сергей | 1969 азæй 1975 азмæ |
| Цæллагты Владимир | 1982 азæй 1984 азмæ |
| Томайты Мисурхан | 1984 азæй 2020 азмæ |
| Касаты Аслæнбег | 2020 азæй |



**ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТАЙЫ НОМЫЛ ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ МУЗЕЙЫ ÆВÆРÆНТÆ БÆСТОНГÆНДЖЫТÆ**



**Джыккайты Дунетхан**
1959 азæй – 1986 азмæ



**Бдайциаты Земфирæ**
1987 азæй



**Дзæуджыхъæуы Сыгъдæг Мады Майрæмы аргъуан – Хетæгкаты Къостайы номыл ирон литературæйы музейы дыккаг бастыхай. (1940-1961)**



Музейы кусджыты къорд



Галиуæй рахизмæ: драматург Хуыбецты Рая æмæ поэт Хостыхъоты Зинæ



Музейы кусджыты æмæ уазджыты фембæлд Цæголты Василиимæ.
Бадынц Томайты Мисурхан, Джыккайты Дунетхан.
Лæууы Цæголты Васили. 1974 аз. Январь



Галиуæй рахизмæ: фыццаг рæнхъыл бадынц прозаик Томайты Мисурхан, фыссæг Баситы Мысост, дыккаг рæнхъыл этнограф, фыссæг Айларты Измаил æмæ бæстæзонæн музейы кусæг Бицъоты Иринæ. 1990 аз



Хуыбецты Рая, Баллаты Темболат, Дзанайты Сергей



Рахизæй галиумæ: Джыккайты Шамил, Темыраты Мирон, Гаджиты Фузæ, Джыккайты Дунетхан, Хъайттаты Сергей. Музейы радон мадзалы рæстæг. 1990 аз. 27 декабрь




Галиуæй рахизмæ: Национ музейы хистæр наукон кусæг Хайты Марат, литературон музейы кусджытæ Цихишвили Лидия, Отарты Зæлинæ йæ фырт Вадимимæ, Бдайциаты Земфирæ, Томайты Мисурхан




Музейы кусджытæ М. Лермонтовы райгуырæн горæты





Музейы кусджытæ фембæлдысты Александр Пушкины хæрæфырт Григоримæ




Ирыстоны фысджыты æмæ артистты фембæлд горæт Кырджалийы студентты арæзтадон отрядимæ. 1978 аз



Рахизæй галиумæ: Бдайциаты З. Колыты В; Колыты ?, Хуыбежты С; Бæззаты З. Колыты Аксойы мысæн изæр






Колыты Аксойы мысæн изæр



**Музейы кусджытæ**



**Джусойты Нафийы 95 азы æмæ Хаджеты Таймуразы 75 азы юбилейты кадæн арæзт мадзалы.** *2020 аз. 18 мартъи*


ПОСТАНОВЛЕНИЕ
Совета Народных Комиссаров Союза ССР
и Центрального Комитета ВКП/б/
о проведении 80-летнего юбилея со дня рождения
народного осетинского поэта и общественного деятеля
Коста Левановича Хетагурова.

Отмечая исключительное культурно-политическое значение творчества народного осетинского поэта, общественного деятеля, основоположника осетинской художественной литературы и осетинского литературного языка Константина Левановича Хетагурова, Совет Народных Комиссаров Союза ССР и Центральный Комитет ВКП/б/ постановляют:

1. Провести 80-летний юбилей осетинского народного поэта и общественного деятеля Коста Хетагурова в октябре 1939 года.
2. Переименовать селение Георгиевско-Осетинское Карачаевской автономной области, где жил и умер К. Хетагуров, в селение им. Коста Хетагурова.
3. Предложить СНК РСФСР:
а/ в целях увековечения памяти Коста Хетагурова соорудить в гор. Орджоникидзе памятник поэту. На сооружение памятника отпустить 350 тыс. рублей;
б/ установить пять постоянных ежегодных стипендий им. Коста Хетагурова наиболее одаренным учащимся, литераторам и художникам в размере 500 руб. каждая.
в/ организовать в гор. Орджоникидзе музей осетинской литературы им. Коста Хетагурова.



фаттæ, згъæр æхцатæ. Зæгъæм, отставкæйы инæлар-майор Цæлыккаты Данелбег музейæн балæвар кодта 20 æвзист æмæ 22 æрхуы æхцайы, газет «Терские ведомости»-йы уæды редактор Ширинкин – ус-паддзах Елизавета Петровнæйы рæстæгæй къæлиндар, Байаты Гаппо – инæлар Эмануэлы прокламаци Фæсхъубаны адæмтæм…

Музейы кусджытæ зылдысты Терчы облæсты хъæутæ æмæ горæттыл. Æмбырд кодтой æрмæг. Афтæмæй, цæцæйнаг хъæу Шалийы балхæдтой рагзаманты згъæр хæдон (кольчуга). Фæлæ уæддæр сæрмагонд æргом здæхтой Ирыстоны историмæ, уæлдайдæр та сæ тынг цымыдис кодта Рекомы кувæндон Цъæйы. Музейы кусджытæ, цы дзаумæттæ дзы уыд, уыдонæн скодтой æрфыст. Мæскуыйы археологты æхсæнад та сын радта æхцайы фæрæзтæ, цæмæй скæнын кæной сæрмагонд скъапп, сæвæрой йæ Рекомы кувæндоны æмæ дзы бафснайой, цы дзаумæттæ дзы ис, уыдон.

1897 азы музейæн кæд йæхи сæрмагонд бынат нæ уыд, уæддæр сæ æрæмбырдгонд иуæгтæ уыйбæрц систы, æмæ, рæстæгмæ цы бæстыхайы уыдысты, уым байгом кодтой равдыст. Бацæуын æмæ фенын бар дзы уыд сæрмагонд бонты алкæмæн дæр. Куыдфæстагмæ, афтæ бынат нал фаг кодта, æмæ 1900 азы музейы æппæт дзаумæттæ дæр бахастой Терчы облæсты уæды сæрдары хæдзармæ.

Уыцы иу рæстæг горæты разамынд музей саразынæн сбæрæг кодта зæххы хай уæды кафедралон аргъуаны бакомкоммæ. Музейæн проект цæттæ кæнын райдыдта хуыздæр архитектортæй иу Иван Рябикин. 1902 азы йæ Рябикины проектмæ гæсгæ аразын куы райдыдтой, уæд сæм, адæм цы æхцайы фæрæзтæ сæмбырд кодтой, уыдонæй уыд фондз мин сомы. Фæлæ ма сын сæм æхсæнады куырдиатмæ гæсгæ фынддæс мин сомы бафтыдта Терчы облæсты хъазахъхъæгты æфсад.

Æмæ мæнæ 1907 азы 21 январы кадджын уавæры байгом, Рябикины проектмæ гæсгæ цы музей хъуамæ саразтаиккой, уый административон хай. Мадзалы архайдтой уæды рæстæджы зынгæдæр адæм. Музейæн фæзынд йæхи бæстыхай. Куыста æрмæстдæр хуыцаубоны райсомы дæс сахатæй боны цыппæрдæс сахатмæ. Бацæуæн æм уыд лæвар. Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ музейы ахадындзинад уæды рæстæг егъау кæй уыд. Ууыл та дзурæг у, 1912 азы йыл къухдариуæг кæй кодтой Терчы облæсты сæрдары кæстæр æххуысгæнæг, булкъон Н. Гаибов, Терчы облæсты хъазахъхъæгты штабы разамонæг, инæлар Ф. Чернозубов, Дзæуджыхъæуы зылды раздæры разамонæг, инæлар

Дмитрий Вырубов æмæ æндæртæ.

Дæргъвæтин рæстæг музейы æвæрæнтæ бæстонгæджытæ уыдысты, йæ саразыны хъуыды кæмæ æрцыд, уыдон – Михаил Караулов æмæ Григорий Вертепов.

1918 азы Советон паддзахад куы æрфидар, уæд музей Терчы облæсты разамынды дæлбарæй рахызт Рухсады комиссарадмæ. Уыцы аз сентябры та арæзт æрцыд Дзæуджыхъæуы Культурон хæзнатæ хъахъхъæныны сæрмагонд къамис.

1921 азы майы мæйæ фæстæмæ музей лæвæрд уыд Цæгат Кавказы бæстæзонæн институтæн.

Абон музейы цы бæстыхай уынæм, уый Иван Рябикины проектмæ гæсгæ хъуамæ уыдаид йæ административон хай: фыццаг уæладзыг – æрбахизæн æмæ дзаумæттæ ауындзæн уат, дыккаг – фойе, æртыккаг – хицауад кæм хъуамæ бадтаиккой, уый. Дыккаг уæладзыгæй хъуамæ ахизæн уыдаид, арæзт чи не ‘рцыд, уыцы бæстыхаймæ, ома, музейы равдыстытæ цы уæтты уыдаиккой, уыдонмæ. Фæлæ, хъыгагæн, æхцайæ кадавары æмæ фыццаг дунеон хæсты аххосæй бæстыхай конд не ‘рцыд. Уыйхыгъд, музейы дæлбар уыд, йæ хæдфарсмæ цы Констанины училище (ныры Дом кино) уыд, уый. Афтæмæй, сæйраг галуаны уыдысты Антропо-географион хайады экспонаттæ, чиныгдон, кусджыты уат. Дыккаджы та – Революцийы музейы дæлхайад, къæнцылар, æрмадз, экскурсион бюро.

Музейы хъуамæ хъахъхъæдтаид Терчы облæсты цы историон хæзнатæ ис, уыдон, кодтаид археологон, геологон, зоологон, ботаникон, этнограион иртæстытæ, кастаиккой дзы лекцитæ, фылдæр кодтаиккой фондты иуæгты бæрц.

1928 азы Дзæуджыхъæуы паддзахадон Наукон музей дихгонд æрцыд Цæгат Ирыстон æмæ Грознайы облæстты æхсæн. Уæдæй фæстæмæ музей йе ‘ргом аздæхта Цæгат Ирыстоны культурæйы ‘рдæм. 1942 азы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг музей эвакуацигонд æрцыд. Хæст куы фæци, уæд Константины училищейы бæстыхай нал ахста, æрбынæттон сæйраг бæстыхайы. Афтæ, бирæ азты дæргъы Бæстæзонæн музей кодта йæ куыст ацы бæстыхайы, фæлæ йæ 1966 азы аивтой æндæр бынатмæ, ацы агъуыст та лæвæрд æрцыд Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы историйы музейæн (1961-1966 азты йын дзы лæвæрд уыд æрмæстæр æртыккаг уæладзыг).

1939 азы, Хетæгкаты Къостайы райгуырды 80 азы юбилей сбæрæг





кæныны мадзæлтты, къамисы размæ цы сæйраг хæстæ æвæрд уыд, уыдонæй иу уыд ахæм: «Организовать музей осетинской литературы имени Коста Хетагурова в городе Орджоникидзе». Фæлæ, цалынмæ ацы уынаффæ хаст не ‘рцыд, уæдмæ, 1936 азы 16 майæ фæстæмæ, Ирыстоны уыд Къостайы номыл Ирон литературæйы музей хайады хуызы. Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæн институты бындурыл æй сарæзта йæ директор – фыссæг, революционер Барахъты Гинойы цардæмбал, фыццаг ирон сылгоймаг-революционер Калоты Надеждæ (йæ аргъуыды ном – Еленæ). Æвдыст дзы æрцыдысты, фыццаджыдæр, Къостайы сфæлдыстад, æмæ ма уæды рæстæджы цы зынгæ фысджытæ уыд, уыдоны литературон бынтæ.

Фæстæдæр, 1940 азы 2 июны, горæт Орджоникидзейы Æппæтцæдисон коммунистон партийы бюро, Советон Цæдисы Адæмон комиссарты Советы æмæ Æппæтцæдисон большевикты коммунистон партийы Бюройы раздæр хаст уынаффæйы бындурыл снысан кодта, цæмæй Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæн институты æмæ Ирон литературæйы музейы ног директор, фыссæг Боциты Барон музей скæна Дзæуджыхъæуы Сыгъдæг Мады Майрæмы раздæры аргъуаны бæстыхайы (Ирон аргъуан). Йæ мидæг ма уыд кæсæндон дæр.

Уынаффæ æххæстгонд æрцыд. Институты музейы цы литературон иуæгтæ уыд, уыдон иууылдæр хаст æрцыдысты аргъуаны бæстыхаймæ, бафтыдтой ма сæм ноджыдæр æндæр фысджыты литературон бынтæ. Арæхдæр музеймæ цыдысты Ирыхъæуы цæрджытæ…

Бонтæ цыдысты æмæ фарн семæ хастой. Музейы литературон фондтæ фылдæрæй-фылдæр кодтой. Ивтой йæ разамонджытæ дæр. Боциты Бароны 1943 азы раивта поэт Баллаты Темболат (Тембол), 1949 азы уый йæ бынат суæгъд кодта, æмæ дзы 1950 азы нысангонд æрцыд драматург Хуыбецты Рая. Хуыбецоны 1952 азы раивта поэт, ахуыргæнæг Дзанайты Сергей æмæ дзы бакуыста 1955 азы онг. 1955-1959 азты музейæн разамынд лæвæрдта Ирон драмон театры режиссер Магкæты Арсен. 1959 азы та директорæй нысангонд æрцыд музейы хистæр наукон кусæг Калоты Риммæ. Уыцы аз Ирон аргъуаны конд æрцыд литературæйы историйы ног экспозици. Ууыл куыста музейы аивадон къорд: директор Калоты Риммæ, æвæрæнтæ бæстонгæнæг Джыккайты Дунетхан, тематикон-экспозицион пълан скæныны тыххæй æрбахуыдтой Наукон-иртасæн институты наукон кусæг, фыссæг æмæ ахуыргонд Ардасенты Хадзыбатыры. Уыцы экспози-

ци скæнынæн сын стыр æххуыс бакодтой институты ахуыргæндтæ Гуытъиаты Хъазыбег æмæ Хæдарцаты Азæ – балæвар сын кодтой Хетæгкаты Къостаимæ баст цымыдисаг æрмæджытæ. Музейы стыр куыст цыд фысджыты литературон бынтæ æмбырд кæнынил, æмæ уым та стыр æххуыс уыдысты сæ хæстæджытæ. Джыккайты Дунетхан Кисловодскы самал кодта 1895 азы уагъд Хетæгкаты Къостайы уырыссаг æмдзæвгæты æмбырдгонд, поэтæн йæхи къухæй рæстытимæ. Калоты Риммæйы разамынды рæстæг, 1961 азы, музейæн лæвæрд æрцыд, абон цы бæстыхайы ис, уый æртыккаг уæладзыг, æмæ уæд ирон аргъуанæй рацыдысты уырдæм. Уæд музейы æвæрæнтæ бæстонгæнæг Джыккайты Дунетхан æмæ нывгæнæг Кцойты Ладемыры иумæйаг хъæппæрисæй конд æрцыд ног экспозици. Цыбыртæй дзы æвдыст цыд ирон литературæйы райрæзт адæмон сфæлдыстадæй 60-æм азты онг.

1969 азы Калоты Риммæйы раивта фыссæг Хъайттаты Сергей, æмæ дзы бакуыста 1975 азы онг. Йæ рæстæджы, 1973 азы Джыккайты Дунетхан æмæ нывгæнæг Ольгæ Назарова скодтой хъæздыг экспозици. Фенæн дзы уыд адæмон сфæлдыстад, Ирыстон Уæрæсеимæ баиуы документтæ æмæ фыссынады фæзынд, ирон литературæйы рæзт 60-70 азты, Хетæгкаты Къостайы цард æмæ сфæлдыстад, ирон периодикон мыхуыр, ирон литературæ 1905-1917 азты, ирон советон литературæйы истори.

1975 азы йæ бынатмæ æрбаздæхт раздæры директор Хуыбецты Рая. Куыд сæрмагонд музейы директор, афтæ ма дзы бакуыста æртæ азы, уый фæстæ – 1978 азы 28 августы – Цæгат Ирыстоны Министрты Советы бардзырдмæ гæсгæ Цæгат Ирыстоны бæстæзонæн республикон музейы бындурыл арæзт æрцыд Цæгат Ирыстоны историйы, архитектурæйы æмæ литературæйы иугонд паддзахадон музей. Иугондмæ хаст æрцыдысты С. Кировы æмæ Г. Орджоникидзейы номыл музей, Цæголты Георгийы номыл историон-мемориалон хæдзар-музей Дигорайы, Ирон литературæйы музей, Къостайы хæдзар-музейтæ Нары æмæ Дзæуджыхъæуы. Хæссын райдыдтой дæлхайæдты (филиалты) нæмттæ.

1982 азы музейы разамонæгæй кусын райдыдта Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон премийы лауреат, режиссер Цæллагты Владимир æмæ дзы бакуыста 1984 азы онг. 1984 азæй 2020 азы онг та дзы разамонæгæй фæкуыста музейы раздæры наукон кусæг, прозаик, РЦИ–Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг Томайты Мисурхан.





Томианы разамынды рæстæг музейы раздæры экспозици æвæрæнтæ бæстонгæнæг Бдайциаты Земфирæйы, нывгæнджытæ Виктор Бречко æмæ Виктор Кунавичы хъæппæрисæй 1989 азы ивд æрцыд. Экспозицитæ арæзт цыдысты тематикон-хронологион фæткмæ гæсгæ: «Адæмон дзургæ сфæлдыстад», «Фыссынады фæзынд», «Ирыстон Уæрæсеимæ баиуы рæстæг», «Уырыссаг æмæ фæсарæйнаг литературæйы зынгæ архайджытæ Дзæуджыхъæуы», «Нудæсæм æнусы кæроны литературæ», «Ирон периодикон мыхуыркæнынад», «Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фæмард, уыцы фысджытæ», «Ирон советон литературæ». Адамон уæлдай цымыдисагдæр уыдысты адæмон сфæлдыстад æмæ ирон уадынгæрзты – дыууадæстæнон, хъисынфæндыры – равдыстытæ, нарты кадджыты фыццаг рауагъдтæ. 2014 азы бындурон цалцæггæнæн куыстыты рæстæг экспозици хæлд æрцыд.

Абоны бон фонды, æмтгæй райсгæйæ, ис 30 мин иуæгæй фылдæр: къухфыстытæ, документтæ, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны фысджыты къамтæ æмæ æндæр историон хæзнатæ. Ноджы ма – Хетæгкаты Къостайæн йæ удæгасæй уагъд чингуытæ «Стихи» (1895) æмæ «Ирон фæндыр» (1899), драматург Кочысаты Розæйы къухфыстытæ, «революцийы æрыгон зарæггæнæг», поэт Хъамбердиаты Мысосты, кавказаг æмæ ирон литературæйы пехуымпартæ Джусойты Нафийы, Джыккайты Шамилы дзаумæттæ æмæ литературæйы хæзнадоны бирæ æндæр зæрдæзæгъгæ æвидигæ иуæгтæ...

Æнæ зæгъгæ нæй, музейы алы азты чи куыста, уыдоны тыххæй дæр.

Уыдон сты: хистæр наукон кусджытæ Дзанайты Фатимæ, Перисаты Азæ, Бырнацты Марат, Тедеты Ефим, Реуазты Анатоли, Темыраты Мирон (къамисæг), Мамиаты Изетæ, Цæрукъаты Иринæ, Гаглойты Сандро, Æлборты Тамарæ, Бæззаты Земфирæ, Отарты Зæлинæ, Хъесаты Эльзæ; цæстдарджытæ Хъайттаты Раисæ, Рæмонты Залихан, Ардасенты Лидия, Цæголты Мария, Лидия Цихишвили, Гугкаты Зинаидæ. Фонды хицауæй 1949–1987 азты куыста Джыккайты Дунетхан.

Абон музейы кусынц: Касаты Аслæнбег – сæргълæууæг; Бдайциаты Земфирæ – æвæрæнтæ бæстонгæнæг; Томайты Мисурхан, Цхуырбаты Сергей, Чъерджиаты Ларисæ – хистæр наукон кусджытæ, Браты Азау, Рубайты Маргаритæ, Залина Гуджараидзе – цæстдарджытæ.

## НОГ ТÆЛМАЦТÆ



# РАБИНДРАНАТ ТАГОР

(1861 – 1905)





Рабиндранат Тагор – зындгонд индиаг ахуыргонд, поэт, артист, музыкант, композитор, санскритæй тæлмацгæнæг. Тагоры хуыдтой Гуру, стæй поэтты поэт. Йæ фыццаг æмдзæвгæ рацыд, аст азы йыл куы цыд, уæд.

Тагорæн йæ политикон зондахаст бынтон бæлвырд нæ уыд, фæлæ уæддæр йæ зæрдæмæ империализм нæ цыд. Йе 'мдзæвгæты æмбырдгонд «Гитанджали» (моны зарджытæ) Тагоры сфæлдыстадæн сси йæ бæрзонддæр хох.

Райгуырдис 1861 азы уæздан бинонты 'хсæн. Уыдис дыууадæс сывæллоны кæстæр. Йæ фыд Дебендранат Тагор – куырыхон лæг, Индийы ахуыргонд æмæ курдиатджындæр философтæй иу.

Æвддæсаздзыдæй ацыд Англисмæ ахуыр кæнынмæ Лондоны университеты колледжы. Йæхæдæг йе 'мдзæвгæтæ ратæлмац кодта англисаг æвзагмæ. 1913 азы сси Нобелы премийы лауреат. Йе сфæлдыстадæй стыр цымыдисы бафтыдта англисы зындгонддæр æмæ курдиатджын поэтты (Уильям Батлер Йейтсы, Э. Паунды, Р. Бриджесы). 1940 азы Оксфорды университет Тагорæн саккаг кодта Литературæйы докторы кадджын ном. Бирæ мæстытæ федта йæ райгуырдæй йæ мæлæтмæ. Бынтон гыццыл куы уыд, уæд йæ мад амардис, фæстæдæр йæ сывæллæттæй дæр дыууæ амард. Тагоры æмдзæвгæтæ тæлмацгонд сты дунейы бирæ æвзæгтæм.

*Рабиндранат ТАГОР*

## ЗАРÆГ

«Азар», зæгъгæ мын куы фæзæгъыс,
Уæд мæ зæрдæ фыр хъалæй фæцæйтоны.
Дæ иунæг æрбакастæй
Мæ цæстытæ доны æрзилынц.

Цыдæриддæр зонын гуымирыйæ, залымæй,
Тайынц видауцы, æмæ мæ аргъуыц
Фурды кæсагдзауау йæ базыртæ райтындзы.
Зонын, мæ зарæг дæ зæрдæйы бахизы.

Зарæггæнæг дын кæй дæн æз æрмæст,
Уый æмбарын.
Фæлæ уæддæр
Мæ зарæджы базыртæй
Хъавгæ дæ фадхъултæм æвналын:
Мæ армæй сæм не 'ххæссын.

Мæ зарæджы рухс цинæй расыгæй æз,
Аззайын рохы мæхицæй,
Æмæ мæ царддæттæг паддзахмæ
"Мæ лымæн" ысдзуры.

## ÆНЦОЙ РÆСТÆГ

Курын, абад мæ фарсмæ, о, мæ адджын, мæ иунæг!
Зон, фæуд кæндзæни искуы, о, мæ зæрдæ, мæ куыст!
Ды куы нал уай мæ фарсмæ, уæд фæуыдзæн мæ улæфт.
Фестынц тухиты фурды уæд нæ фæллæйттæ фынк.

Сæрд кæдæй-уæдæй рудзынг хоста абон мæ уатмæ,
Кафыд расыгæй къохы тулдзы будтæфмæ бындз.
Сбад мæ фарсмæ, мæ иунæг, ам цæсгомæй-цæсгоммæ
Цардыл саразон зарæг ныр æнцойыбон æз.





## СÆФТ РÆСТÆГ

Æз, о, ме Скæнæг
Ме 'вдæлон бонтæн сæ иуы
Сагъæс кодтон сæфт рæстæгыл,
Фæлæ нæй фесæфæн уымæн.
Царды исдугтæ райсыс æмткæй,
Алы зæрдæйы дæр бадыс.
Нæмыгæй равзæры тала,
Фесты къуыбар,
Дидинæг ракалы,
Сывзæры дыргъ.
Иубон бадæн фыдвæллад,
Æмæ ме 'вдæлон лыстæныл
Æруагътон мæхи.
Загътон
Æнæхъæн зæхх-арвæн йæ куыст
Банцадис, бамыр.
Райсомæй сæумæцъæхты
Куы фехъал дæн, уæд
Хурмæ хæдтæмæнтау 'рттивгæ
Мæ дыргъдон дидинæй байдзаг.

## ЗОНЫН

Зонын, уарзгæйæ, цардæй
Рох куы кæноной йæ aзтæ,
Нæй йын фесæфæн уæд!
Зонын, куы амæла уарди,
Змисты суадон куы стыхса,
Нæй йын фесæфæн уæд.
Стæй фæцудыдта царды
Чидæр, фæлæ хилы йæ фæстæ
Нæй йын фесæфæн уæд.
Ис мæ царды бæллицтæ.
Зонын, ме 'нæфыст зарæг
Ризы зæрдæйы тæгтыл,
Æмæ йын фесæфæн нæй.

## ЗМÆНТÆГ

Фæхæстæг дæм вæййын, тæрсгæйæ,
Куы мæ стыхсай ногæй.
Мæ паддзах дæ схонын,
Дæ цæфæй куы 'рхаубын.
Мæ хæстæ дæ къахынц,
Æз та дын дæ хæзнадон къахын.
Дæ фурдимæ схæцын,
Йæ уылæнтæй райсын мæ хъару.
Дæ цырагъ мæ къæсы
Фæсæхсæвæр нал судзы рагæй,
Нывзилы мæ дисы
Ыстъалыты рухсмæ дæ арв.

## АДЗАЛ

Адзал, дæ фæсдзæуин,
Адзал мæ къæсмæ æрцæуы,
Ивылд æнæзонгæ дæттыл æрбахызт,
Зæгъы мын дæ бардзырд.
Куыд талынг у ахсæв!
Азарæй айдзаг мæ зæрдæ.
Ыссудзон мæ цырагъ,
Фæдзурон æм уатмæ –
Де 'ххуырст æрлæууыд мæ размæ.
Уæнтæхъилæй кувын, ызгъалын мæ цæссыг –
Мæ зæрдæйы хæзна.

## РУХС

Рухс, мæ рухс,
Дун-дуне дарæг, мæ рухс,
Де 'нцой мæ зæрдæйæн – рухс…
Рухс, о, мæ иунæг
Царды гуылфæнты ныххауы.
Мæ иунæг, нæ уарзтæн хъырны.
Арвы дуар фегом, дымгæ феуæгъд





Ногæй æрдз йæ мидбылты худы.
Мæнæ та рухсы денджызы
Систа йæ пæлæз гæлæбу
Аузы уардиты рухс
Йæ зæринтæ анхъæвзынц мигъты.
Луары хæдтæмæнтæ,
Тархъæдты ссæнды йæ фарн,
Абухы размæ
Къалиуæй къалиумæ,
Сыфтæрæй сыфтæрмæ…
Акæс-ма, дон фемæхст уæларвæй,
Æмæ дун-дуне байдзаг ис цинæй.

## КУЫ БАХУС УА ЗÆРДÆ

Куы бахус уа зæрдæ 'къæйдурау куы судза,
Уæд-иу ын фæлмæн къæвда фест!
Дæ удварн куы нал уа мæ сæрды, мæ царды,
Тымыгътæн сæ хъарджытæ фест.
Куы стыхсон, куы сфæлмæцон тухитæй, бонтæй,
Уæд-иу мын мæ удæнцой фест.
О, не Скæнæг!
Куы бакуырм уон, ме Скæнæг, монцы цæссыгæй,
Уæд-иу мын æрвонæрттывд фест!

## УÆД МÆ ЗАРÆГ ÆРГОМ

Уæд мæ зарæг æргом,
Уæд хуымæтæг, дзырдхъом,
Сбарæд, згъоргæйæ, зæхх,
Фурдæн фестæд йæ цæхх.
У мæ фæндыр æрдын,
Уадтымыгътæн сæ рын.
Схæцы, самайы тох,
Æмæ ссары фыдох.

## ЦАРДЫ ДОН

Мæ дадзинты царды дон дугъы фæуайы
Æхсæвты, сæумæцъæхты, бонты,
Згъоры, æрынцад нæ зоны.
Ысрæдувынц цинтæ, гуылфгæнгæ, сæ хинтæ
Фæкæнынц кæрдæджы сыфтæрæн.
У фурдæн йæ авдæн йæ райгуырды бонæй
Йæ уалдзæгæй, зон æй, мæлæтмæ
Йæ райвылд кад у, æрбафæйлауд радты
Уылæнтæн сæ цард æмæ хъомыс.
Тых анхъæвзы уæнгты.
Мæ туджы æрхæмттæ, мæ дадзинты царды дон ласы.
Фæсимы мæ туджы, нæ тугуарæн дуджы
Мæ сагъæсты уаргъæй æртасы.

## ФÆСТАГ ЗАРÆГ

Уадз, мæ цинæн йæ тынтæ
Ризой фæстаг зарды зæлты.
Уадз, æмæ абуха æрдз
Йе 'ппæт кæрдæджытæн иумæ.
Уадз, æмæ фаззæттæ
Цард æмæ адзал
Дунетыл æрсимой,
Æмæ мæ цин цардыл æртыхса,
Йæ мидбылты худгæйæ.
Уадз…
Уадз æмæ лотосы гом тугхуыз цæстыл
Цæссыгæй æрбада.
Уадз æмæ ахæсса йемæ,
Цы ссара нæ дунеты, уый.

## КÆМ ТА ДÆ?

Дæ балцы та уарзты фæндагыл дæ,
Ацы тымыгъы, мæ лымæн, зæгъ-ма мын.
Ныфссастæй æврæгътæ дæ арвыл
Тыхулæфт куы кæнынц, куы хъæрзынц, мæ лымæн.
Мæ хуыссæг фæлыгъдис,





Æдзынæгæй дардыл фæлгæсын æз милхуыз æхсæвты.
Куыд афтид у дуне, мæ иунæг, кæм хæтыс?
Цы хæхты, цы бæсты, кæм вæййыс?
Цы суадоны былтыл, цы тархъæдты пыхсы,
Цы денджызты арфы, мæ лымæн?

## ФÆРСЫН ТА ХУЫЦАУЫ

Æнусæй-æнустæм нæ дунемæ 'рвитыс
Æвзæрстыты, не Стыр Ысkæнæг!
Хæссынц нæм дæ ныхас: «…кæрæдзийæн барут,
Кæрæдзийы уарзут,
Фыддзинадæй бахиз дæ зæрдæ!»

Æфтауы мæ дисы – мæ зæрдæ фæриссы:
Мæ цæсгом дæ аздæхтон абон, –
Сæумæйы ысхаудта æнæбары ныхас
Дæ бардзырдмæ ацы фæлдыст бон…

Цымæ æз нæ федтон лæгмары фæрæтмæ
Фыдзæрдæйы амæттаг ласгæ?
Кæнæ та – æгъатыр тыхгæнæджы худгæйын,
Рæстдзинады зæрдæйы дудгæ?

Æвзонгæн йæ хъысмæты бирæгъау ниугæ, –
Йæ пырхæнтæ царды къæдзæхтыл.
…Мæ дзаг хъæлæс бамыр, ныффæсус мæ зарæг
Мæ дуне – фыдфынæн йæ рагъыл.

Фыдфыны зындоны ныккæнын мæ зарæг,
Кæугæйæ, фæкувын, дзыназын:
«Куыд нымайон уарзон æмтъерыгæнджыты,
Дæ рухсыл цъыфкалджытæн барон?..»

*Англисаг æвзагæй*
*Золойты Аркадийы тæлмац*

## ИРОН АДÆМЫ ГЕНОЦИД – 100 АЗЫ

*ДЖУСОЙТЫ Нинæ*

# ХЪÆБАТЫР ХÆСТОНТЫ ЦАРДВÆНДАГ

**Йæ Фыдыбæстæ ныхæстæй нæ, фæлæ хъуыддагæй чи уарзы, йæ сæрвæлтау ын йæ уд раттынмæ цæттæ чи у, ахæм хъæбатыртæ зæххыл куы нæ уаид, уæд советон адæм нæдæр мидхæсты заман меньшевиктыл, нæдæр Фыдыбæстæйы Стыр хæсты немыцаг фашисттыл фæуæлахиз уыдаиккой.**

Хуссар Ирыстоны Пичъиджыны хъæуккаг Багаты Никъалайы бинонтæ стыр бавæрæн бахастой дыууæ хæсты уæлахизмæ дæр. Дыууынæм азы гуырдзиаг меньшевиктæ Хуссар Ирыстонæй хъаймæт куы сарæзтой, уæд Никъала йæхи бафæсвæд кæнын йæ сæрмæ не 'рхаста. Йæ кæстæр æфсымæр Тотыримæ æрлæууыдысты партизанты рæнхъыты знаджы ныхмæ.

Никъала раздæр уыд Харебаты Исахъы хæстон къорды, сæ къорд æрбынат кодта Сачхереты. Уыцы тугкалæн хæстыты Исахъ цалдæр цæфы фæцис. Йе 'мбæлттæ йæ рахастой Пичъиджынмæ æмæ йæ хъæууон хосгæнæг Цхуырбаты Цицойы æвджид бакодтой, сæхæдæг уал æнæ командирæй дарддæр тох кодтой. Уæдæй фæстæмæ дзы ницыуал бæрæг фехъуыстой.

Иуафон, карз тохты рæстæг, сæ къорд бацахста Присы бæрзонд ран. Уырдæм сæм армытъæпæнау зынд горæт, æмæ æнæрцухæй æхстой меньшевикты позицитæм.

Фæлæ меньшевиктæ бирæ уыдысты, æххуысгæнджытæ дæр сын дзæвгар уыд. Цыдæриддæр Гуырдзыстоны тыхтæ уыд, ныццарæзтой сæ Хуссар Ирыстонмæ. Чъребайæ дур дурыл нал баззад. Сыгъдысты хæдзæрттæ, фæнык фестадысты æнæхъæн хъæутæ. Лидзынц тыхст адæм æфцæджы сæрты Цæгат Ирыстонмæ. Мингæйттæй цагъды кæнынц фæндæгтыл уазал æмæ стонгæй, низтæ æмæ нæмгуытæй. Бирæнымæц знаджы 'рдыгæй ахæм цæф нæ баурæдтой большевиктæ æмæ фæстæмæ алæууыдысты. Æмбæхст рæтты ма баззадысты партизанты иугай къордтæ, æмæ сæ куы иу ранæй ныццæвынц, куы – иннæ ранæй.





Бады Никъала акæсæны уæлбыл, йæ сармадзаныл фæлладæй йæ сæр æруагъта, афтæмæй. Йе 'мбæлттæ дæр алы рæтты æрулæфыдысты. Чысыл рæстæг æхст фæсабыр, æмæ большевиктæн фадат фæцис сæ фæллад суадзынæн – цалдæр боны хуыссæджы хъæстæ нæ фесты.

Уæззау хъуыдытæ æнцой нæ дæттынц Никъалайæн. Ныр кæдæй нырмæ нал федта йæ бинонты, йæ чысыл сабиты. Цымæ кæм сты ныртæккæ? Кæд, мыййаг, фæсхохмæ алыгъдысты иннæ адæмимæ, æниу кæд, мыййаг... Уыцы хъуыдыйæ Никъалайы зæрдæ бамæгуыр вæййы. Цалдæр боны размæ сæм бæрæггæнæг арвыста йæ кæстæр æфсымæр Тотыры (уый дæр сæ къорды ис), фæлæ бæрæг нæма æрбахаста.

Дыккаг бон та карз тохтæ цыдис Чъребайы. Меньшевиктæ сæхи æрфидар кодтой алы рæтты æмæ æнæрынцойæ æхстой Ереды 'рдыгæй, Чъехæй, Никозæй, Дзауæй... Большевиктау нæмгуытыл, мыййаг, нæ ауæрстой.

Иуафон, Никъалаитæ цы къуылдымæй æхстой, ууыл нæмгуытæ ихуарæгау ныккалдысты, зæхх фæркгай хауд, рыджы ницыуал зынд, æмæ адæймагмæ афтæ каст, цыма арв æмæ зæхх баиу сты.

– Мæлæт цъаммар меньшевиктæн, размæ, лæппутæ!– айхъуыст кæйдæр тыхджын хъæр æмæ æваст фæсыкк, нæмыг ын йæ хъæлæс ахгæдта. Никъала нæмгуытыл бæргæ нал ауæрды, фæлæ бæстæ рыджы афтæ зилдух кодта, æмæ, бæлвырд кæдæм æхстаид, уый нæ зыдта. Партизанты къорд иу-дæс æмæ ссæдзæй фылдæр нæ уыдысты, æмæ цы сæ бон уыд æнæхъæн æфсады ныхмæ?!

Багайы-фырт бамбæрста, чидæр сæ кæй банымыгъта, уый, æндæр ардæм æрбацæуæнтæ æнцон базонæн не сты. Ныр ма цы, æрхъула сыл кодтой алырдыгæй. Цæг къуындæгæй-къуындæгдæр кæны. Партизанты бынатæй ма райхъуысы иугай гæрæхтæ.

Иуафон Никъалайæн йæ риу цыдæр асыгъта. Цæстытæ атарытæ сты, æмæ йæ хæцæнгарз йæ къухæй æрхауд. Бæргæ ма афæлвæрдта йæ тыхтæ 'рбамбырд кæныныл, фæлæ ницыуал... Хъæлæс тугæй ахгæдта. «Мæнмæ гæсгæ, æгады мардæй нæ амардтæн», – йæ сæры ма ферттывта уыцы хъуыды, æмæ йæ хъæбатыр зæрдæ банцад йæ кусынæй.

Чысыл фæстæдæр меньшевиктæ асыгъдæг кодтой хæцæн бынат. Цæфты кæдæмдæр æбæрæг ранмæ аластой, мæрдты та иу ран самад-

той æмæ сæ дыууæйæ хъахъхъæдтой. Мæрдтимæ разынд Никъалайы хистæр æфсымæры лæппу Серо дæр. Чидæр æнамонд хабар бахæццæ кодта Пичъиджыны хъæумæ. Никъалайы хæдзарæй райхъуыст хъарæг. Хъæу дæрддзæф кæй уыд, уымæ гæсгæ знаг уырдæм нæ бафтыд, æмæ Багаты бинонтæ уым баззадысты, фæлæ ма фыдзаманы хистытæ чи кодта! Уый нæ, фæлæ ма-иу мæрдтæ фылдæрхатт сæ сыджыты хайыл дæр нал сæмбæлдысты.

Тотыр нырма Пичъиджыны уыд æмæ сфæнд кодта цыфæндыйæ дæр йæ мæрдты сæ хæдзарыл сæмбæлын кæнын.

Хур акъул, афтæ галтæ аифтыгъта, æмæ йе 'фсымæры лæппу, фынддæсаздзыд Мысостимæ, араст сты фæсфæд рæтты. Тотырæн йæхиуыл дæр æстдæс азы йеддæмæ нæма цыд, фæлæ уыд хъæбатыр хæстонын нымад, йæ фондз æнгуылдзау зыдта фæндæгтæ дæр. Æмбисæхсæв уыдаид, афтæ бахæццæ сты бынатмæ. Мæрдтæ цалдæр раны рæдзæгъдтæй лæууыдысты. Тотыр Никъала æмæ Серойы мæрдтæ куы федта, уæд мæстæй йæ зæрдæ адымст, йæ цæссыгтæ нал баурæдта Мысост дæр. Ныртæккæ мастæй кæй ницы рахæсдзæн, уый зыдта Тотыр æмæ хъалагъуртæм хатын райдыдта, цæмæй йын йæ мæрдты радтаиккой.

–Дыууæйæ стæм, æмæ нын фæйнæ æвзист сомы ратт æмæ алас дæ мæрдты,–загъта сæ иу.

Тотыр йæ дзыппытæ асгæрста, разынд æм иунæг æвзист сом.

–Мæнæ мæм уый ис, айсут æмæ мын, уæ хорзæхæй, мæ мæрдты сæ сыджыты хайыл сæмбæлын кæнын бауадзут.

– Бирæ ма куы дзурай, уæд дæхæдæг дæр сæ фарсмæ схуысдзынæ,– уыд хъалагъурты дзуапп.

Æнæрцæф лæппуйæн уыцы ныхæстæм йæ маст рафыхт. Йæ дыууæ къухæй ацахста дыууæ лæгæн сæ хурхытæ. Уыдон ма сæ хотыхтæм фæлæбурдтой, фæлæ уайтагъд сæ къухтæ ауындзæгæй аззадысты.

– Æвзæр куыйтæ, æнаххос адæмы цæгъдут æмæ ма нын нæ мæрдты дæр уæй кæнут? – дзырдта знæтæй Багайы-фырт æмæ хъахъхъæнджытæн тынгæй-тынгдæр сæ хурхытæ æлвæста. Уыдон чысыл фæстæдæр æдзæмæй æрхаудтой зæххыл, сæ хъуыртыл тæлмытæй баззадысты Тотыры тыхджын къухты фæдтæ. Æвиппайды уæрдоны цурæй æрбазгъордта Мысост æмæ Тотырæн тарстхуызæй адзырдта:

– Уæлбылæй акастæн ныртæккæ, æмæ меньшевиктæ ссæуынц. Хæрз хæстæг сты, ныртæккæ сæ ардæм хъæуы.





Тотыр базыдта, дард ацæуын сын кæй нæ бантысдзæн, уый, æмæ Мысостмæ фæцис:

– Хъус-ма, Мысост, нæ иу уæддæр хъуамæ аирвæза, цæмæй ам нæ мæрдтæ ма фесæфой. Цæугæ æмæ бинонтæн радзур хабæрттæ, стæй сын бацамондзынæ, нæ мæрдтæ кæм сты, уый. Мауал фæстиат кæн, фæсфæдты лидзгæ кæн.

Мысост нæ коммæ касти, фæлæ йыл Тотыр куы схъæртæ кодта, уæд цæуынмæ фæци – хистæры ныхмæ дзурæнтæ нæ уыд. Тотыр уайтагъд дыууæ мард хъалагъурæн сæ хæцæнгæрзтæ фелвæста æмæ иу аууон ран балæууыд. Уалынмæ дæлбылæй ссынд гæрзифтонг меньшевикты къорд. Чъребамæ байхъуыст, амынд бынаты большевикты къорд дæрæнгонд кæй æрцыд, уый, æмæ Джугъели бæрæггæнæг арвыста цалдæр гвардионы. Тотыр базыдта, æвыдæй кæй нæ аирвæздзæн, уый, æмæ, æгады бæсты – мæлæт, загъгæ, меньшевиктыл дæнг-дæнгæй ралæууыд. Дыууæрдыгæй стынг ис æхст. Гæрæхтæ хъуыстысты Мысостмæ дæр, зыдта, Тотыр цы уавæры бахауд, фæлæ цы йæ бон уыд. Зæрдæсастæй тындзыдта сæхи 'рдæм.

Дыууæ боны дæргъы цыд карз хæстытæ. Адæмæй фæсхохмæ чи нæ алыгъд, уыдон дæр хъæдты сæхи бааууон кодтой. Æртыккаг бон хæст чысыл фæсабыр. Хуссар Ирыстон цалдæр раны меньшевиктæй асыгъдæг. Мысост йæ уæрдон баифтыгъта æмæ иу æмбалимæ, сæхи æмбæхсгæ, ацыдысты мæрдтæ ласынмæ. Уырдæм куы бацыдысты, уæд федтой зæрдæриссæн ныв: Тотыр йæ фарсыл фæлдæхтæй лæууыд, йæ хæцæнгарз йæ фарсмæ, афтæмæй. Чысыл фалдæр – дыууæ хъалагъуры мардæй уæлдай ма ноджыдæр цыппар меньшевикыл баталынг сæ хур Тотыры къухтæй. Иннæрдыгæй, меньшевиктæ уый размæ кæй амардтой, уыцы партизанты мæрдтæ. Хæст кæй стынг уыцы бонты, уымæ гæсгæ меньшевиктæ дæр сæ мæрдты нал аластой. Мысост йæ зонгуытыл æрхауд Тотыры раз. Йæ буар æгасæй дæр уыд нæмгуытæй сыхырнагонд. Æгады мардæй нæ амард Тотыр, æхсæз гвардионы барвыста йæ разæй мæрдтæм, уæлдайджынтæй райста йе 'фсымæр Никъала æмæ æфсымæры лæппу Серойы туг.

Мысост йе 'мбалимæ уæрдоныл æрластой æртæ марды Пичъиджынмæ. Бирæ цæссыг ахастой æртæ хъæбатыры.

Мæнæн Никъала уыд мæ мадымадæн йæ фыд. Мæ нана-иу арæх дзырдта, уый фæстæ азты сæм, Тотыр æмæ Никъалайы æмбæлттæй

ӕгасӕй чи баззад, уыдон куыд арӕх цыдысты: сӕ рухс ном-иу сын ссардтой, сӕ хӕбатырдзинады хабӕрттӕ-иу сын фӕкодтой, – фӕлӕ чысыл уыд ӕмӕ дзы бӕлвырд ницы бахъуыды кодта. Уыдон та уыдысты, партизанты къордӕй ма цӕфтӕй кӕй аластой меньшевиктӕ, уыдонӕй дыууӕ лӕджы. Куыд рабӕрӕг, афтӕмӕй сӕ фондзӕй аластой Калачы ахӕстонмӕ, цӕмӕй сӕ исты бӕрӕггӕнӕнтӕ райсой, кодтой сын фыдмитӕ, фӕлӕ дзы ацы дыууӕйӕн бантыст ралидзын. Иннӕ ӕртӕйӕн сӕ фӕд фесӕфт. Ацы дыууӕ лӕджы чи уыдысты, уый нал рабӕрӕг, фӕлӕ сӕ иу Джиотӕй кӕй уыд, уый ма хъуыды кодта мӕ нана.

Ӕвыдӕй нӕ аирвӕзтысты Багаты бинонтӕ Фыдыбӕстӕйы Стыр хӕсты дӕр. Уырдӕм фӕцыдысты Никъалайы фырттӕ Магрез ӕмӕ йӕ рӕстӕджы ахуыргонд, мединституты студент Иван, стӕй йӕ чызджы цардӕмбал Лалыты Гиуӕрги (мӕ мадыфыд) ӕмӕ йе 'фсымӕр, ӕвддӕсаздзыд Турки. Уыдонӕй ма фӕстӕмӕ йӕ хӕдзарыл цӕфтӕй сӕмбӕлд Магрез, иннӕтӕ сӕ цард радтой Фыдыбӕстӕйы сӕрвӕлтау.





*ПЛИТЫ Гацыр*

# ГЕНОЦИДЫ ӔВДИСӔНТӔ ХЪУЫЛАТЫ СОЗЫРЫХЪОЙЫ СФӔЛДЫСТАДЫ

Ирон литературӕйы историйыл куы дзурай, уӕд нӕ ахиздзынӕ Хъуылаты Созырыхъойы (йӕ хъӕууон ном – Сикъо) иувӕрсты, уымӕн ӕмӕ «ирон литературӕ рӕгъы кӕй фӕрцы рацыд, уыцы разагъды лӕгтӕй иу у Хъуылаты Созырыхъо». (Джыккайты Шамил).

XX-ӕм ӕнусы 20-30 азты нӕ литературӕмӕ цы курдиатджын фӕсивӕд ӕрбацыд, уыдоны зынгӕдӕртӕй иу уыд Хъуылайы-фырт. Хуымӕтӕг зиуурн нӕ уыд, литературон жанртӕй алкӕцыйы дӕр разынд арӕхстджын, куырыхон, сӕрӕн. Уымӕ гӕсгӕ цӕстуарзонӕй нымад ӕрцыд курдиатджын поэт ӕмӕ прозаикыл, драматург ӕмӕ публицистыл, активон ӕхсӕнадон кусӕгыл.

Созырыхъо ма хауы уыцы фӕлтӕрмӕ, революци ӕмӕ мидхӕсты ӕвзыгъдӕй чи архайдта, Гуырдзыйы меньшевикон хицауады фыдмитӕ – геноцид – йӕхи цӕстӕй чи федта. Йӕ азарӕй бацарӕфтыд сты йӕ мад Гагуылен Натъа, йӕ фыдыфсымӕр Алыксандр, йӕхӕдӕг та бабын репресситы дуджы.

Хӕххон лӕппу уыдис Созырыхъо. Райгуырдис Дзауы районы Згъуыбиры хъӕуы мӕгуыр зӕххусӕг лӕджы хӕдзары 1900 азы. Фыды 'рдыгӕй раджы баззад сидзӕрӕй. Мад Натъа – зонджын, хъаруджын адӕймаг уыд, йӕ сидзӕрты хъомыл кодта мамӕлайы къӕбӕрӕй. Стыр ӕххуыс сын кодта сӕ фыдыфсымӕр Алыксандр.

Созырыхъо ахуыр кодта Уанелы скъолайы, фӕстӕдӕр – Гуры семинары. Федта мидхӕсты цаутӕ, меньшевикты ӕбуалгъ митӕ, ӕвзонгӕй сси дзыллӕйы бартыл тохгӕнӕг. 1920 азы Хуссар Ирыл, йӕ хӕдзарвӕндагыл цытӕ ӕрцыд, уыдӕттыл рыст йӕ сонт зӕрдӕ.

Революцийы сӕрыл тохты Созырыхъо сси ног хицауад аразджытӕй, фӕскомцӕдисы разамонӕг, журнал «Фидиуӕг»-ы редактор, рухсады адӕмон комиссар, каст фӕци Мӕскуыйы Темирязевы номыл хъӕуунхӕдзарадон академи. Йӕ бӕллицтӕ дардыл

уыдысты, фæлæ йын ахуыссыдысты 1937 азы…

Созырыхъо уæвгæ экономист уыд, фæлæ æрвылбон дæр йæ зæрдæ дзырдта нывæфтыд аив литературæимæ, сфæлдыстадон куыстимæ. Уымæ гæсгæ сты йæ уацмыстæ арф æмæ къабазджын. Бирæ ахсджиаг фарстытæ рахаста рæгъмæ куыд революцийы агъоммæйы цардæй, афтæ фæсреволюцийы рæстæгæй дæр. Уыцы ахсджиаг фарстыты ‘хсæнæй бæрæгæй æрттивы ахæм темæ, куыд мидхæсты цаутæ Ирыстоны æмæ фæллойгæнæг адæмы тох сæ сæрибардзинад æмæ революцийы сæрыл.

Ирон адæмы тох меньшевикты ныхмæ реалон нывты æрцыдис æвдыст йæ радзырд «Тугæй æлхæд»-ы. Автор йæхæдæг ныллæууыд тохы фæндагыл мидхæсты азты. Хæцыд Гуырдзыйы меньшевикты, Цæгат Кавказы Деникины урс бандæты ныхмæ.

Цæгат Ирæй рахизгæ партизантимæ баиу сты бынæттон тыхтæ, дæрæн æрцыдысты меньшевиктæ, Советон хицауад æрфидар Онæй Душетмæ 1920 азы 8 июны. Гъе, фæлæ уыцы сæрибар хъахъхъæд не ‘рцыдис. Цæуылнæ, уый тыххæй дзуры Созырыхъо йæ мысинæгты: «Фыццаджыдæр, уый тыххæй, æмæ, Дзæуджыхъæуæй цы партизантæ æрцыдысты, сæ сæргъы Санахъоты Мате, афтæмæй, уыдон хæцæнгарзæй уыдысты цух, сæ уæлæ, куыдз цы атыдтаид, уый сыл дзаума нал уыд, уыдысты æххормаг».

Созырыхъойы мысинæгты дарддæр зыны иннæ аххосаг. Хæстон адæм Чъребайы сæрибардзинад куы федтой, уæд сæхи курын райдыдтой сæ хæдзæрттæм, нал уыд се ‘хсæн фидар æгъдау, æмæ хæцæг адæм ныппырх сты.

Уыцы хъуыддæгтæ лæмбынæгдæр, бæстондæр фæфыста йæ боныджы Созырыхъойы æмсис хæлар æмæ æмтохгæнæг Беджызаты Чермен. Хъуылаты Созырыхъо та йæ уацмыс «Тугæй æлхæд»-ы дзуры партизанты тохтыл, сæ фæндæгты хорздзинæдтыл æмæ сæ рæдыдтыл дæр.

Меньшевиктæ пырхгонд куы æрцыдысты, уæд партизанты къордты раздзæуджытæ дарддæр цы хъуамæ кодтаиккой, уый нал зыдтой æмæ фесты цалдæр дихы: иутæ дзырдтой, цæмæй дарддæр абырсой суанг Гуры онг кæнæ Мцхетайы онг, аннæты та фæндыд Чъехы нарæджы æрфидар уæвын. Фæндтæй иу дæр нæ сæххæст, æрфидар кодтой сæхи Чъребайы, сарæзтой дардыл фронт сæ чысыл æфсадимæ.






Хъуылаты Созырыхъо

Цы рæдыдтæ уыдис сæ тактикæйы, уыдæтты амоны Созырыхъо йæ уацмысы. 1200 хæстонæй ма баззад 600, уыдон дæр – æххормаг, бæгънæг, æнæ хæцæнгарз. Ахæм уавæрты та зын уыд æнтыстджынæй хæцын.

Уæдмæ меньшевикты хицауад йе ‘ппæт тыхтæ сарæзта Хуссар Ирыстонмæ. Басыгътой хъæутæ, фесæфт адæмы фæллой, ахастой, сæ къухы цы бафтыд, уыдæттæ.

Хъуылайы-фырт уыцы æбуалгъы хъыддæгтæ бæстон фæфыста йæ радзырды: «Сыстад Хуссар Ирыстон, адæм сæ артдзæстытæ, сæ хуымзæхх ныууагътой, лидзынц, сæхæдæг дæр æй нæ зонынц, кæдæм. Хидтыл нал цæуынц, доны лæгæрдынц – Пацъа, Леуахийы доны. Пацъа дæр рахæтыд махыл. Леуахимæ ласы уæрдæттæ, сæ цæлхытæ сын фæлдахы, галты, сывæллæтты йемæ скъæфы, мæсты сырдау сæ дуртыл хойы».

Созырыхъо реалон нывты æвдисы лидзæг адæмы уæззау уавæртæ, сыгъд фæндаджы нывтæ. Æгæрыстæмæй сыл æрдз дæр рахæтыд: «Арв æмæ зæхх кæрæдзийыл сæхи ныццавтой, кæрæдзи хойынц, бацайдагъ сын мæлæтдзаг тох – мах та се ‘хсæн. Уары, фæлæ уый уарын дæр нæ хуыйны, кæлынц цыхцырджытæ уæларвæй. Хæхты, хъæдты сæ донæй æхсынц, згъорынц мæстыгæр Леуахимæ».

Созырыхъо йæ радзырды лæмбынæг фæфыста меньшевикты æдзæсгом, цъаммар митæ. Иунæг адæймагæн дæр дзы зæрдæ нæ разынд, иу дæр дзы нæ зыдта, тæригъæд цы у, уый. Меньшевикты æфсады хистæр Валико Джугъели Ирыстоны хæдзæртты пиллон нымадта стыр рæсугъддзинадыл, диктатор Жгъентийы та автор

схуыдта фыдгæнæг, лæджы туг бануазынмæ чи бæллыд, ахæм адæймаг. Йæ «лæгдзинад» йе ‘ддаг хуызыл дæр зындис: «Ныллæг, тæнтъихæг, лыстæгбæрзæй лæг, рувас халонмæ куыд фæкæсы, раст ахæм уыд йæ цæстæнгас».

Цæрджытæй алидзын кæмæн нæ бантыст, уыдонæн стыр фыдмитæ бакодтой меньшевиктæ. Никæуыл ауæрстой, цагътой сывæллæтты, сылгоймæгты, зæрæдты. Æбуалгъдæр ма цы уа – амардтой дæндæгты дохтыр Хъуылымбегты Падойы, мардæй йын йæ дарæс раластой æмæ сæ ахастой. Уæлдæр æй загътон, амардтой Алыксандры, Гагуылен Натъайы дæр, сæ сабиты та сын уацайрæгтæй акодтой.

Нымайы Созырыхъо меньшевикты цъаммар митæ – цъунайраг Джиоты Уасилæн ралыг кодтой йæ хъустæ, йæ цæстытæ йын скъахтой, рукъаг зæронд ус Саулохты Катазейыл дуæрттæ сæхгæдтой æмæ йæ удæгасæй басыгътой. Уый тыххæй Созырыхъо зæгъы: «Уыдон иууылдæр фыст æрцыдысты цъаммар меньшевикты худинаджы историйы».

Фыст æрцыдысты æмæ цы? Уый тыххæй та нæ сарæзтой ног геноцид, уый тыххæй та не сфæлхат кодтой сæ цъаммар митæ?! Ноджы егъаудæр æмæ æбуалгъдæр митæ: лæджы хырхæй аргæвд æмæ йын йæ тугæй рæгъытæ кæн, лæджы йæ астæуыл афад æмæ йыл худ; удæгас адæмы егъау хæтæлы бакæн æмæ сыл æй бандадз; дыууадæс адæймаджы удæгасæй баныгæн… Науæд Зары трагеди: 36 адæймаджы – сывæллæттæ, зæрæдтæ, сылгоймæгтæ цагъд æрцыдысты хуыцауы рæстæй Гуырдзыйы неформалты къухæй. Чи сын банымайдзæн сæ нæуæг ракæнгæ фыдмитæ… Кæмæн цы кодтой 300 хъæуы, зынджы хай цæмæн баисты?!

Созырыхъо йæ радзырд «Тугæй æлхæд»-ы конкретон адæймæгтыл нæ дзуры, йæ хъайтартæ сты цæрджытæ, партизантæ, Хуссар Иры дзыллæ.

Автор заууат цардимæ æвдисы тæригъæддаг æрдзы дæр. Меньшевикты æфсад куы æрбабырстой, уæд дæтты ахæм æрдзы афыст: «...æрдз уыд æгъуыстаг, уæлдæф – æнуд, афтæ ма вæййы стыр уады агъоммæ, сыггай сыстад карз дымгæ, ныннæры, ныггæрæхтæ кæны арв, ныzгъалы къæвда, арв æмæ зæхх знæгтау кæрæдзийыл андадзынц сæхи, кæрæдзи фæхойынц». Ацы æрфыст дæр дзурæг у, цы уавæры уыдысты адæм, цы зын раны бахаудтой, æрдз дæр стыр змæлды кæй уыд уыдонау.







**Тугъанты Махарбег. *«Æртындæс коммунары»***

Хъуылаты Созырыхъойы сфæлдыстады бæрæгæй æрттивы йæ радзырд «Æртындæсæй иумæ» дæр.

Мидхæсты азты æртындæс хъæбатырыл цы æрцыдис, куыд фæтох кодтой, ууыл бирæ уацмыстæ æрцыдис фыст. Фæлæ Созырыхъойы разæй ирон литературæйы сæ кой ничи ракодта. Уыцы æртындæс æдзард тохгæнæджы уыдысты: Джиоты Андри, Котолиты Никъала, Гобозты Соско, Уалыты Данел, Уалыты Никъала, Ходты Пашка, Цхуырбаты Кашия, Тедеты Инал, Цхуырбаты Тотыр, Дзеранты Буду, Джиголаты Резо, Джиголаты Саша æмæ Куымæриттаты Гиго. Ацы ранымад дзурæг у, Созырыхъойы радзырд æцæг историон факты бындурыл амад кæй у, ууыл. Радзырды цыбыр сюжет у ахæм: стыр тохтæ, тугныккалдтæ уыд Чъребайы уынгты. Хъæбатырæй фæхæцыдысты æртындæс коммунары, бахаудтой уацары, æмæ сæ тугдзых меньшевиктæ ног къахт ингæны былыл фехстой.

Автор ацы æрцæуæг хабæртты рауагъта йæхи джиппы, снывæста диссаджы зæрдæмæхъаргæ, лæджы сагъæссаг хъуыдытыл æфтауæг сюжет. Нæрсы масты дзæкъул цъаммар меньшевиктæм, риссы зæрдæйы тымбылæг, лæппуты тæригъæддаг мæлæтмæ кæсгæйæ. Æгæрстæмæй, радзырд цы æрфыстæй райдайы, уымæй дæр зæрдæ банкъуысы, уый дæр дзуры, цард хорз кæй у, фæлæ дзы мæнгарддзинадæн бынат кæй хъуамæ ма уа, ууыл.

Радзырды сæйраг хъайтартæ сты æртындæс коммунары. Автор сын сæ сабибонтыл нæ дзуры, тохы быдыры онг цытæ сарæзтой,

цытæ сын бантыст, уый дæр æвдыст нæ цæуы, Джиоты Андрийыл куы нæ дзурæм, уæд. Раст зæгъы Гæбæраты Сослан: «Æртындæс хъайтарæн фыссæг нæ фенын кодта сæ цард æмæ сæ тох, равдыста сын æрмæст сæ мæлæт, фæлæ кæсæджы уырны, афтæ хъазуатæй мæлын чи зоны, уыдонæй алкæй цард дæр сæдæйы бæрц кæй уыд».

Бирæ хъуыдытыл бафтауы адæймаджы радзырды райдиан. Цард тугæй æлхæнгæ рауад, æмæ туг кæлæд, цæйнæфæлтау цагъары къæлæт хæсса адæймаг. Уыцы туджы фæндæгтæй райдыдта Созырыхъо дæр йæ радзырд: «Дысоны къæвда Чъребайы уынгтæ ныхсадта. Баззадысты йын æнæхсад æрмæст туджы лæсæнтæ, зоны хъазуат хæсты туджы лæсæнтæ. Уыдон афтæ æнцон æрæхсæн нæ уыдысты».

Автор дзуры æмтгæй Чъребайы уавæрыл дæр. Сæумæрайсом уынгты змæлæг нæй, æрмæст нæ фынæй кæнынц Джугъелийы æфсæдтæ. Ракодтой ныккæндæй æртындæс коммунары, нæ сыл ауæрдынц цæвынæй, нæмынæй, хынджылæг сæ кæнынц, фæлæ сæ адæмы сомбоны тыххæй фæразынц æппæтæн дæр, цæф дæр сæм нал хъары. Сæ уавæры тыххæй Созырыхъо зæгъы: «Тынг сæ бафхæрдтой. Сæ цæсгæмттæй, сæ сæртæй сырх-сырхид туг лæдæрсы, хъуыры цъарыл, рустыл ныхъхъæбæр». Алчидæр сæ бæрæг нæлгоймаг у, фæлæ автор ракодта æрмæстдæр Джиоты Андрийы кой. Æвзонг лæппу, хъæууон ахуыргæнæг, хъæбулы уарзтæй йæ уарзтой хъæубæстæ. Ныр æрлæууыд йе ‘мбæлттимæ ингæны былыл. Скъолайы дзæнгæрæг ыл нал ныццæгъддзæн, йæ алыварс нал æрбатымбыл уыдзысты фæсивæд… Андри йæ цæст хæссы дардыл, уыны, Цъунар, Тъбет, Къусрет куыд басыгъдысты, хæссы йæ цæст Ирыстоны хæхтыл, уыны Зикъара, Ручъы æфцæг, Бурсамдзелийæн сæ рæсугъддзинад. Зæрдæриссынгæнæг рæнхъытæ: «Рæсугъд сты, æвæдза, нæ хæхтæ. Андри сæ никуыуал фендзæн… Йæ зæрдæ æрбауынгæг, цæссыг хъавыд æддæмæ рахъуызын, фæлæ йæ дæндæгтæ кæрæдзимæ тынг нылхъывта, цæстытæ ныдздзагъыр кодта, æмæ уæд цæссыг дæр фæстæмæ балыгъд». Йе ‘мбæлтты тыххæй та йын зæгъы: «Бакæс иннæтæм дæр, Андрийы æмбæлттæм. Иууылдæр равзаргæ фæсивæд, кусæг адæмæй, уонгджын, фæтæнриу. Хосгæрдæны се 'мгæртты нал æрсурдзысты цæвджытимæ». Уый у иумæйаг æмбырдон фæлгонц. Уыдон иууылдæр тох кодтой иу хъуыддаджы тыххæй, сæ сæртæ





нывондæн æрхастой Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау, сæ туг ныккалдтой адæмы сæрибардзинады тыххæй. Зæрдæмæдзæугæ у Гæбæраты Сосланы хъуыды: «Андрийы зæрдæ суынгæг, маргæ йæ кæй кодтой, уый тыххæй нæ, фæлæ йæ уарзон Ирыстоны, йæ мæгуыр адæмы кæй уагъта ахæм зындзинады, æмæ сын йæ бон баххуыс кæнын кæй нал бауыдзæн, гъе уый тыххæй».

Зонынц сахъ фæсивæд, мæлæты къахыл кæй лæууынц, уый. Фæлæ сын хъыг у, сауджыны сæм кæй æрбакодтой, уый. Уыдон Хуыцауыл æууæндгæ дæр никуы кодтой. Сæ иу «сæнтхудт бакодта, йæ фидар цонг рариуыгъта æмæ… сауджыны къопп дæлæ фæтулы». Уыцы хъуыддаг се ‘ппæты зæрдæмæ дæр фæцыд, æмæ йын цæстæнгасæй загътой бузныг.

Æртындæс коммунары зыдтой, сæ цард цæй тыххæй скъуыйы. Æмбæрста се ‘ппæты хъуыдытæ дæр Андри, æмæ йæ раныхас уыдис се ‘ппæты тыххæй дæр. Ралæууыд размæ æмæ уæндонæй, ныфсджын хъæлæсæй зæгъы: «Æмбæлттæ, чысыл фæстæдæр мах нал уыдзыстæм. Абон нæ иумæйаг знæгтæ мах цæгъдынц. Фæлæ мах амарынæй кусæг къласы скуынæг кæнын сæ бон нæ бауыдзæн. Мах фæстæ сæ ныхмæ ралæудзæн минтæ, æмæ уæд додой сæ къона! Мах разы стæм мæлæтыл, æрмæст уæлахиз уæнт кусæг адæм, уæлахиз уæд Советон хицауад».

Созырыхъо йæ радзырды сныв кодта æлгъаг адæймаджы фæлгонц дæр. Уый у Лохты Артем, уæйгæнæг, бахордта йæ цæсгом æмæ ныууæй кодта йæ намыс меньшевиктæн. Автор зæгъы: «Рагæй-æрæгмæ дæр абырæг уыд. Цъаммар лæг. Цæуыл худы ныр, адæм сæфгæ куы кæнынц, уæд?»

Къаннæг радзырд, фæлæ дзы автор бирæ хабæрттæ бавæрдта. Йæ алы рæнхъ дæр дзурæг у дзыллæйы уæззау уавæртыл, тыхст æмæ уырыд дугыл.

Мидхæсты уæззау рæстæгыл, меньшевикты цъаммар митыл Хъуылаты Созырыхъо дарддæр дзуры йæ иннæ радзырд «Музей»-ы. Йæ мидис у ахæм: Сабе у зæронд ус, баззад хъæуы, йæ фырт Бимбол йе 'мбæлттимæ ахызт Цæгат Ирыстонмæ. Сабейæн меньшевикты æфсæддонтæй иу, Давид Хъоранели, фæцыд йæ зæрдæмæ, йæ фырт Бимболы æнгæс кæй уыд, уый тыххæй. Ноджы ма Давид меньшевикты митæй райгонд нæ уыд, фæлыгъд Цæгатмæ Сырх Æфсадмæ. Фæстæмæ уæлахиздзаутимæ куы æрыздæхт, уæд æй æрфæндыд

Сабейы фенын. Фæлæ йын сæййæфта æрмæст йæ мард, йе стджытæ, йæ сæр æхсаргардæй фастæй. Давид сæры къуыдыр радта Музеймæ.

Цыбыр радзырд, фæлæ та ам дæр хабæртты тых кæуылты у. Бæрæг у, Сабейы мæлæт меньшевикты хицауады цæсгомыл бакалдта цъыф. Худинаг æмæ додойаг у уыцы знаг, сылгоймагмæ йæ къух чи сиса. Уый дæр бахастой сæ сæрмæ тугдзых меньшевиктæ.

Созырыхъо уæддæр бафæлвæрдта Ир æмæ Гуырдзыйы 'хсæн хæлардзинады тæгтæ ауадзынил. Уый, чи зоны, хъæуы æмæ хъуыдис, фæлæ та нын уыцы хæлардзинад фенын кодта ног геноцид. Нæ уарзон сыхæгтæ – Еред, Тамарашен, Чъех, Курта, Чемерт, Дзарцъем, Ачабет, – цæрæнбонты къæбæр кæимæ фæхордтам, уыдон разындысты ног дуджы нæ цыфыддæр знæгтæ.

Сабейы мæлæт, йæ сæры къуыдыр Музейы – уый цæргæцæрæнбонтæм худинаджы гакк сæвæрдта мæнгард Гуырдзыстоныл. Уый тыххæй Созырыхъо афтæ загъы: «Уый у хуыздæр цырт цъаммар меньшевикты дугæн».

Цас раст у, нæ зонын, фæлæ ахæм ныхас баззад, загъгæ, Созырыхъойы мад Гагуылен æнæ сæрæй ныгæд æрцыд, æмæ, дам, æнæмæнг, Сикъо йæ радзырды ары йæ мады рухс ном.

Тыхст дуг у царды хорздзинæдтæ æмæ хъæндзинæдтæ бæрæггæнæг, адæймаджы удыгъæды хорз æмæ æвзæрдзинæдтæ иртасæг. Уый тыххæй Созырыхъо афтæ фыссы: «Бирæ ис нæ дунейыл фæллойгæнджыты ‘хсæн дæр æвзæр, æнæгъдау адæм». Революци æмæ мидхæсты азты фæбæрæг сты, чи уыдысты уыцы хæрзтæ, чи уыдысты уыцы æвзæртæ-фыдгæнджытæ.

Тыхст дуджы уавæртæй чи спайда кодта, йæхи хæдзарæн искæй муртæ давыныл чи схæцыд, уыдæтты Созырыхъо схуыдта мæрдты бирæгътæ æмæ сыл фæхудтис йæ радзырд «Мæрдты бирæгъ»-ы. Мæнæ куыд фыссы уый: «Уæлдай сарæх вæййынц ахæмтæ фыд рæстæджы, æмбыд цъымара сызмæлы, хилæг æддæмæ ралæсы. Уыцы хилæг нæм баззад зæронд дугæй».

Хъуылайы-фырт æй зæронд дуджы аххос кæны, фæлæ дзы абон, нæ ног дуджы, хуыздæр хъуыддæгтæ нæй. Рацарæзт, мæнг демократии фесæфтой Сæрибары Цæдис, закъон нымад кæм уыд, ахæм паддзахад, йæ бынат та йын æрцахста æнæхъола дуг, ахæм дуг, давын, марын, стигъын, кæрæдзи уæй кæнын æгъдауы кæм бацыдысты æмæ сæ кæнон кæм кæнынц.





Радзырд «Мæрдты бирæгъ»-ы сæйраг архайæг у Знауыр, зæхкусæг лæджы фырт, æфсæддон лæг, знаджы ныхмæ æнауæрдон тохгæнæг, æртындæс коммунарау уæндон, хъæбатыр, фидар уды хицау. Хæстон лæг лæгæрды, цæуы размæ сæрибардзинады ратæдзæнтæм. Æмбæлы æнкъард, æрхæндæг лидзæг адæмыл. Хъуысы йæм хатт хъæрзын, уæззау улæфт, зæрдæхалæн хъарæг, чи та цæф сырдау ныуулынæргъы. Уыны Знауыр алы цъаммар митæ, уыны, æртæ лæджы кæйдæр бызгъуыртыл кæрæдзи куыд тонынц. Бамбæрста, æфсæддонтæ кæй сты: «Халоны йæ сау бырынкъ куыд хъæуы, адоны дæр сæ хæцæнгæрзтæ раст уымæн хъæуынц». Ныхъхъæр сыл кодта йæ хъæлæсыдзаг: «У, хæрджытæ, холыхор бирæгътæ!»

Йæ дарддæры фæндагыл радзырды хъайтар федта ноджы æбуалгъдæр ныв. Лæг бахъуызыд иу мæгуыр хæдзармæ. Уым хуыссы рынчын сылгоймаг, йæ саби йæ фарсмæ, афтæмæй. Зилы хуыснæг, къахы къуымтæ, цы ары, уыдон тъыссы йæ рифтæгты. Знауыр, уыцы нывтæм кæсгæйæ, афтæ загъы: «Иу сырды мыггаг ис, мæрдты бирæгъ æй хонынц нæ бæстæйы. Сырдтæй уымæй æнæуагдæр нæй, йæ уындæй зæрдæ ныккæрзы. Уæлмæрдтæм æрцæуы уый æхсæв æмæ ног мæрдты къахы. Раст ахæм уыд йæ бакаст уыцы æнахуыр лæгæн дæр».

Знауыр уыны, мæрдты бирæгъæн къуымтæ сгæрст куы фесты, уæд та рынчыны хуыссæнтæ райдыдта змæнтын, къахын. Ныхъхъæр ыл кодта: «Ныуудз, джауыр, кæннод дæ марын ныртæккæ». Лæгбирæгъ дæр ронбæгъдæй нæ бацыд, февнæлдта йæ гæрзтæм, фæлæ йын уæдмæ Знауыры нæмыг йæ ницæйаг уды зынг ахуыссын кодта.

Радзырдæй бæрæг у, ацы стигъджытæ мæгуыр адæмæй кæй уыдысты, фæлæ тыхст дуджы сæ цæсгомыл систой сæ къух æмæ æгæнон митæ кодтой. Раст æй банысан кодта Гæбæраты Сослан: «Кæйдæр дарæсыл цы æртæ лæджы хыл кодтой æмæ рынчын усы муртæ чи давта, уыдон дæр Знауырау мæгуыр адæмæй уыдысты».

Революци æмæ мидхæсты азты Цæгат Ирыстоны зæххыл цы тугуарæн тохтæ цыдис, уыдонимæ дæр бæстон зонгæ уыд Хъуылаты Созырыхъо æмæ сæ рохуаты нæ ныуагъта. Йæ радзырд «Иудзонгон»-ы зæрдæмæхъаргæ дзырдтæй сныв кодта, Деникин цы митæ кодта мæгуыр адæмæн, йæ инæлар Шкуро туджы зæйтæ куыд уагъта Цæгат Ирыстоны зæххыл. Радзырды сæйраг архайджытæ

сты Мæхæмæт æмæ Габе. Автор Мæхæмæты тыххæй зæгъы, кæй у хуссарираг, ахуыргонд адæймаг, зонгæ у Марксы куыстытимæ, у арæхстджын революционер. Габейы тыххæй та базыдтам рад-зырды: у хуымæтæг, ахуырдзинад кæмæ нæй, ахæм адæймаг, сæрибардзинады сæрыл активон тохгæнæг. Дыууæ лæджы сты стыр хæлæрттæ, уымæн æмæ сæ тохы фæндаг у иу.

Радзырд кæсгæйæ, мах зонгæ кæнæм дыууæ сæйраг хабаримæ. Фыццаг у Габе æмæ Мæхæмæты тох контрреволюцийы ныхмæ. Дыккагыл та нымайæм Габе æмæ Сæниаты уарзондзинад. Дыууæ фæзилæнæн ис æнгом бастдзинад сюжетон хаххы. Иумæйагæй та, Созырыхъо мидхæсты темæйыл цы уацмыстæ ныффыста, уыдонæй радзырд «Иудзонгон»-æй егъаудæр сюжет никæмæн ис.

Иудзонгон Габе кæддæр уыдис бонджын Хадзумары æххуырст. Гъеуæд бауарзтой кæрæдзи Хадзумары хо Сæниатимæ. Фидар уар-зондзинад снывæзта автор дыууæ ныхмæвæрд къласы кæстæрты уарзондзинады ʻруаджы бафидауын кæнынæн. Кусгæ йыл тынг бакодта, чиныгкæсæджы фидарæй уырны, ацы дыууæ уарзæгой уды кæй никуы фæхицæн уыдзысты. Габейæн йæ цонг Деникины ныхмæ тохты куы ахауд, уæд хъуыды кодта, Сæниат мын нал бакомдзæн, зæгъгæ. Чызг уæддæр Габейæн фидарæй загъта, мæн дæу йеддæмæ ничи хъæуы, зæгъгæ.

Автор арæхстджынæй нывæнды ацы уарзондзинады фæндæгтæ, аразы хид дыууæ ныхмæвæрд къласы ʻхсæн. Нывæндгæ йæ хорз скодта, фæлæ уыцы хидæн йæ могортæ лæмæгъ разындысты. Уæз сыл куы æрцыдис, уæд хид ныккалд, нæ баурæдта Габе æмæ Сæниаты уæз. Цæвиттон, Сæниаты кæстæр æфсымæр Хъауырбег баиу абырджытимæ, ног советон хицауады знæгтимæ æмæ иу фембæлды, иу тохы мард фæцис Габейы къухæй. Уый æнхъæл уыдис, Сæниат ын йæ рæстдзинад бамбардзæн, йæ зæрдæ йыл не сивдзæн, фæлæ афтæ нæ рауад. «Уый фæстæ раст йе 'фсымæр Хадзумар цы цæстæй бакаст Габемæ, уыцы цæстæй йæм бакаст Сæниат дæр, туджджыны цæстæй, знаджы зæрдæйæ».

Габе арæх фæныхас кæны Мæхæмæтимæ. Уый зоны, тох кæнын кæй хъæуы Хадзумары хуызæн тугцъирты ныхмæ, фæлæ, уыцы тох цæмæ æркæндзæн, уый не ʻмбæрста æмæ-иу арæх фарста Мæхæмæты. Зæгъæм, ирæды тыххæй (йæ зæрдæ Сæниатимæ кæй дзырдта, уымæ гæсгæ): ног дуг куы ралæууа, уæд ма ирæд уыдзæн æви нæ, зæгъгæ.





Сæниаты цæстытæм куы фæкомкоммæ Габе, уæд бамбæрста, сæ уарзондзинады хид мæнг кæй разынд. Уæд ма бафæрæзта зæгъын, сæ ирæд сын уæлдайджынтæй ахицæн кодтон, зæгъгæ.

Мæхæмæты автор æвдисы зондджын, фенддæжын, арæхстджын разамонæгæй. Революцион змæлды дуджы уый уыдис «Чермен»-ы фæсивæды къорды раздзæуæг. Ныр дæр йæ къухы цы дыууæсæдæ гæрзифтонг хæстоны ис, уыдонæн у арæхстджын фæндагамонæг, ныр дæр сын дзуры: «Хæсты арт, фæдисы хъæр хъуысы – уыцы зæрдæтæ цырын кæны, сиды сæм стыр тохмæ. Габе хъусынæй нал æфсæст, фыр цинæй йæ цæстытæ сæрттывтой, æхсидгæ цæджджинагау фестадис йæ риу. Цæттæ уыд йæ хæцæнгæрзтимæ бабырсынмæ тохы цæхæрмæ!»

Габейæ рох никуы сты Мæхæмæты ныхæстæ: «Раивын хъæуы не ʻгъдæутты, нæ царды уаг иууылдæр, адæмæн амонд куыд дæтта, афтæ йæ саразын хъæуы... Бындзарæй раивын хъæуы царды бындур, мæ хур Габе. Уæд фæрухсдæр уыдзæн рæстæг». Æмæ зæгъы: «Гъей, джиди! Бæргæ мæхицæн куы хъæуиккой мæ фыдæбæттæ, фæлæ ацу æмæ Хадзумары хуызæн нæлхуытæн кус, йæ хордонтæ, йæ хосы æфтауцытæ йын дзаг кæн… Нæ уарзын пъагонджынты, нæ уарзын Хадзумары хуызæтты, адæмы цармстъигъджыты».

Хъæбатыр гуырд у Габе, лæджыхъæдæй – æххæст. Йæ тохы фæндæгтыл цæугæйæ у домбай, цæрдæг хъæддаг гæдыйау. Мæхæмæт дзы райгонд у æмæ йын иу хатт хъазгæйæ загъы, зæгъгæ, де 'ннæ цонг уæддæр бахъахъхъæн, хъæуы нæ знæгты ныхмæ тохы. Уæд Габейы дзуапп уыдис ахæм: «Уæдæ иууыл мæ цæнгты рад æркодта! Исты нардуатæй ист сты, кæннод уымæй дæр нæ тæрсын: дæндæгтæ мын уæддæр баззайдзæн, – куыдзау лæбурдзынæн знагмæ».

Автор Габейы фæлгонц алыварсыгæй сныв кодта. Канд йæ хъару æмæ йæ фердæхтдзинæдтæ нын не ʻвдисы, æвдисы нын йæ зондахаст, йæ намыс, йæ диссаджы психологи, йæ уарзондзинад йæ адæммæ, йæ равзæрст фæндагмæ.

Сыгъдæг уыд йæ уарзондзинад Сæниатмæ Габейæн. Сæниаты сурæт йæ цæстытæй нал хицæн кæны. Афтæ зæгъы Мæхæмæтæн: «Бынат нал ары зæрдæ, мæ риу ын суынгæг, æмæ йæ æддæмæ ратонынмæ бирæ нал хъæуы... Фæсонт кæнынмæ мæ хаттæй-хатт бирæ нал бахъæуы. Иуахæмы Хадзумары бинонты иууылдæр куы фæцæгъдон, уымæй дæр тæрсын... Кæннод та мыл бæстæ

иууылдæр ныррухс вæййы, уæнгтæ барæуæг вæййынц, фæфæнды мæ бæлæстæн дæр хъæбыстæ кæнын». Диссаджы а д æ й м а г æ й æвдисы автор Сæниаты дæр. Уынdджын, кондджын, хъаруджын, хъæубæсты чызджытæй бæрæг хицæн кæны. Раст у Гæбæраты Сосланы хъуыды: «Сæниат уæлдай раппæлинаг уымæй у, æмæ, хъæздыг лæджы чызг уæвгæйæ, уарзта мæгуыр лæджы фырт Габейы».

Æнувыд уарзт, диссаджы уарзт, фæлæ дыууæ уды фæхицæн кодтой рæстæджы фæзилæнтæ… Уыцы хъуыддаг Дзуццаты Хадзы-Мурат йæхирдыгонау афтæ амоны: «Социалон ныхмæвæрддзинæдтæ, къласон хицæндзинæдтæ тыхджындæр сты уарзондзинадæй дæр æмæ мæлæтæй дæр. Габе амардта Советон хицаудзинады знаг, Сæниаты æфсымæр Хъауырбеджы, æмæ Сæниаты зæрдæйы Советон хицаудзинадмæ (ома Габемæ) фыдæхдзинады бын фæвæййы Габемæ уарзондзинад».

Тынг азымджыны бынаты сæвæрæм Сæниаты, уый раст нæ уыдзæн. Куыд цардаид йæ уарзон æфсымæры марæгимæ, йæ туджджынимæ?! Габе æмæ Сæниат иу къласæй куы уыдаиккой, уæддæр уыцы хабары фæстæ Сæниат ницы хуызы фæцыдаид чындзы Габемæ. Туаты Дауыт дæр йæ пьесæ «Хæрзойты Фатъимæт»-ы ныв кæны ахæм хабар æмæ йæ ракодта афтæ: чызг йæ уарзоныл йæхи нæ атигъ кодта. Мæ хъуыдымæ гæсгæ, уый у тыхарæзт, нæу уырнинаг. Реалондæр у ацы фарсты Созырыхъойы сюжет. Зæрдæмæдзæугæ у Гæбæрайы-фырты хъуыды дæр: «Царды дæр æмæ литературæйы дæр арæх мæгуыр æмæ хъæздыг адæмы сывæллæттæ кæрæдзи афтæ тынг бауарзынц, æмæ сæ разы цы социалон ныхдуртæ ис, уыдон аиуварсгæнгæйæ, сиу кæнынц сæ цард. Кæд уыцы ныхдуртæ æгæр стыр разынынц, уæд та ахæм хъуыддæгтæ фæвæййынц трагедийыл, æнамонддзинадыл».

Уæдæ куыд федтам, афтæмæй Хъуылаты Созырыхъойы сфæлдыстады аккаг бынат æрцахста мидхæст æмæ революцийы темæ. Йæ уацмыстæ сты мидисджын æмæ хъæздыг æвзагæй фыст, йæ мадæлон æвзагæн тыхми нæ кæны, уадзы йæ зæлдаг æлвисæгау, нывæнды дзы дæсны тынуафæгау йæ зæгъинæгтæ, æмæ сæ чиныгкæсæг кæддæриддæр исы стыр æхцондзинад.

Цардæй ницы федта фыссæг æмæ тохгæнæг Сикъо. 37 азы рацард фыдæбæттæ æмæ тухитимæ. Хуссар Иры геноциды æмæ Бургъуста-





ны тугкæлдтыты хæцæг адæмимæ уыд, ног дуджы хуры хъарммæ йе 'рмттæ куы бадардта, уæд та йын йæ къухмæ радтой Барастырмæ бахизæны дæгъæлтæ…

Бæрæг аххосæгтæм гæсгæ, Иры фыццаг геноциды æбуалгъы нывтæ фагæй не 'рцыдысты æвдыст нæ фысджытæн. Цы ныффыстой, рæгъмæ цы рахастой, уыдон та сты цæсты ахадгæ, æмæ сын рохгæнæн нæй. «Æртындæсæй иумæ» (Хъуылаты Созырыхъо), «Саломи» (Коцойты Арсен), «Сæлимæт» (Плиты Харитон) æмæ æндæр уацмысты æвдыстæуы стыр трагеди, æмæ нын уый хъуамæ кæддæриддæр хъуыдыйаг уа.

Абоны геноциды фæстиуджытæ мах кæддæриддæр абарæм 1920 азы геноциды æрцæуæг хабæрттыл. Уыдæттыл Гуырдзыстоны æнæбары хицауад хъуыды дæр нæ кæны, абоны бон дæр Иры æмæ Абхазы зæххыты хоны йæхи æмæ архайы ууыл, цæмæй сæ йæхимæ раздаха. Ирмæ та абоны бон дæр фаг нæма бахъардта, сыхагæй нæ амонд кæй нæй Цæгаты дæр æмæ Хуссары дæр. Хуссар Ир хъуамæ сæ зæрдыл дарой дыууæ геноциды дæр æмæ сын раст аргъ кæной историон æмæ нæ фыдæлты цæстæнгасæй. Уый хауы Цæгат Ирмæ дæр, иу адæм, иу туг стæм, нæ бæллæхтæ дæр иу сты. Не знæгтæ алы хатт дæр хъуамæ хатой, нæ разы зылын, аххосджын кæй сты, цы нæ домынц, уый та у æнæбындур – ирон адæм цæрынц сæ фыдæлты зæххыл æмæ йæ никæмæн ратдзысты!

## ПУБЛИЦИСТИКÆ

*ТМЕНАТЫ Дзерассæ*

# ЛАБÆЙАГ ХАБÆРТТÆ

Советон Цæдисы заман адæм сæрд улæфынмæ цыдысты хохмæ, денджызмæ, искуы-иутæ та – фæсарæнтæм. Мах дæр иу нæ ных сарæзтам хохмæ – Дзынагъамæ, Цъæймæ, цыдыстæм Урсдонмæ дæр. Иу сæрд та сфæнд кодтам Уæллагкоммæ ацæуын. Уым уыд турбазæ æмæ пансионат. Мах æрбынат кодтам турбазæйы. Нæ фарсмæ уыдысты дыууæ зæронд лæджы – Никколты Барис æмæ Елойты Хъазыбег. Хицан агъуысты цардысты устытæ. Сывæллæтты куы федтой, уæд, æвæццæгæн, сæхиуонты мондæгтæ уадзгæйæ, адонмæ се 'ргом радтой, адджинæгтæй сæ хынцтой æмæ семæ хъазыдысты. Иннæрдыгæй та, – дыууæ зæронд лæджы – уыдон дæр фæсте нæ задысты сывæллæтты рæвдауынæй.

Нæлгоймæгтæй æфсæрмы кодтон, фæлæ-иу сылгоймæгтæм мæхи æвvахс кодтон. Ножы сын сæ ныхæстæм куы æрыхъуыстон, уæд бамбæрстон, исты фольклорон æрмæг сæ кæй ис ныффыссæн. Мæ тетрад, мæ ручкæ – æдзухдæр мемæ. Уыдон-иу æддæмæ сæ бандæттæ райстой, сæ цырæгътæ-иу ахуыссын кодтой, къогъотæ сыл куыд нæ æмбырд кæной, æмæ-иу алы таурæгътæ, хабæрттæ кодтой.

Ииуылдæр уыдысты Лабæйæ, кæрæдзи хорз зыдтой æмæ æмхуызонæй иумæ ссыдысты Ирыстонмæ, Урсдоны сæ ристæ иучысыл сисыны, се 'нæниздзинад фæфидардæр кæныны охыл.

Турбазæйы уыди алыхуызон суартæ: иу дзæбæх кæны цæстытæ, иннæ исы æндыснæг, æртыккаг уыдырны дзæбæх кæны, цыппæрæм ахсæн – изгард цы у, уый адæймаг ферох кæны, фæндзæм сыгъдæг кæны игæр æмæ а.д. Дæле пансионаты дæр уыд, цалдæр хуызы низтæ чи дзæбæх кæны, ахæм дæттæ, æмæ сылгоймæгтæ сæхи дзæбæх кæнынмæ ссыдысты сæ рагон Ирмæ.

Фæлæ куыд базыдтон, афтæмæй хуымæтæг нæ уыдысты, буц, æнæмæт цард сæ иу дæр нæ фæкодта, сæ алкæцы дæр сæ гуыргъахъ фæндæгтыл ауад. Царды хабæрттæ дæсны чи зыдта, ахæмтæ уыдысты æмæ дзы цыдæртæ дæр раргом кодтой.

Иуахæмы хуызисæг турбазæйы фæзынд, æмæ зæрдылдарынæн иумæ нæ хуыз систам. Разæй бадынц галиуырдыгæй рахизæрдæм: ЦæллатыПæли, Датиты Дуня æмæ Цуциты Нутæ, се 'хсæн – Тотойты Феликсы сывæллæттæ Георги æмæ Аминæ. Лæууынц: Чехты Шурæ, Баскаты Зæирæ, Хъæрджынты Маня, Алхазты Заретæ, Цуциты Христинæ, Уырысты Полинæ æмæ æз.

Диссаджы къам. Кæй сæ ныффыстон, уыцы хабæрттæ та – ноджы диссагдæр. Æмæ уыдонæй абон кæд æртæ сылгоймаджы йеддæмæ нал ис, уæддæр сæ хуызтæ, сæ ныхæстæ баззадысты. Се 'ппæт не 'рхæсдзынæн, фæлæ дзы иучысыл æнæ радзургæ нæй.

Иуахæмы бадæм, æмæ нæ рæзты æрбацæйцыдысты уырыссаг чызг æмæ лæппу, кæрæдзиуыл ныххæцыдысты, афтæмæй. Устытæй чидæр йæхи нал баурæдта æмæ афтæ: «Цъæхæй рæгъæдтæ».

– Цæмæн зæгъыс, уæртæ Дуня 13 æви 14-аздзыдæй куы смой кодта, – йæ ныхас баппæрста Христинæ.

– Дуня, æццæй, уæд смой кодтай?

– Афтæ рауад, – загъта Дуня.

– Чидæр загъта, скъæфгæ, дам дæ акодта, – нæ фæлæууыд Шурæ.

– Цы цымыдис стут? Цæгат Ирыстоны цардтæн мæ мад æмæ мæ фыдимæ, урсгвардионтæ сæ амардтой, æмæ иунæгæй аззадтæн. Райдианы нæ сыхæгтæм уыдтæн, стæй чидæр Хъæрæсемæ цыд æмæ мæ Лабæмæ дзыццамæ æрласта. Ме 'мгæрттæй бирæ бæрзонддæр уыдтæн, æмæ мæм лæппутæ кæсын байдыдтой.

Иу фæсæхсæв тар фынæй кодтам дзыццаимæ, æмæ нæм чидæртæ бабырста. Талынджы бæстæ гыбар-гыбур сси. Дзыцца æрдиаг кæнынмæ февнæлдта. Мæныл чидæр цыдæр дзаума баппæрста, фелвæста мæ æмæ мæ ахаста. Æз хъæр кодтон, мæхи тылдтон. Бамбæрстон, бæхы рагъыл мæ кæй баппæрстой. Кæдæмдæр мæ бахастой, уым мæ райхæлдтой. Цавæрдæр сылгоймаг мæм бацыд, ахъæбыс мæ кодта:

– Ма тарс. Алы чызгæн дæр искæд йæ амонд фæзыны. Дæуæн дæр Хъауырбег дæ амонд у. Хорз адæймаг у, ницæмæй дзы уыдзынæ фæсмонгонд.

Æз æй не 'мбæрстон, цытæ мын дзырдта, уый. Куыдтон, дзыццайы

агуырдтон. Дзаумæттæ рахастой æмæ мыл сæ æрбакодтой, – айдагъ хæдоны куыд нæ уыдаин. Радтой мын цыдæр дынджыр дзабыртæ, æмæ та-иу мæ къæхтæй рахаудтой.

Уæдмæ æрбабон. Мæ фысым ус æмæ чызг (куыд бамбæрстон, афтæмæй усы чызг уыд) мæ алфамбылай цъилтæ фестадысты...

Афтæ мыл иу-дыууæ къуырийы аивгъуыдта.

Дзæбæх цардыстæм. Чызг æмæ нын лæппу райгуырд, фæлæ нын нæ цард æнæрайы хæст фехæлдта. Акодтой йæ хæстмæ, æмæ нал сыздæхт. Мæ фыны йæ арæх уыдтон...

– Æз фынтæй тæрсгæ кæнын, нæ уарзын фынтæ, – сдзырдта Цуциты Нутæ. Дуня йын йæ ныхас фескъуыдта:

– Цæмæй сæ тæрсыс? Цæмæй, цы фын федтай, уый дæ ферох уа, уый тыххæй, дæ цæстытæ куы байгом кæнай, уæд рудзынгмæ фæкæс.

– Уæвгæ ма афтæ дæр кæнынц: æнæсдзургæйæ сыст, рацу, сау дойнаг дурыл ныттутæ кæн æмæ зæгъ, мæ фыдфынтæ дæу, – сдзырдта Маня.

– Æз уыдæттæй ницы зыдтон æмæ ныр дæр нæ зонын, – дзырдта Нута. – Иуæхсæв фын федтон, цыма Хъубаны дон раивылд æмæ мын мæ чындзы аласта. Райхъал дæн æмæ сагъæс кæнын райдыдтон, афтæ æмæ мæ зæрдæ срыст. Хостæ дæр банызтон, мæхи æрсабыртæ кодтон. Фын æмæ фын.

Рæстæг рацыд, æцæг Хъубаны дон раивылд. Тынг ивылд уыд, кæйдæр фос, дзаумæттæ аласта. Мæнæн мæ фын мæ зæрдыл нал æрлæууыд.

Иуахæмы бæстæ фæдис ссис: кæйдæр дон аскъæфта æмæ фæласы. Мæ чызг нæхимæ æрбацæйцыд, Хъубаны доны сæрты цы хид уыд, ууыл. Дон бæлас æрцæйласта. Мæ чызгæн бæласы къалиу йæ фæдджи рацахста. Уый нæ фæцарæхст йæхи феуæгъд кæнынмæ æмæ ивылд доны смидæг. Дон æй аскъæфта. Чи йæ ауыдта, уыдон ныффæдис кодтой, архайдтой йæ ферзæзын кæнынил, фæлæ ницы.

Кæмдæр æй дард малы пыхсыты бын ссардтой. Афтæ мæ фын мæ чындзы бæсты мæ чызгмæ рацыд, – дзырдта зыр-зыргæнгæ хъæлæсæй Нутæ.

– Цæй, уымæн, мæгуырæг, йæ адзал афтæ уыд, æмæ дын æй фыны








**Лабæйаг ирæттæ**



фехъусын кодтой, – сдзырдта Заретæ.

Уалынджы æртæ сылгоймаджы æрбацыд:

– Уе зæр хорз, фарн уæ бадты! Христинæ ам ис?

– Ам ис, ам, – сдзырдта сæм Христинæ. – Мидæмæ рахизут.

Христинæ йæ уатмæ фæраст, сылгоймæгтæ йæ фæстæ бацыдысты.

Иннæ сылгоймæгтæ дарддæр сæ ныхас кодтой:

– Æмæ уын уый зæгъын, – дзырдта Заретæ. – Хорз æй зонут, иухатт амардтæн, уый, ома, «клиническая смерть» кæй хонынц, уый ахæсты бахаудтæн. Уыцы бæсты иуцасдæр фæдæн. Цалынмæ уым уыдтæн, диссæгтæ дзы федтон.

Цæвиттон, уымы хицæуттæ (æви дзы чи уыдысты, уый нæ зонын, хуымæтæг адæмы хуызæн уыдысты), æз уым куы «фегуырдтæн», уæд мæ разы «февзæрдысты», æркæстытæ мæм кодтой æмæ афтæ бакодтой: «Ай ардæм цæмæ æрцыд, йæ афон нæу».

Уалынджы нæ сыхаг чызг æрбацыд, æмæ иууылдæр уымæ азылдысты, загъд кæнын æм райдыдтой:

– Кæдæй дæм æнхъæлмæ кæсæм, кæм уыдтæ нырмæ?

Нæ сыхаг йæхи рæстытæ кодта:

– Мæхи-иу сцæттæ кодтон, æмæ та-иу исчи æрбацыд, æмæ мын-иу гæнæн нал фæци. Æппынфæстаг скъæтмæ ацыдтæн æмæ мын уым бантыст.

Æз ын йæ ныхас нæ бамбæрстон. Уыцы адæм та мæнмæ фездæхтысты æмæ хъæддыхæй сдзырдтой:

– Арвитут æй фæстæмæ, йæ афон нæу.

Цы уыд, куыд уыд, æз мæхимæ æрцыдтæн, ома, райгас дæн. Æмæ дын, мæ разы чи уыд мæхиуонтæй, уыдоны куы афæрсин нæ сыхæгты чызгæй, «уым» кæй федтон, уымæй.

– Йæхи æрцауыгъта, йæ ныййарæг йæ быныл баззайа. Знон æй бавæрдтой. Уый хабар куыд базыдтай?

– Диссаг, æз æй федтон «уыцы бæсты». Загъд æм кодтой, йæ æмгъуыды, кæй не 'рцыд, уый тыххæй.

– Мæгуыр йæ бон, цы бæллæхы бахауд, цымæ? Алкæуыл дæр Хуыцау цыдæр уаргъ, хæс æвæры, æмæ, æвæццæгæн, хæсджын уыд. Бафыста йæ… Нал хъуыды кæнут, Таугазты лæппу дæр хæрз æрыгонæй





йæхи куы æрцауыгъта, – дзырдта Заирæ.

Исты æнкъард хабæрттыл-иу куы ахæцыдысты, уæд-иу Дуня уайтагъд ныхас йæхимæ айста æмæ-иу æй æндæрырдæм фæзылдта, ома, зæрдæхалæн ныхасы бæсты-иу хъæлдзæг цау радзырдта.

Уæвгæ, йæхæдæг бирæ зынтæ федта, æмæ йæ нæ фæндыд, иннæтæ дæр исты рыст хабæрттæ кæной. Уымæ гæсгæ-иу исты худæджы цау радзырдта. Æмæ та ныр дæр фæцырд:

– Гъемæ дын Черкесскмæ цыдтæн. Бирæгъты Дакко дæр уырдæм цыд. Автобус куы 'рбахæццæ, уæд иууылдæр бакалдысты. Дакко кæйдæр фарсмæ æрбадт, æз чысыл фæстæдæр лæуд фæдæн. Мæ иуæрдыгæй уыд æрыгон чызг, иннæрдыгæй – цавæрдæр даргъ лæг, йæ сæрæй раст автобусы царыл æндзæвыд. Автобус афтæ байдзаг, æмæ мæнæ раст цыма кæсæгтæ уыдыстæм боцкъайы, фезмæлæн дæр нæ уыд. Уалынджы араст стæм. Кондуктор йæ цъæхснаг хъæлæсæй æгас автобусыл ныззыланг кодта:

– Билеттæн æхца радæттут! Передайте все за проезд!

Æз рагацау сцæттæ кодтон фæндаджы хардз æмæ сæ мæ пиджакы дзыппы сæвæрдтон. Ныр дын мæ къух мæ дзыппы ауагътон, сисон сæ, зæгъгæ, æмæ мæ дзыппы къухмæрзæн йеддæмæ – ницы. Мæ сыхаг даргъ лæг мæм уæлейæ бынмæ цыдæр æнæхуыр тызмæгæй каст. Æз ме 'ннæ дзыпп тыххæй ссардтон, басгæрстон æй, æмæ уым дæр – ницы. Ногæй та тыхтæй-амæлттæй рахиз дзыппы мæ къух ауагътон æмæ агурын, уæдæ, зæгъын, кæд мæ дзыпп хуынкъ фæци æмæ ме 'хца уырдыгæй ахаудтой. Къуымты сгарын. Мæ разы уыцы лæг бынтон йæхи ныхъхъуынджынтæ кодта, стæй мыл уыцыиу хъæр фæкодта:

– Мæнæ ус, дæ къух мæ дзыппæй слас, æмæ мæм ма 'внал!

Æвиппайды уыцы ныхæстæм адæм мæнырдæм разылдысты.

Æз сырх сгæллады хуызæн фæдæн:

– Æз ме 'хца агурын, – сфæрæзтон æрæджиау.

– Æмæ де 'хца мæ дзыппы æвæрд сты? – сбустæ кодта лæг.

Мæ къух мæ пиджакыл ныдæгътон, мæ дзыпп ссардтон. Ме 'хца уым уыдысты, систон æмæ сæ алæвæрдтон.

Иууылдæр худын райдыдтой.

– Ай-гъай, кæйдæр зæронд ус ын йæ буар иуæрдæм, иннæрдæм

расæрф-басæрф кæна, уый йæ зæрдæмæ нæ фæцыд, – сдзырдта Заретæ. Ииуылдæр худтысты æмæ цыдæр хъæлдзæг ныхæстæм рахызтысты, стæй Поли, Нутæ æмæ Дуня «хæрзæхсæв» загътой æмæ сæ агъуыстмæ бацыдысты.

Заретæ æмæ Маня Христинæимæ иу уаты цардысты, æмæ уыдон та уырдæм бахызтысты. Уалынджы администратор Гæздынон фæзынд:

– Кæм дæ, кæм? Дæ фырт дæм ссыд æмæ дæ агуры. Дæ чемодан дæр дын машинæйы сæвæрдта, ды та ма ам бадыс, – дзырдта Христинæйы уазджытæй иумæ.

–Æз æнхъæлдтон, абон мæм нал ссæудзæн. Мæнæ ма мын Христинæ дæр загъта, ныртæккæ, дам, фæндагыл уыдзынæ.

Зæирæ, Полинæ æмæ Шурæ дæр уыдонмæ бацыдысты.

Гæздынон уазджыты ракодта, æмæ ацыдысты. Стъолыл уыд хъæдуртæ, Христинæ сæ æртымбыл кодта, мæнмæ æрбакаст æмæ сдзырдта:

– Дæуæн æркæсон æмæ афæрсон?

Æз æй нæ бамбæрстон, фæлæ йæ фæрсгæ дæр ницæмæй бакодтон, æрмæст ын йæ къухтæм кастæн æмæ йæм хъуыстон. Хъуыстой йæм, нæ разы чи уыд, уыдон дæр.

Христинæ хъæдуртæ æртæ къордыл фæдих кодта, стæй уыдонæй иувæрстæ кодта. Цымыдисæй кастæн, уымæн æмæ фыццаг хатт федтон хъæдурæй фæрсæг.

– Мæнæ уæм тагъд тынг бирæ адæм уыдзæн, зиан уæм. Уæ зæронд лæг мæлдзæн.

Мæ зæрдæ бамæгуыр уыцы ныхæстæм. Зыдтон, мæ хицау тынг рынчын у, фæлæ афтæ хæстæг кæй у йæ кæрон… Хъуыстон йе 'ннæ ныхæстæм дæр, фæлæ сæ мæ зæрдыл нæ бадардтон нæ зæронд лæджы мæтæй.

Куы мын фæцис фарст, уæд мæ цымыдисдзинад нæ баурæдтон, æмæ йæ бафарстон, ацы хъуыддаг куыд райдыдта, уымæй.

Гыццыл чызг уыдтæн, 8-9 азы мыл цыд. Мæ фыдыхо дæр фæрсæг уыд æмæ нæм чидæр æрбацыд. Уый йæ æрбадын кодта æмæ æддæмæ цæмæдæр ауад, æз та бадтæн уазæджы раз. Æнæнхъæлæджы йын хъæдуртæ ракалдтон æмæ йын цыдæртæ дæр радзырдтон, мæ фыдыхо





куыд кодта, афтæ.

Уæдмæ уый æрбацыди.

– Ауай ардыгæй, ма мæ хъыгдар, – сдзырдта мæ фыдыхо æмæ мæ федде кодта. Стæй уæд уыцы сылгоймагæн йæхædæг хъæдуртæ стъолыл æркалдта æмæ, цы уыдта, уыдон ын радзырдта.

– Диссаг, дæ гыццыл чызг дæр мын сæ æркалдта æмæ мын, ды цытæ радзырдтай, уыдон загъта! – дисгæнгæ дзырдта сылгоймаг.

Афтæ рабæрæг, мæнæн дæр уыцы хъуыддаг лæвæрд кæй у, æмæ уæдæй абонмæ фæрсын, адæм мæм цæуынц, æмæ сын сæ цымыдис хъуыддаг дзурын.

Уыцы æхсæв æнафонмæ нæ бафынæй дæн: иуæй фыццаг хатт федтон фæрсæг, иннæмæй та мæ мæ хицауы хабар мæты баппæрста. Æппынæрæджиау ныффынæй дæн.

Аходæнмæ мæ сывæллæттæ райхъал кодтой. Мæ зæрдыл та Христинæ æрбалæууыд, йæ ныхæстæ мæ хъустыл уадысты.

Уæвгæ, ацы лабæйаг устытæ ирон царды энциклопеди сты. Цас ног цыдæртæ сæ базыдтон: уæд, – ирон хæринæгтæ сæ чи куыд кæны, уæд – адæмон хостæ иуæй-иу низтæн, уæд, – æгъдæуттæ куыд кæнынц æмæ бирæ, бирæ æндæр хабæрттæ.

Раиртæстон, сæ ныхас дæр кæй фæивта, кæд иронау дзырдтой, уæддæр сæм уыд, абон цæгаты ирæттæ кæмæй нал пайда кæнынц, ахæм дзырдтæ. Бафтыд се 'взаджы сæ сыхаг хъæрæсейаг æмæ черкесæгты дзырдтæй. Сæ хъуыдыйæдты арæзт дæр у чысыл æндæрхуызон. Фæлæ æппæт уыдæттæн ис бамбарæн, уымæн æмæ 150 азы размæ фæцыдысты сæ фыдæлтæ Цæгат Ирыстонæй Хъæрæсемæ хуыздæр цард агурæг.

Хетæгкаты Леуан, Гуытъиаты Мысырби, Бирæгъты Дауыт, Беджызаты Темыр ацыдысты цæрæн бынат æвзарæг. Райдианы уæрдæттыл ныццæуджытæ сæ хъæу рахуыдтой поселок «Шоанинский», цы хъæдрæбын æрбынат кодтой (Шоанæ – Монахты къæдзæх), уымæ гæсгæ. Уыцы къæдзæхыл ма ис рагон алайнаг дзуары бæстыхай.

Уæвгæ та зæххытæ сты Лабæйы донбыл, æмæ ирон адæм хъæу схуыдтой Лабæ. Адæм бавдæлдысты æмæ, чи кæцæй уыд, уымæ гæсгæ сыхтыл нæмттæ сæвæрдтой: Мызуры сых, Уæлладжыры сых, Зруджы

сых, Туалты сых, Ксурты сых, Ӕрыдоны сых ӕмӕ а.д.

Лабӕ сси уарзон бынат Къостайӕн дӕр. Уым ныгӕд сты йӕ фыд Леуан ӕмӕ йӕ хо Уӕлгъа.

1961 азы Лабӕйы бӕстастӕу Къостайӕн сӕвӕрдтой цыртдзӕвӕн. Йӕ автор у скульптор Дзантиаты Умар. Лабӕйӕгтӕ сӕрыстыр сты Дзасохты Гигойӕ – зынгонд, фӕлтӕрдджын ахуыргӕнӕг, публицист ӕмӕ революционерӕй; Хъайтмазты Аслӕмырзӕйӕ – ӕхсӕнадон кусӕг, поэт, ахуыргӕнӕг; Хуырымты Иорамӕй – ахуыргӕнӕг, бӕстӕзонӕг; Исахъты Готтайӕ, Сохиты Дрисӕй, Алхазты Знауырӕй... Нӕ рох кӕнынц адӕм зындгонд хирург Баскаты Петры ӕмӕ ӕндӕрты. Лабӕйы цардысты Георгийы дзуары кавалертӕ Баскаты Хатох, Таугазты Аслӕмырзӕ, Барахъты Гӕвдын. Сӕ хорзӕхтӕ уыдон райстой фыццаг дунеон хӕсты. Уӕдӕ Фыдыбӕстӕйы Стыр хӕстмӕ дӕр ардыгӕй 800 адӕймаджы ацыд, 389 дзы фӕстӕмӕ нал раздӕхт. Сӕ фӕндзгай фырттӕй баафтид сты ӕртӕ хӕдзары – Тотитӕ, Цъӕхилтӕ ӕмӕ Цуцитӕ. Ӕртыгай сагсур лӕппутӕ фӕхъуыд 14 бинонтӕй, фӕйнӕ дыууӕйы та – 54 бинонтӕй. Советон Цӕдисы хъӕбатыры номӕй хорзӕхджынгонд ӕрцыдысты Бутаты Георги, Калоты Алыксандр ӕмӕ Козаты Алыксандр. Хъӕуы цӕрджыты уынаффӕмӕ гӕсгӕ, хӕстӕй чи нал сыздӕхт, уыдонӕн конд ӕрцыд цыртдзӕвӕн Черкесскмӕ фӕндагыл стыр фӕзы, ӕмӕ, мӕ хӕлӕрттӕй кӕй кой ракодтон, уыдонӕн дӕр ацы бынат табуйаг уыд...





**ИРОН ПРОЗӔЙЫ АНТОЛОГИ**

# ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛ

*Джыккайты Шамил райуырд Хуссар Ирыстоны Дзомагъы хъӕуы. 1952 азы йӕ бинонтӕ ралыгъдысты Цӕгат Ирыстоны Камбилеевкӕйы хъӕумӕ. Астӕуккаг скъолайы фӕстӕ каст фӕцис Цӕгат Ирыстоны пединституты филологон факультет ӕмӕ аспирантурӕ. 1970 азы бахъахъхъӕдта кандидаты диссертаци ӕмӕ куыста наукӕйы ӕмӕ ахуырады алы къабӕзты. Джыккайты Шамил сфӕлдыстадон куыстӕй уӕлдай кодта рухстауӕн куыст дӕр. Ныммыхуыр кодта 150 наукон куыстӕй фылдӕр фольклор ӕмӕ литературӕйӕ уӕлдӕр ахуыргӕнӕндӕттӕ ӕмӕ скъолатӕн. 2010 азы хорзӕхджынгонд ӕрцыд Ирыстоны Уӕлдӕр хӕрзиуӕг – майдан «Ирыстоны Намысӕн»-ӕй.*

*Поэт, прозаик, драматург, публицист, ахуыргонд Джыккайты Шамилӕн мыхуыры рацыдис чингуытӕ «Цӕф сӕгуыты маст», «Арт ӕмӕ ӕртхутӕг», «Ӕфсарм», «Ӕхсӕвы ӕртытӕ», «Хъодыгонд зӕд», «Саст дзӕнгӕрӕг» ӕмӕ ӕндӕртӕ.*

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*

## НЫСТУАН

*Авторӕй*

Боныг никуы фыстон. Мӕ цард афтӕ ӕгъуыз у, афтӕ иугъӕдонӕй цӕуы, ӕмӕ дзы, рӕгъмӕ цы рахӕссон, ахӕмӕй ницы ис. Фӕлӕ мӕ дзыппы ӕдзухдӕр вӕййы фыссӕн чиныг. Уым цыбырӕй афыссын мӕ хъуыдытӕ, мӕ зӕгъинӕгтӕ, мӕ сагъӕстӕ. Фӕнысан кӕнын мӕ цӕстӕнгас, мӕ алыварс цы цаутӕ цӕуы, уыдоны тыххӕй. Уым фӕзынынц ӕмдзӕвгӕты темӕтӕ, хицӕн рӕнхъытӕ, гыццыл нывтӕ. Мӕ бон нӕу стыр уацмыстӕ нывӕндын, мӕ зӕрдӕ мын цы цаутӕ агайынц, уыдон ӕвдисын ӕмбисӕндтӕй, фӕсномыг ныхасӕй кӕнӕ аллегорион нывтӕй. Фыссын мӕ чиныджы, адӕмӕй цы хъусын, уый дӕр – цыргъзонд ныхӕстӕ.

Мах цæрæм вазыгджын дунейы. Царды ис бирæ быцæутæ, ныхмæвæрд тыхтæ, хъæуы дзы тох кæнын рæстдзинад, намыс æмæ идеалты сæраппонд. Тохæн хъæуы фæрæзтæ. Æз рафыссын стыр лæгты куырыхон ныхæстæ, тæлмац кæнын се 'мбисæндтæ æмæ баснятæ, цыбыр радзырдтæ æмæ историон хабæрттæ. Æвзарын дзы, нæ судзаг фарстытæн дзуапп чи дæтты, мæ сагъæстæ кæм уынын, ахæмтæ. Зонды ныхæстæ адæмæн иумæйаг сты хуры тынтау, рæдауæй нын рухс кæнынц нæ хъуыды æмæ нæ развæндаг. Хохы мæ рæстæджы хортæ карстой цæвæгæй. Зæххы-иу баззад бирæ æфсиртæ. Мах уыдыстæм сабитæ æмæ сæ уыгътам хистæрты амындæй. Арæх-иу цæндты ссардтам мыстæвæрæн – кæрвæдзы æфсиртæ бæстон æфснайдæй, – уый махмæ каст хæзнаты кæри. Ныр чингуыты æмæ адæмы ныхæсты уидзын зонды æфсиртæ.

Мæ фыссæн чингуытæй бирæтæн лæвæрдтон хуымæтæг нæмттæ: «Æхсæдæнтæ», «Луарæнтæ», «Цъæмæлтæ». Иу къорд дзы мыхуыры рацыд, уыди сын иумæйаг сæргонд – «Æхсныфтæ». Уыцы нæмттæ бадынц мæхи фыстытыл. Фæлæ иугæр ацы хайы кæйдæр æмбисæндтæ ис, уæд ыл фидауы хорз ном «Æфсиртæ» дæр. Пайда сæ нæ агурын, кад мын æрхæссой, уый мæ зынтæй уырны. Фæлæ зын у, мæ зæрдæйы сæ æмбæхстæй дарон, уый дæр. Суг нæй, æмæ арт æндзарын æхсныфтæй.

## ÆНАХУЫР БÆЛЛИЦ

Проспекты хъæлдзæгæй æрцæуын. Хъайттаты Сергей æдзухдæр тезгъо фæкæны, æмæ йыл хæрхæмбæлд фæдæн. Кæрæдзийæн салам радтам.

– Кæцæй цæуыс, цъамадаг? – фæрсы мæ. Афтæ мæ буцæн хоны, нæ фыдæлтæ иу хъæуæй рацыдысты – Цъамадæй.

– Уæллæй, кинойы уыдтæн. Иунæгæй æнкъард кодтон æмæ, зæгъын, мæхи аирхæфсон.

– Æмæ куыд, аирхæфстай?

– Афтæ хорз, æмæ йын зæгъæн дæр нæй.

– Уагæры цы федтай?

– «Капитан». Жан Маре дзы хъазы. Уый иу гуыппытæ кæны, иу гуыппытæ, æмæ диссаг. Цъаммæртты цæгъды æмæ лæгæн æхсызгон цин хæссы.

– Цæгъды, зæгъыс? Æмæ йын уæд ардæм æрбакæнæн нæй?

*1982 азы июнь*





## ЦЫРАГЪ ÆМÆ ГÆЛÆБУТÆ

Васо Мæскуыйæ ссæуы.

Базмæлынц гæлæбутæ, рухс цырагъыл æмбырдтæ кæнынц. Талынджы нæ зынынц, рухсы пæр-пæр кæнынц, æмæ сæ адæм уынынц.

Цырагъ нал и, уæд абадынц зæххыл, ссарынц бырондон æмæ дарддæр сæ хъуыддаг кæнынц. Абухынц, сисынц талф-тулф, сæ хæлцыл кæрæдзи тонынц, кæй фæвæййы, уый кайф кæны.

Бадæм рестораны. Немæ Абайтæй иу лæг. Нæ ныхмæ æндæр фынгыл бадынц æртæ гуыппырсары. Иу дзы разынд Абайты хæстæг. Замманайы æгъдауджын лæппу – уайтагъд нуазæн æрбахæссын кодта нæ фынгмæ.

Фæрсы Абайы-фырты:

– Уæдæ ды Васойы дæр зондзынæ, и?

– Зонын æй, Васойы чи нæ зоны.

– Нæн-нæ, хорз зонгæ стут?

– Æрвылбон иумæ нæ бадæм, фæлæ хаттæй-хатт кæрæдзи фенæм.

– Гъемæ дæ цæрæнбон бирæ уæд! – бацин кодта лæппу. – Васойæ мах нæ сæртæ бæрзонд хæссæм. Уый нæ кад у, æгас ирон адæмæн дæр. Уый нæ ныфс у.

Лæппу нын йæ авгæй фæйнæ рауагъта. Анызтам.

– Уæдæ мемæ Мæскуымæ нæ ныууаис? – афарста лæппу.

Абайы-фырт фæкуыддæр ис. Цæхæрцæст лæппу йæ уайтагъд фæфиппайдта æмæ тагъд-тагъд сдзырдта:

– Нæн-нæ, тыхсгæ ма кæн, хæрдзтæ ивуылдæр мæнæй.

– Цæмæн нæ бахъуыд уырдæм цæуын, рæхджы ссæуинаг у, æмæ йын дæ зæрды цы ис, уый ам дæр бакæн, – бахатæгау кодта Абайы-фырт.

– Уырдæм, уырдæм! – зæгъы цардхуыз гуыппырсар лæппу. Зоныс Хазбийы зарæг? Барæг, дам, цæмæй фидауы, æмæ, дам, хорз бæх æмæ ливорæй. Æрбакæс-ма дæ туг, де стæгмæ: æз, «Жигули»-йыл чи цæуа, ахæм лæппу дæн? Бæгуыдæр, нæ дæн. Мæн хъæуы «Волгæ». Зоныс, базары туджы аргъ у, æниу туг цы у, туг, раст йе 'муæз сызгъæрины аргъ. Ам мын зонгæтæ – хæрх, фæлæ уыдон мелочь сты, сæ бон ницы у. Васо мын куы нæ самал кæна уыцы хайыры фос, уæд ничи.

– Æмæ уый ахæм хъуыддæгтæм кæм æвдæлы, – æнæбары дзуапп ын радта Абайы-фырт.

– Ау, хæстæгæн нæ баххуыс кæндзæн, уæд йæ хуыздæр куыст цы у? – бадис кодта лæппу.

– Уый наукон куыст кæны, æнæвдæлон у. Стæй йæ бон дæр нæу – ахæм бастдзинæдтæ йын нæй.

– Уæдæ мæн ахæм хæстæг ницæмæн хъæуы. Æз та йæ лæг æнхъæлдтон.

Лæппуйы цæсгом фæтар. Æрдæг авгмæ зул цæстæй бакаст æмæ йæхи фынгмæ азылд.

*1990 аз*

## ЦЪАР ÆМÆ ДАРÆС

Лæгыл æмбисæндтæй фылдæр цы цæуы.

Бадын фæндзæм къласы. Ахуыргæнæг – дзырддзæугæ лæг. Æлхæнын кæны цыдæр чиныг, йæ аргъ, дам, тæнæг цъары – 2 сомы, хъæбæр цъары – 3 сомы. Æз æй цымыдисæй афарстон:

– Хъæбæр цъары зынаргъдæр цæмæн у – уыцы иу чиныг нæу?

– Æмæ дæуæн иу аргъ уыдзæн бызгъуырты æмæ зынаргъ дарæсы?! – дзуапп мын радта куырыхон зондамонæг.

Уыцы ныхас мæ зæрдæйы æрхъисау баззад. Фæстæдæр базыдтон, цъар æмæ дарæсæн цы аргъ ис, уый.

Фæлæ хохаг дæн æмæ æнæфендæй баззадтæн. Исчи мын мæ дарæсæй куы раппæлы, уæд мæ зæрдæ ныккæрзы: «Кæс-ма, раздæр-иу, мæ уæлæ цы ис, уый ничи фиппайдта, ныр сæм мæхæдæг нал зынын, уынынц мын æрмæст мæ фæлыст. Уый зæронд æмæ сæфты нысан у».

Ис мын иу хæлар. Поэт. Зонды къуыбылой. Ис æм цыкурайы фæрдыг – курдиат. Фæлæ асæй – мæнæй ныллæгдæр, æмæ уый дæр нæ быхсы, хардзау æм кæсы. Агуры мæм аиппытæ. Фæзæгъы: «Дарæс æгæр хорз дарыс, иугæр афтæ у, уæд дæм курдиат нæй». Æмæ йын цы мæ бон у? Курдиат Æрдз дæтты. Нæй – дурæй хъæбæрдæр.

Фæцæуын та проспекты. Мæ разы – цыппар фыссæджы, семæ – мæ хæлар. Кæстытæ мæм кæны æмæ зæгъы:

– Зынаргъ костюм та ныццавтай, нæ!

– Хорз мыл фидауы? – фæрсын æй æз дæр.

Уæд йæ разы æрзылдтытæ кодтон, цæмæй мæм æрбакæса алырдыгæй. Йæ цæстытæй цæхæртæ калд.

– Уæдæ кæс дзæбæх! – æмæ сфæлдæхтон мæ фæдджитæ. Мæ дзаумайы мидæггаг – лæзæрд, æмпъызтытæ. Æдде – сыгъдæг, итуæрд. – Цæй, куыд у мæ ног дзаума, и?

Мæ хæлар хорзау нал фæци.

Хъазæн ныхасæй хуыздæр хотых нæй: бæззы кардæн дæр æмæ





уартæн дæр. Дзурын сын худæгæн:

– Уынут, дарæс лæгæй фидауы. Хæрæгыл сызгъæрин саргъ сæвæр, уæддæр цæсты нæ ахады. Æфсургъыл нымæт дæр фидауы.

Æниу, æвæдза, алæмæт сты цъар æмæ дзаума.

*1984 азы сентябрь*

## ДОМБАЙ ÆМÆ ЙÆ ХÆРÆГ

Бирæтæ дис кæнынц: «Нæ сæрдар уыцы сæрхъæнты йæ фарсмæ цы дары?!»

Цы сын зæгъон? Мæнæ сын Лессингы æмбисонд «Домбай æмæ йæ хæрæг».

Домбай цыди хъæдмæ, йемæ кæны хæрæг. Кæны йæ, цæмæй йын йæ нæргæ хъæрæй сырдты тæрсын кæна, йæ размæ сæ тæра, æмæ йын æнцон уа цуан кæнын.

Уæд æм иу къæйных халон дзуры бæласæй:

– Худинаг дæм нæ кæсы хæрæгимæ цæуын? Кæимæ кæныс æмдзæхдон? Кæмæн кæныс æмбалы кад!

– Чи мæ хъæуы, пайда мын чи у, уымæн! – дзуапп радта домбай.

Афтæ у, гъе, се ’гъдау бæсты хицæуттæн.

## ÆФСАРМ

Дзиццойтæй иу лæг Зураб хуынди, нæхи Дауиты æмхæрæфырт. Урсдзуарæй балцы рараст и, æфцæгыл Джинатмæ æрхызт. Уым, Камахы бын, фæндагггæрон нæууыл æрулæфыд. Рифтæгтæй йæ фæндаггаг систа æмæ хæрыныл æрбадт. Сихор ахицæн, æмæ анцад йæ фæндагыл. Цъыпы дзуарæй ахызт, Сауыбынмæ йæ бирæ нал хъуыд, афтæ æрлæууыд æмæ ныккатай кодта: «Гъæй, мæ мæлæт куыд уыди, гъе! Мæ хæрынкъа уым байрох ис. Æнæуый дæр æвзæр уыд, къухы дарынмæ нæ бæззыд, ныр мын ноджы æнæсæрфтæй баззад. Исчи йæ куы ссара, уæд мын мæ мады фелгъитдзæн, дæу йæ дзыппы чи хаста, уымæн афтæ-уфтæ, зæгъгæ».

Бæлццон фæстæмæ раздæхт, ссардта хæрынкъа æмæ йæ донмæ фехста.

Хорз лæг йæ фæстæ æвзæр фæд нæ уадзы.

*1980 аз*

# РÆСУГЪД ТИТА

Сырхаутæй иу лæг Григол хуындис. Лæг кæм федтат, ахæм – уæздан, куырыхон. Хуыцау ын радта æмбисонды чызг, йæ ном – Тита. Дыккаг ахæм рæсугъд нæ уыд нæдæр арвыл, нæдæр зæххыл, хуртæ æмæ дзы мæйтæ каст. Ныр чызг, æдылы цы вæйййы, уый. Æрдзæй афтæ рахаста, хæйрæг æй фæсайдта, хинтæ йын счынди, уый ничи зыдта, дис ыл цы кодтой, æндæр. Фыд тыхсти, йæ зæрдæмæ ныхъхъуыста, фæлæ зæнæг адджын у, – йæ хъæбулы дардта буц æмæ рæвдыдæй.

Чызджы хъæубæстæ зыдтой, фæлæ æддаг кæмттæй курджытæ арæхæй-арæхдæр кæнынц. Григол фæндаг никæмæн дæтты, хæстæг никæй уадзы, йæ дзуапп – цæхгæр æмæ фидар: махмæ чызг дæттинаг нæй.

Уæд иуахæмы хъæуы уыдис бæрæгбон – Атынæг. Хисты дзуары бын куывды сæмбæлд дæлæрдыгон лæппу. Йæ фыдбылызæн федта нæртон рæсугъды, – йæ уд дзы баззад. Фидауц алæмæт у. Чызг бахауд лæппуйы цæстыты, ныххауд йæ зæрдæйы. Уарзондзинад куырм кæны, фæлæ æнæ уый дæр хурыл сау тæппытæ ничи уыны.

Лæппу – цæрæг хæдзарæй, йæ фыд – номдзыд лæг. Фыд дыууæ лæгимæ æрбацыд Сырхаутæм æмæ Григолæн æрхабар кодта, куы бахæстæг кæниккам, уый мæ фæнды, зæгъгæ. Уæздан лæг зын уавæры бахауд, цы кæна, уый нæ зоны æмæ тыхсы. Йæ хъæбулы фауын йæ зæрдæ нæ комы, минæвæрттæн та дзуапп дæттын хъæуы. Уыйадыл сын æфсæнттæ мысы, æмгъуыдтæ кæны.

Дыккаг хатт дæр афтæ. Уæддæр чызгагурджытæ сæ хъуыддаг нæ уадзынц. Усгур къæйных вæйййы, йæ ных тæры æмæ æхгæд дуæрттæ гом кæны.

Минæвæрттæ фæзындысты æртыккаг хатт дæр. Григол загъта: нал мæ ныууадздзысты, фæлæ сын исты æрхъуыды хъæуы. Рацыд йæ чызгмæ æмæ йын зæгъы:

– Дæ бонæй у: Уанелы дукани фæдавд, æмæ йæ дæуыл æвæрынц. Минæвæрттæ хъуыддаг цырын кæнынц. Уæд фыд зæгъы:

– Чызгмæ фæдзурæм, бафæрсæм æй. Цы зæгъа, уый уыдзæн.

Тита æрбацыд. Фыд æм дзуры:

– Чызг, мæнæ дæ ацы уæздан адæм агурынц, æмæ сын дзуапп ратт: разы дæ æви нæ.

Уæд Тита зæрдæсастæй зæгъы:

– Цы уын зæгъон... Уанелы дуканийы давд мæныл æвæрынц. Дау мыл кæнынц, мелицæ мæ фæдыл зилынц, æмæ цы зæгъон, нæ зонын.

Усгуры фыд хорзау нал фæци. Йæхинымæр загъта: «Гъай фыдбылыз куы агурын, фыдбылыз! Алчи фыдбылызæй дардмæ лидзы, уæд мæн цы ’рсырдта, боны рухсæй йæ цæмæн агурын?»

Уæлæнгай ныхæстæ ма акодтой, бæркад загътой æмæ цæуыны къахыл ныллæууыдысты. Кæрты рахизæны сæ бæхты никъкъæрццытæ ластой æмæ Дзуары бынты адымдтой, сæ кой, сæ хъæр нал фæзынд.

*1985 азы август*

# ХÆДЗАР – ХОРЗГÆНÆГ

Иу æвзæр чызг хорз хæдзармæ бахауд. Йæ сæрыхицау – хъаруджын, сæрæн, дзуапджын адæймаг, тиутæ – уымæй лæгдæртæ. Куыстой, дурæй дон уагътой, зæххæй сой лæмæрстой.

Чызджы цæгатмæ хъуыст æфсымæрты кой, фæлæ сын дардмæ цæмæй зыдтой се 'гъдау, сæ цард. Дæ чызджы агурæг ис, уæд æй хуры чызг хон, æмæ, цы уа, уый уæд, амонд – йæ хай.

Ахицæн каисты хуынд. Чызджы цæгат бæстон æркастысты сиахс æмæ йæ хæдзары уагмæ. Сæхиуыл æрхудтысты, æфсарм сæ бацыд, æмæ катай кæнынц. Гæнæн нал уыд æмæ скарстой: "Нæхи азимаг фæкодтам, фæлæ уыцы лæппуйы тæригъæды ма бацæуæм, нæ цæсгом йæ разы ныхсæм".

Æрцыдысты сæ ног хæстæджытæм æмæ къæмдзæстыгæй зæгъынц:

Уæздан адæм стут æмæ Хуыцауы хатыр бакæнут. Æнæ зонгæйæ рæдыд æруагътам, фенамонд кодтам фæрныг хæдзар, æмæ нæ уæ хорзæх уæд. Нæ чызг уæ аккаг нæу, уый нæхимæ кæнæм, уæ ирæд уыл æххæстæй æмбæлдзæн.

Тиутæ зæхмæ ныккастысты. Уæд сиахс размæ рахызт, æфсымæртæй хатыр ракуырдта æмæ зæгъы:

– Уый та куыд? Ау, цæмæй хорз стæм мах, кæд иу æвзæры схорз кæнын нæ бон нæу, уæд?

Уыйадыл чындз баззад...

Мæ мад-иу дзырдта: "Фæрныджы хæдзармæ сæхъхъисты къуыбылой батул, æмæ йæ сылгоймаг фестын кæндзæн".

*1985 азы август. Дзомагъ*

* * *

*Шеф-редактор* Н.С. ДЖУСОЕВА
*Корректор* А.К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* М.Т. БАГАЕВ
*Специалист по информационным ресурсам* А.А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакцийы куысджытæ авторы хъуыдыимæ алкæд разы нæ вæййынц.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО—Алания 362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.*
*Тел.: гл. редактор — 25-09-64;*
*отдел поэзии, корректор — 25-09-74; бухгалтерия, компьют. — 25-22-47.*

Подписано к печати 20.05.2020 г. Формат издания 60x90 1/16. Бум. офсет. №80г./м$^2$. Гарнитура шрифта Times New Iron. Вклейка 1 п.л. мелованная. Печать офсетная. Усл. п.л. 10. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1800 экз. Заказ №235. Цена свободная. Выход из печати 30 июня 2020 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.